DZIDZA KUMUDZIDZISI MUKURU



"Regai vana vaduku
vauye kwandiri."
—Ruka 18:16.

JW .ORG™

lr-CA
160922

MURIDZI WEBHUKU

Bhuku rino haritengeswi. Rimwe remabhuku anoshandiswa pabasa rokudzidzisa Bhaibheri munyika yose uye basa iri rinotsigirwa nezvipo zvekuzvidira.

Kutoti zvaratidzwa, Magwaro echiHebheru anobva mu*Bhaibheri muNdimi yeUnion Shona* nomunyorero mutsva uye Magwaro echiGiriki anobva mu*Shanduro yeNyika Itsva yeMagwaro echiKristu echiGiriki. NW* zvinoreva *New World Translation of the Holy Scriptures.*

Dzidza Kumudzidzisi Mukuru

Learn From the Great Teacher
June 2016 Printing

Shona (*lr*-CA)

© 2003
WATCH TOWER BIBLE AND TRACT SOCIETY OF PENNSYLVANIA

Vabudisi

Printed by Watch Tower Bible and Tract Society of South Africa NPC
1 Robert Broom Drive East, Rangeview, Krugersdorp, 1739, R.S.A.

Made in the Republic of South Africa

Rakadhindwa muRepublic of South Africa

DZIDZA
KUMUDZIDZISI MUKURU

DZIDZA KUMUDZIDZISI MUKURU

"Regai vana vaduku vauye kwandiri, uye musaedze kuvadzivisa."

–Ruka 18:16.

• ZVINODIWA NEVANA KUVABEREKI •



VABEREKI vose vanoita basa risingagoni kunzwisiswa nomunhu zvakazara. Mumwe nomumwe wavo anopa chikamu chomuviri wake. Somugumisiro chinokura muna amai munhu mupenyu akavakwa zvakakwana. Naizvozvo hazvishamisi, kuti mwana paanoberekwa, vanhu vanotaura nezvechiitiko chacho "sechishamiso chokubereka."

Ichokwadi kuti kubereka vana kunongova mavambo bedzi ebasa revabereki. Pakutanga, vana vanenge vachida kuitirwa zvose, asi sezvavanokura havangodi kuitirwa zvinhu chete. Vanoda kubatsirwa kukura mupfungwa, mutsika, uye mukunamata.

Kuti vakure zvakanaka, vana vanonyanyoda rudo rwevabereki. Kunyange zvazvo kutaura nomuromo kuti vanodiwa kuchikosha, zviito zvinofanira kutsigira mashoko acho. Hungu, vana vanoda muenzaniso wakanaka wevabereki. Vanoda kudzidziswa tsika, mitemo yokurarama nayo. Uye zvose izvi vanozvida kubva vachiri vaduku. Zvinhu zvinoodza mwoyo zvikuru zvinogona uye zvinoitika chaizvo kana vana vakanonoka kubatsirwa nguva ichipo.

Pamitemo yose ingawanikwa kupi nokupi, yakanakisisa yacho inowanikwa muBhaibheri. Mirayiridzo inobva muBhaibheri ine zvainobatsira zvakasiyana. Kuburikidza nemirayiridzo yakadaro, vana vanosvika pakuziva kuti zvavari kuudzwa, hazvisi kufunga kwevamwe vanhu, asi izvo Musiki wavo, Baba vavo vokudenga vanotaura. Izvi zvinoita kuti zano racho rive nesimba guru kwazvo risina ringagona kuenzana naro.

Bhaibheri rinokurudzira vabereki kushanda nesimba kuti vasimbise tsika dzakarurama mundangariro dzevana vavo. Zvisinei, vana sezvavanokura, vabereki vanowanzoona zvichiwedzera kuoma kutaura navo pamusoro pe-

zvinhu zvinonyanya kukosha. Bhuku rino, *Dzidza kuMudzidzisi Mukuru,* rakagadzirirwa kubatsira kudzivisa zvinhu zvakadaro kuti zviitike. Richakupai imi nevana venyu mashoko omudzimu okuti muverenge pamwe chete. Asi zvinopfuura ipapo, rinofanira kukurudzira kurukurirano pakati pevaduku nevanoverenga bhuku iri navo.

Uchaona kuti bhuku racho rinoda kuti mwana apindure. Mibvunzo mizhinji yakanyatsoiswa munzvimbo dzakakodzera irimo mubhuku racho. Paunosvika pairi, uchaona mutsetse (—). Ichi chiyeuchidzo chokuti umbomira wokurudzira mwana kuti ataure zvaanofunga. Vana vanoda kuva nezvokuita. Kana pasina zvaari kuita mwana anokurumidza kufinhwa.

Zvisinei, chinotonyanya kukosha, mibvunzo iyi ichakubatsira kuziva zviri mupfungwa dzomwana. Chokwadi, mwana wacho angapindura zvisiri izvo. Asi mashoko akanyorwa anotevera mubvunzo mumwe nomumwe akagadzirirwa kubatsira mwana kuti ave nemafungiro akanaka.

Chimwe chinhu chinokosha mubhuku racho mifananidzo yaro inopfuura 230. Mizhinji yacho ine mashoko omufananidzo anoda kuti mwana apindure achishandisa zvaanoona nezvaaverenga. Naizvozvo ongorora mifananidzo nomwana. Inogona kuva zvokubatsira kudzidzisa zvakanaka kwazvo zvichabatsira kubudisa zvidzidzo zviri kudzidziswa.

Mwana paanodzidza kuverenga, mukurudzire kukuverengera bhuku racho uye kuzviverengera. Akaramba achiriverenga, zano raro rakanaka richawedzera kusimbiswa mundangariro yake nomwoyo. Asi kuti musimbise ukama hwenyu nokuremekedzwa kwenyu, nepose pazvinogona napo verengai bhuku racho pamwe chete, uye zviitei nguva dzose.

Neimwe nzira yairatidza seisingambofungiki makumi mashomanana emakore apfuura, vana vari kuratidzwa zvinonyadzisa, unzenza, zvemidzimu, nedzimwe tsika dzinokanganisa. Saka vanoda dziviriro iyo bhuku rino rinobatsira kugovera nenzira ine chiremera asi iri pachena. Asi, vana vanofanira kunyanya kuda kutungamirirwa kuTsime rouchenjeri hwose, Baba vedu vokudenga, Jehovha Mwari. Izvi ndizvo izvo Jesu, Mudzidzisi Mukuru, aigara achiita. Tinotarisira nomwoyo wose kuti bhuku rino richakubatsirai pamwe nemhuri yenyu kuvaka upenyu hwenyu kuti mufadze Jehovha, kuti mukomborerwe nokusingaperi.

• ZVIRI MUKATI •

Chitsauko		Peji
1	Chakaita Kuti Jesu Ave Mudzidzisi Mukuru	10
2	Tsamba Inobva Kuna Mwari Ane Rudo	16
3	Uyo Akasika Zvinhu Zvose	21
4	Mwari Ane Zita	26
5	"Uyu Ndiye Mwanakomana Wangu"	32
6	Mudzidzisi Mukuru Aiitira Vamwe Zvakanaka	37
7	Kuteerera Kunokudzivirira	42
8	Vamwe Vakuru Kwatiri	47
9	Tinofanira Kukurira Miedzo	52
10	Simba raJesu Pamadhimoni	57
11	Kubatsira Kunobva Kungirozi dzaMwari	62
12	Jesu Anotidzidzisa Kunyengetera	67
13	Vanhu Vakava Vadzidzi vaJesu	72
14	Chikonzero Nei Tichifanira Kukanganwira	77
15	Chidzidzo Chokuva Nomutsa	82
16	Chii Chinokosha Zvechokwadi?	87
17	Nzira Yokuwana Nayo Mufaro	92
18	Unoyeuka Kuti Mazvita Here?	97
19	Kurwa Kwakanaka Here?	102
20	Unoda Kuva Wokutanga Nguva Dzose Here?	107
21	Pane Chimwe Chinhu Chatinofanira Kuzvikudza Nacho Here?	112
22	Chikonzero Nei Tisingafaniri Kureva Nhema	117
23	Chinoita Kuti Vanhu Varware	122
24	Usambofa Wakava Mbavha!	127

Chitsauko Peji

25 Vanoita Zvakaipa Vanogona Kuchinja Here? 132
26 Chikonzero Nei Zvakaoma Kuita Zvakanaka 137
27 Mwari Wako Ndiani? 142
28 Nzira Yokuziva Nayo Wokuteerera 147
29 Mapati Ose Anofadza Mwari Here? 152
30 Chinotibatsira Kukurira Kutya 157
31 Kwokuwana Nyaradzo 162
32 Nzira Iyo Jesu Akadzivirirwa Nayo 167
33 Jesu Anogona Kutidzivirira 172
34 Chii Chichaitika Kana Tikafa? 177
35 Tinogona Kumuka Kubva Murufu! 182
36 Ndivanaani Vachamutswa? Vachagara Kupi? 187
37 Kuyeuka Jehovha noMwanakomana Wake 192
38 Chikonzero Nei Tichifanira Kuda Jesu 197
39 Mwari Anoyeuka Mwanakomana Wake 202
40 Nzira Yokufadza Nayo Mwari 207
41 Vana Vanofadza Mwari 212
42 Chikonzero Nei Tichifanira Kushanda 217
43 Hama Nehanzvadzi Dzedu Ndivanaani? 222
44 Shamwari Dzedu Dzinofanira Kuda Mwari 227
45 Umambo hwaMwari Chii? Nzira Yokuratidza Nayo Kuti Tinohuda ... 232
46 Mvura Inoparadza Nyika—Zvichaitika Zvakare Here? 238
47 Mazivire Atingaita Kuti Amagedhoni Yava Pedyo 244
48 Nyika Itsva yaMwari Ine Rugare—Unogona Kurarama Mairi 250

CHITSAUKO 1

CHAKAITA KUTI JESU AVE MUDZIDZISI MUKURU

MAKORE anodarika zviuru zviviri akapfuura, mwana akasiyana nevamwe vose akaberekwa, akakura akava munhu mukuru kupfuura vose vakamborarama. Hapana munhu aivapo kare panguva iyoyo aiva nendege kana kuti motokari. Kwakanga kusina zvinhu zvakadai seterevhizheni nemakombiyuta.

Mwana wacho akapiwa zita rokuti Jesu. Ndiye akava murume akachenjera kupfuura vanhu vose vakamborarama pasi pano. Jesu akavawo mudzidzisi anopfuura vamwe vose. Aitsanangura zvinhu zvakaoma nenzira dzaiita kuti zvive nyore kunzwisisa.

Jesu aidzidzisa vanhu kwose kwose kwaaisangana navo. Akavadzidzisa mumahombekombe egungwa nomuzvikepe. Akavadzidzisa mumisha uye paaifamba. Jesu akanga asina motokari, uyewo akanga asingafambi nebhazi kana kuti nechitima. Jesu aifamba netsoka nzvimbo nenzvimbo, achidzidzisa vanhu.

Tinodzidza zvinhu zvakawanda kubva kune vamwe vanhu. Asi tinogona kudzidza zvinhu zvinokosha kupfuura zvose kuMudzidzisi Mukuru, Jesu. Mashoko aJesu anowanikwa muBhaibheri. Patinonzwa mashoko iwayo kubva muBhaibheri, zvinongoita sokuti Jesu ari kutaura nesu.

Nei Jesu akanga ari Mudzidzisi Mukuru kudaro? Chimwe chikonzero ndechokuti Jesu pachake akanga adzidziswa. Uye aiziva kuti kuteerera kunokosha zvakadini. Asi Jesu akateerera ani? Ndiani akamudzidzisa?— Baba vake ndivo vakamudzidzisa. Uye Baba vaJesu ndiMwari.

Asati auya pasi pano somunhu, Jesu aigara kudenga naMwari. Naizvozvo Jesu akanga akasiyana nevamwe vanhu nokuti hapana mumwe munhu aimbogara kudenga asati aberekwa pasi pano. Kudenga Jesu aiva Mwanakomana akanaka, aiteerera Baba vake. Naizvozvo Jesu aikwanisa kudzidzisa vanhu zvaakanga adzidza kuna Mwari. Unogona kutevedzera Jesu nokuteerera baba naamai vako.

Chimwe chikonzero nei Jesu akanga ari Mudzidzisi Mukuru ndechokuti aida vanhu. Aida kubatsira vanhu kudzidza nezvaMwari. Jesu aida vanhu vakuru, asi aidawo vana. Uye vana vaifarira kuva na-

Nei vana vaifarira kuva naJesu?

Jesu nokuti aitaura navo nokuvateerera.

Rimwe zuva vamwe vabereki vakauya nevana vavo kuna Jesu. Asi shamwari dzake dzakafunga kuti Mudzidzisi Mukuru akanga ane basa kwazvo zvokuti aisagona kutaura nevana. Saka dzakavadzinga. Asi Jesu akati chii?— Jesu akati: "Regai vana vaduku vauye kwandiri; musaedze kuvadzivisa." Chokwadi, Jesu akanga achida kuti vana vaduku vauye kwaari. Naizvozvo kunyange zvazvo akanga ari murume akachenjera uye

anokosha, Jesu akava nenguva yokudzidzisa vana vaduku.—Mako 10:13, 14.

Unoziva here kuti nei Jesu akadzidzisa vana uye kuvateerera? Chimwe chikonzero ndechokuti akanga achida kuvafadza nokuvaudza zvimwe zvinhu nezvaMwari, Baba vake vokudenga. Ungafadza vanhu sei?— Nokuvaudza zvinhu zvawakadzidza pamusoro paMwari.

Pane imwe nguva, Jesu akashandisa mwana muduku kudzidzisa shamwari dzake chidzidzo chinokosha. Akatora mwana wacho ndokumumisa pakati pevadzidzi Vake, avo vakanga vari vateveri Vake. Jesu akabva ataura kuti varume vakuru ava vaifanira kuchinja kuita kwavo zvinhu voita somuduku uyu.

Jesu airevei paakataura kudaro? Unoziva here zvingaitwa nomurume mukuru, kana kuti kunyange nomwana ati kurei, zvingaita kuti ave somwana muduku?— Mwana muduku haazivi zvakawanda somunhu mukuru uye anoda kudzidza. Naizvozvo Jesu akanga achitaura kuti vadzidzi vake vaifanira kuzvininipisa, sezvinoita vana vaduku. Chokwadi, tose tinogona kudzidza zvinhu zvakawanda kune vamwe vanhu. Uye tose tinofanira kuziva kuti dzidziso dzaJesu dzinokosha kupfuura pfungwa dzedu.—Mateu 18:1-5.



Chimwe chikonzero nei Jesu akanga ari Mudzidzisi Mukuru kudaro ndechokuti aiziva nzira yokuita nayo kuti zvinhu zvinakidze vanhu. Aitsanangura zvinhu nenzira iri nyore, yakajeka. Akataura nezveshiri uye maruva nezvimwe zvinhu zvatinoziva kubatsira vanhu kunzwisisa nezvaMwari.

Vana vati kurei nevanhu vakuru vanogona kudzidzei kumwana muduku?

Jesu aidzidzisa kuti chii paakataura nezveshiri nemaruva?

Rimwe zuva apo Jesu akanga ari mujinga megomo, vanhu vazhinji vakauya kwaari. Jesu akagara pasi akavadzidzisa, kana kuti kuvapa mharidzo, sezvaunogona kuona pano. Mharidzo iyi inonzi yepaGomo. Akati: 'Tarirai shiri dziri mudenga. Hadzidyari mbeu. Hadzichengeti zvokudya mudzimba. Asi Mwari ari kudenga anodzipa zvokudya. Imi hamukoshi kudzipfuura here?'

Jesu akataura kuti: 'Dzidzai kumaruva omusango. Anokura asi asingashandi. Uye onai kuti akanaka sei! Kunyange Mambo Soromoni akanga akapfuma haana kupfeka zvakanaka kupfuura maruva omusango. Naizvozvo kana Mwari achitarisira maruva anokura, haangatarisiriwo imi here?'—Mateu 6:25-33.

Unonzwisisa chidzidzo chaidzidziswa naJesu here?— Akanga asingadi kuti tinetseke pamusoro pokuti tichawanepi zvokudya kana kuti mbatya dzokupfeka. Mwari anoziva kuti tinoda zvinhu zvose izvozvo. Jesu haana kuti tisashandira zvokudya nezvokupfeka.

Asi akati tinofanira kuisa Mwari pokutanga. Kana tikadaro, Mwari achava nechokwadi chokuti tine zvokudya nembatya dzokupfeka. Unobvumirana nazvo here?—

Jesu paakapedza kutaura, vanhu vakafungei?— Bhaibheri rinotaura kuti vakashamiswa nemadzidzisiro ake. Zvainakidza zvikuru kumuteerera. Zvaakataura zvakabatsira vanhu kuita zvakarurama. —Mateu 7:28.

Saka zvinokosha zvikuru kuti tidzidze kuna Jesu. Unoziva here



kuti izvozvo tingazviita sei?— Sezvineiwo, zvaakataura tinazvo zvakanyorwa mubhuku. Ungandiudza here kuti bhuku iroro rinonzi chii?— IBhaibheri Dzvene. Izvi zvinoreva kuti tinogona kuteerera Jesu nokuteerera zvinhu zvatinoverenga muBhaibheri. Kutaura chokwadi, Bhaibheri rine nyaya inonakidza pamusoro penzira iyo Mwari pachake akatiudza nayo kuti titeerere Jesu. Ngationei kuti chii chakaitika.

Rimwe zuva Jesu akaenda neshamwari dzake nhatu pamusoro pegomo. Mazita adzo ndeaya Jakobho, Johani, naPetro. Tichadzidza zvimwezve zvakawanda pamusoro pevarume ava gare gare, sezvo vose vari vatatu vakanga vari shamwari dzaJesu dzepedyo. Asi panguva iyi inokosha, chiso chaJesu chakatanga kupenya zvakajeka. Uye mbatya dzake dzakachena sechiedza sezvaunogona kuona pano.

Gare gare, Jesu neshamwari dzake vakanzwa inzwi richibva kudenga, richiti: "Uyu ndiye Mwanakomana wangu, anodiwa, wandatendera; muteererei." (Mateu 17:1-5) Unoziva here kuti raiva inzwi raani iroro?— Rakanga riri inzwi raMwari! NdiMwari akataura kuti vaifanira kuteerera Mwanakomana wake.

Zvakadini nesu nhasi? Tichateerera Mwari toteerera Mwanakomana wake here, Mudzidzisi Mukuru?— Tose ndizvo zvatinofanira kuita. Unoyeuka kuti tingazviita sei here?—

Hungu, tinogona kuteerera Mwanakomana waMwari nokuverenga nyaya dzeBhaibheri dzoupenyu hwake. Pane zvinhu zvakawanda zvakanaka kwazvo izvo Mudzidzisi Mukuru anazvo zvaanoda kutiudza. Uchafara kudzidza zvinhu izvi zvakanyorwa muBhaibheri. Uye zvichakufadzawo kana ukaudza shamwari dzako zvinhu zvakanaka zvaunodzidza.

Kuti uwane dzimwe pfungwa dzakanaka zvikuru pamusoro pezvinhu zvakanaka zvinobva pakuteerera Jesu, vhura Bhaibheri rako woverenga Johani 3:16; 8: 28-30; naMabasa 4:12.

CHITSAUKO 2

TSAMBA INOBVA KUNA MWARI ANE RUDO

NDIUDZE, ibhuku ripi raunoda kupfuura ose?— Vamwe vana vaizosarudza rinotaura nezvemhuka. Vamwe vaizosarudza bhuku rine mifananidzo yakawanda. Zvinonakidza kuverenga mabhuku iwayo.

Asi mabhuku akanyanyonaka munyika ndeaya anotitaurira chokwadi pamusoro paMwari. Rimwe remabhuku iwayo rinokosha kupfuura mamwe ose. Ungandiudza here kuti rinonzi chii?— IBhaibheri.

Nei Bhaibheri richikosha kudaro?— Nokuti rakabva kuna Mwari. Rinotiudza nezvake uye nezvezvinhu zvakanaka zvaachatiitira. Uye rinotiratidza zvatinofanira kuita kuti timufadze. Rakaita setsamba iri kubva kuna Mwari.

Mwari aigona kudai akanyora Bhaibheri rose ari kudenga oripa vanhu. Asi haana kudaro. Kunyange zvazvo pfungwa dzacho dzakabva kuna Mwari, akashandisa vashumiri vake vepasi pano kunyora zvakawanda muBhaibheri.

Mwari akazviita sei izvozvo?— Kuti tinzwisise, funga izvi. Patinonzwa inzwi romumwe munhu muredhiyo, inzwi racho ringave richibva kune mumwe munhu ari kure. Patinoona terevhizheni, tinogona kutoona mifananidzo yevanhu vari kune dzimwe nyika, uye tinogona kunzwa zvavari kutaura.

Vanhu vanogona kuenda kunyange kumwedzi nezvitundumuseremusere, uye vanogona kutumira mashoko pasi pano variko. Waizviziva here izvozvo?— Kana vanhu vachigona kuita izvozvo, Mwa-

ri angagona kutumira mashoko kubva kudenga here?— Chokwadi anogona! Akatozviita nguva refu vanhu vasati vava neredhiyo kana kuti terevhizheni.

Mosesi ndomumwe munhu akanyatsonzwa Mwari achitaura. Mosesi akanga asingagoni kuona Mwari, asi aigona kunzwa inzwi raMwari. Mamiriyoni evanhu akanga aripo izvi pazvakaitika. Zvakaitika ndezvokuti zuva iroro Mwari akadederesa gomo rose, uye kwakava nemabhanan'ana nemheni. Vanhu vakaziva kuti Mwari akanga ataura, asi vakatya zvikuru. Naizvozvo vakataurira Mosesi kuti: "Mwari ngaarege kutaura nesu, tirege kufa." Gare gare, Mosesi akanyora zvakanga zvataurwa naMwari. Uye zvakanyorwa naMosesi zviri muBhaibheri.—Eksodho 20:18-21.

Tinoziva sei kuti Mwari anogona kutaura nesu ari kure?



Mosesi akanyora mabhuku mashanu okutanga eBhaibheri. Asi haasiriye oga akanyora. Mwari akashandisa varume vanenge 40 kunyora zvikamu zveBhaibheri. Varume ava vakararama kare kare, uye zvakatora makore akawanda kuti Bhaibheri ripere. Zvakatotora makore anenge 1 600! Chinoshamisa ndechokuti kunyange zvazvo vamwe vevarume ava vasina kumboonana, zvose zvavakanyora zvinopindirana zvakakwana.

Vamwe varume vakashandiswa naMwari kunyora Bhaibheri vakanga vakakurumbira. Kunyange zvazvo Mosesi aiva mufudzi, akava mutungamiriri worudzi rwaIsraeri. Soromoni akanga ari mambo akanga akachenjera uye akapfuma kupfuura vanhu vose munyika. Asi vamwe vanyori vakanga vasinganyanyi kuzivikanwa kudaro. Amosi aitarisira mionde.

Uyezve, mumwe munyori weBhaibheri akanga ari chiremba. Ungandiudza here zita rake?— Ainzi Ruka. Mumwe munyori akanga achimbova muteresi. Zita rake rainzi Mateu. Mumwezve akanga achimbova gweta, shasha yomutemo wokunamata kwevaJudha. Akanyora mabhuku eBhaibheri akawanda kupfuura vamwe vose. Ungandiudza zita rake here?— Ainzi Pauro. Uye vadzidzi vaJesu Petro naJohani, avo vakanyorawo Bhaibheri, vaimbova vabati vehove.

Vakawanda vevanyori veBhaibheri ava vakanyora pamusoro pezvinhu izvo Mwari aizoita munguva yemberi. Vakaziva sei zvinhu izvozvo zvisati zvaitika?— Mwari akanga apa varume ivavo mashoko. Akanga avaudza zvaizoitika.

Panguva apo Jesu, Mudzidzisi Mukuru, akanga ari pasi pano, chikamu chikuru cheBhaibheri chakanga chanyorwa. Unozivaka, Mudzidzisi Mukuru akanga achimbova kudenga. Aiziva zvakanga zvaitwa naMwari. Aidavira here kuti Bhaibheri raibva kuna Mwari?— Hungu, aidavira kudaro.

Jesu paaitaura nevanhu nezvemabasa aMwari, aiverenga muBhai-

bheri. Dzimwe nguva aivaudza nomusoro zvaraitaura. Jesu akatiunzirawo mamwe mashoko kubva kuna Mwari. Jesu akati: "Ndiri kutaura munyika zvinhu chaizvo zvandakanzwa kwaari." (Johani 8:26) Jesu akanga anzwa zvinhu zvakawanda kubva kuna Mwari nokuti akanga agara naMwari. Uye ndokupi kwatinogona kuverenga zvinhu izvozvo zvakataurwa naJesu?— MuBhaibheri. Zvose takazvinyorerwa kuti tiverenge.

Chokwadi, Mwari paakashandisa vanhu kunyora, vakanyora nomutauro wavaishandisa mazuva ose. Naizvozvo chikamu chikuru cheBhaibheri chakanyorwa nechiHebheru, chimwe nechiAramaiki, uye chimwe chacho nechiGiriki. Sezvo vanhu vazhinji nhasi vasingagoni kuverenga mitauro iyoyo, Bhaibheri rakaiswa mune mimwe mitauro. Nhasi zvikamu zveBhaibheri zvinogona kuverengwa mumitauro inopfuura 2 260. Pafunge! Bhaibheri itsamba yaMwari yakanyorerwa vanhu

Mazita evanyori veBhaibheri ava ndivanaani?



vari kwose kwose. Asi pasinei nokuti rakaiswa mune mimwe mitauro yakawanda sei, shoko racho rinobva kuna Mwari.

Zvinotaurwa neBhaibheri zvinokosha kwatiri. Rakanyorwa kare. Asi rinotaura pamusoro pezvinhu zviri kuitika nhasi. Uye rinotiudza izvo Mwari achaita nokukurumidza. Zvarinotaura zvinofadza! Rinotipa tariro inoshamisa.

Bhaibheri rinotiudzawo kuti Mwari anoda kuti tirarame sei. Rinotiudza zvakarurama nezvisina kururama. Izvi unofanira kuzviziva, chero neniwo. Rinotiudza nezvevanhu vakaita zvinhu zvakaipa uye zvakaitika kwavari, kuitira kuti tisawira munhamo yavakapinda. Rinotiudzawo nezvevanhu vakaita zvakarurama nezvakanaka zvavakawana pakupedzisira. Zvose zvakanyorerwa kutibatsira.

Zvinhu zvipi zvaunogona kudzidza nokuverenga Bhaibheri?

Asi kuti tiwane zvakawanda muBhaibheri, tinofanira kuziva mhinduro yomumwe mubvunzo. Mubvunzo wacho ndouyu: Ndiani akatipa Bhaibheri? Ungati kudii?— Hungu, Bhaibheri rose rakabva kuna Mwari. Saka tingaratidza sei kuti takachenjera zvechokwadi?— Nokuteerera Mwari nokuita zvaanotaura.

Naizvozvo tinofanira kuwana nguva yokuverenga Bhaibheri pamwe chete. Patinowana tsamba inobva kune mumwe munhu watinoda zvikuru, tinoiverenga taiverengazve. Inokosha kwatiri. Ndizvo zvinofanira kuita Bhaibheri kwatiri nokuti itsamba inobva kune anotida zvikuru. Itsamba inobva kuna Mwari ane rudo.

Shandisa maminitsi mashoma zvino kuverenga magwaro aya anoratidza kuti Bhaibheri zvechokwadi iShoko raMwari, rakanyorerwa kutibatsira: VaRoma 15:4; 2 Timoti 3:16, 17; na2 Petro 1:20, 21.

CHITSAUKO 3

UYO AKASIKA ZVINHU ZVOSE

NDINOZIVA chimwe chinhu chinoshamisa. Unoda kuchinzwa here?— Tarisa ruoko rwako. Gonyesa minwe yako. Zvino chinonga chimwe chinhu. Ruoko rwako runogona kuita zvinhu zvakawanda, uye runogona kuzviita zvakanaka. Ungandiudza akasika maoko edu here?—

Ndiani akasika zvinhu zvipenyu zvose?

Hungu, Iyeye ndiye zvakare akasika miromo yedu, mhuno dzedu, uye maziso edu. NdiMwari, Baba voMudzidzisi Mukuru. Hatifari here kuti Mwari akatipa maziso?— Tinogona kuona zvinhu zvakawanda nawo. Tinogona kutarisa maruva. Tinogona kutarisa uswa hwakasvibirira nedenga rebhuruu. Tingaona kunyange tushiri turi kunzwa nzara soturi papikicha. Chaizvo, zvinoshamisa kuti tinogona kuona zvinhu zvakadai, handiti?—

Asi ndiani akaita zvinhu izvi? Pane mumwe munhu ari pasi pano akazviita here? Aiwa. Vanhu vanogona kuvaka imba. Asi hapana munhu anogona kuita uswa hunokura. Munhu haagoni kuita kanyana keshiri, ruva, kana kuti chimwe chinhu chipenyu. Waizviziva here izvozvo?—

Mwari ndiye akasika zvinhu izvi zvose. Mwari akasika matenga

Sezvo pane mumwe munhu akavaka imba, ndiani akasika maruva, miti, nemhuka?

nepasi. Akasikawo vanhu. Akasika murume nomukadzi vokutanga. Jesu, Mudzidzisi Mukuru, ndizvo zvaakadzidzisa.—Mateu 19:4-6.

Jesu akaziva sei kuti Mwari akasika murume nomukadzi? Jesu akaona Mwari achizviita here?— Hungu, akamuona. Jesu akanga ana Mwari apo Mwari akasika murume nomukadzi. Jesu ndiye akanga ari munhu wokutanga akasikwa naMwari. Jesu akanga ari ngirozi, uye aigara kudenga naBaba vake.

Bhaibheri rinotiudza kuti Mwari akati: 'Ngatiite munhu.' (Genesi 1:26) Unoziva kuti Mwari aitaura naani here?— Akanga achitaura noMwanakomana wake. Akanga achitaura nouya akazouya pasi pano akava Jesu.

Izvozvo hazvifadzi here? Pafunge! Patinoteerera Jesu, tinenge tichidzidziswa nouya akanga aina Mwari apo Mwari akasika nyika nezvimwe zvinhu zvose. Jesu akadzidza zvakawanda pakushanda naBaba vake ari kudenga. Ndosaka Jesu ari Mudzidzisi Mukuru!

Unofunga kuti Mwari akanga asingafari nokuva oga asati asika Mwanakomana wake here?— Aiwa. Kana aifara, nei akasika zvimwe zvinhu zvipenyu?— Akaita izvi nokuti ndiMwari worudo. Aida kuti vamwe vararame uye vanakidzwe noupenyu. Tinofanira kuonga Mwari nokuti akatipa upenyu.

Zvinhu zvose zvakaitwa naMwari zvinoratidza rudo rwake. Mwari akasika zuva. Zuva rinotipa chiedza uye rinoita kuti tidziyirwe. Zvinhu zvose zvaizodai zvichitonhora uye paisazova noupenyu pasi pano kudai tanga tisina zuva. Haufari here kuti Mwari akasika zuva?—

Mwari anoitawo kuti kunaye. Dzimwe nguva ungasafarira mvura nokuti haugoni kuenda panze kunotamba kana kuchinaya. Asi mvura inobatsira kuti maruva akure. Naizvozvo patinoona maruva akanaka, ndiani watichaonga nokuda kwawo?— Mwari. Uye ndiani watinofanira kuonga patinodya michero nemiriwo inonaka?— Tinofanira kuonga Mwari nokuti izuva rake nemvura yake zvinoita kuti zvinhu zvikure.

Fungidzira kuti kudai mumwe munhu aizokubvunza kuti: 'Mwari akasika vanhu nemhuka zvakare here?' Waizoti chii?— Kana ukati: "Ehe, Mwari akasika vanhu nemhuka," unenge wagona. Asi ko kana mumwe munhu asingatendi kuti Mwari akasika vanhu zvechokwadi? Ko kana achiti vanhu vakabva kumhuka? Zvino Bhaibheri haridzidzisi izvozvo. Rinoti Mwari akasika zvinhu zvipenyu zvose.—Genesi 1:26-31.

Asi mumwe munhu angakuudza kuti haatendi kuti kuna Mwari. Saka uchati kudii?— Wadii kumuratidza imba? Womubvunza kuti: "Ndiani akavaka imba iyoyo?" Munhu wose anoziva kuti pane mumwe munhu akaivaka. Zvechokwadi imba haina kuzvivaka yoga!—VaHebheru 3:4.

Wadaro tora munhu wacho woenda naye kugadheni womuratidza ruva.

Mubvunze kuti: "Ndiani akasika ruva iri?" Haasi munhu akarisika. Uye kungofanana neimba isina kuzvivaka yoga, ndizvowo neruva iri harina kuzvisika. Pane mumwe akarisika. NdiMwari.

Kumbira munhu wacho kuti ambomira achiteerera kuimba kweshiri, wozomubvunza kuti: "Ndiani akasika shiri ndokudzidzidzisa kuimba?" NdiMwari. Mwari ndiye akasika matenga nepasi nezvinhu zvipenyu zvose! Ndiye anopa upenyu.

Asi mumwe munhu angati anongotenda zvaanoona chete. Angati: 'Kana ndisina kuchiona handitendi kuti chiripo.' Saka vamwe vanhu vanoti havatendi kuti kuna Mwari nokuti havagoni kumuona.

Ichokwadi kuti hatigoni kuona Mwari. Bhaibheri rinoti: 'Hapana munhu anogona kuona Mwari.' Hapana murume, mukadzi, kana kuti mwana pasi pano anogona kuona Mwari. Naizvozvo hapana anofanira kuedza kuita mufananidzo waMwari. Mwari anototiudza kuti tisaita mufananidzo wake. Saka hazvingafadzi Mwari kuti tive nezvinhu zvakadaro mumba medu.—Eksodho 20:4, 5; 33:20; Johani 1:18.

Asi kana usingagoni kuona Mwari, unoziva sei kuti Mwari ariko zvechokwadi? Imbofunga pamusoro peizvi. Unogona kuona mhepo here?— Aiwa. Hapana munhu anogona kuona mhepo. Asi unogona kuona zvinhu zvinoitwa nemhepo. Unogona kuona mashizha achipepereka apo mhepo inovhuvhuta uye mapazi emiti achizunguzika. Naizvozvo unobva waziva kuti kune mhepo.

Unogona kuonawo zvinhu zvakaitwa naMwari. Paunoona ruva riri kukura kana kuti shiri, unenge uchiona chimwe chinhu chakasikwa naMwari. Naizvozvo unobva waziva kuti zvechokwadi kuna Mwari.

Mumwe munhu angakubvunza kuti, 'Ndiani akasika zuva nenyika?' Bhaibheri rinoti: "Mwari akasika denga nenyika." (Genesi 1:1)

Chokwadi, Mwari akaita zvinhu zvose zvinoshamisa izvi! Unonzwa sei pamusoro pazvo?—

Hazvifadzi here kuva vapenyu? Tinogona kunzwa nziyo dzinonakidza dzeshiri. Tinogona kuona maruva nezvimwe zvinhu izvo Mwari akasika. Uye tinogona kudya zvokudya zvatakapiwa naMwari.

Tinofanira kuonga Mwari nokuda kwezvinhu zvose izvi. Kupfuura zvose, tinofanira kumuonga nokuti akatipa upenyu. Kana tichionga Mwari zvechokwadi, tichaita chimwe chinhu. Chii ichocho?— Tichateerera Mwari, uye tichaita zvaanotitaurira muBhaibheri. Munzira iyoyo tinogona kuratidza kuti tinoda Iye akasika zvinhu zvose.

Tinofanira kuratidza kuonga Mwari nokuda kwezvose zvaakaita. Sei? Verenga zvakanyorwa pana Pisarema 139:14; Johani 4:23, 24; 1 Johani 5:21; naZvakazarurwa 4:11.

Unoziva sei kuti kune mhepo?

CHITSAUKO 4

MWARI ANE ZITA

KAZHINJI chii chaunotanga kubvunza paunoona mumwe munhu kokutanga?— Hungu, unomubvunza zita rake. Tose tine mazita. Mwari akapa munhu wokutanga pasi pano zita. Akamutumidza kuti Adhamu. Mudzimai waAdhamu akatumidzwa kuti Evha.

Zvisinei, havasi vanhu bedzi vane mazita. Funga nezvezvimwe zvinhu zvinewo mazita. Kana mumwe munhu akakupa chidhori kana chimwe chokutambisa, unochitumidza zita, handiti?— Hungu, kuva nezita kunokosha zvikuru.

Tarisa mudenga usiku uone nyeredzi zhinji kwazvo. Unofunga dzine mazita here?— Hungu, Mwari akatumidza nyeredzi imwe neimwe iri mudenga zita. Bhaibheri rinotiudza kuti: 'Unoverenga nyeredzi; unodzipa dzose mazita adzo.'—Pisarema 147:4.

Ndiani wawaizoti ndiye munhu anokosha kupfuura vose pasi nokudenga?— Hungu, ndiMwari. Unofunga kuti ane zita here?— Jesu akati anaro. Jesu akambotaura achinyengetera kuna Mwari kuti: 'Ndakazivisa zita renyu kuvateveri vangu.' (Johani 17:26) Unoziva zita raMwari here?— Mwari pachake anotiudza zita racho. Anoti: "Ndini Jehovha, ndiro zita rangu." Naizvozvo zita raMwari rinonzi JEHOVHA.—Isaya 42:8.

Zvinokuita kuti unzwe sei vamwe pavanoyeuka zita rako?— Unofara, handiti?— Jehovha anoda kuti vanhu vazivewo zita rake. Saka tinofanira kushandisa zita rokuti Jehovha patinotaura nezvaMwari. Mudzidzisi Mukuru paaitaura nevanhu akashandisa zita raMwari rokuti Jehovha. Pane imwe nguva Jesu akati: "Unofanira kuda Jehovha Mwari wako nemwoyo wako wose."—Mako 12:30.

Jesu aiziva kuti zita rokuti "Jehovha" izita rinokosha zvikuru. Naizvozvo akadzidzisa vateveri vake kushandisa zita raMwari. Akatovadzidzisa kutaura nezvezita raMwari muminyengetero yavo. Jesu aiziva kuti Mwari anoda kuti vanhu vose vazive zita Rake, rinonzi Jehovha.

Kare kare Mwari akaratidza kukosha kwezita rake kumurume ainzi Mosesi, uyo akanga ari mumwe wevanakomana vaIsraeri. Vanakomana vaIsraeri, avo vainzi vaIsraeri, vaigara munyika yainzi Ijipiti. Vanhu vomunyika iyoyo vainzi vaIjipiti. Vakaita vaIsraeri varanda uye vaivaitira utsinye zvikuru. Mosesi paakakura, akaedza kubatsira mumwe wevanhu vokwake. Izvi zvakaita kuti Farao, mambo weIjipiti, atsamwe. Akanga achida kuuraya Mosesi! Naizvozvo Mosesi akatiza kubva muIjipiti.

Mosesi akaenda kune imwe nyika. Yaiva nyika yeMidhiyani. Ikoko Mosesi

Waizviziva here kuti nyeredzi dzose dzine mazita?



akaroora ndokuva nevana. Aishandawo somufudzi, achitarisira makwai. Rimwe zuva Mosesi akanga achitarisira makwai ake pedyo negomo paakaona chimwe chinhu chinoshamisa. Gwenzi rakanga richibvira moto, asi rakanga risiri kutsva! Mosesi akaswedera pedyo kuti anyatsoona.

Unoziva zvakaitika here?— Mosesi akanzwa inzwi richidana kubva pakati pegwenzi romunzwa iroro raibvira. Inzwi racho rakadanidzira kuti, "Mosesi! Mosesi!" Ndiani aidaro?— NdiMwari aitaura! Mwari aiva nebasa rakawanda rokuti Mosesi aite. Mwari akati: 'Uya ndikutume kuna Farao, mambo weIjipiti, ubudise vanhu vangu, vanakomana vaIsraeri muIjipiti.' Mwari akapikira kubatsira Mosesi kuita izvi.

Asi Mosesi akati kuna Mwari: 'Ngatitii ndasvika kuvanakomana vaIsraeri muIjipiti ndoti ndatumwa naMwari. Ko kana vakandibvunza kuti, "Zita rake ndiani?" Ndichati kudii?' Mwari akaudza Mosesi kuti audze vanakomana vaIsraeri kuti: 'Jehovha anditumа kwamuri. Jehovha ndiro zita rangu nokusingaperi.' (Eksodho 3:1-15)

Chinhu chipi chinokosha icho Mosesi akadzidza pagwenzi raibvira moto?

Izvi zvinoratidza kuti Mwari aizochengeta zita rokuti Jehovha. Aisazomborichinja. Mwari aida kuzivikanwa nezita rake, Jehovha, nokusingaperi.

Mosesi paakadzokera kuIjipiti, vaIjipiti vakafunga kuti Jehovha aingova kamwari kevaIsraeri. Havana kufunga kuti aiva Mwari wepasi pose. Saka Jehovha akataurira mambo weIjipiti kuti: 'Ndichaita kuti zita rangu rizivikanwe pasi pose.' (Eksodho 9:16) Jehovha akaita kuti zita rake rizivikanwe. Unoziva here kuti izvozvo akazviita sei?—

Akaita kuti Mosesi atungamirire vanhu vaIsraeri kubuda muIjipiti. Pavakasvika paGungwa Dzvuku, Jehovha akavhura nzira nomukati maro chaimo. VaIsraeri vakayambuka zvakanaka nepakaoma. Asi pashure pokunge Farao neuto rake rose vapinda mugungwa raiva nepasi pakaoma, mvura yakanga yamiswa kumativi maviri yakawira pavaIjipiti, uye vakafa vose.

Munguva pfupi vanhu munyika yose vakatanga kunzwa izvo Jehovha akanga aita paGungwa Dzvuku. Tinoziva sei kuti vakazvinzwa?— Anenge makore 40 apera, vaIsraeri vakasvika kuKanani, nyika iyo Jehovha akanga apikira kuvapa. Ikoko varume vechiIsraeri vaviri vakataurirwa nomukadzi wechiduku Rakabhi kuti:

Mwari akaita kuti zita rake rizivikanwe sei paGungwa Dzvuku?

‘Takanzwa kuti Jehovha akaita kuti mvura yeGungwa Dzvuku iome pamberi penyu, panguva yokubuda kwenyu muIjipiti.’ —Joshua 2:10.

Nhasi vanhu vakawanda vanongoita sevaIjipiti ivavo. Havatendi kuti Jehovha ndiye Mwari wepasi pose. Naizvozvo Jehovha anoda kuti vanhu vake vaudze vamwe nezvake. Izvi ndizvo zvakaitwa naJesu. Pedyo nomugumo woupenyu hwake pasi pano, akaudza Jehovha mumunyengetero kuti: “Ndakavazivisa zita renyu.”—Johani 17:26.

Jesu akazivisa zita raMwari. Unoziva pane zita raMwari muBhaibheri here?

Unoda kuita sezvaiita Jesu here? Kana zvakadaro taurira vamwe kuti zita raMwari ndiJehovha. Ungangowana kuti vanhu vazhinji havazvizivi izvozvo. Naizvozvo zvimwe unogona kuvaratidza rugwaro ruri muBhaibheri pana Pisarema 83:18. Ngatitore Bhaibheri izvozvi titsvake rugwaro irworwo pamwe chete. Panoti: "Vazive kuti imi moga, imi mune zita rinonzi Jehovha, ndimi Wokumusoro-soro kumusoro kwapasi pose."

Tinodzidzei pataverenga apa?— Hungu, tinodzidza kuti Jehovha ndiro zita riripo rinokosha kupfuura ose. Izita raMwari Wemasimba ose, Baba vaJesu uye Uyo akasika zvinhu zvose. Uye yeuka, Jesu akataura kuti tinofanira kuda Jehovha Mwari nomwoyo wedu wose. Unoda Jehovha here?—

Tingaratidza sei kuti tinoda Jehovha?— Imwe nzira ndeyokusvika pakumuziva seShamwari. Imwe nzira ndeyokuudza vamwe zita rake. Tinogona kuvaratidza muBhaibheri chaimo kuti zita rake ndiJehovha. Tinogona kuvaudzawo nezvezvinhu zvinoshamisa izvo Jehovha akasika nezvinhu zvakanaka zvaakaita. Izvi zvinoita kuti Jehovha afare zvikuru nokuti anoda kuti vanhu vazive nezvake. Tinogona kuitawo izvozvo, handiti?—

Haasiri munhu wose achada kuteerera patinotaura nezvaJehovha. Vanhu vazhinji havana kuteerera kunyange apo Jesu, Mudzidzisi Mukuru, akataura nezvake. Asi izvozvo hazvina kutadzisa Jesu kutaura nezvaJehovha.

Naizvozvo ngatiite saJesu. Ngatirambe tichitaura nezvaJehovha. Kana tikadaro, tichafadza Jehovha Mwari nokuti tinoratidza kuda zita rake.

Chiverengai pamwe chete muBhaibheri mamwe magwaro mashomanana anoratidza kukosha kwezita raMwari: Isaya 12:4, 5; Mateu 6:9; Johani 17:6; naVaRoma 10:13.

CHITSAUKO 5

"UYU NDIYE MWANAKOMANA WANGU"

VANA pavanoita zvinhu zvakanaka, vaya vanovatarisira vanofara. Apo musikana anoita chimwe chinhu chakanaka, baba vake vanofara kuudza vamwe kuti: "Uyu mwanasikana wangu." Kana kuti kana mukomana achiita zvinhu zvakanaka, baba vacho vanofara kutaura kuti: "Uyu mwanakomana wangu."

Jesu nguva dzose anoita zvinofadza Baba vake. Naizvozvo Baba vake vanodada naye. Uchiri kuyeuka here izvo Baba vaJesu vakaita rimwe zuva apo Jesu akanga ane vateveri vake vatatu?— Hungu, Mwari akataura ari kudenga achivazivisa kuti: "Uyu ndiye Mwanakomana wangu, anodiwa, wandatendera."—Mateu 17:5.

Jesu anofara nguva dzose kuita zvinhu zvinofadza Baba vake. Unoziva here kuti nei? Nokuti anoda Baba vake zvechokwadi. Kana munhu achiita zvinhu nokuti bedzi anofanira kuzviita, zvinoita sezvakaoma. Asi kana ane chido zviri nyore. Unoziva zvazvinoreva here kuva nechido?— Zvinoreva kunyatsonzwa kuda kuita chimwe chinhu.

Kunyange Jesu asati auya pasi pano, aiva nechido chokuita zvose izvo Baba vake vaimukumbira kuti aite. Aidaro nokuti anoda Baba vake, Jehovha Mwari. Jesu aiva nenzvimbo inoshamisa mudenga naBaba vake. Asi Mwari aiva nebasa rinokosha rokuti Jesu aite. Kuti aite basa iroro, Jesu akabva kudenga. Akaberekwa somwana pasi pano. Jesu aida kuita kudaro nokuti Jehovha aida kuti azviite.

Kuti aberekwe somwana pasi pano, Jesu aifanira kuva naamai. Unoziva kuti vainzi ani here?— Vainzi Mariya. Jehovha akatumira ngirozi yake Gabrieri kubva kudenga kuzotaura naMariya.

Ngirozi Gabrieri yakaudza Mariya kuti chii?

Gabrieri akamuudza kuti aizova nomwanakomana. Mwana wacho aizotumidzwa kuti Jesu. Baba vomwana wacho vaizova ani?— Ngirozi yakataura kuti Baba vomwana vaizova Jehovha Mwari. Ndosaka Jesu aizonzi Mwanakomana waMwari.

Unofunga kuti Mariya akanzwa sei pamusoro peizvi?— Akati here, "Handidi kuva amai vaJesu"? Aiwa, Mariya akanga agadzirira kuita zvaidiwa naMwari. Asi Mwanakomana waMwari ari kudenga aizoberekwa sei sorusvava pasi pano? Kuberekwa kwaJesu kwakanga kwakasiyana sei nokuberekwa kwevamwe vana vose? Unoziva here?—

Mwari akasika vabereki vedu vokutanga, Adhamu naEvha, zvokuti vaigona kurara vose nenzira inoshamisa. Pashure paizvozvo mwana aigona kuzotanga kukura mukati medumbu raamai vake. Vanhu vanoti ichi chishamiso! Ndine chokwadi chokuti uchabvumirana nazvo.

Zvino Mwari akaita chimwe chinhu chaitova chishamiso chikuru. Akatora upenyu hwoMwanakomana wake kubva kudenga ndokuhuisa muna Mariya. Mwari akanga asati amboita zvakadaro, uye haana kuzombozviitazve. Zvichitevera chishamiso ichi, Jesu akatanga kukura ari mudumbu raMariya sokukura kunongoita vamwe vana mudumbu raamai vavo. Zvadaro, Mariya akaroorwa naJosefa.

Nguva yokuti Jesu aberekwe payakasvika, Mariya naJosefa vakanga

vashanyira guta reBheterehema. Asi rakanga rakazara nevanhu. Pakanga pasina chero imba yokuti Mariya naJosefa vagare, naizvozvo vaitofanira kugara munzvimbo maichengeterwa mhuka. Imomo ndimo makasunungukira Mariya, uye Jesu akaiswa munodyira zvipfuwo, se-

Nei Jesu ari kuiswa munodyira zvipfuwo?

zvaunogona kuona pano. Umu ndimo munoiswa chikafu chemombe nedzimwe mhuka kuti dzidye.

Zvinhu zvinofadza zvakaitika pausiku hwakazvarwa Jesu. Pedyo neBheterehema, ngirozi yakaenda kune vamwe vafudzi. Yakavaudza kuti Jesu aiva munhu anokosha. Ngirozi yacho yakati: 'Tarirai! Ndiri kukuudzai mashoko akanaka achafadza vanhu. Nhasi kwaberekwa mumwe munhu achaponesa vanhu.'—Ruka 2:10, 11.

Ngirozi yacho yakaudza vafudzi kuti vaigona kunoona Jesu mu-



Mashoko akanaka api ayo imwe yengirozi idzi yakaudza vafudzi?

Bheterehema, akarara munodyira zvipfuwo. Ipapo, dzimwe ngirozi dzaiva kudenga dzakabva dzangobatana nengirozi yokutanga mukurumbidza Mwari. Ngirozi dzakaimba dzichiti 'Mbiri kuna Mwari,' "uye pasi pano rugare pakati pevanhu vaanotendera."—Ruka 2:12-14.

Ngirozi padzakaenda, vafudzi vakaenda kuBheterehema vakanowana Jesu. Ikoko vakataurira Josefa naMariya zvinhu zvakanaka zvose izvo vakanga vanzwa. Ungafungidzira here kuti Mariya akafara sei kuti akanga abvuma kuva amai vaJesu?

Gare gare, Josefa naMariya vakaenda naJesu kuguta reNazareta. Ikoko ndiko kwakakurira Jesu. Paakanga akura, akatanga basa rake guru rokudzidzisa. Iri rakanga

riri rimwe basa iro Jehovha Mwari akanga achida kuti Mwanakomana wake aite pasi pano. Jesu akanga achida kuita basa iroro nokuti aida Baba vake vokudenga zvikuru.

Jesu asati atanga basa rake soMudzidzisi Mukuru, akabhabhatidzwa naJohani Mubhabhatidzi muRwizi rwaJodhani. Ipapo chimwe chinhu chinoshamisa chakaitika! Jesu paakanga ava kubuda mumvura, Jehovha akataura ari kudenga achiti: "Uyu ndiye Mwanakomana wangu, anodiwa, wandatendera." (Mateu 3:17) Haufari here apo vabereki vako vanokuudza kuti vanokuda?— Tinogona kuva nechokwadi chokuti Jesu akafarawo.

Jesu aigara achiita zvakarurama. Haana kuedzesera kuva zvaakanga asiri. Haana kuudza vanhu kuti aiva Mwari. Ngirozi Gabrieri yakanga yaudza Mariya kuti Jesu aizonzi Mwanakomana waMwari. Jesu pachake akataura kuti aiva Mwanakomana waMwari. Uye haana kuudza vanhu kuti aiziva zvakawanda kupfuura Baba vake. Akati: "Baba vakuru kwandiri."—Johani 14:28.

Kunyange kudenga, apo Baba vaJesu vakamupa basa rokuita, Jesu akariita. Haana kuti aizoriita asi iye obva aita zvimwe. Aida Baba vake. Naizvozvo aiteerera zvaitaurwa naBaba vake. Apo Jesu akauya pasi pano, akaita izvo Baba vake vokudenga vakanga vamutuma kuzoita. Haana kupedza nguva yake achiita zvimwe zvinhu. Ndosaka Jehovha achifadzwa noMwanakomana wake!

Tinodawo kufadza Jehovha, handitika?— Saka tinofanira kuratidza kuti tinoteerera Mwari zvechokwadi sezvaiita Jesu. Mwari anotaura nesu nomuBhaibheri. Handiti zvaisazova zvakanaka kuedzesera kuteerera Mwari asi tichitenda nokuita zvinhu zvisingapindirani neBhaibheri?— Uye yeuka, tichafara kufadza Jehovha kana tichimuda zvechokwadi.

Zvino chiverenga mamwe magwaro eBhaibheri aya anoratidza zvatinofanira kuziva nokudavira pamusoro paJesu: Mateu 7:21-23; Johani 4:25, 26; na1 Timoti 2: 5, 6.

CHITSAUKO 6

MUDZIDZISI MUKURU AIITIRA VAMWE ZVAKANAKA

UNOFARA here kana mumwe akakuitira chimwe chinhu chakanaka?— Ndizvozvo, vamwe vanhu vanofara kana mumwe munhu akavaitirawo chimwe chinhu chakanaka. Ndizvo zvatinoita tose. Mudzidzisi Mukuru aizviziva izvozvo, uye aigara achiitira vanhu zvinhu. Akati: 'Ndakauya kwete kuzoshandirwa, asi kuzoshanda.' —Mateu 20:28.



Vateveri vaJesu vaiitirana nharo dzei?

Naizvozvo kana tichida kuita soMudzidzisi Mukuru, tinofanira kuitei?— Tinofanira kushandira vamwe. Tinofanira kuvaitira zvinhu zvakanaka. Ichokwadi kuti vanhu vakawanda havaiti izvi. Kutaura chokwadi, vanhu vazhinji vanoda kuti vamwe vavashandire nguva dzose. Pane imwe nguva kunyange vateveri vaJesu vakanzwa nenzira iyi. Mumwe nomumwe akanga achida kuva mukuru kana kuva anokosha kupfuura vamwe vose.

Rimwe zuva Jesu akanga achifamba nevadzidzi vake, avo vakanga vari vateveri vake. Pashure pokunge vapinda muguta reKapenaume, pedyo neGungwa reGarireya, vose vakapinda mumba. Ipapo Jesu akavabvunza kuti: "Manga muchiitirana nharo pamusoro pei mumugwagwa?"

Vakaramba vakanyarara nokuti vari mumugwagwa vakanga vaitirana nharo pamusoro pokuti ndiani aiva mukuru.—Mako 9:33, 34.

Jesu aiziva kuti zvakanga zvisina kunaka kuti pave nomumwe wevadzidzi vake anofunga kuti aiva mukuru pane vamwe vose. Naizvozvo, sezvatakadzidza muchitsauko chokutanga chebhuku rino, akamisa mwana muduku pakati pavo ndokuvaudza kuti vanofanira kuzvininipisa somuduku iyeye. Kunyange zvakadaro havana kudzidza. Naizvozvo chinguva chiduku asati afa, Jesu akavadzidzisa chidzidzo chavaisazofa vakakanganwa. Akaitei?—

Apo vose vakanga vachidya pamwe chete, Jesu akasimuka patafura ndokubvisa nguo dzake dzokunze. Akatora tauro ndokurimonera muchiuno chake. Akabva atora dhishi rokugezera ndokuisa mvura. Vateveri vake vanofanira kunge vakashamiswa kuti aida kuzoitei. Sezvavakaramba vakatarira, Jesu akatenderera achienda kune mumwe nomumwe wavo, akapfugama achivageza tsoka dzavo. Akabva apukuta tsoka dzavo netauro. Pafunge! Ko dai wakanga uripo? Waizodai wakanzwa sei?—

Vateveri vake havana kunzwa sokuti zvakanga zvakanaka kuti Mudzidzisi Mukuru avashandire nenzira iyi. Zvakavanyadzisa. Petro akanga achida kutoramba kuti Jesu amuitire basa rakaderera iri. Asi Jesu akataura kuti zvaikosha kwaari kuti ariite.

Nhasi hatiwanzogezana tsoka. Asi izvi zvaiitwa Jesu paaiva pasi pano. Unoziva here kuti nei?— Munyika yaigara Jesu nevateveri vake, vanhu vaipfeka hwashu mutsoka. Naizvozvo pavaifamba mumigwagwa ine huruva, tsoka dzavo dzaizara huruva. Waiva mutsa kugeza huruva patsoka dzomunhu aiuya mumba kuzoshanya.

Asi panguva ino hapana chero mumwe pavadzidzi vaJesu akanga ati aida kugeza tsoka dzevamwe. Naizvozvo Jesu akazviita iye pachake. Nokuita izvi, Jesu akadzidzisa vateveri vake chidzidzo chinokosha. Vaifanira kudzidza chidzidzo ichi. Uye chidzidzo icho isu nhasi tinofanira kudzidza.

Unoziva kuti chidzidzo chacho ndechei here?— Pashure pokunge Jesu apfeka nguo dzake dzokunze zvakare uye agarazve panzvimbo yake patafura, akatsanangura kuti: "Munoziva here zvandakuitirai? Munonditi 'Mudzidzisi,' uye, 'Ishe,' munotaura nemazvo, nokuti ndizvo zvandiri. Naizvozvo, kana ini, kunyange ndiri Ishe noMudzidzisi, ndageza tsoka dzenyu, nemiwo munofanira kugezana tsoka."—Johani 13: 2-14.

Pano Mudzidzisi Mukuru akaratidza kuti aida kuti vateveri vake vashandirane. Akanga asingadi kuti vangozvifunga chete. Akanga asingadi kuti vafunge kuti vaikosha zvikuru kwazvo zvokuti vamwe vaifanira kuvashandira nguva dzose. Aida kuti vave nechido chokuitira vamwe zvakanaka.

Ichocho chakanga chisiri chidzidzo chakanaka here?— Uchaita soMudzidzisi Mukuru here woitira vamwe vanhu zvakanaka?— Tose tinogona kuitira vamwe zvinhu. Izvi zvichavafadza. Asi chikuru pazvose, zvichafadza Jesu naBaba vake.

Hazvina kuoma kuitira vamwe vanhu zvinhu zvakanaka. Kana ukatarisa, uchaona zvinhu zvakawanda zvaunogona kuitira vamwe. Funga iye zvino: Pane chaunogona kuita here kuti ubatsire amai vako?



Chidzidzoi icho Jesu akanga achidzidzisa vateveri vake?

Unoziva kuti vanokuitira zvinhu zvakawanda nevamwe vose vemhuri yenyu. Unogona kuvabatsira here?— Unodii kuvabvunza?

Zvimwe unogona kugadzira patafura mhuri yose isati yadya. Kana kuti zvimwe unogona kubvisa ndiro patafura pashure pokunge mhuri yose yapedza kudya. Vamwe vana vanoenda kunorasa marara zuva nezuva. Chipi nechipi chaungaita, uchange uchiitira vamwe, sezvakangoita Jesu.

Une hanzvadzi nevanin'ina vaunogona kuitira zvimwe zvinhu zvakanaka here? Yeuka, Jesu, Mudzidzisi Mukuru, akaitira zvinhu zvakanaka kunyange vateveri vake. Nokuitira vanin'ina vako nehanzvadzi dzako zvinhu zvakanaka unenge uchitevedzera Jesu. Chii chaungavaitira?— Zvimwe ungavabatsira kudzidza kurongedza zvokutambisa zvavo kana vapedza kutamba. Kana kuti zvimwe ungavabatsira kupfeka. Kana ku-

Chii chaungaita kuti ubatsire vamwe?

ti zvimwe ungavabatsira kuwaridza pavanorara. Pane zvimwe zvaunofunga zvaungavaitira here?— Vachakuda nemhaka yokuvaitira zvinhu izvi, sezvakaitawo vateveri vaJesu avo vakamuda.

Uyewo unogona kuitira vamwe vanhu zvakanaka kuchikoro. Vangave vaunodzidza navo kana kuti mudzidzisi wako. Kana mumwe munhu akadonhedza mabhuku ake, waizova mutsa kuti umubatsire kuanhonga. Kana uchida unogona kutaura kuti unoda kudzima bhodhi kana kuti kuitira mudzidzisi wako chimwe chinhu. Kunyange kubatira mumwe munhu musuo kuti usavharika ibasa romutsa.



Dzimwe nguva, tichaona kuti vanhu havatitendi nezvatinenge tavaitira. Unofunga izvi zvinofanira kutitadzisa kuita zvakanaka here?— Aiwa! Vanhu vazhinji havana kutenda Jesu nokuda kwemabasa ake akanaka. Asi izvozvo hazvina kumutadzisa kuramba achiita zvakanaka.

Naizvozvo ngatisamborega kuitira vamwe vanhu zvakanaka. Ngatiyeuke Mudzidzisi Mukuru, Jesu, uye nguva dzose toedza kutevera muenzaniso wake.

Nokuda kwemamwe magwaro pamusoro pokubatsira vamwe vanhu, verenga Zvirevo 3:27, 28; VaRoma 15:1, 2; naVaGaratiya 6:2.

CHITSAUKO 7

KUTEERERA KUNOKUDZIVIRIRA

WAIZOZVIDA here dai waigona kuita chero zvawada? Pane dzimwe nguva dzaunombofunga kuti dai pasina munhu anombokuudza zvokuita here? Apa ndinoda kuti unditaurire chokwadi, ndiudze zvaunofunga.—

Asi ndezvipi zviri nani kwauri? Kuchenjera here zvechokwadi kuita chero zvawada? Kana kuti zvinhu zvinova nani kana ukateerera baba vako naamai vako?— Mwari anotaura kuti unofanira kuteerera vabereki vako, naizvozvo panofanira kuva nechikonzero chakanaka chokuita kudaro. Ngatione kana tingagona kuchiona.



Nei uchifanira kuteerera vanhu vakuru?

Une makore mangani?— Unoziva here kuti baba vako vane makore mangani?— Amai vako kana kuti ambuya vako kana kuti sekuru vako vane makore mangani?— Vararama kwenguva refu zvikuru kukupfuura. Kana munhu akararama kwenguva refu, zvinorevawo kuti ane nguva yakawanda yokudzidza zvinhu. Anonzwa zvinhu zvakawanda, uye anoona zvinhu zvakawanda uye anoita zvinhu zvakawanda gore negore. Naizvozvo vechiduku vanogona kudzidza kuvakuru.

Pane mumwe munhu muduku kwauri waunoziva here?— Unozi-

va zvakawanda kumupfuura here?— Nei zvakadaro?— Nokuti wararama kwenguva yakareba kumupfuura. Wakava nenguva yakawanda yokudzidza zvinhu kupfuura iyo muduku kwauri akava nayo.

Ndiani ararama kwenguva yakareba kupfuura iwe kana ini kana kuti mumwe munhu upi noupi?— NdiJehovha Mwari. Anoziva kupfuura iwe, uye anoziva kupfuura ini. Paanotiudza kuti tiite chero zvaanotiudza, tinogona kuva nechokwadi chokuti ndizvo zvinhu zvakarurama zvokuita, kunyange zvazvo zvingava zvakaoma kuita. Waizviziva here kuti kunyange Mudzidzisi Mukuru akambozviwana zvakaoma kuteerera?—

Pane imwe nguva Mwari akambokumbira Jesu kuita chimwe chinhu chakaoma zvikuru. Jesu akanyengetera nezvazvo, sezvatinoona pano. Akanyengetera kuti: "Kana muchida, bvisai kapu iyi kwandiri." Nokunyengetera kudai, Jesu akaratidza kuti zvakanga zvisiri nyore nguva dzose kuita kuda kwaMwari. Asi Jesu akapedzisa sei munyengetero wake? Unoziva here?—

Tingadzidzei mumunyengetero waJesu?

Jesu akaupedzisa achiti: "Kuda kwangu ngakurege kuitwa, asi kwenyu." (Ruka 22:41, 42) Saka, aida kuti kuda kwaMwari kuitwe, kwete kwake. Uye akabva aita zvaidiwa naMwari pane kuita zvaaifunga kuti ndizvo zvaizova zvakanakisisa.

Tingadzidzei pazviri?— Tinodzidza kuti nguva dzose zvakarurama kuita zvinotaurwa naMwari, kunyange zvazvo zvingasava nyore kuita. Asi tinodzidza chimwe chinhu zvakare. Unoziva kuti chii here?— Tinodzidza kuti Mwari naJesu havasi munhu mumwe chete, sezvinotaura vamwe vanhu. Jehovha Mwari mukuru uye anoziva zvakawanda kupfuura Mwanakomana wake, Jesu.

Patinoteerera Mwari, tiri kuratidza kuti tinomuda. Bhaibheri rinoti: "Kuda Mwari kunoreva izvi, kuti tichengete mirayiro yake." (1 Johani 5:3) Saka unoonaka, tose tinofanira kuteerera Mwari. Unoda kumuteereraka?—

Ngativhure Bhaibheri redu tione izvo Mwari anotaurira vana kuti vaite. Tichaverenga zvinotaura Bhaibheri pana VaEfeso chitsauko 6, ndima 1, 2 uye 3. Panoti: "Vana, teererai vabereki venyu munaShe, nokuti izvi zvakarurama: 'Kudza baba vako naamai vako'; unova ndiwo murayiro wokutanga une chipikirwa: 'Kuti zvikufambire zvakanaka uye ugare pasi pano kwenguva refu.' "

Saka unoonaka, ndiJehovha Mwari pachake ari kukuudza kuti uteerere baba vako naamai vako. 'Kuvakudza' zvinorevei? Zvinoreva kuti unofanira kuvaremekedza. Uye Mwari anopikira kuti kana ukateerera vabereki vako, 'zvichakufambira zvakanaka.'

Rega ndikuudze imwe nyaya pamusoro pevamwe vanhu avo vakaponeswa nokuti vaiteerera. Vanhu ava vakararama kare muguta guru reJerusarema. Vazhinji vevanhu vomuguta iroro havana kuteerera Mwari, naizvozvo Jesu akavanyevera kuti Mwari aizoparadza guta ravo. Jesu akavaudzawo kuti vaigona sei kupukunyuka kudai vaida zvakarurama. Akati: 'Pamunoona Jerusarema rakombwa nemauto, muchaziva kuti kuparadzwa kwaro kwaswedera pedyo. Saka inenge yava nguva yokubuda muJerusarema motizira kumakomo.'—Ruka 21:20-22.

Sezvakataura Jesu chaizvo, mauto akauya kuzorwisa Jerusarema. Mauto eRoma akarikomba. Zvino mauto acho akadzokera, asi hameno kuti akadzokerei. Vanhu vazhinji vakafunga kuti ngozi yakanga yapfuura. Saka vakaramba vari muguta. Asi Jesu akanga ataura kuti vaifanira kuitei?— Waizodai wakaitei kudai waigara muJerusarema?— Avo vakateerera zvakataurwa naJesu zvechokwadi vakasiya misha yavo ndokutizira kumakomo kure neJerusarema.

Kuteerera murayiro waJesu kwakaponesa sei vanhu ava?

Kwegore rose, hapana chakaitika kuJerusarema. Mugore rechipiri, hapana chakaitika. Uye mugore rechitatu, hapana chakaitika. Vamwe vanhu vangave vakafunga kuti vaya vakanga vatiza kubva muguta vaiva mapenzi. Asi zvino mugore rechina, mauto eRoma akadzoka. Akakomba Jerusarema rose zvakare. Iye zvino nguva yokutiza yakanga yapera. Panguva ino mauto acho akaparadza guta iroro. Vanhu vazhinji vaiva mukati maro vakafa, uye vamwe vose vakatorwa sevasungwa.

Asi chii chakaitika kune vaya vakanga vateerera Jesu?— Vakanga vakachengeteka. Vakanga vari kure neJerusarema. Naizvozvo havana kukuvadzwa. Kuteerera kwakavadzivirira.

Kana uchiteerera, izvozvo zvichakudziviririrawo here?—Vabereki vako vangakuudza kuti usambotambira mumugwagwa. Nei vachidaro?— Nokuti unogona kutsikwa nemotokari. Asi rimwe zuva

Nei uchifanira kuteerera chero paunenge usingaoni ngozi?

ungafunga kuti: 'Iye zvino hakuna motokari. Handimbokuvari. Vamwe vana vanotambira mumugwagwa, uye handisati ndamboona vachikuvara.'

Ndiwo mafungiro aiita vanhu vazhinji vaiva muJerusarema. Mauto eRoma aenda, zvaiita sokuti hapasisina ngozi. Vamwe vakanga vachiri kugara muguta racho. Saka ivo vakagarawo. Vakanga vanyeverwa, asi havana kuteerera. Vakaguma varasikirwa noupenyu hwavo.

Ngatitore mumwe muenzaniso. Wakambotambisa machisa here?— Zvingaratidza sezvinonakidza kuona moto kana wakwenya machisa. Asi kutambisa machisa kunogona kuva nengozi. Imba yose inogona kutsva uye unogona kufiramo!

Yeuka, kuteerera pane dzimwe nguva chete hakuna kukwana. Asi kana ukateerera nguva dzose, izvozvo zvichakudzivirira zvechokwadi. Uye ndiani anokutaurirai kuti, "Vana, teererai vabereki venyu"?— NdiMwari. Uye, yeuka, anotaura kudaro nokuti anokuda.

Zvino chiverenga magwaro aya anoratidza kukosha kwokuteerera: Zvirevo 23:22; Muparidzi 12:13; Isaya 48:17, 18; naVaKorose 3:20.

CHITSAUKO 8

VAMWE VAKURU KWATIRI

NDINE chokwadi chokuti unobvuma kuti vamwe vakuru kana kuti vane simba kupfuura iwe neni. Ko iwe waungati mukuru ndiani?— Jehovha Mwari mukuru. Ko Mwanakomana wake, Mudzidzisi Mukuru? Mukuru kwatiri here?— Chokwadi mukuru.

Jesu akanga ararama naMwari kudenga. Akanga ari Mwanakomana womudzimu, kana kuti ngirozi. Mwari akaita dzimwe ngirozi kana kuti vanakomana vomudzimu here?— Hungu, akaita mamiriyoni adzo akawanda. Ngirozi idzi ihuru kwatiri uye dzine simba rinopfuura redu.—Pisarema 104:4; Dhanieri 7:10.

Uchiri kuyeuka here zita rengirozi yakataura naMariya?— Yainzi Gabrieri. Yakaudza Mariya kuti mwana wake aizova Mwanakomana waMwari. Mwari akaisa upenyu hwoMwanakomana wake womudzimu muna Mariya kuitira kuti Jesu aberekwe somwana pasi pano. —Ruka 1:26, 27.

Unotenda chishamiso ichocho here? Unotenda kuti Jesu akanga ambogara naMwari kudenga here?— Jesu akataura kuti akanga adaro. Jesu akaziva sei nezvezvinhu zvakadaro? Pamwe paakanga achiri chikomana, Mariya akamuudza zvakanga zvataurwa naGabrieri. Uyewo, zvimwe Josefa akaudza Jesu kuti Mwari ndiye akanga ari Baba vake chaivo.

Jesu paakabhabhatidzwa, Mwari akatotaura ari kudenga achiti: "Uyu ndiye Mwanakomana wangu." (Mateu 3:17) Uye usiku hwakatangira

Chii icho Mariya naJosefa vangava vakaudza Jesu?

kufa kwake, Jesu akanyengetera achiti: “Baba, ndipei mbiri parutivi rwenyu nembiri yandaiva nayo parutivi rwenyu nyika isati yavapo.” (Johani 17:5) Jesu akakumbira Mwari kuti adzokere kudenga kuti anogara naye zvakare. Aigona kunogara ikoko sei?— Aigona bedzi kana Jehovha Mwari aimuitazve munhu womudzimu asingaoneki, kana kuti ngirozi.

Zvino ndinoda kukubvunza mubvunzo unokosha. Ngirozi dzose dzakanaka here? Unofungei?— Pane imwe nguva dzose dzakanga dzakanaka. Zvakanga zvakadaro nokuti dzakanga dzasikwa naJehovha, uye zvinhu zvose zvaanoita zvakanaka. Asi zvino imwe ngirozi yacho yakazova yakaipa. Izvozvo zvakaitika sei?

Kuti tiwane mhinduro tinofanira kudzokera shure apo Mwari akasika murume nomukadzi vokutanga, Adhamu naEvha. Vamwe vanhu vanotaura kuti nhau yavo inongova ngano zvayo. Asi Mudzidzisi Mukuru aiziva kuti yakanga iri yechokwadi.

Chii chingadai chakaita kuti Adhamu naEvha vararame muParadhiso nokusingaperi?

Mwari paakasika Adhamu naEvha, akavaisa mubindu rakanaka kwazvo munzvimbo yainzi Edheni. Yakanga iri paki, paradhiso. Vangadai vakava nevana vakawanda, mhuri huru, uye vakagara muParadhiso nokusingaperi. Asi paiva nechidzidzo chinokosha chavaifanira kudzidza. Tatochidzidza. Ngatione kana tichiri kuchiyeuka.

Jehovha akaudza Adhamu naEvha kuti vaigona kudya michero yose yavaida mumiti yomubindu. Asi paiva nomuti mumwe chete wavaisafanira kudya. Mwari akavaudza zvaizoitika kudai vaizoudya. Akati: 'Muchafa zvechokwadi.' (Genesi 2:17) Naizvozvo ndechipi chakanga chiri chidzidzo icho Adhamu naEvha vaifanira kudzidza?—

Chakanga chiri chidzidzo chokuteerera. Chokwadi, kuti tirarame tinofanira kuteerera Jehovha Mwari! Zvakanga zvisina kukwana kuti Adhamu naEvha vangotaura kuti vaizomuteerera. Vaifanira kuratidza kuti vaizodaro nezvavaiita. Kana vaiteerera Mwari, vaizove vachiratidza kuti vaimuda uye vaida kuti ave Mutongi wavo. Nokudaro vangadai vakararama nokusingaperi muParadhiso. Asi kudai vaizodya muti iwoyo, zvaizoratidzei?—

Zvaizoratidza kuti vaisaonga zvechokwadi zvavakanga vapiwa naMwari. Waizodai wakateerera Jehovha here kudai wakanga uripo?— Pakutanga, Adhamu naEvha vakateerera. Asi mumwe munhu aiva mukuru kwavari akanyengedza Evha. Akamuita kuti asateerera Jehovha. Ndiani iyeye?—

Bhaibheri rinoti nyoka yakataura naEvha. Asi



Ndiani aiita kuti nyoka itaure naEvha?

iwe unozviziva kuti nyoka pachayo haigoni kutaura. Saka yakagona sei kutaura?— Ngirozi yakaita kuti zviratidze sokuti nyoka yakanga ichitaura. Asi chaizvo yakanga iri ngirozi yaitaura. Ngirozi yacho yakanga yatanga kufunga zvinhu zvakaipa. Yaida kuti Adhamu naEvha vainamate. Yaida kuti vaite zvinhu zvayaitaura. Yaida kutora nzvimbo yaMwari.

Naizvozvo ngirozi yakaipa iyoyo yakaisa pfungwa dzakaipa mupfungwa dzaEvha. Ichishandisa nyoka, yakati kwaari: 'Mwari haana kukuudzai chokwadi. Hamufi kana mukadya muti uyo. Muchava vakachenjera saMwari.' Waizodai wakatenda zvakataurwa nenzwi iroro here?—

Evha akatanga kuda chimwe chinhu chaakanga asina kupiwa naMwari. Akadya muchero kubva pamuti wakarambidzwa. Akazopawo Adhamu mumwe wacho. Adhamu haana kubvumirana nezvakataurwa nenyoka. Asi kuda kwake Evha kwakanga kwakasimba kupfuura kuda kwake Mwari. Naizvozvo akadyawo muchero wacho.—Genesi 3:1-6; 1 Timoti 2:14.

Zvakaguma nei?— Adhamu naEvha vakava vasina kukwana, vakakwegura, ndokufa. Uye nemha-



Chii chakaitika kuna Adhamu naEvha pavakarega kuteerera Mwari?

ka yokuti vakanga vasina kukwana, vana vavo vose vakanga vasinawo kukwana uye pakupedzisira vakakwegura vakafa. Mwari akanga asina kunyepa! Zvechokwadi upenyu hunobva pakumuteerera. (VaRoma 5: 12) Bhaibheri rinotiudza kuti ngirozi yakanyepera Evha inonzi Satani Dhiyabhorosi, uye dzimwe ngirozi dzakava dzakaipa dzinonzi madhimoni.—Jakobho 2:19; Zvakazarurwa 12:9.

Iye zvino, unogona kunzwisisa here kuti nei ngirozi yakanaka iyo Mwari akanga aita yakava yakaipa?— Nokuti yakatanga kufunga zvinhu zvakaipa. Yaida kuva Yokutanga. Yaiziva kuti Mwari akanga audza Adhamu naEvha kuti vaite vana, uye yaida kuti vose vainamate. Dhiyabhorosi anoda kuita kuti munhu wose asateerera Jehovha. Naizvozvo anoedza kuisa pfungwa dzakaipa mupfungwa dzedu.—Jakobho 1:13-15.

Dhiyabhorosi anoti hapana munhu anoda Jehovha zvechokwadi. Anoti iwe neni hatidi Mwari uye hatidi chaizvo kuita zvinotaurwa naMwari. Anotaura kuti tinoteerera Jehovha bedzi kana zvinhu zvose zvichienda nenzira yatinoda. Dhiyabhorosi ari kutaura chokwadi here? Ndizvo zvatiri here?

Mudzidzisi Mukuru akati Dhiyabhorosi anonyepa! Jesu akaratidza kuti aida Jehovha zvechokwadi nokumuteerera. Uye Jesu haana kuteerera Mwari pazvaiva nyore bedzi. Akazviita nguva dzose, kunyange apo vamwe vanhu vaimuomesera. Akaramba akatendeka kuna Jehovha kusvikira afa. Ndicho chikonzero nei Mwari akamumutsa kuti ararame nokusingaperi.

Naizvozvo ndiani waungati ndiye muvengi wedu mukuru?— Hungu, ndiSatani Dhiyabhorosi. Unogona kumuona here?— Chokwadi hazvibviri! Asi tinoziva kuti ariko uye kuti mukuru uye ane simba kutipfuura. Asi, ndiani mukuru kupfuura Dhiyabhorosi?— Jehovha Mwari mukuru. Naizvozvo tinoziva kuti Mwari anogona kutidzivirira.

Verenga pamusoro pewatinofanira kunamata pana: Dheuteronomio 30:19, 20; Joshua 24:14, 15; Zvirevo 27:11; naMateu 4:10.

CHITSAUKO 9

TINOFANIRA KUKURIRA MIEDZO

PANE munhu akambokukumbira kuita chimwe chinhu chakanga chisina kururama here?— Akakumanikidza kuti uchiite here? Kana kuti akataura kuti chaizova chinhu chinonakidza uye kuti paisaizova nechakaipa chaicho pakuchiita here?— Mumwe munhu paanodaro kwatiri, anenge achitiedza.

Tinofanira kuita sei kana tikaedzwa? Tinofanira kubvuma toita zvisina kururama here?— Izvozvo hazvingafadzi Jehovha Mwari. Asi unoziva here kuti ndiani angafara?— Hungu, Satani Dhiyabhorosi angafara.

Satani muvengi waMwari, uye Satani muvengi wedu. Hatigoni kumuona nokuti mudzimu. Asi anogona kutiona. Rimwe zuva Dhiyabhorosi akataura naJesu, Mudzidzisi Mukuru, achida kumuedza. Ngationei kuti Jesu akaitei. Tikadaro tichaziva zvinhu zvakarurama zvokuita kana tikaedzwa.

Jesu aida kuita kuda kwaMwari nguva dzose. Akaratidza izvi pachena nokubhabhatidzwa muRwizi rweJodhani. Jesu akanga achangobva kubhabhatidzwa apo Satani akamuedza. Bhaibheri rinoti "*matenga akazaruka*" kuna Jesu. (Mateu 3:16) Izvi zvingangoreva kuti Jesu zvino akatanga kuyeuka zvose pamusoro poupenyu hwake hwokutanga ari mudenga naMwari.



Jesu angave akatanga kuyeuka chii paakabhabhatidzwa?

Abhabhatidzwa Jesu akaenda musango kuti anofunga pamusoro pezvinhu zvaakanga atanga kuyeuka. Kwakapera mazuva nousiku makumi mana. Nguva yose iyi Jesu haana chaakadya, naizvozvo zvino akanga ava kunzwa nzara zvikuru. Pakanga pari panguva ino apo Satani akaedza Jesu.

Dhiyabhorosi akati: "Kana uri mwanakomana waMwari, udza matombo aya kuti ave zvingwa." Chingwa chingadai chakava chinonaka kwazvo! Asi Jesu aigona kudai akachinja matombo akava chingwa here?— Hungu, aigona kudaro. Nei? Nokuti Jesu, Mwanakomana waMwari, aiva nesimba rinoshamisa.

Waizodai wakaita kuti dombo rive chingwa kudai Dhiyabhorosi akanga akukumbira kudaro here?— Jesu aiva nenzara. Naizvozvo pangadai pakava nechakaipa here kungozviita kamwe chete?— Jesu aiziva kuti zvakanga zvisina kururama kushandisa masimba ake nenzira iyoyo. Jehovha akanga amupa masimba iwayo kuti aswededze vanhu kuna Mwari, kwete kuashandisa nokuda kwake pachake.

Naizvozvo pane kudaro, Jesu akaudza Satani zvakanyorwa muBhaibheri kuti: 'Munhu anofanira kurarama, kwete nechingwa choga, asi nokutaura kwose kunobuda mumuromo maJehovha.' Jesu aiziva kuti kuita zvinofadza Jehovha kunotokosha zvikuru kupfuura kuva nezvokudya.

Asi Dhiyabhorosi akaedza zvekare.



Dhiyabhorosi akashandisa sei matombo kuedza Jesu?

Akatora Jesu akamuendesa kuJerusarema ndokumuita kuti amire pakakwirira petemberi. Zvadaro Satani akati: 'Kana uri mwanakomana waMwari, zviwisire pasi kubva pano. Nokuti zvakanyorwa kuti ngirozi dzaMwari dzichakudzivirira kuti usakuvara.'

Nei Satani akataura izvi?— Akazvitaura kuti aedze Jesu kuti aite chimwe chinhu choupenzi. Asi zvekare Jesu haana kuteerera Satani. Akaudza Satani kuti: "Zvakanyorwa kuti, 'Haufaniri kuedza Jehovha Mwari wako.' " Jesu aizviziva kuti zvakanga zvisina kururama kuedza Jehovha nokuisa upenyu hwake mungozi.

Kunyange zvakadaro, Satani haana kumurega. Kubva ipapo akatora Jesu akamuendesa mugomo refurefu. Imomo akamuratidza umambo hwose, kana kuti hurumende dzenyika nembiri yadzo. Ipapo Satani akati kuna Jesu: 'Ndichakupa zvinhu zvose izvi kana ukapfugama pasi wondinamata kamwe chete.'

Funga nezvezvakavimbiswa naDhiyabhorosi. Umambo hwose uhwu, kana kuti hurumende dzevanhu, dzakanga dziri dzaSatani zvechokwadi here?— Jesu haana kuramba kuti dzakanga dziri dzaSatani. Aizodai akaramba kudai dzakanga dzisiri dzaSatani. Satani ndiye mutongi chaiye wemarudzi ose ari panyika. Bhaibheri rinotomudana kuti "mutongi wenyika ino."—Johani 12:31.

Waizoita sei kudai Dhiyabhorosi aizokuvimbisa chimwe chinhu kana waizomunamata?— Jesu aiziva kuti zvakanga zvisina kururama kunamata Dhiyabhorosi pasinei nokuti aizowanei. Naizvozvo Jesu akati: 'Ibva, Satani! Nokuti Bhaibheri rinoti ndiJehovha Mwari wako waunofanira kunamata, uye ndiye oga waunofanira kushumira.' —Mateu 4:1-10; Ruka 4:1-13.

Nesuwo takatarisana nemiedzo. Unoziva mimwe yacho here?— Houno muenzaniso. Amai vako vangabika keke rinonaka rokuti museredzere mapedza kudya. Vangakuudza kuti usamboridya kusvika nguva yokudya yakwana. Asi unenge une nzara kwazvo, saka

Nei Satani aigona kupa Jesu umambo hwose uhwu?

unganzwa uchida kuridya. Uchateerera amai vako here?— Satani anoda kuti usavateerera.

Yeuka kuti Jesu aivawo nenzara zvikuru. Asi aiziva kuti kufadza Mwari ndiko kwainyanya kukosha kupfuura kudya. Unoratidza kuti wakaita saJesu paunoita zvinotaurwa naamai vako.

Vamwe vana vanogona kukufurira kuti umedze mapiritsi orumwe rudzi. Vangakuudza kuti

Uchaitei kana ukaedzwa?

achakuita kuti unzwe uchinakidzwa. Asi mapiritsi aya anodaro ari zvinhu zvinodhaka. Anogona kukurwarisa chaizvo uye angatokuuraya. Kana kuti mumwe munhu angakupa mudzanga, ungavewo nezvinodhaka, okumanikidza kuti uusvute. Uchaita sei?—

Funga nezvaJesu. Satani akaedza kuita kuti Jesu aise upenyu hwake mungozi nokumuudza kuti asvetuke achibva pamusoro petemberi. Asi Jesu haana kuzviita. Uchaita sei kana mumwe munhu akakumanikidza kuita chimwe chinhu chine ngozi?— Jesu haana kuteerera Satani. Newewo haufaniri kuteerera chero munhu anoedza kukuita kuti uite zvinhu zvisina kururama.

Rimwe zuva unogona kunzi unamate chifananidzo, chinhu icho Bhaibheri rinoti hatifaniri kuita. (Eksodho 20:4, 5) Zvichida mutambo unoitwa kuchikoro. Ungaudzwa kuti hauzobvumirwi kuramba uchipinda chikoro kana ukaramba kuita izvi. Uchaitei?—

Nei zvisina kururama kushandisa zvifananidzo pakunamata?

Zviri nyore kuita zvakarurama kana munhu wose ari kuzviita. Asi kuita zvakarurama kunogona kuva kwakaoma zvikuru kana vamwe vari kuedza kutimanikidza kuita zvisina kururama. Vangataura kuti zvavari kuita hazvina kuipa chaizvo. Asi mubvunzo mukuru ndowokuti, Mwari anoti chii pamusoro pazvo? Iye ndiye anonyatsoziva.

Naizvozvo pasinei nokuti vamwe vanoti chii, hatifaniri kumboita zvinhu izvo Mwari anoti hazvina kururama. Nenzira iyoyo tichaita kuti Mwari afare nguva dzose, uye hatizombofi takafadza Dhiyabhorosi.

Mamwe mashoko pamusoro pokuti ungaramba sei muedzo wokuita zvisina kururama anogona kuwanikwa pana Pisarema 1:1, 2; Zvirevo 1:10, 11; Mateu 26:41; na2 Timoti 2:22.

CHITSAUKO 10

SIMBA RAJESU PAMADHIMONI

UCHIRI kuyeuka here kuti nei imwe yengirozi dzaMwari yakava Satani Dhiyabhorosi?— Kwakanga kuri kuda kwayo kunamatwa kwakaita kuti ipandukire Mwari. Pane dzimwe ngirozi dzakava vateveri vaSatani here?— Hungu, dziripo. Bhaibheri rinodzidana kuti 'ngirozi dzaSatani,' kana kuti madhimoni.—Zvakazarurwa 12:9.

Chii chakaitwa nengirozi idzi chakanga chakaipa?

Ngirozi dzakaipa idzi, kana kuti madhimoni, anodavira kuti kuna Mwari here?— Bhaibheri rinotaura kuti 'madhimoni anotenda kuti kuna Mwari.' (Jakobho 2:19) Asi panguva ino ari kutya. Imhaka yokuti anoziva kuti Mwari achaaranga nokuda kwezvinhu zvakaipa zvaakaita. Chii chaakakanganisa?—

Bhaibheri rinotaura kuti ngirozi idzodzo dzakasiya musha wadzo wakakodzera kudenga ndokuuya pasi pano kuzogara sevanhu. Dzakaita izvi nemhaka yokuti dzakanga dzichida kurara nevakadzi vakanaka vaiva pasi pano. (Genesi 6:1, 2; Judha 6) Unozivei nezvokurara pamwe kwomurume nomukadzi?—

Izvi zvinoreva apo murume

nomukadzi vanorara pamwe chete neimwe nzira inoshamisa. Zvadaro, mwana anogona kukura mudumbu raamai. Asi kuti ngirozi dzirare nevanhu hazvina kururama. Mwari anoda kuti murume nomukadzi vakaroorana bedzi varare vose. Nenzira iyoyo kana mwana akaberekwa, murume nomudzimai vanogona kumutarisira.

Apo ngirozi dzakava nemiviri yevanhu ndokurara nevakadzi vakanga vari pasi pano, vana vadzo vakakura kuva hofori. Hofori dzacho dzaiva noutsinye kwazvo uye dzaikuvadza vanhu. Naizvozvo Mwari akaunza mafashamo makuru emvura kuti aparadze hofori dzacho nevanhu vose vakaipa. Asi akaita kuti Noa avake areka, kana kuti ngarava huru, kuti aponese vanhu vashomanana vakanga vachiita zvakarurama. Mudzidzisi Mukuru akataura kuti zvakaitika paMafashamo zvinokosha kuyeuka.—Genesi 6:3, 4, 13, 14; Ruka 17:26, 27.

Pakauya Mafashamo, unoziva here kuti chii chakaitika kungirozi dzakaipa?— Dzakarega kushandisa miviri yevanhu yadzaive dzazvigadzirira ndokudzokera kudenga. Asi dzakanga dzisingachagoni kuva ngirozi dzaMwari, naizvozvo dzakava ngirozi dzaSatani kana kuti madhimoni. Uye chii

Nei pane matambudziko akawanda pasi pano iye zvino zvisati zvamboitika?

chakaitika kuvana vengirozi dzakaipa, vaiva hofori?— Vakafira muMafashamo. Uye ndizvo zvakaitikawo kune vamwe vanhu vose vakanga vasingateereri Mwari.

Kubva panguva yeMafashamo, Mwari haana kuzobvumira madhimoni kuti ave sevanhu zvekare. Asi kunyange zvazvo tisingagoni kuaona, madhimoni achiri kungoedza kuita kuti vanhu vaite zvinhu zvakaipa kwazvo. Ari kuparira zvinetso zvakawanda zvisina kumboitika. Izvi imhaka yokuti akadzingwa kudenga achiuya pasi pano.

Unoziva here kuti nemhaka yei tisingagoni kuona madhimoni?— Imhaka yokuti midzimu. Asi tinogona kuva nechokwadi chokuti mapenyu. Bhaibheri rinotaura kuti Satani ari 'kutsausa vanhu munyika yose,' uye madhimoni ake ari kumubatsira.—Zvakazarurwa 12:9, 12.

Dhiyabhorosi nemadhimoni ake vanogona kutitsausa, kana kutinyengedzawo here?— Hungu, vanogona kana tikasangwarira. Asi hatifaniri hedu kutya. Mudzidzisi Mukuru akati: 'Dhiyabhorosi haana simba pandiri.' Kana tikaramba tiri pedyo naMwari, achatidzivirira pana Dhiyabhorosi nemadhimoni ake.—Johani 14:30.

Zvinokosha kuti tizive kuti zvinhu zvipi zvakaipa izvo madhimoni achaedza kutimanikidza kuita. Naizvozvo chimbofunga nezvazvo. Zvinhu zvakaipa zvipi izvo madhimoni akaita paakauya pasi pano?— Mafashamo asati aitika, akarara nevakadzi, chinhu chakanga chisina kururama kuti ngirozi dziite. Nhasi madhimoni anofara kana vanhu vasingateereri mutemo waMwari pamusoro pokurara pamwe kwomurume nomukadzi. Rega ndikubvunze, Ndivanaani bedzi vanofanira kurara vose somurume nomudzimai?— Ndizvozvo, vanhu vakaroorana bedzi.

Nhasi vamwe vakomana nevasikana vaduku vanorara vose somurume nomudzimai, asi izvi hazvina kururama. Bhaibheri rinotaura pamusoro pe'nhengo yokubereka nayo' yomurume inonzi chirema. (Revhitiko 15:1-3) Mukadzi anewo nhengo yokubereka nayo inonzi sikarudzi. Jehovha akasika nhengo dzomuviri idzi nokuda kwechinangwa

chinokosha chinofanira kuwanikwa nevanhu vakaroorana bedzi. Zvinofadza madhimoni apo vanhu vanoita zvinhu zvinorambidzwa naJehovha. Somuenzaniso, madhimoni anofara kana mukomana nomusikana vachitamba vachibatana-batana chirema nesikarudzi. Hatidi kufadza madhimoni, handiti?—

Pane chimwe chinhu zvekare icho madhimoni anoda asi chinovengwa naJehovha. Unoziva kuti chii here?— Chisimba. (Pisarema 11:5) Chisimba ndeapo vanhu vanoita utsinye uye vachikuvadza vamwe. Yeuka, ndizvo zvakaitwa nehofori, vanakomana vemadhimoni.

Madhimoni anofarirawo kutyisidzira vanhu. Dzimwe nguva anoedzesera kuva vanhu vakafa. Anogona kutotevedzera manzwi evanhu vakafa. Nenzira iyi madhimoni anonyengedza vakawanda kuti vafunge kuti vanhu vakafa vachiri vapenyu uye vanogona kutaura nevapenyu. Hungu, madhimoni anokonzera kuti vanhu vakawanda vadavire kuti kune zvipoko.



Chii chinogona kuitika kana tikaona zvinhu zvechisimba?

Naizvozvo tinofanira kugara takangwarira

kuti Satani nemadhimoni ake vasatinyengedza. Bhaibheri rinonyevera kuti: 'Satani anoedza kuzviita kuti aratidzike sengirozi yakanaka, uye vashumiri vake vanoita izvozvowo.' (2 VaKorinde 11:14, 15) Asi, chaizvo, madhimoni akaipa. Ngatione kuti angaedza kutiita kuti tive saiwo sei.

Vanhu vanodzidzepi zvakawanda pamusoro pechisimba unzenza uye midzimu nezvipoko?— Hazvibvi mukuona zvimwe zvezvinhu zvinoratidzwa paterevhizheni here, nemafirimu, kutamba mitambo yepakombiyuta nemavhidhiyo, paIndaneti, nokuverenga mabhuku enyambo dzinosetsa? Kuita zvinhu izvi kunotiswededza pedyo naMwari here kana kuti naDhiyabhorosi nemadhimoni ake? Unofungei?—

Chii chakanaka kuti tiite?

Unofunga ndiani anoda kuti titeerere uye tione zvinhu zvakaipa?— Hungu, ndiSatani nemadhimoni ake. Naizvozvo, iwe neni tinofanira kuitei?— Tinofanira kuverenga, kuteerera, uye kuona zvinhu zvakatinakira uye zvichatibatsira kushumira Jehovha. Ungafunga here zvimwe zvezvinhu zvakanaka izvi zvatingaita?—

Kana tikaita zvakanaka, hapana chikonzero chokutya madhimoni. Jesu akasimba kuapfuura, uye madhimoni anomutya. Rimwe zuva madhimoni akachema kuna Jesu achiti: "Mauya kuzotiparadza here?" (Mako 1:24) Hatingazofari here pachasvika nguva yokuti Jesu aparadze Satani nemadhimoni ake?— Panguva ino, tinogona kuva nechokwadi chokuti Jesu achatidzivirira pamadhimoni kana tikaramba tiri pedyo naye naBaba vake vokudenga.

Ngativerenge pamusoro pezvatinofanira kuita, pana 1 Petro 5:8, 9 naJakobho 4:7, 8.

CHITSAUKO 11

KUBATSIRA KUNOBVA KUNGIROZI DZAMWARI

VAMWE vanhu vanoti vanotenda zvavanogona kuona bedzi. Asi ihwohwo upenzi. Kune zvinhu chaizvo zvakawanda zvatisati tamboona nemaziso edu. Ungataura chimwe chacho tinzwe here?—

Zvakadini nemhepo yatinofema? Tinogona kuinzwa here?— Simudza ruoko rwako worufuridza. Pane chawanzwa here?— Wainzwa, asi haugoni kuona mhepo, handiti?—

Tatotaura pamusoro pevanhu vomudzimu, vatisingagoni kuona. Tadzidza kuti vamwe vakanaka asi vamwe vakaipa. Taura mazita evamwe vanhu vomudzimu vakanaka vatisingagoni kuona.— Kuna Jehovha Mwari, kuna Jesu, uye kune ngirozi dzakanaka. Kunewo ngirozi dzakaipa here?— Bhaibheri rinoti dziriko. Ndiudze zvawakadzidza nezvadzo.—

Chimwe chinhu chatinoziva ndechokuti ngirozi dzakanaka nengirozi dzakaipa dzine simba rinopfuura redu. Mudzidzisi Mukuru aiziva zvakawanda nezvengirozi. Nokuti iye aimbova ngirozi asati aberekwa somwana pasi pano. Akanga agara nedzimwe ngirozi mudenga. Aiziva mamiriyoni adzo. Ngirozi dzose idzi dzine mazita here?—

Takadzidza kuti Mwari akapa nyeredzi mazita. Naizvozvo tinogona kuva nechokwadi chokuti ngirozi dzose dzine mazitawo. Uye tinoziva kuti dzinotaurirana nokuti Bhaibheri rinotaura nezvo'mutauro wengirozi.' (1 VaKorinde 13:1) Unofunga kuti ngirozi dzinotaura nezvei? Dzinotaura nezvedu isu tiri pasi pano here?—

Tinoziva kuti ngirozi dzaSatani, madhimoni, dziri kuedza kutiita kuti tisateerera Jehovha. Naizvozvo dzinofanira kunge dzichitaura pamusoro pokuti izvi dzingazviita sei. Dzinoda kuti tiite saidzo kuitira kuti Jehovha asatidawo. Asi zvakadini nengirozi dzaMwari dzakatendeka? Unofunga kuti dzinotaurawo nezvedu here?— Hungu, dzinodaro. Dzinoda kutibatsira. Rega ndikuudze nzira iyo dzimwe dzengirozi dzaMwari dzakabatsira nadzo vanhu vaida Jehovha uye vaimushumira.

Somuenzaniso, kwaiva nomurume ainzi Dhanieri aigara muBhabhironi. Vanhu vazhinji imomo vakanga vasingadi Jehovha. Vakatoita mutemo waizoranga munhu wose ainyengetera kuna Jehovha Mwari. Asi Dhanieri haana kumbomira kunyengetera kuna Jehovha. Unoziva here kuti vakaitei kuna Dhanieri?—

Mwari akaitei kuti aponese Dhanieri?



Vanhu vakaipa vakaita kuti Dhanieri akandirwe mugomba reshumba. Imomo Dhanieri akanga ari oga

neshumba dzaiva nenzara. Unoziva chakazoitika here?— "Mwari wangu akatuma mutumwa wake, akadzivira miromo yeshumba," akadaro Dhanieri. Haana kana kumbokuvadzwa zvachose! Ngirozi dzinogona kuita zvinhu zvinoshamisa nokuda kweavo vanoshumira Jehovha.—Dhanieri 6:18-22.

Kwozouya nguva apo Petro akanga ari mujeri. Handiti unoyeuka kuti Petro akanga ari shamwari yoMudzidzisi Mukuru, Jesu Kristu. Vamwe vanhu havana kufara pavakaudzwa naPetro kuti Jesu aiva Mwanakomana waMwari. Naizvozvo vakaisa Petro mujeri. Varwi vakanga vakarinda Petro kuti vave nechokwadi chokuti haatizi. Pane aigona kumubatsira here?—



Ngirozi yakabatsira sei Petro kubuda mujeri?

Petro akanga akarara pakati pevarindi vaviri, uye aiva necheni mumaoko ake. Asi Bhaibheri rinoti: 'Tarira! Ngirozi yaJehovha yakauya, uye chiedza chakatanga kupenya mujeri. Ichibata Petro parutivi rwake, ngirozi yakamumutsa, ichiti, "Simuka nokukurumidza!"'

Zvadaro, cheni dzaPetro dzakabva dzadonha mumaoko ake! Uye ngirozi yakati kwaari: 'Pfeka hembe nehwashu dzako unditevere.' Varindi vakatadza kuvamisa nokuti ngirozi yakanga ichibatsira Petro. Vakabva vasvika pagedhi resimbi, uye pakaitika chinhu chinoshamisa. Gedhi racho rakangovhurika roga! Ngirozi iyoyo yakanga yasunungura Petro kuti agone kuramba achiparidza.—Mabasa 12: 3-11.

Ngirozi dzaMwari dzinogona kutibatsirawo here?— Hungu, dzinogona. Izvi zvinoreva here kuti hadzizombotiregi tichikuvara zvachose?— Aiwa, ngirozi hadzitidziviriri pakukuvara kana tikaita zvinhu zvoupenzi. Asi kunyange kana tisingaiti zvinhu zvoupenzi tinogona kungokuvara. Ngirozi hadzina kurayirwa kutidzivirira pana izvozvo. Asi Mwari akadzipa basa rinokosha rokuti dziite.

Bhaibheri rinotaura nezvengirozi inoudza vanhu kwose kwose kuti vanamate Mwari. (Zvakazarurwa 14:6, 7) Ngirozi inovaudza sei izvozvo? Inodanidzira iri kudenga kuitira kuti vanhu vose vainzwe here?— Aiwa, pane kudaro, vateveri vaJesu vari pasi pano vanotaura nevamwe nezvaMwari, uye ngirozi dzinovatungamirira mubasa ravo. Ngirozi dzinova nechokwadi chokuti avo vanoda zvechokwadi kuziva nezvaMwari vanova nomukana wokunzwa. Tinogona kuitawo basa iroro rokuparidza, uye ngirozi dzichatibatsira.

Asi zvakadini kana vanhu vasingadi Mwari vakatimutsira zvinetso? Zvakadini kana vakatiisa mujeri? Ngirozi dzingatisunungura here?— Dzinogona. Asi hadzidaro nguva dzose.

Muteveri waJesu Pauro akambova musungwa. Akanga achifamba ari muchikepe pakwaiva nedutu rakaipa. Asi ngirozi hadzina

kumusunungura pakarepo. Nokuti kwaiva nevamwe vanhu vaifanira kunzwa nezvaMwari. Ngirozi yakati: "Usatya, Pauro. Unofanira kumira pamberi paKesari." Pauro aifanira kuendeswa kumutongi wenyika Kesari kuti iye Pauro anomuparidzira. Ngirozi dzaiziva nguva dzose kwaiva naPauro, uye dzaimubatsira. Dzichatibatsirawo kana tichishumira Mwari zvechokwadi.—Mabasa 27:23-25.

Kune rimwe basa guru iro ngirozi dzichaita, uye dzichariita munguva pfupi iri kutevera. Nguva yaMwari yokuparadza vanhu vakaipa yava pedyo zvikuru. Vose vasinganamati Mwari wechokwadi vachaparadzwa. Vaya vanoti havatendi kuti kune ngirozi nokuti havagoni kudziona vachaona kuti vakarasika zvakadini.—2 VaTesaronika 1:6-8.

Izvozvo zvicharevei kwatiri? — Kana tiri kudivi rimwe nengirozi dzaMwari, dzichatibatsira. Asi tiri kudivi radzo here?— Tiriko kana tichishumira Jehovha. Uye kana tichishumira Jehovha, tichave tichitaurira vamwe vanhu kuti vamushumirewo.



Kuti udzidze zvakawanda pamusoro pokuti ngirozi dzinodzora sei upenyu hwevanhu, verenga Pisarema 34:7; Mateu 4:11; 18:10; Ruka 22:43; naMabasa 8:26-31.

Ngirozi iri kuudza Pauro kuti chii?

CHITSAUKO 12

JESU ANOTIDZIDZISA KUNYENGETERA

UNOTAURA naJehovha Mwari here?— Anoda kuti utaure naye. Paunotaura naMwari, uyu unonzi munyengetero. Jesu aiwanzotaura naBaba vake vokudenga. Dzimwe nguva aida kuva oga paaitaura naMwari. Bhaibheri rinoti pane imwe nguva, "Akakwira mugomo ari oga kuti anyengetere. Kunyange akanga ava manheru, akanga arimo oga."—Mateu 14:23.

Ndokupi kwaungaenda kuti unonyengetera kuna Jehovha uri woga?— Pamwe ungave uri woga kuti utaure naJehovha usati warara usiku. Jesu akati: "Paunonyengetera, pinda mukamuri rako uye, kana wapfiga musuo wako, nyengetera kuna Baba vako." (Mateu 6:6) Unonyengetera kuna Jehovha usiku hwoga hwoga usati waenda kunorara here?— Unofanira kudaro.

Jesu akanyengeterawo apo vamwe

Jesu akanyengetera paakanga ari oga . . . uye paaiva nevamwe

Nei uchifanira kunyatsoteerera minyengetero inopiwa pamisangano?

vanhu vakanga vanaye. Pakafa shamwari yake Razaro, Jesu akanyengetera aine vamwe panzvimbo pakanga pavigwa Razaro. (Johani 11: 41, 42) Uye Jesu ainyengeterawo paaiita misangano nevadzidzi vake. Unoenda kumisangano kunopiwa munyengetero here?— Ikoko kazhinji munhu mukuru ndiye anonyengetera. Nyatsoteerera zvaanotaura nokuti ari kutaura naMwari akakumiririra. Zvadaro unogona kuzoti "Ameni" kumunyengetero wacho. Unoziva zvazvinoreva here kuti "Ameni" pashure pomunyengetero?— Zvinoreva kuti unofarira munyengetero wacho. Zvinoreva kuti unobvumirana nawo uye unoda kuti uve munyengetero wakowo.

Jesu ainyengeterawo panguva dzezvokudya. Aionga Jehovha nokuda kwezvokudya zvake. Unonyengetera nguva dzose usati wadya zvokudya zvako here?— Zvakanaka kuti tionge Jehovha nokuda kwezvokudya tisati tatanga kudya. Mumwe munhu anogona kunyengetera pamunodya pamwe chete. Asi zvakadini kana uchidya woga? Kana kuti zvakadini kana ukadya nevanhu vasinganyengeteri vachionga Jehovha?— Kana zvakadaro unofanira kuzvinyengeterera.

Unofanira kunyengetera zvinonzwika nguva dzose here? Kana kuti Jehovha anogona kukunzwa here kana ukanyengetera nechomumwoyo?— Tinogona kuwana mhinduro kubva kune zvakaitika kuna

Nehemia. Akanga ari munamati waJehovha aishanda pamuzinda waMambo Atashasta wePersia. Rimwe zuva Nehemia akasuruvara zvikuru nokuti akanzwa kuti masvingo eJerusarema, guta guru revanhu vake, akanga akoromoka.

Mambo paakabvunza Nehemia kuti nei akanga akasuruvara, Nehemia akatanga ambonyengetera nechomumwoyo. Zvadaro Nehemia akaudza mambo wacho kuti nei akanga akasuruvara uye akamukumbira kuti aende kuJerusarema kunovakazve masvingo acho. Chii chakaitika?—

Jehovha akapindura munyengetero waNehemia. Mambo akati aigona kuenda! Mambo akatopa Nehemia miti yakawanda yokushandisa kuvaka masvingo acho. Naizvozvo Mwari anogona chaizvo kupindura minyengetero yedu, kunyange kana iri yechinyararire.—Nehemia 1:2, 3; 2: 4-8.

Inguva dzipi dzaungagona kunyengetera nechomumwoyo, sezvakaita Nehemia?

Zvino imbofunga. Unofanira kukotamisa musoro wako paunonyengetera here? Unofanira kupfugama here? Unofungei?— Dzimwe nguva Jesu aipfugama paainyengetera. Dzimwe nguva ainyengetera akamira. Uye dzimwe nguva aitarira mudenga sezvaainyengetera, sezvaakaita paakanyengeterera Razaro.

Saka izvi zvinoratidzei?— Izvi zvinoratidza kuti chimiro chaunenge uri hachisiri icho chinokosha. Dzimwe nguva zvakanaka kukotamisa musoro wako nokutsinzina. Pane dzimwewo nguva ungada kunyange kupfugama sezvakaita Jesu. Asi, yeuka, tinogona kunyengetera kuna Mwari chero nguva, masikati kana kuti usiku, uye achatinzwa. Chinhu chinokosha pamusoro pomunyengetero ndechokuti titende zvechokwadi kuti Jehovha ari kuteerera. Unotenda here kuti Jehovha anonzwa minyengetero yako?—



Chii chatinofanira kutaura muminyengetero yedu kuna Jehovha?— Ndiudze: Paunonyengetera, unotaurira Mwari chii?— Jehovha anotipa zvinhu zvakanaka zvakawanda uye zvakarurama kumuonga nokuda kwazvo, handiti?— Tinogona kumuonga nokuda kwezvokudya. Asi wati wambomuonga here nokuda kwedenga rebhuruu, miti yakasvibirira, uye maruva akanaka?— Akagadzirawo izvozvo.

Vadzidzi vaJesu vakambomukumbira kuti avadzidzise kunyengetera. Naizvozvo Mudzidzisi Mukuru akavadzidzisa, uye akavaratidza kuti ndezvipi zvakanga zviri zvinhu zvinokosha kupfuura zvose zvokunyengeterera. Zvi-

Chii chaungataurira Mwari mumunyengetero?

nhu zvacho unozviziva here?— Tora Bhaibheri rako wovhura pana Mateu chitsauko 6. Mundima 9 kusvika ku13, tinowana unonzi nevanhu vakawanda Munyengetero waShe kana kuti Baba Vedu Vari Kudenga. Ngatiuverenge pamwe chete.

Pano tinodzidza kuti Jesu akatiudza kuti tinyengeterere zita raMwari. Akati tinyengeterere kuti zita raMwari ritsveneswe, kana kuti ribatwe sedzvene. Zita raMwari ndiani?— Hungu, ndiJehovha, uye tinofanira kuda zita iroro.

Chechipiri, Jesu akatidzidzisa kunyengeterera kuti Umambo hwaMwari huuye. Umambo uhwu hunokosha nokuti huchaunza rugare pasi pano nokuita kuti pave paradhiso.

Chechitatu, Mudzidzisi Mukuru akati tinyengeterere kuti kuda kwaMwari kuitwe pasi pano sezvakunoitwa kudenga. Saka kana tikanyengeterera izvi, tinofanira kuita zvinodiwa naMwari.

Uyewo, Jesu akatirayira kuti tinyengeterere zvokudya zvatinoda zuva nezuva. Akataurawo kuti tinofanira kuudza Mwari kuti tine urombo patinenge taita zvinhu zvisina kururama. Uye tinofanira kukumbira Mwari kuti atikanganwire. Asi asati atikanganwira, tinofanira kukanganwira vamwe kana vatitadzira. Izvozvo zviri nyore kwauri kuzviita here?—

Pakupedzisira Jesu akati, tinofanira kunyengeterera kuti Jehovha Mwari atidzivirire pane wakaipa, Satani Dhiyabhorosi. Naizvozvo zvose izvi, zvinhu zvakanaka zvokunyengeterera kuna Mwari.

Tinofanira kutenda kuti Jehovha anonzwa minyengetero yedu. Kunze kwokumukumbira kuti atibatsire, tinofanira kuramba tichimuonga. Anofara kana tichiita zvatinotaura mumunyengetero uye patinomukumbira zvinhu zvakarurama. Uye achatipa zvinhu izvozvo. Unozvitenda here?—

Mamwe mazano akanaka pamusoro pomunyengetero anowanikwa pana Va-Roma 12:12; 1 Petro 3:12; na1 Johani 5:14.

CHITSAUKO 13

VANHU VAKAVA VADZIDZI VAJESU

NDIANI akashumira Mwari zvakanaka kupfuura vanhu vose vakamborarama?— Ndizvozvo, ndiJesu Kristu. Unofunga kuti tinogona kuva saiye here?— Bhaibheri rinoti akatiratidza muenzaniso wokuti titevere. Uye anotidana kuti tive vadzidzi vake.

Unoziva kuti kuva mudzidzi waJesu zvinorevei here?— Zvinoreva zvinhu zvakawanda. Chokutanga, tinofanira kudzidza kwaari. Asi hazvisi izvozvo zvoga. Tinofanirawo kunyatsodavira zvaanotaura. Kana tikadaro, tichaita zvaanotiudza.

Vanhu vazhinji vanoti vanodavira Jesu. Unofunga kuti vose vadzidzi vake chaivoivo here?— Aiwa, vazhinji vavo havasi. Vangaenda kuchechi. Asi vazhinji vavo havasati vambozvipa nguva yokuti vadzidze zvakadzidziswa naJesu. Chokwadi, avo bedzi vanotevera muenzaniso waJesu ndivo vadzidzi vake.

Ngatimbotaura pamusoro peavo vakanga vari vadzidzi vaJesu paaiva munhu pasi pano. Mumwe wevakatanga kuva vadzidzi ndiFiripi. Firipi anoenda kunotsvaka shamwari yake Natanaeri (anonziwo Bhatoromeyo), waunoona akagara pasi pomuti. Apo Natanaeri anouya kuna Jesu, Jesu anoti: 'Onai, heuno murume akatendeka, mwanakomana chaiye waIsraeri.' Natanaeri anoshamiswa uye anobvunza kuti: 'Munondizivirepi?'

Murume uyu ndiani, uye anova sei mudzidzi waJesu?

"Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuonde, ndakuona," anodaro Jesu. Natanaeri anoshamiswa zvikuru kuti Jesu anga achiziva paanga ari chaipo, naizvozvo Natanaeri anoti: "Ndimi Mwanakomana waMwari, ndimi Mambo waIsraeri."—Johani 1:49.

Firipi naNatanaeri pavakava vadzidzi



Ndivanaani avo Jesu ari kudana kuti vave vadzidzi vake?

vaJesu, vamwe vakanga vatova vadzidzi zuva rakanga rapfuura. Ava ndiAndireya nomukoma wake Petro pamwe chete naJohani zvimwe nomukoma waJohani, Jakobho. (Johani 1:35-51) Zvisinei, pashure pechinguva varume vana ava vanodzokera kubasa ravo rokubata hove. Zvino rimwe zuva Jesu achifamba nomumucheto meGungwa reGarireya, anoona Petro naAndireya vachikanda mambure okubatisa hove mugungwa. Jesu anovashevedza, oti: "Nditeverei."

Achangoti pfuurei, Jesu anoona Jakobho naJohani. Vari muchikepe nababa vavo, vachigadzira mambure avo okubatisa hove. Jesu anovashevedzawo kuti vamutevere. Waizodai wakaitei kudai Jesu aive akudana? Waizodai wakaenda naye pakarepo here?— Varume ava vanoziva kuti Jesu ndiani. Vanoziva kuti akatumwa naMwari. Naizvozvo vanosiya basa ravo rokubata hove pakarepo votevera Jesu.—Mateu 4:18-22.

Varume ava pavakava vateveri vaJesu, zvaireva here kuti kubva ipapo vakanga vave kuita zvakarurama nguva dzose?— Aiwa. Zvimwe ungave uchiri kuyeuka kuti varume ava vakatomboitisana nharo pakati pavo dzokuti mukuru ndiani. Asi vakateerera Jesu, uye vaida kuchinja. Kana tichida kuchinja, nesuwo tinogona kuva vadzidzi vaJesu.

Jesu akadana vanhu vemarudzi ose kuti vave vadzidzi vake. Pane imwe nguva, mumwe mutongi wechiduku akanga akapfuma akaenda kuna Jesu akanobvunza kuti aizowana sei upenyu husingaperi. Apo mutongi mupfumi uyu akataura kuti akanga achiteerera mitemo yaMwari kubva ari muduku, Jesu akamukoka achiti: 'Uya uve muteveri wangu.' Unoziva zvakaitika here?—

Apo murume wacho akaziva kuti kuva mudzidzi waJesu kwaifanira kuzova kunokosha kupfuura kuva mupfumi, haana kufara zvachose. Haana kuva mudzidzi waJesu nokuti aida mari yake kupfuura kuda kwaaiita Mwari.—Ruka 18:18-25.

Pashure pokunge Jesu aparidza kwerinenge gore nehafu, akasarudza vadzidzi vake 12 kuti vave vaapostora. Vaapostora vakanga vari varume vaakatumira kuti vanoita basa rinokosha. Unoziva mazita avo here?— Ngatione kana tingaabata nomusoro. Tarira mapikicha avo ari pano aya, uone kana uchigona kutaura mazita avo. Wadaro wozoedza kutaura mazita avo nomusoro.

Pakupedzisira, mumwe wevaapostora 12 akava akaipa. Aiva Ju-

dhasi Isikariyoti. Pashure pacho, mumwe mudzidzi akasarudzwa kuti azova muapostora. Unoziva zita rake here?— Aiva Matiyasi. Gare gare Pauro naBhanabhasi vakavawo vaapostora, asi vakanga vasiri vamwe ve12.—Mabasa 1:23-26; 14:14.

Sezvatakadzidza muchitsauko 1 chebhuku rino, Jesu aifarira vana vaduku. Nei aidaro?— Nokuti aiziva kuti vaigona kuvawo vadzidzi vake. Chokwadi, vana vanowanzotaura zvinhu nenzira inogona kuita kuti vanhu vakuru vateerere uye vade kudzidza zvakawanda nezvoMudzidzisi Mukuru.

Vakadzi vazhinji vakavawo vadzidzi vaJesu. Vamwe vaifamba naye paaienda kune mamwe

maguta kunoparidza. Mariya Magadharini, Joana, uye Suzana ndizvo zvavakaita. Vangavewo vakabatsira nokumubikira zvokudya nokugeza mbatya dzake.—Ruka 8:1-3.

Unoda kuva mudzidzi waJesu here?— Onaka, kungotaura kuti tiri mumwe wevadzidzi vake hakuiti kuti tibve tava mudzidzi. Tinofanira kuita somumwe wevadzidzi vake chero kwatinenge tiri, kwete patinoenda kumisangano yechiKristu chete. Unogona kufunga nezvedzimwe nzvimbo here uko zvinokosha kuti tiite somudzidzi waJesu?—

Zvechokwadi, tinofanira kudaro tiri pamba. Asi imwezve nzvimbo kuchikoro. Izvo iwe neni tisingambofaniri kukanganwa ndezvokuti, kuti tive vadzidzi vaJesu vechokwadi, tinofanira kuita sezvaaiita zuva rose, zuva nezuva, pasinei nokuti tiri kupi.

Zvino verengai pamwe chete zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro pevadzidzi vaJesu, pana Mateu 28:19, 20; Ruka 6:13-16; Johani 8:31, 32; na1 Petro 2:21.

Zvinokosha kuti tive sevadzidzi vaJesu patinenge tiri kupi?

CHITSAUKO 14

CHIKONZERO NEI TICHIFANIRA KUKANGANWIRA

PANE mumwe munhu akambokuitira zvakaipa here?— Akakukuvadza kana kuti akataura zvimwe zvinhu zvoutsinye kwauri here?— Unofanira kumuitira utsinye sezvaakakuitirawo here?—

Kana vanhu vakarwadziswa nomumwe munhu, vazhinji vanoda kutsiva nokumurwadzisawo. Asi Jesu akadzidzisa kuti tinofanira kukanganwira avo vanotitadzira. (Mateu 6:12) Zvakadini kana munhu akatiitira utsinye kakawanda? Tinofanira kumukanganwira kakawanda sei?—

Izvozvo ndizvo zvaida kuzivikanwa naPetro. Saka rimwe zuva akabvunza Jesu kuti: 'Ndinofanira kumukanganwira kanosvika kanomwe here?' Kanomwe hakana kukwana. Jesu akati: 'Unofanira kukanganwira kane makumi manomwe' kana munhu wacho akakutadzira kakawanda zvakadaro.

Kakawanda zvokuti! Hatingamboyeuki zvikanganiso zvakawanda kudaro kana zvinhu zvakaipa zvatakaitirwa nomunhu, tingazviyeuka here? Uye izvi ndizvo zvatakanga tichiudzwa naJesu: Hatifaniri kuedza kuyeuka kuwanda kwezvikanganiso izvo vamwe vangatiitira. Kana vakakumbira kukanganwirwa, tinofanira kuvakanganwira.

Jesu akanga achida kuratidza vadzidzi vake kuti zvinokosha kwazvo kukanganwira.



Chii icho Petro aida kuziva pamusoro pokukanganwira?

Chii chakaitika apo muranda akateterera mambo kuti amuwedzere nguva yokubhadhara?

Naizvozvo pashure pokupindura mubvunzo waPetro, akaudza vadzidzi vake imwe nyaya. Unoda kuinzwa here?—

Pane imwe nguva kwakanga kuna mambo akanaka. Akanga ane mwoyo wakanaka. Aitokweretesa mari kuvaranda vake pavaida kubatsirwa. Asi zuva rakasvika apo mambo wacho aida kuti varanda vaiva nemari yake vachimudzorera. Zvino mumwe muranda akadanwa aiva nechikwereti namambo chezvidimbu mamiriyoni 60 zvemari. Imari yakawanda kwazvo iyoyo!

Muranda wacho akaitirei mumwe wake akanga asingagoni kumubhadhara chikwereti chake?

Asi muranda wacho akanga apedza mari yamambo yose uye akatadza kuidzorera. Saka mambo akarayira kuti atengeswe. Mambo akatiwo mukadzi womuranda wacho nevana vake nezvose zvaaiva nazvo zvitengeswe. Zvadaro, mambo aizobhadharwa nemari yaizobva pakutengesa uku. Unofunga kuti izvi zvakaita kuti muranda wacho anzwe sei?—

Akapfugama pamberi pamambo akateterera achiti: 'Ndapota, ndipeiwo imwe nguva, uye ndichakubhadharai chikwereti chenyu chose.' Kudai uriwe waiva mambo, waizodai wakaita sei nomuranda wacho?— Mambo wacho akanzwira muranda wake urombo. Saka mambo wacho akamukanganwira. Akaudza muranda wacho kuti aisafanira hake kubhadhara mari yacho yose, chero chidimbu chimwe chete zvacho pamamiriyoni 60 iwayo. Izvozvo zvinofanira kuva zvakafadza muranda wacho zvikuru!

Asi muranda iyeye akaitei? Akabuda akaenda kune mumwe muranda, uyo akanga ane chikwereti naye chezvidimbu zana chete zvemari. Akabata muranda uyu pahuro ndokutanga kumudzipa, achiti: 'Dzorera zana rezvidimbu zvemari zvandakakukweretesa!' Unogona kufungidzira here munhu achiita zvakadaro, kunyanya pashure pokunge akanganwirwa zvakakura kudaro namambo?—

Muranda akanga ane chikwereti chezana chete rezvidimbu zvemari aiva murombo. Akanga asingagoni kubhadhara mari yacho pakarepo. Naizvozvo akawira patsoka dzomumwe wake akateterera achiti: 'Ndapota, ndipewo imwe nguva, uye ndichabhadhara chikwereti changu.' Murume wacho aifanira kudai akapa mumwe wake imwe nguva here?— Waizodai wakaitei?—

Murume uyu akanga asina mwoyo wakanaka, sezvakanga zvakaita mambo. Akanga achida mari yake pakarepo. Uye pamusana pokuti mumwe wake akanga asingagoni kuibhadhara, akamuita kuti akandirwe mujeri. Vamwe varanda vakaona izvi zvose zvichiitika, uye havana kufara nazvo. Vakanzwira urombo muranda akanga ari mujeri. Saka vakaenda vakanoudza mambo.

Chero namambowo haana kufara nezvakanga zvaitika. Akagumbukira kwazvo muranda asingakanganwiri. Saka akamudana akati: 'Iwe muranda akaipa, handina kukukanganwira chikwereti chawanga unacho kwandiri here? Saka wanga usingafaniri kukanganwira mumwe wako here?'

Muranda akanga asingakanganwiri aifanira kudai akadzidza chidzidzo kubva kuna mambo akanaka. Asi akanga asina. Naizvozvo mambo akaita kuti muranda iyeye akandirwe mujeri kusvikira ava kukwanisa kubhadhara mari ine zvidimbu zvine mamiriyoni 60. Chokwadi, mujeri aisazombowana mari yokubhadhara mambo wacho. Naizvozvo aizogaramo kusvikira afa.

Jesu zvaakapedzisa kutaura nyaya iyi, akati kuvateveri vake: "Baba vangu vokudenga vachabatawo nemi saizvozvowo kana musingakanganwiri mumwe nomumwe hama yake zvichibva mumwoyo menyu." —Mateu 18:21-35.

Unoonaka, tose tine chikwereti chikuru naMwari. Kutaura zvazvi-



Mambo akaitei kumuranda akanga asingakanganwiri?

ri, upenyu hwedu chaihwo hunobva kuna Mwari! Naizvozvo kana zvichienzaniswa, vamwe vanhu vane chikwereti chiduku kwatiri pane chatinacho kuna Mwari. Chikwereti chavo kwatiri chakaita sezvidimbu zana zvemari izvo mumwe muranda akanga akwereta kune mumwe wake. Asi pamusana pezvinhu zvisina kururama zvatinoitira Mwari, chikwereti chedu kwaari chakafanana nochomuranda uya kuna mambo chezvidimbu mamiriyoni 60.

Mwari ane mutsa zvikuru. Kunyange zvazvo takaita zvinhu zvisina kururama, anotikanganwira. Haatiiti kuti tibhadhare nokutitorera upenyu hwedu nokusingaperi. Asi ichi ndicho chidzidzo chatinofanira kuyeuka: *Mwari anotikanganwira bedzi kana tichikanganwira vanhu vanotitadzira.* Ichocho ndechimwe chinhu chokufunga nezvacho, handiti?—

Naizvozvo kana mumwe munhu akakuitira chimwe chinhu chisina kunaka asi ozoti ndine urombo, uchaitei? Uchamukanganwira here?— Zvakadini kana akazviita kakawanda? Uchangomukanganwira here?—

Kudai taiva isu tiri kukumbira kukanganwirwa, taizoda kuti watatadzira atikanganwire, handiti?— Naizvozvo ndizvo zvatinofanira kumuitirawo. Hatifaniri kungotaura kuti tinomukanganwira asi tinofanira kumukanganwira zvechokwadi zvichibva pamwoyo pedu. Patinodaro, tinoratidza kuti tinoda zvechokwadi kuva vateveri voMudzidzisi Mukuru.

Kuti tinzwisise kukosha kwokuva vanokanganwira, ngativerengewo Zvirevo 19:11; Mateu 6:14, 15; naRuka 17:3, 4.



Uchaitei kana mumwe munhu akakumbira kuti umukanganwire?

CHITSAUKO 15

CHIDZIDZO CHOKUVA NOMUTSA

UNOZIVA kuti rusarura chii here?— Rusarura kusafarira mumwe munhu pamusana bedzi pokuti angave akasiyana nesu kana kuti angataura mutauro wakasiyana nowedu. Naizvozvo kuva norusarura zvinoreva kuva nemanzwiro kana kuti mafungiro asina kunaka pamusoro pomumwe munhu usati wanyatsomuziva.

Unofunga kuti zvakanaka here kusada mumwe munhu usati wambonyatsoziva kuti munhu worudzii kana kuti pamusana pokungoti akasiyana newe?— Aiwa, rusarura haruna kunaka, uyewo haruna mutsa. Hatifaniri kuitira mumwe munhu utsinye pamusana pokungoti angave akasiyana nesu.

Pafunge. Pane mumwe munhu waunoziva here ane ganda rine ruvara rwakasiyana norwako kana kuti anotaura mutauro wakasiyana nowako?— Zvimwe unotoziva vanhu vanoratidzika zvakasiyana pamusana pokuti vakakuvadzwa kana kuti vanorwara. Une mutsa norudo kune ivavo vakasiyana newe here?—

Kana tichiteerera Mudzidzisi Mukuru, Jesu Kristu, tichava nomutsa kuvanhu vose. Hazvifaniri kumboita musiyano kwatiri kuti munhu angabva munyika ipi kana kuti ganda rake nderorudzii. Tinofanira kuva nomutsa kwaari. Kunyange zvazvo izvi zvisiri izvo zvinofungwa nevanhu vose, ichi ndicho chidzidzo chakadzidziswa naJesu. Ngatitaure nezvacho.

Mumwe muJudha aiva norusarura akauya kuna Jesu ndokubvunza mubvunzo wokuti, 'Chii chandinofanira kuita kuti ndirarame nokusingaperi?' Jesu aiziva kuti zvimwe murume wacho akanga achiedza kumuita kuti ataure kuti tinofanira kuva nomutsa kuvanhu vorudzi rwedu bedzi kana kuti dzinza. Saka pane kuti apindure mubvunzo wacho

iye pachake, Jesu akabvunza murume wacho kuti: 'Mutemo waMwari unoti tinofanira kuitei?'

Murume wacho akapindura kuti: 'Unofanira kuda Jehovha Mwari wako nomwoyo wako wose, uye unofanira kuda muvakidzani wako sokuda kwaunozviita.' Jesu akati: 'Wapindura zvakanaka. Ramba uchiita izvi uye uchawana upenyu husingaperi.'

Zvisinei, murume wacho akanga asingadi kuratidza mutsa kana kuti rudo kuvanhu vakanga vakasiyana naye. Saka akaedza kutsvaka kuzvipembedza. Akabvunza Jesu kuti: "Chaizvoizvo muvakidzani wangu ndiani?" Angave aida kuti Jesu ati: "Vavakidzani vako ishamwari dzako" kana kuti, "Vanhu vakaita sewe." Kuti apindure mubvunzo wacho, Jesu akataura imwe nyaya pamusoro pomuJudha nomuSamariya. Nyaya yacho yakanga yakadai.

Mumwe murume akanga achiburuka hake nomugwagwa achibva kuguta reJerusarema achienda kuJeriko. Murume uyu akanga ari muJudha. Sezvaakanga achifamba, akabatwa nematsotsi. Vakamuwisira pasi ndokumutorera mari yake nembatya dzake. Matsotsi acho akamurova ndokumusiya padivi pomugwagwa ava kuda kufa.

Pashure pechinguva, mumwe mupristi akauya nomugwagwa iwoyo.

Tinofanira kuita sei nevaya vangave vakasiyana nesu?

Akaona murume uya akanga akuvadzwa zvakaipa. Waizodai wakaitei?— Zvino mupristi akangopfuura zvake nokune rimwe divi romugwagwa. Haana kana kumbomira. Hapana chero chaakamboita kuti abatsire murume wacho.

Mumwe murumezve aiva munamati akauya nenzira yacho. Akanga ari muRevhi uyo aishanda patemberi muJerusarema. Aizomira kuti abatsire here?— Aiwa. Akangoitawo zvakaitwa nomupristi.

Pakupedzisira, muSamariya akauyawo. Uri kumuona achiuya here achibuda pakona mumugwagwa wacho? Akaona muJudha akangoti rabada akuvadzwa zvakaipa. Zvino vaSamariya nevaJudha vazhinji vakanga vasingawirirani zvachose. (Johani 4:9) Saka muSamariya uyu aizosiya murume wacho asina kumubatsira here? Aizoti here mumwoyo



make: 'Nei ndichifanira kubatsira muJudha uyu? Aizombondibatsira here dai ndiri ini ndanga ndakuvara'?

Zvino muSamariya akatarisa murume akanga akati rabada padivi pomugwagwa, akamunzwira tsitsi. Aisagona kumusiya kuti afire ipapo. Saka akaburuka pambongoro yake, akaenda kumurume wacho, ndokutanga kutarisira maronda ake. Akaadira mafuta newaini. Izvi zvaizobatsira kuti maronda acho apore. Akabva amonera maronda acho nejira.

MuSamariya akasimudza murume akanga akuvara uyu zvinyoronyoro ndokumukwidza pambongoro yake. Zvino vakaburuka nomugwagwa zvishoma nezvishoma kusvikira vasvika paimba yevafambi kana kuti kahotera kaduku. Ipapo muSamariya akawanira murume wacho nzvimbo yokugara, uye akamutarisira zvakanaka.

Zvino Jesu akabvunza murume waakanga achitaura naye kuti: 'Ndiani pavarume vatatu ava waunofunga kuti akanga ari muvakidzani wakanaka?' Waizoti kudii? Akanga ari Mupristi, muRevhi, kana kuti muSamariya here?—

Murume wacho akapindura achiti: 'Murume akamira akatarisira murume akanga akuvara ndiye akanga ari muvakidzani akanaka.' Jesu akati: 'Wagona. Enda unoita izvozvo.'—Ruka 10:25-37.



Nei muSamariya akanga ari iye muvakidzani akanaka?

Ungava sei muvakidzani akanaka?

Iyoyo yakanga isiri nyaya yakanaka here? Inobudisa pachena kuti vavakidzani vedu ndivanaani. Havasi shamwari dzedu dzapedyo bedzi. Uye havasi vanhu vanongova neganda rakafanana neredu bedzi kana kuti vanotaura mutauro wakafanana nowedu. Jesu akatidzidzisa kuti tive nomutsa kuvanhu pasinei nokuti vanobvepi, vanoratidzika sei, kana kuti vanotaura mutauro upi.

Izvi ndizvo zvakaita Jehovha Mwari. Haasaruri. 'Baba venyu vari kudenga vanobudisira zuva ravo pavanhu vakaipa nevanhu vakanaka,' akadaro Jesu. 'Uye vanonayisira mvura vanhu vakanaka nevasina kunaka.' Saka naizvozvo, tinofanira kuva nomutsa kuvanhu vose, sezvinongoitawo Mwari.—Mateu 5:44-48.

Naizvozvo kana ukaona mumwe munhu akuvara, uchaitei?— Zvakadini kana munhu wacho achibva kune imwe nyika kana kuti ganda rake rakasiyana nerako? Anongova muvakidzani wako, uye unofanira kumubatsira. Kana uchifunga kuti uri muduku zvakanyanya kuti ubatsire, unogona kukumbira munhu mukuru kuti abatsire. Kana kudana mupurisa kana mudzidzisi kana kuri kuchikoro. Kuita izvozvo kuratidza mutsa, sezvakaitwa nomurume weSamariya.

Mudzidzisi mukuru anoda kuti tive nomutsa. Anoda kuti tibatsire vamwe, pasinei nokuti vangava vanaani. Ndosaka akataura nyaya yomuSamariya ane mutsa.

Pachidzidzo ichi chokuva nomutsa kuvanhu pasinei nedzinza ravo kana kuti nyika yavo, verenga Zvirevo 19:22; Mabasa 10:34, 35; na17:26.

CHITSAUKO 16

CHII CHINOKOSHA ZVECHOKWADI?

PANE mumwe murume akauya kuzoona Jesu rimwe zuva. Aiziva kuti Jesu akanga akachenjera zvikuru, saka akati kwaari: 'Mudzidzisi, udzai mukoma wangu kuti agovane neni zvinhu zvaanazvo.' Murume wacho aifunga kuti aifanira kuva nezvimwe zvezvinhu izvozvo.

Kudai waiva Jesu, waizodai wakati chii?— Jesu akaona kuti murume wacho aiva nechinetso. Asi chinetso chacho chaiva chisiri chokuti aisagona kurarama asina zvinhu zvaiva nomukoma wake. Chinetso chomurume wacho chaiva chokuti akanga asingazivi zvainyatsokosha muupenyu.

Ngatimbofunga. Chii chinofanira kukosha kukunda zvose kwatiri? Kunofanira kuva kuwana matoyi akanaka, nhumbi itsva, kana kuti zvimwe zvakada kudaro here?— Aiwa, pane chimwe chinhu chinokosha kupfuura izvozvo. Uye ichi ndicho chidzidzo chaida kudzidziswa naJesu. Saka akataura nyaya yomumwe murume akakanganwa Mwari. Unoda kuinzwa here?—



Murume uyu akanga akapfuma zvikuru. Aiva neminda nematura. Zvirimwa zvaakarima zvakakura zvakanaka kwazvo. Akanga asina nzvimbo yakakwana mumatura ake yokuchengetera zvirimwa zvose. Saka aizoita sei? Zvino akafunga mumwoyo make akati: 'Ndichaputsa matura angu ndovaka makuru. Ipapo

ndichachengeta zvirimwa zvangu zvose nezvinhu zvangu zvose zvakanaka mumatura matsva aya.'

Murume akanga akapfuma uyu akafunga kuti ichi ndicho chinhu chakanga chiri chokuchenjera kuita. Akafunga kuti akanga akangwara chaizvo nokuchengeta zvinhu zvakawanda. Akafunga mumwoyo make achiti: 'Ndine zvinhu zvakanaka zvakawanda zvandakachengeta. Zvichagara kwemakore akawanda. Saka iye zvino ndozvigarira zvangu. Ndichadya, ndichanwa, ndichinakidzwa.' Asi pane chimwe chinhu chakanga chisina kunaka nokufunga kwomurume uyu akanga akapfuma. Unoziva kuti chaiva chii here?— Aingofunga nezvake chete nomufaro wake pachake. Akakanganwa nezvaMwari.



Murume mupfumi uyu ari kufungei?

Saka Mwari akataura nomurume aiva mupfumi uyu. Akati: 'Iwe murume benzi. Uchafa usiku huno. Zvino ndiani achatora zvinhu zvawakachengeta?' Murume aiva akapfuma uyu aigona kuzoshandisa zvinhu izvozvo pashure pokunge afa here?— Aiwa, mumwe munhu aizozvito-

ra. Jesu akati: "Ndizvo zvazvinoita nomunhu anozviunganidzira pfuma asi asina kupfuma kuna Mwari."—Ruka 12:13-21.

Iwe haungadi kuita somurume akanga akapfuma iyeye, handiti?— Chinangwa chake chikuru muupenyu chaiva chokuunganidza pfuma. Kwaiva kukanganisa ikoko. Aingoramba achida zvimwe. Asi akanga asina "kupfuma kuna Mwari."

Vanhu vazhinji vakaita somupfumi iyeye. Vanoramba vachingoda zvimwe. Asi izvi zvinogona kukonzera zvinetso zvikuru. Somuenzaniso, une zvinhu zvokutambisa handitika?— Ndezvipi zvaunazvo? Ndiudze tinzwe.— Zvakadini kana mumwe weshamwari dzako ane bhora kana kuti chidhori kana kuti chimwe chokutambisa chausina iwe? Zvingava zvakanaka here kuedza kuita kuti vabereki vako vakutengerewo chinhu ichocho?—

Pane dzimwe nguva apo chokutambisa chingaratidzi-

Chii chaunacho chinokosha zvikuru kupfuura zvokutambisa?

ka sechinokosha zvikuru. Asi chii chinoitika kwachiri pashure pechinguva?— Chinosakara. Chingapwanyika, uye hauzombochidi zvekare. Chaizvo une chimwe chinhu chinokosha zvikuru kupfuura zvokutambisa. Unoziva kuti chii here?—

Upenyu hwako. Upenyu hwako hunokosha zvikuru nokuti kana usinahwo, hapana chaunogona kuita. Asi upenyu hwako hunobva pakuita zvinodiwa naMwari, handiti?— Naizvozvo ngatirege kuita somurume uya benzi akanga akapfuma akakanganwa Mwari.

Vana havasi ivo voga vanoita zvinhu zvoupenzi somurume mupfumi iyeye. Vanhu vakuru vakawanda vanozviitawo. Vamwe vavo vanoramba vachingoda zvakawanda kupfuura zvavanazvo. Vangava nezvokudya zvezuva nezuva, mbatya dzokupfeka, uye nzvimbo yokugara. Asi vanoda zvimwe. Vanoda mbatya dzakawanda. Uye vanoda dzimba hombe. Zvinhu izvi zvinoda mari. Naizvozvo vanoshanda nesimba kuti vawane mari yakawanda. Uye pavanova nemari yakawanda, ndipo pavanobva vada kuvawo nezvakawanda.

Vamwe vanhu vakuru vanobatikana zvikuru vachiedza kutsvaka mari zvokuti havazovi nenguva yokuva nemhuri yavo. Uye havana nguva yokuita zvaMwari. Mari yavo inogona kuvaponesa here?— Haigoni. Vanogona kushandisa mari yavo kana vafa here?— Aiwa. Zvakadaro nokuti vakafa havana zvavanogona kuita.—Muparidzi 9:5, 10.

Izvi zvinoreva here kuti hazvina kunaka kuva nemari?— Aiwa. Tinogona kutenga zvokudya nezvokupfeka nemari. Bhaibheri rinoti inodzivirira. (Muparidzi 7:12) Asi kana tichidisisa mari tichatambura. Tichaita somurume mupfumi uya benzi akazvichengetera pfuma asi asina kupfuma kuna Mwari.

Kupfuma kuna Mwari zvinorevei?— Zvinoreva kuisa Mwari pakutanga muupenyu hwedu. Vamwe vanhu vanoti vanodavira kuti kuna Mwari. Vanofunga kuti kungodavira ndiko chete kunodiwa. Asi vakapfuma kuna Mwari zvechokwadi here?— Aiwa, vakaita somurume mupfumi akakanganwa Mwari.

Jesu haana kumbokanganwa Baba vake vari kudenga. Haana kuedza kuita mari yakawanda. Uye akanga asina zvinhu zvakawanda. Jesu aiziva chaikosha zvikuru muupenyu. Unoziva kuti chii here?— Kuva mupfumi kuna Mwari.

Ndiudze, tingava vapfumi kuna Mwari sei?— Tinogona kuva vapfu-

mi kuna Mwari nokuita zvinomufadza. Jesu akati: "Ndinogaroita zvinhu zvinomufadza." (Johani 8:29) Mwari anofara patinoita zvinhu zvaanoda kuti tiite. Zvino ndiudze, zvinhu zvipi zvaungaita kuti ufadze Mwari?— Hungu, unogona kuverenga Bhaibheri, kuenda kumisangano yechiKristu, kunyengetera kuna Mwari, uye kubatsira vamwe kudzidza nezvake. Izvozvo zvinhu zvinokosha zvechokwadi muupenyu kupfuura zvose.

Nokuti Jesu akanga akapfuma kuna Mwari, Jehovha akamutarisira. Akapa Jesu mubayiro wokurarama nokusingaperi. Kana tikaita saJesu, Jehovha achatida nokutitarisirawo. Naizvozvo ngative saJesu torega kumbova somurume mupfumi uya akakanganwa Mwari.

Heano mamwe magwaro eBhaibheri anoratidza kuti tingava nemaonero akafanira sei ezvinhu zvenyama: Zvirevo 23:4; 28:20; 1 Timoti 6:6-10; naVaHebheru 13:5.

Chii chiri kuitwa nomwana uyu chinonyatsokosha?

CHITSAUKO 17

NZIRA YOKUWANA NAYO MUFARO

TOSE tinoda kufara, handiti?— Asi havasi vanhu vazhinji vari kunyatsofara. Unoziva here kuti nei?— Nokuti havana kudzidza chinokosha kuti munhu afare. Vanofunga kuti kuwana zvinhu zvakawanda ndiyo nzira yokuwana nayo mufaro. Asi pavanowana zvinhu zvacho, mufaro wavo haugari kwenguva refu.

Ichi ndicho chinokosha chacho. Mudzidzisi Mukuru akati: "Pane mufaro mukuru pakupa kupfuura uri pakugamuchira." (Mabasa 20:35) Saka, nzira yokuwana nayo mufaro ndeipi?— Ndeyokupa vamwe zvinhu kana kuvawo nezvaunovaitira. Waizviziva here izvozvo?—

Ngatimbofungazve pamusoro peizvi. Jesu akati munhu aizogamuchira chipo aisazofara here?— Aiwa, haana kudaro. Unoda kuwana zvipo, handiti?— Munhu wose



Nei Jehovha ari "Mwari anofara"?

ndizvo zvaanoda. Tinofara patinogamuchira zvinhu zvakanaka.

Asi Jesu akataura kuti panotova nomufaro wakawanda patinopa. Saka ndiani waungati akapa zvinhu zvakawanda kuvanhu kupfuura vamwe vose?— Chokwadi, ndiJehovha Mwari.

Bhaibheri rinotaura kuti Mwari "anopa vanhu vose upenyu nokufema nezvinhu zvose." Anotipa mvura kubva kudenga chero nezuva, kuitira kuti zvirimwa zvikure tigova nezvokudya. (Mabasa 14:17; 17:25) Ndicho chikonzero nei Bhaibheri richiti Jehovha ndi"Mwari anofara"! (1 Timoti 1:11) Kupa vamwe ndicho chimwe chezvinhu zvinoita kuti Mwari afare. Uye patinopa, zvinogona kutiita kuti tifarewo.

Zvino chii chatingapa vamwe vanhu? Ungati kudii?— Dzimwe nguva chipo chinoda mari. Kana chiri chipo chaunowana muchitoro, unofanira kuchibhadhara. Naizvozvo kana uchida kupa chipo chakadaro, ungafanira kuchengetedza mari kusvikira wava neyakawanda zvakakwana kuti utenge chipo chacho.

Asi hazvisi zvipo zvose zvinofanira kubva kuzvitoro. Somuenzaniso, musi wakunenge kuchipisa, mvura yokunwa inotonhorera inonyevenutsa kwazvo. Naizvozvo paunopa chipo ichocho kumunhu ane nyota, unogona kuwana mufaro unobva pakupa.

Rimwe zuva zvimwe iwe naamai vako munogona kubheka makeke. Izvozvo zvinganakidza. Asi ungaitei nemamwe emakeke iwayo chingakufadza kupfuura kuadya ose woga?— Unogona kuenda nawo sechipo kune imwe yeshamwari dzako. Ungada kuzodaro pane imwe nguva here?—



Ridhiya ari kuti chii kuna Pauro naRuka?

Nei Ridhiya achifara kupa Pauro naRuka pokugara?

Mudzidzisi Mukuru nevaapostora vake vose vaiziva mufaro wokupa. Unoziva kuti chii chavakapa vanhu here?— Chakanga chiri chinhu chakanakisisa munyika! Vaiziva chokwadi pamusoro paMwari, uye nomufaro vakagovana mashoko akanaka aya nevamwe. Vakaita izvi vasingamboiti kuti mumwe munhu avape mari nokuda kwezvavaipa.

Rimwe zuva muapostora Pauro neshamwari yake yakanaka mudzidzi Ruka vakasangana nomumwe mukadzi uyo akanga achida kuwanawo mufaro wokupa. Vakasangana naye zasi pedyo norwizi. Pauro naRuka vakaenda ikoko nokuti vakanga vanzwa kuti yaiva nzvimbo yokunyengeterera. Uye zvechokwadi, pavakasvika, vakawana vamwe vakadzi vachinyengetera.

Pauro akatanga kuudza vakadzi ava nezvaJehovha Mwari noUmambo hwake. Mumwe wavo ainzi Ridhiya, uye akanyatsoteerera. Pashure pacho, Ridhiya aida kuita chimwe chinhu chokuratidza kuti aifarira zvechokwadi mashoko akanaka aakanga anzwa. Saka akakurudzira Pauro naRuka kuti: "Kana imi varume mandirangarira kuva ndakatendeka kuna Jehovha, pindai mumba mangu mugare." Uye akaita kuti vauye kumba kwake.—Mabasa 16:13-15.

Ridhiya akafara kuva nevashumiri vaMwari ava pamba pake. Aivada nokuti vakamubatsira kudzidza nezvaJehovha naJesu uye kuti vanhu vaigona kurarama nokusingaperi sei. Zvakamufadza kukwanisa kupa Pauro naRuka zvokudya uye nzvimbo yokuzororera. Saka kupa kwaRidhiya kwakamufadza nokuti aida kupa zvechokwadi. Ichocho ndechimwe chinhu chatinofanira kuyeuka. Mumwe munhu angatiudza kuti tinofanira kupa chipo. Asi kana tisingadi kuzviita, kupa kwacho hakuzotifadzi.

Somuenzaniso, ngatitii une siwiti yauri kuda kudya, ini ndokuudza kuti unofanira kupawo mumwe mwana, waizofara kumupa

here?— Asi zvakadini kudai waiva nesiwiti wobva wasangana neshamwari yaunoda zvikuru? Kana wagara uchida kuipawo zvako, izvozvo hazvikufadzi here?—

Dzimwe nguva tinoda munhu zvokuti tinoda kumupa zvose isu tosara tisina. Sezvatinokura murudo rwedu naMwari, iwayo ndiwo manzwire atinofanira kuita neZvake.

Nei mukadzi murombo uyu akafara kupa zvose zvaaiva nazvo?



Mudzidzisi Mukuru aiziva nezvomumwe mukadzi murombo akanzwa nenzira iyoyo. Akamuona patemberi muJerusarema. Aiva nemari duku mbiri bedzi; ndiyo yose yaaiva nayo. Asi akaiisa yose mubhokisi somupiro, kana kuti chipo, chetemberi. Hapana akamumanikidza kupa. Vanhu vazhinji ipapo havana kutomboziva zvaakanga aita. Akazviita nokuti aida kudaro uye nokuti ainyatsoda Jehovha. Zvakamufadza kukwanisa kupa. —Ruka 21:1-4.

Pane nzira dzakawanda dzatinogona kupa nadzo. Ungafunga nezvedzimwe dzacho here?— Kana tikapa nokuti tinonyatsoda, tichafara. Ndicho chikonzero nei Mudzidzisi Mukuru achitiudza kuti: "Garai muchipa." (Ruka 6: 38) Kana tikadaro, tichaita kuti vamwe vanhu vafare. Uye tichafara kupfuura vose!

Ngativerenge zvimwe pamusoro pokuti kupa kunouyisa sei mufaro, pana Mateu 6:1-4; Ruka 14: 12-14; na2 VaKorinde 9:7.

CHITSAUKO 18

UNOYEUKA KUTI MAZVITA HERE?

WADYA here nhasi?— Unoziva here kuti ndiani abika?— Pamwe ndiamai vako kana kuti mumwe munhuwo zvake, asi nei tichifanira kutenda Mwari nokuda kwezvokudya?— Nokuti Mwari ndiye anoita kuti zvokudya zvikure. Zvisinei, tinofanirawo kutenda abika zvokudya kana kuti atipa zvokudya zvacho.

Dzimwe nguva tinokanganwa kuti mazvita, vamwe pavanotiitira zvinhu zvakanaka, hazvimboitiki here? Mudzidzisi Mukuru paakanga ari pasi pano, pane vamwe vaiva nemaperembudzi vakakanganwa kuti mazvita.

Unoziva maperembudzi here?— Maperembudzi chirwere. Chirwere ichocho chinogona kunyange kuita kuti imwe yenyama yomunhu idonhe. Jesu paakanga ari pasi pano vanhu vaiva nemaperembudzi vaigara kure nevamwe vanhu. Uye kana munhu aiva nemaperembudzi aiona mumwe munhu achiuya, aifanira kudanidzira kuti anyevere munhu iyeye kuti asaswedera pedyo naye. Izvi zvaiitirwa kuti vamwe vanhu vasanyanya kuswedera pedyo, zvichida votapukirwa nemaperembudzi.

Jesu aiva nomutsa zvikuru kune vaiva nemaperembudzi. Rimwe zuva achienda kuJerusarema, Jesu akapfuura nomune rimwe taundi duku. Ava pedyo netaundi racho, vanhu gumi vaiva nemaperembudzi vakabuda kuzomuona. Vakanga vanzwa kuti Jesu aiva nesimba rinobva kuna Mwari rokurapa zvirwere zvemarudzi ose.

Vaiva nemaperembudzi vacho havana kuswedera pedyo naJesu.

Jesu ari kuudza vane maperembudzi ava kuti vaitei?

Vakamira vari kure. Asi vaidavira kuti Jesu aigona kubvisa maperembudzi avo. Naizvozvo vaiva nemaperembudzi vacho pavakaona Mudzidzisi Mukuru, vakamudana vachiti: 'Jesu, Mudzidzisi, tibatsireiwo!'

Unonzwira urombo vanhu vanorwara here?— Jesu akadaro. Aiziva kuti zvainzwisa urombo sei kuva nemaperembudzi. Saka akavapindura akati: "Endai munozviratidza kuvapristi."—Ruka 17:11-14.

Nei Jesu akavati vaite izvi? Nokuti waiva mutemo uyo Jehovha akanga apa vanhu Vake pamusoro pevane maperembudzi. Mutemo uyu waitaura kuti mupristi waMwari aifanira kutarisa nyama yeane maperembudzi. Mupristi wacho aizoudza ane maperembudzi kana urwere hwake hwainge hwapera hwose. Paainge apora, aigona kugara zvaka-

re nevanhu vasingarwari. — Revhitiko 13: 16, 17.

Asi vanhu ava vaive vachine maperembudzi avo. Saka vakaenda kumupristi sezvavakanga vaudzwa naJesu here?— Hungu, vakaenda, pakarepo. Varume ava vanofanira kuve vaidavira kuti Jesu aizobvisa urwere hwavo. Chii chakaitika?

Pavakanga vari munzira kuenda kumupristi, vakabva vapora. Nyama yavo yakaporeswa. Vakanatswa! Kutenda kwavo musimba raJesu kwakakomborerwa. Chokwadi vakafara kwazvo! Asi zvino chii chavangadai vakaita kuratidza kuonga kwavo? Ungadai wakaitei?—

Mumwe wevarume vakanga vaporeswa akadzoka kuna Jesu. Akatanga kurumbidza Jehovha, achitaura zvinhu zvakanaka nezvaMwari. Izvozvo ndizvo zvakanga zvakanaka kuita nokuti simba rokumuporesa rakanga rabva kuna Mwari. Murume iyeye akawirawo patsoka dzoMudzidzisi Mukuru ndokumutenda. Akafara zvikuru nezvakanga zvaitwa naJesu.

Asi zvakadini nevamwe varume vapfumbamwe? Jesu akabvunza kuti: ‘Panga pasina vane maperembudzi gumi vaporeswa here? Ko vamwe vapfumbamwe varipi? Mumwe chete ndiye adzoka kuzorumbidza Mwari here?’



Ane maperembudzi uyu akayeuka kuitei?

Hungu, ichokwadi. Mumwe chete pavanhu gumi akapa mbiri, kana kuti akarumbidza Mwari ndokudzoka kuzoonga Jesu. Uye munhu uyu akanga ari muSamariya, murume aibva kune imwe nyika. Vamwe varume vapfumbamwe havana kuonga Mwari, uye havana kuonga Jesu.—Ruka 17:15-19.

Ungatevedzera sei aiva nemaperembudzi akadzokera kuna Jesu?

Iwe wakaita soupi wevarume ava? Tinoda kuva somurume weSamariya, handitika?— Naizvozvo apo mumwe munhu anotiitira chimwe chinhu chomutsa, chii chatinofanira kuyeuka kuita?— Tinofanira kuratidza kuonga kwedu. Kazhinji vanhu vanokanganwa kutaura kuti mazvita. Asi zvakanaka kuti mazvita. Patinodaro, Jehovha Mwari noMwanakomana wake, Jesu, vanofara.

Kana ukanyatsofunga, uchayeuka kuti vanhu vakakuitira zvinhu zvakawanda. Somuenzaniso, wakamborwara here?— Ungave usina kumborwara sezvakaita varume vaya gumi vaiva nemaperembudzi, asi ungave wakambova nechikosoro kana kuti kurwadziwa nomudumbu. Pane mumwe munhu akakutarisira here?— Angave akakupa mushonga nokukuitira chimwe chinhu. Wakafara here kuti akakubatsira kuti unzwe zviri nani?—

Murume weSamariya akaonga Jesu nokuti akanga amurapa, uye izvi zvakafadza Jesu. Unofunga kuti amai vako kana kuti baba vako vachafara here kana ukati mazvita pavanokuitira chimwe chinhu?— Hungu, vachafara.

Vamwe vanhu vane zvavanokuitira mazuva ose kana kuti vhiki nevhiki. Ringave basa ravo kuita zvinhu izvi. Vangave vachitofara kuzviita. Asi ungakanganwa kuti mazvita. Mudzidzisi wako angashanda nesimba kuti akubatsire kudzidza. Iri ibasa rake. Asi achafara kana ukamutenda nokuda kwokukubatsira kudzidza.

Dzimwe nguva vanhu vanongokuitira zvinhu zviduku. Pane anombokubatira musuo kuti upinde here? Kana kuti pane anombokutambidza zvokudya kana muri patafura here? Zvakanaka kuti mazvita kunyange nokuda kwezvinhu zviduku izvi.

Kana tichiyeuka kuti mazvita kuvanhu vari pasi pano, zvingangoreva kuti tichayeuka kuti mazvita kuna Baba vedu vari kudenga. Uye kune zvinhu zvakawanda kwazvo zvokuti tionge Jehovha! Akatipa upenyu nezvinhu zvakanaka zvose zvinoita kuti upenyu hufadze. Naizvozvo tine zvikonzero zvakawanda zvokupa mbiri kuna Mwari nokutaura zvinhu zvakanaka pamusoro pake zuva nezuva.

Nei zvichikosha kuyeuka kuti mazvita?

Nezvokuonga, verenga Pisarema 92:1; VaEfeso 5:20; VaKorose 3:17; na1 VaTesaronika 5:18.

CHITSAUKO 19

KURWA KWAKANAKA HERE?

PANE vakomana kana kuti vasikana vaunoziva vanodenha vamwe here?— Unofarira kutamba navo here? Kana kuti ungada zvako kuva nomumwe munhu ane mutsa anoda zvorunyararo?— Mudzidzisi Mukuru akati: "Vanofara vanoita rugare, sezvo vachanzi 'vanakomana vaMwari.' "—Mateu 5:9.

Asi dzimwe nguva vamwe vanhu vanoita zvinhu zvinotigumbura. Hachisi chokwadi here ichocho?— Naizvozvo tinganzwa kuda kudzorera. Izvi zvakamboitika kuvadzidzi vaJesu pavakanga vachifamba naJesu vachienda kuJerusarema. Rega ndikuudze nyaya yacho.

Pavakanga vati fambei, Jesu akatumira vashomanana vevadzidzi vake mberi mumusha weSamariya kuti vanotsvaka nzvimbo yokuzororera. Asi vanhu veko vakanga vasingadi kuti vagare,



Jakobho naJohani vakanga vachida kuitei kuti vatsive vaSamariya?

sezvo vaSamariya vaiva nemanamatiro akanga akasiyana neavo. Uye vakanga vasingadi munhu aienda kunonamatira muguta reJerusarema.

Dai izvozvo zvakanga zvaitika kwauri, waidai wakaitei? Ungadai wakatsamwa here? Ungadai wakada kuvadzorerawo here?— Ndizvo zvaida kuitwa nevadzidzi Jakobho naJohani. Vakati kuna Jesu: 'Munoda kuti titaurire moto ubve kudenga uuye pasi kuzovaparadza here?' Ndosaka Jesu akavati Vanakomana Vemabhanan'ana! Asi Jesu akavaudza kuti zvakanga zvisina kunaka kuitira vamwe vanhu izvozvo.—Ruka 9:51-56; Mako 3:17.

Ichokwadi kuti dzimwe nguva vanhu vangatiitira utsinye. Vamwe vana vangaramba kuti titambe navo mitambo yavo. Vangatotaura kuti: "Hatidi kukuona pano." Apo chimwe chinhu chakadaro chinoitika, zvingatigumbura, handiti? Tinganzwa tichida kuita chimwe chinhu kuti titsive. Asi tinofanira kudaro here?—

Wadii kutora Bhaibheri rako? Ngativhure pana Zvirevo chitsauko 24, ndima 29. Ipapo panoti: "Usati: Sezvaakandiitira, ndizvo zvandichamuitirawo; ndicharipira munhu sezvaakaita iye."

Izvozvo zvinorevei kwauri?— Pari kuti, hatifaniri kuedza kutsiva. Hatifaniri kuitira munhu utsinye pamusana pokungoti atiitira utsinye. Asi zvakadini kana mumwe munhu akakudenha achida kurwa newe? Angaedza kukutsamwisa nokukutsvinyira. Angakuseka achiti unotya. Ngatitii akuti uri gwara. Unofanira kuitei? Unofanira kurwira izvozvo here?—

Ngatione zvakare zvinotaurwa neBhaibheri. Vhura pana Mateu chitsauko 5, ndima 39. Ipapo Jesu anoti: "Musadzivisa akaipa; asi munhu wose anokurova nembama padama rako rorudyi, umutendeutsire rimwewo." Unofunga Jesu airevei nemashoko iwayo? Aireva here kuti kana mumwe munhu akakurova nechibhakera chake

kudivi rimwe rechiso chako, unofanira kumurega achikurova kune rimwe racho?—

Aiwa, Jesu akanga asingarevi izvozvo kana. Mbama haina kufanana nokurova nechibhakera. Yakada kufanana nokusundidzira. Munhu angatirova mbama kutidenha kuti tigorwa naye. Anoda kuti tigumbuke. Uye kana tikagumbuka uye tosundidzirawo, chii chinoitika?— Zvimwe tinobva tatanga kurwa.

Asi Jesu akanga asingadi kuti vateveri vake varwe. Naizvozvo akataura kuti kana mumwe munhu akatirova nembama, hatifaniri ku-

Tinofanira kuitei kana mumwe munhu akatidenha achida kurwa nesu?

murovawo. Hatifaniri kugumbuka tozoguma tarwa nomunhu. Kana tikadaro, tinoratidza kuti hatina kusiyana neatanga zvokurwa.

Kana zvinetso zvikatanga, unofunga chinhu chakanaka chokuita

chii?— Kubva panzvimbo yacho. Munhu wacho angakusundidzira zvekare. Asi pamwe zvinobva zvaperera ipapo. Paunobva uchienda hako, hazvirevi hazvo kuti hauna simba. Zvinoreva kuti wakaomerera zvakasimba pane zvakanaka.

Asi zvakadini kana ukarwa ndokukurira? Chii chingaitika?— Waunorova wacho anogona kudzoka ave neshamwari dzake. Vanogona kutokukuvadza netsvimbo kana kuti nebanga. Saka unoona here zvino chikonzero nei Jesu akanga asingadi kuti tirwe?—

Tinofanira kuitei kana tikaona vamwe vanhu vachirwa? Tinofanira kutsigira rimwe divi here?— Bhaibheri rinotiudza zvakanaka. Vhura pana Zvirevo chitsauko 26, ndima 17. Panoti: "Somunhu unobata imbwa nenzeve dzayo, ichingopfuura hayo, ndizvo zvakaita munhu unozvipinza pagakava raasina mhosva naro."

Chii chingaitika kana ukabata nzeve dzembwa? Imbwa inorwadziwa, yokuruma, handiti? Imbwa ingaedza kuzvisunungura, iwe wobva wabatisisa nzeve dzacho iyo yobva yawedzerawo kupenga. Kana ukairega, pamwe ichakuruma chaizvo. Asi ungangomira here ipapo wongoramba wakabata nzeve dzayo?—

Iroro ndiro dambudziko ratinozvipinza mariri kana tikapindira vamwe vanhu vachirwa. Tingasaziva kuti ndiani atanga kudenha mumwe kana kuti vari kurwirei. Mumwe munhu angave ari kurohwa, asi pamwe abira munhu wacho. Kana tikamubatsira, tinenge tichibatsira mbavha. Izvozvo zvingasava zvakanaka, handitika?

Ko kupindira pane vanhu vari kurwa kwakafanana nokubata nzeve dzembwa pakudii? Unokuvadzwa, usazviita!

Saka unofanira kuitei kana ukaona vanhu vachirwa?— Kana pari pachikoro, unogona kumhanya wonoudza mumwe wevadzidzisi. Kana pasiri pachikoro unogona kudana mumwe wevabereki vako kana kuti mupurisa. Hungu kunyange apo vamwe vanhu vanenge vachida kurwa, tinofanira kutsvaka rugare.

Vadzidzi vaJesu vechokwadi vanoita zvose zvavanogona kuti vasarwa. Nenzira iyi tinoratidza kuti takaomerera zvakasimba pane zvakanaka. Bhaibheri rinotaura kuti mudzidzi waJesu "haafaniri kurwa, asi anofanira kuva munyoro kune vose."—2 Timoti 2:24.

Zvino ngatitarise mamwe mazano akanaka achatibatsira kuti tisarwa nevanhu: VaRoma 12:17-21; na1 Petro 3:10, 11.

Unofanira kuitei kana ukaona vanhu vachirwa?

CHITSAUKO 20

UNODA KUVA WOKUTANGA NGUVA DZOSE HERE?

PANE munhu waunoziva here anoda kuva wokutanga nguva dzose?— Anogona kusundira mumwe munhu kwakadaro uko kuti ave wokutanga pamutsetse. Wakambozviona zvichiitika here?— Mudzidzisi Mukuru akatoona vanhu vakuru vachiedza kutora nzvimbo yokutanga, kana kuti inokosha pane dzose. Uye haana kufara nazvo. Ngatione zvakaitika.

Bhaibheri rinotiudza kuti Jesu akakokwa kumutambo mukuru wezvokudya kumba kwomuFarise, uyo akanga ari mutungamiriri wepamusoro wechitendero. Jesu paakasvika, akatanga kutarisa vamwe vaenzi vachipinda uye vachisarudza zvigaro zvakanaka kupfuura zvose.

Wakamboona vanhu vachiedza kuva vokutanga here?



Saka akataurira vaya vakanga vakokwa imwe nyaya. Unoda kuinzwa here?—

Jesu akati: 'Kana mumwe munhu akakukokai kumutambo womuchato, musatora nzvimbo yakanaka kupfuura dzose, kana kuti inokosha kupfuura dzose.' Unoziva here kuti nei Jesu akataura kudaro?— Akatsanangura kuti mumwe munhu aikosha kupinda ivo aigona kudaro akakokwawo. Saka sezvauri kuona pamufananidzo, muridzi womutambo anouya oti: 'Rega munhu uyu agare panzvimbo yacho, uye iwe enda apo.' Saka muenzi wacho aizonzwa sei?— Aizonyara nokuti vamwe vaenzi vose vaizomutarisa achidzika kuuya panzvimbo yakaderera.

Jesu akanga ari kuratidza kuti hazvina kunaka kuda nzvimbo yepamusoro kupfuura dzose. Saka akati: 'Kana ukakokwa kumutambo womuchato, enda unogara pachigaro chepasi-pasi. Ipapo anenge akukoka anogona kuuya oti, "Shamwari, enda pakakwirira." Zvino uchawana rukudzo pamberi pevamwe vaenzi vose sezvaunoenda panzvimbo iri nani.'—Ruka 14:1, 7-11.

Wanzwisisa pfungwa yenyaya yaJesu here?— Ngatipe muenzaniso kuti tione kana wanzwisisa. Ngatitii uri kupinda mubhazi rakazara. Unofanira kumhanyira kuti uwane chigaro here worega munhu mukuru achimira mubhazi?— Jesu aizofara nazvo here kana ukadaro?—

Mumwe munhu angati chero zvataita Jesu haanei nazvo. Asi unobvumirana nazvo here?— Jesu paakanga ari pamutambo mukuru wezvokudya iwoyo pamusha womuFarise uya, akatarisa vanhu pavaisarudza pokugara. Haufungi here kuti achiri

kufarirawo zvatinoita nhasi?— Zvino Jesu zvaatova kudenga, zvechokwadi ari panzvimbo yakanaka kuti atitarise.

Mumwe munhu paanoedza kuva wokutanga, zvinogona kukonzera zvinetso. Kazhinji panomuka nharo, uye vanhu vanotsamwa. Dzimwe nguva izvi zvinoitika apo vana vanokwira vose bhazi. Panongovhurwa dhoo rebhazi, vana vanomhanya kuti vave vokutanga. Vanoda zvigaro zvakanaka kupfuura zvose, zviri pedyo nemahwindo. Saka chii chingaitika?— Hungu, vanogona kupopotedzana.

Kuda kuva wokutanga kunogona kukonzera zvinetso zvakawanda. Kwakatomutsa zvinetso pakati pevaapostora vaJesu. Sezvatakadzidza muchitsauko 6 chebhuku rino, vakaitisana nharo dzokuti ndiani aiva mukuru. Saka Jesu akaitei?— Hungu, akavaruramisa. Asi gare gare vakaitisanazve dzimwe nharo. Ngatione kuti dzakatanga sei.

Vaapostora

Chidzidzoi icho Jesu aidzidzisa paakataura nezvevanotora zvigaro zvakanakisisa, kana kuti zvokutanga?

pamwe chete nevamwe, vari kufamba naJesu kokupedzisira vachienda kuguta reJerusarema. Jesu ave achitaura navo nezvoUmambo hwake, naizvozvo Jakobho naJohani vave vachifunga pamusoro pokutonga samadzimambo pamwe naye. Vatombozvitaura naamai vavo Saromi. (Mateu 27:56; Mako 15:40) Saka vari munzira kuenda kuJerusarema, Saromi anouya kuna Jesu, anopfugama pamberi pake, achiti ane chikumbiro.

"Munodei?" Jesu anobvunza. Anopindura kuti anoda kuti Jesu aite kuti vanakomana vake vagare pedyo naye muUmambo hwake, mumwe kurudyi rwake uye mumwe kuruboshwe. Zvino vamwe vaapostora gumi pavanoziva izvo Jakobho naJohani vakaita kuti amai vavo vakumbire, unofunga kuti vanonzwa sei?—

Zvechokwadi, vanogumbukira Jakobho naJohani. Naizvozvo Jesu

Saromi anokumbirei kuna Jesu, uye zvinoguma nei?

anopa vaapostora vake vose zano rakanaka. Jesu anovaudza kuti vatongi vemarudzi vanofarira kuva vakuru uye vanokosha. Vanoda kuva nenzvimbo yepamusoro yokuti munhu wose avateerere. Asi Jesu anoudza vateveri vake kuti havafaniri kuva vakadaro. Pane kudaro, Jesu anoti: "Munhu wose anoda kuva wokutanga pakati penyu anofanira kuva muranda wenyu." Pafunge!—Mateu 20:20-28.

Unoziva zvinoita muranda here?— Anoshandira vamwe vanhu, asingatarisiri vamwe kumushandira. Anotora nzvimbo yakaderera pane dzose, kwete nzvimbo yokutanga. Anoita somunhu akaderera pane vose, kwete anokosha kupfuura vose. Uye yeuka, Jesu akataura kuti munhu anoda kuva wokutanga anofanira kuita somuranda kune vamwe.

Zvino unofunga izvozvo zvinorevei kwatiri?— Muranda angaitisana nharo natenzi wake here kuti ndiani achatora chigaro chakanaka? Kana kuti angaita nharo here pamusoro pokuti ndiani achatanga kudya? Unofungei?— Jesu akatsanangura kuti muranda anoisa tenzi wake mberi nguva dzose.—Ruka 17:7-10.

Saka pane kuedza kuva wokutanga, tinofanira kuitei?— Tinofanira kuva sevaranda kune vamwe. Uye izvozvo zvinoreva kuisa vamwe mberi kwedu. Zvinoreva kuona vamwe sevanokosha kutipfuura. Ungafunga nezvenzira dzaungaisa nadzo vamwe pokutanga here?— Wadii kudzokera kupeji 40 ne41 wotarira zvakare dzimwe nzira dzaunogona kuisa nadzo vamwe pokutanga nokuvaitira zvinhu zvakanaka.

Uchayeuka kuti Mudzidzisi Mukuru akaisa vamwe mberi kwake nokuvaitira zvinhu zvakanaka. Manheru okupedzisira ane vaapostora vake, akatopfugama ndokugeza tsoka dzavo. Kana tikaisa vamwe pokutanga nokuvaitira zvinhu zvakanaka, tichave tichifadza Mudzidzisi Mukuru naBaba vake, Jehovha Mwari.

Ngativerenge mamwe magwaro eBhaibheri anotikurudzira kuisa vamwe mberi kwedu pachedu: Ruka 9:48; VaRoma 12:3; naVaFiripi 2:3, 4.

CHITSAUKO 21

PANE CHIMWE CHINHU CHATINOFANIRA KUZVIKUDZA NACHO HERE?

KUZVIKUDZA zvinorevei? Ungandiudza here?— Heuno muenzaniso. Wati wamboedza kuita chimwe chinhu chausinganyatsogona here? Zvimwe wakaedza kukava bhora. Kana kuti zvimwe wakaedza kutamba fishi-fishi, mutambo uya unotambwa uchisvetuka tambo. Pane mumwe munhu here akamboti, "Maiweeee! Ini ndinozvigona kupfuura iwe"?— Munhu iyeye akanga ari kuzvikudza.

Unonzwa sei vamwe pavanodaro? Zvinokufadza here?— Saka unofunga kuti vamwe vanonzwa sei kana ukazvikudza?— Kuratidza mutsa here kuudza mumwe munhu kuti, "Ndiri nani panewe"?— Jehovha anoda vanhu vanoita izvozvo here?—

Mudzidzisi Mukuru aiziva vanhu vaifunga kuti vaiva nani pane vamwe. Vaizvikudza, kana kuti kuzvitutumadza nokutarisira vamwe vose pasi. Saka rimwe zuva Jesu akavaudza imwe nyaya kuti avaratidze kuti zvakanga zvakaipa sei kuti vazvikudze. Ngatinzwe nyaya yacho.

Nyaya yacho iri pamusoro pomumwe muFarisi nomumwe muteresi. VaFarisi vakanga vari vadzidzisi vechitendero, avo kazhinji vaiita sokunge vakanga vakanaka kana kuti vatsvene kupfuura vamwe vanhu. MuFarisi womunyaya yaJesu akaenda kutembere yaMwari yaiva muJerusarema kunonyengetera.

Jesu akati muteresi akaendawo kutembere kunonyengetera. Vanhu vazhinji vakanga vasingafariri vateresi. Vaifunga kuti vateresi vaiedza

kuvabiridzira. Uye ichokwadi kuti vateresi vazhinji vakanga vasina kutendeseka dzimwe nguva.

MuFarisi akatanga kunyengetera kuna Mwari ari patembere, seizvi: 'Haiwa Mwari, ndinokuongai kuti handisi mutadzi sevamwe vanhu. Handibiridziri vanhu kana kuita zvimwe zvinhu zvakaipa. Handina kuita somuteresi uyo ari apo. Ndiri munhu akanaka. Ndinopedza mazuva maviri pavhiki ndisina kudya kuitira kuti ndive nenguva yakawanda yokufunga nezvenyu. Uye ndinoendesa kutembere chinhu chimwe chete pazvinhu gumi zvose zvandinowana.' MuFarisi aifunga kuti zvechokwadi aiva nani pane vamwe, handitika?— Uye akatoudzawo Mwari kudaro.

Asi muteresi akanga asina kudaro. Haana kana kusimudza musoro wake kutarisa kudenga paainyengetera. Akaramba akamira kure akakotamisa musoro wake. Muteresi akanga achizvidemba zvikuru pamusoro pezvivi zvake, uye akazvirova pachipfuva neshungu. Haana kuedza kuudza Mwari kuti akanga akanaka zvakadini. Asi akanyengetera achiti: 'Haiwa Mwari, ivai nomutsa neni mutadzi.'

Nei Mwari akafarira muteresi asi kwete muFarisi?

Unofunga ndiani aifadza Mwari pavarume vaviri ava? Akanga ari muFarisi here, uyo aifunga kuti akanga akanaka zvikuru? Kana kuti akanga ari muteresi, uyo akanga achizvidemba pamusoro pezvivi zvake?—

Jesu akati muteresi ndiye akafadza Mwari. Nei? Jesu akatsanangura kuti: 'Nokuti munhu wose anoedza kuita kuti zviratidzike sokuti ari

nani kupfuura vamwe vanhu achaderedzwa. Asi uyo akaderera mumeso ake achakwidziridzwa.'—Ruka 18:9-14.

Jesu akanga achidzidzisa chidzidzo chei munyaya yake?— Akanga ari kudzidzisa kuti hazvina kunaka kufunga kuti tiri nani pane vamwe. Tingasataura kuti tinofunga kuti tiri nani, asi nezviito zvedu, tingaratidza kuti tinofunga kuti tiri nani. Wati wambozviita here?— Funga nezvomuapostora Petro.

Jesu paakataurira vaapostora vake kuti vose vaizomusiya paaizosungwa, Petro akazvikudza achiti: '*Kana vamwe vose vakakusiyai, ini handizombofi ndakadaro!*' Asi Petro akanga akarasika. Akanga achinyanya kuzvivimba. Akasiya Jesu. Zvisinei, akazodzoka, sezvatichadzidza muchitsauko 30 chemubhuku rino.—Mateu 26:31-33.

Ngatitorei muenzaniso wemazuva ano. Zvimwe iwe nomumwe waunodzidza naye muri kubvunzwa mimwe mibvunzo kuchikoro. Zvakadini kana uchigona kupa mhinduro dzacho pakarepo, asi mumwe mudzidzi asingagoni? Chokwadi, unofara paunenge uchiziva mhinduro. Asi zvingava zvakanaka here kuzvienzanisa nomumwe anononoka kupindura?— Zvakanaka here kuedza kuzviita kuti uratidzike zvakanaka nokunyadzisa mumwe munhu?—

Izvozvo ndizvo zvakaitwa nomuFarisi. Akazvikudza achiti akanga ari nani pane muteresi. Asi Mudzidzisi Mukuru akati zvakaitwa nomuFarisi zvakanga zvisina kunaka. Ichokwadi kuti mumwe munhu angakwanisa kuita chimwe chinhu zviri nani kupfuura zvingaita mumwe. Asi izvozvo hazvirevi hazvo kuti iye munhu ari nani chaizvo.

Naizvozvo kana tichiziva kupfuura mumwe munhu, ichocho chikonzero chakanaka chokuzvikudza here?— Pafunge. Tisu takagadzira uropi hwedu here?— Aiwa, Mwari ndiye akapa mumwe nomumwe wedu uropi. Uye zvinhu zvizhinji zvezvatinoziva, takazvidzidza kune mumwe munhu. Zvichida takazviverenga mune rimwe bhuku. Kana kuti zvimwe mumwe munhu akatiudza nezvazvo. Kunyange kana

Zvinokuita munhu ari nani here kana uchiziva kupfuura mumwe munhu?

takaziva chimwe chinhu toga, tinenge takachiziva sei?— Ndizvozvo, nokushandisa uropi hwatakapiwa naMwari.

Munhu paanoedza kuita zvinhu nemwoyo wake wose, chinhu chakanaka ndechokuti utaure chimwe chinhu chinomuita kuti afare. Muudze kuti unofarira zvaaita. Zvimwe unogona kutomubatsira kuti aite zviri nani. Waisazoda here kuti vanhu vakuitire izvozvo?—

Vamwe vanhu vakasimba kupfuura vamwe. Zvakadini kana wakasimba kupfuura munin'ina kana hanzvadzi yako? Ichocho chikonzero chokuti uzvikudze here?— Aiwa, hachisi. Zvatinodya ndizvo zvinotibatsira kuti tikure takasimba. Uye Mwari anopa chiedza chezuva nemvura nezvimwe zvose zvinodiwa zvinoita kuti zvokudya zvikure, haadaro here?— Saka ndiMwari watinofanira kutenda kana takasimba.—Mabasa 14:16, 17.

Pane mumwe wedu anofarira kunzwa mumwe munhu achizvikudza here?— Ngatiyeuke mashoko aJesu okuti: 'Sezvaunoda kuti vamwe vanhu vakuitire, uvaitirewo saizvozvo.' Kana tikadaro, hatizombofanani nomuFarisi aizvikudza munyaya yakataurwa noMudzidzisi Mukuru.—Ruka 6:31.

Nei zvisina kunaka kuzvikudza kana takasimba kupfuura mumwe munhu?

Pane imwe nguva mumwe munhu akambodana Jesu kuti Mudzidzisi akanaka. Mudzidzisi Mukuru akati here, 'Hungu, ndakanaka'?— Aiwa, haana kudaro. Asi akati: "Hapana munhu akanaka, kunze kwomumwe chete, Mwari." (Mako 10:18) Kunyange zvazvo Mudzidzisi Mukuru akanga akakwana, haana kuzvikudza. Asi akaita kuti kurumbidzwa kwose kuende kuna Baba vake, Jehovha.

Saka, pane watinogona kudada naye here?— Hungu, aripo. Tinogona kudada noMusiki wedu, Jehovha Mwari. Patinoona runako rwezuva parinenge rava kunyura kana kuti chimwe chisikwa chinoshamisa, tinogona kutaurira mumwe munhu kuti, 'Mwari wedu anoshamisa Jehovha, akaita izvi!' Ngatigare takagadzirira kutaura nezvezvinhu zvikuru izvo Jehovha akatoita nezvaachaita munguva yemberi.

Verenga zvinotaura Magwaro pamusoro pokuzvikudza, kana kuti kudada, wodzidza kuti tinofanira kurega sei kuzvikudza: Zvirevo 16:5, 18; Jeremia 9:23, 24; 1 VaKorinde 4:7; na13:4.

Mukomana uyu ari kudada nei?

CHITSAUKO 22

CHIKONZERO NEI TISINGAFANIRI KUREVA NHEMA

NGATITI mumwe musikana anoudza amai vake kuti: "Ndichauya kumba kana ndangopedza chikoro." Asi zvino anosara kuchikoro otamba neshamwari dzake ozonoudza amai vake kuti: "Mudzidzisi wangu ati ndisare kuchikoro." Zvingava zvakanaka here kutaura zvakadaro?—

Kana kuti zvimwe mukomana anoudza baba vake kuti: "Aiwa, handina kutambira bhora mumba." Asi zvakadini kana zviri izvo zvaaita? Pangave nechakaipa here kana akati haana kudaro?—

Mudzidzisi Mukuru akatiratidza chinhu chakarurama chokuita. Akati: "Ingoregai shoko renyu rokuti *Hungu* rireve Hungu, *Aiwa* wenyu, Aiwa; nokuti zvinopfuura izvi zvinobva kune wakaipa." (Mateu 5:37) Jesu airevei nokudaro?— Aireva kuti tinofanira kuita zvatinenge tataura.

Pane nyaya iri muBhaibheri inoratidza kuti zvinokosha sei



Mukomana uyu akanganisei?

kutaura chokwadi. Iri pamusoro pevanhu vaviri vaiti vaiva vadzidzi vaJesu. Ngatione kuti chii chakaitika.

Pasina mwedzi miviri Jesu afa, vanhu vazhinji vanobva kure vanouya kuJerusarema nokuda kwomutambo unokosha wevaJudha unonzi Pendekosti. Muapostora Petro anopa hurukuro yakanaka kwazvo achiudza vanhu nezvaJesu, uyo Jehovha akamutsa kubva kuvakafa. Aka ndekokutanga apo vazhinji vauya kuJerusarema vanodzidza nezvaJesu. Zvino vanoda kudzidza zvakawanda. Saka vanoitei?—

Vanogara kwenguva yakareba kupfuura zvavaitarisira. Asi pashure penguva yakati, vamwe vavo vanopererwa nemari uye vanoda kubatsirwa kuti vatenge zvokudya. Vadzidzi vari muJerusarema vanoda kubatsira vaenzi vacho. Saka vazhinji vavo vanotengesa zvinhu zvavo vachiuya nemari kuvaapostora vaJesu. Avo vanozopa mari yacho kune vanoda kubatsirwa.



Ananiyasi ari kutaurira Petro nhema dzokuti chii?

Ananiyasi nomudzimai wake, Safira, avo vari nhengo dzeungano yechiKristu muJerusarema, vanotengesa munda wavo. Hapana anovaudza kuti vautengese. Vanozvifungira voga kudaro. Asi zvavanoita hazvisi bedzi nokuti va-

noda vadzidzi vatsva vaJesu. Chaizvo Ananiyasi naSafira vanoda kuita kuti vanhu vafunge kuti vari nani kupfuura zvavari. Saka vanosarudza kutaura kuti vari kupa mari yose kuti vabatsire vamwe. Chaizvoizvo vachangopa imwe yacho bedzi asi voti vari kupa yose. Unofungei nezvakadaro?—

Ananiyasi anouya kuzoona vaapostora. Anovapa mari yacho. Chokwadi, Mwari anoziva kuti haasi kupa yose. Naizvozvo Mwari anozivisa muapostora Petro kuti Ananiyasi haana kutaura chokwadi pamusoro penyaya yacho.

Zvino Petro anoti: 'Ananiyasi, nei warega Satani achikuitisa zvinhu zvakadai? Munda wanga uri wako. Hauna kumanikidzwa kuutengesa. Uye kunyange pashure pokunge watengesa munda wacho, zvanga zviri kwauri kusarudza zvawaizoita nemari yacho. Zvino nei uri kuita sokuti uri kupa mari yose nepo uri kungopa chikamu chayo bedzi? Nokuita izvi uri kureva nhema, kwete kwatiri bedzi, asi kuna Mwari.'

Iyi inhau huru. Ananiyasi ari kureva nhema! Haasi kuita zvaanoti ari kuita. Ari kungoedzesera kuzviita chete. Bhaibheri rinotiudza zvinotevera kuitika. Rinoti: 'Paanonzwa mashoko aPetro, Ananiyasi anowira pasi obva afa.' Mwari anouraya Ananiyasi pakarepo! Pashure pacho, mutumbi wake unobudiswa panze wonovigwa.

Chii chinoitika kuna Ananiyasi nokuti akareva nhema?

Kwapera anenge maawa matatu, Safira anopinda. Haazivi zvaitika kumurume wake. Saka Petro anomubvunza kuti: 'Imi muri vaviri matengesa munda nemari yamatipa here?'

Safira anopindura kuti: 'Hungu, tatengesa munda nemari iyoyo.' Asi idzodzo inhema! Vakasara neimwe mari pane yavakatengesa munda. Saka Mwari anourayawo Safira.—Mabasa 5:1-11.

Tinofanira kudzidzei kune zvakaitika kuna Ananiyasi naSafira?— Zvinotidzidzisa kuti Mwari haadi vanoreva nhema. Anoda kuti titaure chokwadi nguva dzose. Asi vanhu vakawanda vanoti zvakanaka kureva nhema. Unofunga kuti vanhu ivavo zvavanotaura zvakarurama here?— Waizviziva here kuti urwere hwose, marwadzo, uye rufu zviri pasi pano zvakauya pamusana pokureva nhema?—

Yeuka, Dhiyabhorosi akanyepera mudzimai wokutanga, Evha. Dhiyabhorosi akamuudza kuti aisazofa kana airega kuteerera Mwari odya muchero uyo Mwari akanga ati asadya. Evha akabvumirana naDhiyabhorosi ndokudya muchero wacho. Akaita kuti Adhamu audyewo. Zvino vakanga vava vatadzi, uye vana vavo vose vaizoberekwa vari vatadzi. Uye nokuti vaiva vatadzi, vana vose vaAdhamu vakatambura vakafa. Nhamo yose iyi yakatanga sei?— Yakatanga nenhema.

Ndiani uyo Jesu akati akataura nhema dzokutanga, uye zvakaguma nei?

Ndosaka Jesu akataura kuti Dhiyabhorosi "murevi wenhema nababa venhema"! Ndiye akatanga kureva nhema. Chero mumwe munhu paanotaura nhema, ari kuita zvakatanga kuitwa naDhiyabhorosi. Tinofanira kufunga nezvazvo pose patinongonzwa tava kuda kureva nhema.—Johani 8:44.

Ndirini paunganzwa wava kuda kureva nhe-

ma?— Hapasi paya paunenge wakanganisa chimwe chinhu here?— Ungaputsa chimwe chinhu kunyange ungave usina chinangwa chokudaro. Kana ukabvunzwa nezvacho, unofanira kutaura kuti mukoma wako kana kuti ihanzvadzi yako yazviita here? Kana kuti unofanira kuita sousingazivi here kuti zvaitika sei?—

Zvakadini kana waifanira kuita basa rako rokuchikoro rinoitirwa kumba, asi wobva watadza kupedza? Unofanira kuti wakaita rose here kunyange zvazvo usina?— Tinofanira kuyeuka Ananiyasi naSafira. Havana kutaura chokwadi chakazara. Uye Mwari akaratidza kuti izvozvo zvakanga zvakaipa zvakadini nokuvauraya pakarepo.

Naizvozvo pasinei nezvatingaita, nguva dzose zvichaita kuti zvinhu zvitoipisisa kana tikareva nhema, uye hatifaniri kumbotaura chokwadi chisina kuzara. Bhaibheri rinoti: 'Taurai chokwadi.' Rinotiwo: "Musareverane nhema." Jehovha anotaura chokwadi nguva dzose, uye anotitarisira kuitawo saizvozvo.—VaEfeso 4:25; VaKorose 3:9.

Tinofanira kutaura chokwadi nguva dzose. Izvozvo ndizvo zvinotaurwa pana Eksodho 20:16; Zvirevo 6:16-19; 12:19; 14:5; 16:6; naVaHebheru 4:13.

Ndirini paunganzwa wava kuda kureva nhema?

CHITSAUKO 23

CHINOITA KUTI VANHU VARWARE

PANE munhu waunoziva ari kurwara here?— Zvimwe iwe pachako unomborwara pane dzimwe nguva. Unogona kubatwa nechikosoro, kana kuti kunzwa mudumbu. Vamwe vanhu vanorwara chaizvo. Havagoni kunyange kusimuka pasina anovabatsira. Izvi zvinowanzoitika vanhu pavanenge vakwegura zvikuru.

Munhu wose anomborwara. Unoziva kuti nei vanhu vachirwara, vachikwegura, uye vachifa here?— Rimwe zuva mumwe murume akanga asingagoni kufamba akaunzwa kuna Jesu, uye Jesu akaratidza chinoita kuti vanhu varware uye kuti vafe. Rega ndikuudze nyaya yacho.

Jesu akanga ari kugara pane imwe imba mutaundi iri pedyo neGungwa reGarireya. Boka revanhu rakauya kuzomuona. Vanhu vazhinji vakauya zvokuti pakanga pasina nzvimbo yokuti vamwe vapinde mumba macho. Vaiuya vaisagona kusvika kunyange pedyo nomusuo. Kunyange zvakadaro, vanhu vakaramba vachiuya! Rimwe boka revanhu rakauya nomurume akanga akaoma rutivi rwomuviri akanga asingagoni kunyange kufamba. Zvaitoda varume vana kuti vamutakure ari pakamubhedha kadiki, kana kuti hwanyanza.

Unoziva here kuti nei vaida kuunza murume airwara uyu kuna Jesu?— Vaitenda kuti Jesu aigona kumubatsira. Vaitenda kuti Jesu aigona kumuporesa paurwere ihwohwo. Unoziva here kuti vakasvitsa sei murume iyeye aive norutivi rwomuviri rwakaoma pana Jesu ivo vanhu vakazara mumba kudaro?—

Mufananidzo waunoona pano unoratidza kuti vakazviita sei. Kutanga, vakatakura murume wacho kuenda padenga remba. Denga racho rakanga rakati sandara. Vakabva vaita buri guru padenga ipapo. Ndokubva vazodzikisa murume uya airwara ari pahwanyanza hwake nepa-

buri iroro kusvika mukamuri raiva pasi. Kwaiva kutenda kwakadini kwavaiva nakwo!

Vanhu vose vaiva mumba macho vakashamiswa pavakaona zvakanga zvichiitika. Murume wacho akanga akaoma rutivi rwomuviri aiva pahwanyanza akadzika kusvika pakati pavo chaipo. Jesu akagumbuka here paakaona zvakanga zvaitwa nevarume ava?—Nyangwe! Akafara nokuona kuti vaiva nokutenda. Akati kumurume akanga akaoma rutivi rwomuviri: "*Zvivi zvako zvakanganwirwa.*"

Vamwe vanhu havana kufunga kuti zvakanga zvakanaka kuti Jesu ataure kudaro. Havana kufunga kuti aigona kukanganwira zvivi. Saka kuratidza kuti aigona zvechokwadi, Jesu akati kumurume wacho: "Simuka, tora mubhedha wako, uende kumba kwako."



Jesu akaudza murume akanga akaoma rutivi rwomuviri kuti aite sei?

Jesu paakataura kudaro, murume wacho akabva apora! Akanga asisina kuoma rutivi rwomuviri. Iye zvino akanga ava kugona kumuka oga achifamba. Vanhu vakaona chishamiso ichi vakashamiswa. Kwoupenyu hwavo hwose vakanga vasati vamboona chimwe chinhu chinoshamisa saichocho! Vakarumbidza Jehovha nokuda kwokuvapa Mudzidzisi Mukuru uyu, uyo aigona kunyange kuporesa urwere hwevanhu.—Mako 2:1-12.



Tinodzidzei pachishamiso ichi?

Tinodzidzei pachishamiso ichi?— Tinodzidza kuti Jesu ane simba rokukanganwira zvivi nokuporesa vanhu vanorwara. Asi tinodzidzawo chimwezve chinhu chinokosha zvikuru. *Tinodzidza kuti vanhu vanorwara pamusana pechivi.*

Sezvo tose tichirwara pane dzimwe nguva, izvi zvinoreva kuti tose tiri vatadzi here?— Hungu, Bhaibheri rinotaura kuti tose tinoberekwa tine chivi. Unoziva zvazvinoreva here kuberekerwa muchivi?— Zvinoreva kuti tinoberekwa tisina kukwana. Dzimwe nguva tinokanganisa kuita zvinhu, kunyange zvazvo tisingadi kudaro. Unoziva here kuti tose takasvika sei pakuva nechivi?—

Takaberekwa tiine chivi pamusana pokuti munhu wokutanga, Adhamu, haana kuteerera Mwari. Akatadza paakatyora mutemo waMwari. Uye tose takawana chivi kuna Adhamu. Unoziva here kuti takawana sei chivi chedu kwaari? Rega ndiedze kukutsanangurira nenzira yaunganzwisisa.

Zvimwe wakambobatsira mumwe munhu kubheka chingwa mupani. Chii chichaitika kuchingwa kana pani yacho yakafonyoka? Unozi-

va here?— Chiratidzo ichocho, kana kuti kufonyoka kuya kuchaonekwa pachingwa chose chaunobikira mupani iyoyo, handiti?—



Tose zvedu takasvika sei pakuva nechivi?

Adhamu akanga akaita sepani iyoyo, uye isu takaita sechingwa chacho. Akava asina kukwana paakatyora mutemo waMwari. Zvakaita sokuti akanga afonyoka, kana kuti akava nechiratidzo chakaipa. Saka paakabereka vana, vaizova vakaita sei?— Vana vake vose vaizogamuchira chiratidzo ichochi chokusakwana.

Vana vazhinji havaberekwi nokusakwana kukuru kwaunogona kuona. Havaberekwi vasina ruoko kana kuti gumbo. Asi kusakwana kwavanako kukuru zvokuti vanorwara uye nokufamba kwenguva, vanofa.

Chokwadi, vamwe vanhu vanorwara kakawanda kupfuura vamwe. Nei zvakadaro? Nokuti vanoberekwa nezvivi zvakawanda here?— Aiwa, chivi chatinoberekwa tinacho tose, chakaenzana. Tose tinoberekwa tisina kukwana. Saka, nokufamba kwenguva, munhu wose achatorwara chimwe chirwere. Kunyange vanhu vanoedza kuteerera mitemo yaMwari yose uye vasingaiti zvakaipa chaizvo vanogona kurwara.

Saka zvino nei vamwe vanhu vachirwara kakawanda kupfuura vamwe?— Pane zvikonzero zvakawanda. Kungava kuti havana zvokudya zvakakwana. Kana kuti vangave vasingadyi zvokudya zvakakodzera. Vangadya makeke akawandisa nemasiwiti. Chimwe chikonzero chingava chokuti vanononoka kurara zvakanyanya nokudaro havawani nguva yokuzorora yakakwana. Kana kuti vangasapfeka zvinodziya zvakakwana vasati vabuda panze panotonhora. Miviri yevamwe vanhu

Tichava noutano hworudzii kana chivi chedu chisisipo?

haina kusimba, uye haigoni kurwisa zvirwere, kunyange kana vakaedza kuzvitarisira.

Pachazombova nenguva here apo tisingazomborwari? Tichazombobvisirwa chivi here?— Jesu akaitei kumurume uya akanga akaoma rutivi rwomuviri?— Jesu akamukanganwira zvivi zvake ndokumuporesa. Nenzira iyoyo, Jesu akaratidza zvaachaita rimwe zuva kune vose vanoedza chaizvo kuita zvakarurama.

Kana tikaratidza kuti hatidi kutadza uye kuti tinovenga zvisina kururama, Jesu achatiporesa. Munguva yemberi, achabvisa patiri kusakwana kwatinako iye zvino. Achaita izvi saMambo woUmambo hwaMwari. Chivi hachizobviswi matiri kamwe kamwe. Chichabviswa nokufamba kwenguva. Ipapo kana chivi chedu chazobviswa, hatizorwari zvakare. Tose tichava noutano hwakakwana. Ichocho chichava chikomborero chakadini!

Nokuda kwedzimwe pfungwa pamusoro pokuti chivi chinobata sei munhu wose, verenga Jobho 14:4; Pisarema 51:5; VaRoma 3:23; 5:12 na- 6:23.

CHITSAUKO 24

USAMBOFA WAKAVA MBAVHA!

PANE munhu akambokubira chimwe chinhu here?— Izvozvo zvakaita kuti unzwe sei?— Chero ani zvake akakubira aiva mbavha, uye hapana munhu anoda mbavha. Unofunga kuti munhu anosvika sei pakuva mbavha? Anoberekwa akadaro here?—

Tabva kudzidza kuti vanhu vanoberekwa vane chivi. Naizvozvo tose hatina kukwana. Asi hapana anoberekwa ari mbavha. Mbavha ingabva mumhuri yakanaka. Vabereki vayo, madzikoma ayo, uye hanzvadzi dzayo vangave vakatendeka. Asi kuchiva kwomunhu pachake zvinhu zvakadai semari nezvinogona kutengwa nemari zvinogona kumuita kuti ave mbavha.

Ndiani waungati akanga ari mbavha yokutanga?— Ngatimbofunga nezvazvo. Paakanga ari kudenga Mudzidzisi Mukuru aiziva munhu iyeye. Mbavha iyoyo yakanga iri ngirozi. Asi sezvo Mwari akanga aita ngirozi dzose dzakakwana, ngirozi iyoyo yakava sei mbavha?— Sezvatakadzidza muChitsauko 8 chebhuku rino, yakanga ichida chimwe chinhu chakanga chisiri chayo. Unoyeuka kuti chaiva chii here?—

Pashure pokunge Mwari asika murume nomukadzi vokutanga, ngirozi iyoyo yakanga ichida kuti vainamate. Yakanga isina kodzero yokunamatwa navo. Vaifanira kunamata Mwari. Asi yakaba kunamatwa ikoko! Nokuita kuti Adhamu naEvha vainamate, ngirozi yacho yakava mbavha. Yakava Satani Dhiyabhorosi.

Chii chinoita kuti munhu ave mbavha?— *Kuchiva zvinhu zvisiri zvake*. Kuchiva uku kunogona kusimba kwazvo zvokuti kunogona kuita kuti kunyange vanhu vakanaka vaite zvinhu zvakaipa. Dzimwe nguva vanhu ivavo vanova mbavha havazombochinji kuti vaite

zvakanaka zvakare. Mumwe wavo akanga ari muapostora waJesu. Ainzi Judhasi Isikariyoti.

Judhasi aiziva kuti zvakanga zvisina kunaka kuba nokuti akanga adzidziswa Mutemo waMwari kubva paakanga ari mukomana mudiki. Aiziva kuti Mwari akanga atombotaura ari kudenga ndokuudza vanhu vake kuti: "Usaba." (Eksodho 20:15) Judhasi paakakura, akasangana noMudzidzisi Mukuru ndokuva mumwe wevadzidzi vake. Gare gare Jesu akatosarudza Judhasi kuti ave mumwe wevaapostora vake 12.

Jesu nevaapostora vake vaifamba pamwe chete. Vaidya pamwe chete. Uye mari yose iyo boka racho raiva nayo yaichengeterwa mubhokisi. Jesu akapa bhokisi iroro kuna Judhasi kuti aritarisire. Chokwadi, mari yacho yakanga isiri yaJudhasi. Asi unoziva zvakaitwa naJudhasi here pashure penguva yakati?—

Judhasi akatanga kutora mari mubhokisi panguva yaakanga asingafanirwi kuitora. Aiitora apo vamwe vainge vasingaoni, uye akatoedza kutsvaka nzira dzokuti awane yakawanda. Akatanga kungofunga nezvemari nguva dzose. Ngationei kuti kuchiva uku kwakamutungamirira kupi kwangosara mazuva mashomanana kuti Mudzidzisi Mukuru aurayiwe.

Mariya, hanzvadzi yeshamwari yaJesu Razaro, akatora mafuta akanaka kwazvo ndokuadira patsoka dzaJesu. Asi Judhasi akanyunyuta. Unoziva here kuti nei?— Akataura kuti paiva pamusana pokuti mafuta acho aifanira kudai akatengeswa uye mari yacho yopiwa varombo. Asi chaizvo akanga achida kuva nemari yakawanda mubhokisi kuitira kuti agozoiba.—Johani 12:1-6.

Jesu akaudza Judhasi kuti asanetsa Mariya, uyo akanga aratidza mutsa kwazvo. Judhasi haana kufara nazvo Jesu paakamuudza izvozvo, naizvozvo akaenda kuvapristi vakuru, avo vakanga vasingawirira-

ni naJesu. Vakanga vachida kusunga Jesu, asi vakanga vachida kuzviita usiku kuitira kuti vasaonekwa nevanhu.

Judhasi akataurira vapristi kuti: 'Ndichakuudzai kuti mungabata sei Jesu, kana mukandipa mari. Muchandipa marii?'

Vapristi vacho vakapindura vachiti: 'Tichakupa masirivha makumi matatu.'—Mateu 26:14-16.

Judhasi akatora mari yacho. Zvakanga zvakaita sokuti akanga ari kutengesa Mudzidzisi Mukuru kuvarume ivavo! Ungafungidzira here mumwe munhu achiita zvakaipa kudaro?— Izvozvo ndizvo zvinoitika mumwe munhu paanova mbavha achiba mari. Anoda mari kupfuura kuda kwaanoita vamwe vanhu kunyange Mwari.

Zvimwe uchati, 'Handingambodi chimwe chinhu kupfuura kuda kwandinoita Jehovha Mwari.' Zvakanaka kuti une pfungwa dzakadaro. Apo Jesu akasarudza Judhasi somuapostora, zvimwe ndiwo mafungiro aiitawo Judhasi. Vamwe vakava mbavha vangave vainzwawo nenzira iyoyo. Ngatimbotaura nezvevamwe vavo.

Mumwe wacho akangaari mushumiri waMwari ainzi Akani, akararama nguva refu Mudzidzisi Mukuru asati aberekwa. Akani akaona

Nei Judhasi akaba?

Zvinhu zvipi zvakaipa izvo Akani naDhavhidhi vari kufunga nezvazvo?

nguo yakanaka kwazvo, ndarama, nezvidimbu zvesirivha. Zvakanga zvisiri zvake. Bhaibheri rinoti zvaiva zvaJehovha nokuti zvakanga zvatorwa kuvavengi vevanhu vaMwari. Asi Akani aizvida kwazvo zvokuti akaba zvinhu zvacho.—Joshua 6: 19; 7:11, 20-22.

Heuno mumwe muenzaniso. Kare kare, Jehovha akasarudza Dhavhidhi kuti ave mambo pavanhu vaIsraeri. Rimwe zuva, Dhavhidhi akatanga kutarisa mukadzi akanaka Bhati-shebha. Akaramba akatarisa Bhati-shebha uye achifunga nezvokumutora kuenda naye kumba kuti anogara naye. Zvisinei, akanga ari mudzimai waUriya. Dhavhidhi angadai akaitei?—

Dhavhidhi aifanira kudai akarega kufunga nezvokutora Bhati-shebha. Asi haana kudaro. Saka Dhavhidhi akaenda naye kumba.

Absaromu akanga ari mbavha pakudii?

Uye akaurayisa Uriya. Nei Dhavhidhi akaita zvinhu zvakaipa izvi?— Nokuti akaramba achida mukadzi womumwe.—2 Samueri 11:2-27.

Nokuti Dhavhidhi akazozvidemba, Jehovha akamurega ari mupenyu. Asi zvino Dhavhidhi akazova nezvinetso zvakawanda. Mwanakomana wake Absaromu akada kutora nzvimbo yaDhavhidhi samambo. Saka vanhu pavaiuya kuzoona Dhavhidhi, Absaromu aivambundira ovatsvoda. Bhaibheri rinoti: 'Absaromu akaramba *achiba* mwoyo yevanhu vaIsraeri.' Akaita kuti vanhu ivavo vamude kuti ave mambo panzvimbo paDhavhidhi.—2 Samueri 15:1-12.

Pane chimwe chinhu chawakamboda kwazvo sezvakaita Akani, Dhavhidhi, naAbsaromu here?— Kana chinhu ichocho chiri chomumwe munhu, kuchitora usina mvumo kuba. Unoyeuka here icho Satani mbavha yokutanga aida?— Aida kuti vanhu vamunamate pane kunamata Mwari. Saka Satani akanga achiba paakaita kuti Adhamu naEvha vamuteerere.

Kana munhu ane chimwe chinhu, ane kodzero yokutaura kuti ndiani angachishandisa. Somuenzaniso, unogona kuenda kunotamba nevamwe vana kumba kwavo. Zvingava zvakanaka here kutora chimwe chinhu ikoko woenda nacho kumba kwenyu?— Kwete, kutoti baba kana kuti amai vacho vakuudza kuti unogona kuchitora. Kana ukaenda nechimwe chinhu kumba usina kuvakumbira, ikoko kuba.

Chii chingaita kuti ude kuba?— Nemhaka yokuti uri kuda chimwe chinhu chisiri chako. Kunyange mumwe munhu akasakuona uchichitora, ndiani anokuona?— Jehovha Mwari. Uye tinofanira kuyeuka kuti Mwari anovenga kuba. Naizvozvo kuda Mwari nomuvakidzani wako kuchakubatsira kuti usambofa wakava mbavha.

Bhaibheri rinojekesa kuti kuba hakuna kunaka. Tapota verenga Mako 10:17-19; VaRoma 13:9; naVaEfeso 4:28.

CHITSAUKO 25

VANOITA ZVAKAIPA VANOGONA KUCHINJA HERE?

ZVAISAZOVA zvakanaka kwazvo kudai munhu wose aiita zvakanaka here?— Asi hapana munhu anoita zvakanaka nguva dzose. Unoziva here kuti nei tose tichiita zvakaipa pane dzimwe nguva kunyange patinenge tichida kuita zvakanaka?— Nokuti tose tinoberekwa tine chivi. Asi vamwe vanhu vanoita zvakaipa zvakawanda kwazvo. Vanovenga vamwe vanhu uye vanovakuvadza vachiziva. Unofunga kuti vanogona kuchinja vodzidza kuva vakanaka here?—

Tarisa murume wechiduku akachengeta nguo dzokunze dzevanhu vari kutema Stefani nematombo. Zita rake rechiHebheru ndiSauro, asi zita rake rechiRoma ndiPauro. Ari kufarira kuurayiwa kwaStefani uyo ari mudzidzi woMudzidzisi Mukuru. Ngationei kuti nei Sauro achiita zvinhu zvakaipa kudaro.

Sauro ndoweboka rechitendero chechiJudha rinonzi vaFarisi. VaFarisi vane Shoko raMwari, asi vanonyanya kuteerera dzidziso dzevamwe vevatungamiriri vavo vechitendero. Izvi zvinoita kuti Sauro aite zvinhu zvakaipa.

Stefani paanosungwa muJerusarema, Sauro aripowo. Stefani anoendeswa kudare, uko vamwe vevatongi vacho vari vaFarisi. Kunyange zvazvo zvinhu zvakaipa zvichitaurwa pamusoro paStefani, haatyi. Anotaura zvinonzwika uye anopupura zvakanaka kwazvo kuvatongi pamusoro paJehovha Mwari naJesu.

Asi vatongi vacho havafariri zvavanonzwa. Vanotoziva zvakawanda nezvaJesu. Kutaura chokwadi, nguva pfupi izvi zvisati zvaitika,

vakanga vaurayisa Jesu! Asi pashure pacho, Jehovha akatora Jesu kuti ave naye mudenga. Zvino pane kuti vachinje nzira dzavo, vatongi vacho vanorwa nevadzidzi vaJesu.

Vatongi vacho vanobata Stefani vomubudisa muguta. Vanomurova achiwira pasi ndokumutema nemabwe. Uye, sezvaunogona kuona pamufananidzo, Sauro aripowo achitarisa zvake. Anofunga kuti zvakarurama kuuraya Stefani.

Unoziva here kuti nei Sauro aifunga saizvozvo?— Kwoupenyu hwake hwose Sauro aive ari muFarisi, uye aidavira kuti dzidziso dzevaFarisi dzakanga dzakarurama. Aiona varume ivavo somuenzaniso, saka aivatevedzera.—Mabasa 7:54-60.

Pashure pokunge Stefani aurayiwa, Sauro anoitei?— Chokwadi, anoedza kuparadza vadzidzi vaJesu vose vasara! Anotopinda mudzimba dzavo chaimo achikwevera varume nevakadzi panze. Anozoita kuti vakandirwe muJeri. Vadzidzi vazhinji vanotofanira kutiza muJerusarema, asi havaregi kuparidza nezvaJesu.—Mabasa 8:1-4.

Nei Sauro achifunga kuti zvakanaka kuuraya Stefani?

Izvi zvinoita kuti Sauro atowedzera kuvenga vadzidzi vaJesu. Saka anoenda kuMupristi Mukuru Kayafasi owana mvumo yokunosunga vaKristu muguta reDhamasiko. Sauro anoda kuvaunza sevasungwa kuJerusarema kuti vazorangwa. Asi ari munzira kuenda Dhamasiko, chimwe chinhu chinoshamisa chinoitika.

Chiedza chinopenya chichibva mudenga, uye inzwi rinoti: "Sauro, Sauro, uri kunditambudzirei?" NdiJesu ari kutaura ari kudenga! Chiedza chacho chakajeka kwazvo zvokuti chinoita kuti Sauro ave bofu, uye vanhu vana Sauro ndivo vanotozomutungamirira kuenda kuDhamasiko.

Pashure pemazuva matatu Jesu anozviratidza kune mumwe wevadzidzi vake muDhamasiko anonzi Ananiyasi. Jesu anorayira Ananiyasi kuti ashanyire Sauro, kuti amuite kuti aonezve, uye ataure naye. Ananiyasi paanotaura naye, Sauro anogamuchira chokwadi pamusoro paJesu. Anoonazve. Upenyu hwake hwose hunochinja, uye anova mushumiri waMwari akatendeka.—Mabasa 9:1-22.

Unoona here zvino nei Sauro aisiita zvakaipa?— Yaiva mhaka yokuti akanga adzidziswa zvinhu zvisina kururama. Aitevera vanhu vakanga vasina kutendeka kuna Mwari. Uye akanga ari mumwe weboka revanhu vaitungamidza pfungwa dzevanhu mberi kweShoko raMwari. Asi nei Sauro achichinja upenyu hwake otanga kuita zvakanaka, kunyange zvazvo vamwe vaFarisi vachiramba vachirwa naMwari?— Nokuti Sauro chaizvoizvo haavengi chokwadi. Saka paanoratidzwa zvakarurama, akagadzirira kuzviita.

Unoziva here kuti Sauro akazova chii gare gare?— Hungu, akasvika pakuzivikanwa somuapostora Pauro, muapostora waJesu. Uye funga kuti Pauro akanyora mabhuku eBhaibheri akawanda kupfuura vamwe vose.

Kune vanhu vazhinji vakaita saSauro vanogona kuchinja. Asi hazvisi nyore nokuti kune mumwe munhu ari kushanda nesimba zvi-



kuru kuti aite kuti vanhu vaite zvinhu zvakaipa. Unoziva here kuti ndiani iyeye?— Jesu paakazviratidza kuna Sauro ari munzira kuenda Dhamasiko akataura nezvomunhu wacho. Ipapo Jesu akataura naSauro ari kudenga akati: ‘Ndiri kukutumira kuti usvinudze meso evanhu, uvabvise parima vauye kuchiedza uye vabve pasimba raSatani vauye kuna Mwari.’—Mabasa 26:17, 18.

Chokwadi, ndiSatani Dhiyabhorosi ari kuedza kuita kuti munhu wose aite zvakaipa. Zvinombokuomera here kuita zvakarurama?— Zvinombotiomerawo tose. Satani anozviomesa. Asi pane chimwe chikonzero nei zvisiri nyore nguva dzose kuita zvakarurama. Unoziva chikonzero chacho here?— Nokuti tinoberekwa tiine chivi.

Chivi ichochi ndicho chinoita kuti zvive nyore kwatiri kuita zvakaipa pane kuita zvakanaka. Saka tinofanira kuitei?— *Chokwadi, tinofanira kushingirira kuti tiite zvakarurama.* Patinodaro, tinogona kuva nechokwadi chokuti Jesu, uyo anotida, achatibatsira.

Jesu paakanga ari pasi pano, akasvika pakuda vanhu vaimboita zvakaipa asi vakanga vachinja. Aiziva kuti zvakanga zvakavaomera sei kuchinja. Somuenzaniso, pane vakadzi vairara nevarume vakawanda. Zvechokwadi izvi

Ndiani ari kutaura naSauro, uye Anotuma Sauro kunoitei?

zvakanga zvakaipa. Bhaibheri rinodana vakadzi ava kuti mahure, kana kuti pfambi.

Pane imwe nguva, mukadzi akadaro akanzwa nezvaJesu, uye akauya apo Jesu akanga ari kumba kwomuFarisi. Akadururira mafuta patsoka dzaJesu ndokupukuta misodzi yake patsoka dzake nebvudzi rake. Akanga achizvidemba zvikuru nokuda kwezvivi zvake, saka Jesu akamukanganwira. Asi vaFarisi havana kufunga kuti anofanira kukanganwirwa.—Ruka 7:36-50.

Unoziva zvakataurwa naJesu kune vamwe vaFarisi here?— Akavaudza kuti: 'Mahure ari kukutangirai kupinda muumambo hwaMwari.' (Mateu 21:31) Jesu akataura izvi nokuti mahure akamutenda uye akachinja nzira dzawo dzakaipa. Asi vaFarisi vakaramba vachiita zvinhu zvakaipa kuvadzidzi vaJesu.

Saka kana Bhaibheri rikaratidza kuti zvatiri kuita zvakaipa, tinofanira kunge tichida kuchinja. Uye patinodzidza zvinodiwa naMwari kuti tiite, tinofanira kuva nechido chokuzviita. Ipapo Jehovha achafara nesu uye achatipa upenyu husingaperi.

Kutibatsira kuti tisaita zvakaipa, ngativerenge pamwe chete Pisarema 119:9-11; Zvirevo 3:5-7; na12:15.

Nei Jesu akakanganwira mukadzi uyu aimboita zvinhu zvakaipa?

CHITSAUKO 26

CHIKONZERO NEI ZVAKAOMA KUITA ZVAKANAKA

SAURO paaiita zvakaipa, ndiani aifara?— Satani Dhiyabhorosi aifara. Asi vatungamiriri vechitendero chevaJudha vaifarawo. Zvino apo Sauro uyo akazonzi Pauro akava mudzidzi woMudzidzisi Mukuru, vatungamiriri vechitendero ivavo vakatanga kumuvenga. Saka unogona kuona here kuti nei zvakaomera mudzidzi waJesu kuita zvakanaka?—

Mupristi mukuru uyo ainzi Ananiyasi akamboudza vanhu kuti varove Pauro kumeso. Ananiyasi akatoedza kuti Pauro aiswe mujeri. Pauro akatambura zvikuru paakava mudzidzi waJesu. Somuenzaniso, vanhu vakaipa vakarova Pauro vakaedza kumuuraya nematombo makuru.—Mabasa 23:1, 2; 2 VaKorinde 11:24, 25.

Vazhinji vachaedza kutiita kuti tiite zvinhu zvisingafadzi Mwari. Saka mubvunzo ndewokuti: Unoda zvakanaka zvakadini? Unozvida kwazvo zvokuti uchaita zvakarurama kunyange vamwe vanhu

Pauro akatambura nei paaiita zvakanaka?



Nei vanhu ava vari kuedza kuuraya Jesu?

vachikuvengera izvozvo here? Zvinoda ushingi kuita kudaro, handitika?—

Ungashamisika kuti, 'Nei vanhu vangativenga patinoita zvakanaka? Havafaniri kufara here?' Ungafunga kudaro. Kazhinji vanhu vaida Jesu nokuda kwezvakanaka zvaaiita. Pane imwe nguva, vanhu veguta vose vakaungana pasuo reimba yaaigara. Vakauya nokuti Jesu aive achiporesa vanhu vairwara.—Mako 1:33.

Asi dzimwe nguva vanhu vaisada zvaidzidziswa naJesu. Kunyange zvazvo aigara achidzidzisa zvakanga zvakarurama, vamwe vakaratidza kumuvenga kukuru nokuti aitaura chokwadi. Izvi zvakaitika rimwe

zuva muNazareta, guta rakakurira Jesu. Akapinda musinagogi, nzvimbo yaiunganira vanhu vechiJudha kuti vanamate Mwari.

Ipapo Jesu akapa hurukuro yeMagwaro yakanaka zvikuru. Pakutanga vanhu vakaifarira. Vakashamiswa nemashoko akanaka aibuda mumuromo make. Zvakavaomera kudavira kuti uyu ndiye murume wechiduku akanga akurira muguta ravo chairo.

Asi zvino Jesu akataura chimwe chinhu. Akataura nezvenguva apo Mwari akaratidza mutsa chaiwo kuvanhu vakanga vasiri vaJudha. Jesu paakataura izvi, vakanga vari musinagogi vakatsamwa nazvo. Unoziva here kuti nei?— Vaifunga kuti ndivo voga vaiva nenyasha dzaMwari. Vaifunga kuti vaiva nane pane vamwe vanhu. Saka vakavenga Jesu nokuda kwezvaakataura. Uye unoziva here zvavakaedza kumuita?—

Bhaibheri rinoti: 'Vakabata Jesu ndokumubudisa kunze kweguta nokukurumidza. Vakaenda naye mujinga megomo uye vaida kumukandira kumawere kuti vamuuraye! Asi Jesu akavatiza.'—Ruka 4: 16-30.

Kudai izvozvo zvakaitika kwauri, waizombodzokerazve kunotaura nevanhu ivavo nezvaMwari here?— Izvozvo zvaizoda ushingi, handitika?— Zvisinei, pashure pegore, Jesu akadzokera zvakare kuNazareta. Bhaibheri rinoti: "Akatanga kuvadzidzisa musinagogi ravo." Jesu haana kumbomira kutaura chokwadi nechikonzero chokutya vanhu vakanga vasingadi Mwari.—Mateu 13:54.

Pane rimwe zuva, pasabata, Jesu akanga ari pane imwe nzvimbo paiva nomurume akanga akaremara ruoko. Jesu aiva nesimba rakabva kuna Mwari rokuporesa murume iyeye. Asi vamwe varume ipapo vakanga vachiedza kumutsira Jesu zvinetso. Mudzidzisi Mukuru aizoitei?— Kutanga akabvunza kuti: 'Kudai waiva negwai rawira mugomba guru uri musi weSabata, waizoribudisa here?'

Chokwadi vaizodaro kugwai, kunyange nomusi weSabata, zuva ravaifanira kuzorora. Saka Jesu akati: 'Zvinotova nani kubatsira munhu nomusi weSabata, nokuti munhu anokosha kupfuura gwai.' Zvakanga zviri pachena sei kuti Jesu aifanira kubatsira murume uyu nokumuporesa!

Jesu akati murume wacho atambanudze ruoko rwake. Pakarepo rwakabva rwaporeswa. Murume iyeye akafara sei! Asi zvakadini nevamwe varume vaya? Vakafara here?— Aiwa. Vakatowedzera kuvenga Jesu. Vakabuda vakanoronga kumuuraya!—Mateu 12:9-14.

Zvakangodarowo nanhasi. Pasinei zvapo nezvatinoita, hatingambofadzi munhu wose. Saka tinofanira kusarudza kuti ndiani watinonyatsoda kufadza. Kana ari Jehovha Mwari noMwanakomana wake, Jesu Kristu, zvinoreva kuti tinofanira kuita zvavanodzidzisa nguva dzose. Asi kana tikadaro ndiani achativenga? Ndiani achatiomesera kana tichida kuita zvakanaka?—

Satani Dhiyabhorosi achadaro. Asi ndivanaani vamwe vachadaro?— Avo vakanyengerwa naDhiyabhorosi kuti vadavire zvinhu zvisiri izvo. Jesu akataurira vatungamiriri vechitendero vomuzuva rake kuti: "Munobva kuna baba venyu Dhiyabhorosi, uye munoda kuita kuda kwababa venyu."—Johani 8:44.

Kune vanhu vazhinji avo Dhiyabhorosi anofarira. Jesu anovadana kuti "nyika." Unofunga kuti "nyika" iyo Jesu anotaura nezvayo chii?— Ngatione pachitsauko 15 chaJohani, ndima 19. Ipapo tinoverenga mashoko aJesu aya: 'Kudai maiva venyika, nyika yaizoda zvikuru zviri zvayo. Zvino nokuti hamusi venyika, asi ndakakusarudzai munyika, nokuda kweizvi nyika inokuvengai.'

Naizvozvo nyika inovenga vadzidzi vaJesu inoumbwa nevanhu vose vasiri vateveri vake. Nei nyika ichivenga vadzidzi vaJesu?— Pafunge. Mutongi wenyika ndiani?— Bhaibheri rinoti: "Nyika yose iri

musimba rewakaipa." Akaipa iyeye ndiSatani Dhiyabhorosi.—1 Johani 5:19.

Wava kuona here zvino nei zvakaoma kwazvo kuita zvakanaka?— Satani nenyika yake vanoita kuti zviome. Asi pane chimwezve chikonzero. Unoyeuka kuti chii here?— MuChitsauko 23 chebhuku rino, takadzidza kuti tose tinoberekwa tine chivi. Hazvizovi zvinofadza here, apo chivi uyeDhiyabhorosi nenyika yake zvichange zvisisipo?—

Bhaibheri rinopikira kuti: "Nyika iri kupfuura." Izvi zvinoreva kuti vose vasiri vateveri voMudzidzisi Mukuru vachave vasisipo. Havazobvumirwi kurarama nokusingaperi. Unoziva here kuti ndiani achararama nokusingaperi?— Bhaibheri rinoenderera mberi richiti: "Uyo anoita kuda kwaMwari anoramba aripo nokusingaperi." (1 Johani 2:17) Chokwadi, avo vanoita zvakanaka bedzi, vanoita "kuda kwaMwari," vachararama nokusingaperi munyika itsva yaMwari. Saka kunyange kana zvakaoma, tinofanira kuita zvakanaka, handiti?—

Ngativerenge pamwe chete magwaro aya anoratidza kuti nei zvisiri nyore kuita zvakanaka: Mateu 7:13, 14; Ruka 13: 23, 24; naMabasa 14:21, 22.

Nyika ino paichapfuura, chii chichaitika kune avo vanoita zvakanaka?

CHITSAUKO 27

MWARI WAKO NDIANI?

NEI mubvunzo uyu uchikosha, wokuti, Mwari wako ndiani?— Nokuti vanhu vanonamata vanamwari vakawanda. (1 VaKorinde 8:5) Muapostora Pauro paakagamuchira simba kubva kuna Jehovha rokuporesa murume akanga asingafambi, vanhu vakadanidzira vachiti: "Vanamwari vave sevanhu uye vaburukira kwatiri!" Vanhu vakanga vachida kunamata Pauro neshamwari yake Bhanabhasi. Vakatumidza Pauro kuti Hemesi uye Bhanabhasi Zeusi, ayo akanga ari mazita avanamwari venhema.

Asi Pauro naBhanabhasi havana kurega vanhu vachivanamata. Vakasvetukira muboka racho ndokuti: 'Ibvai pazvinhu izvi zvisina maturo mutendeukire kuna Mwari mupenyu.' (Mabasa 14:8-15) "Mwari mupenyu" akasika zvinhu zvose ndiani?— Hungu, ndiJehovha, "Wokumusorosoro kumusoro kwapasi pose." Jesu akati Jehovha ndiye "Mwari wechokwadi bedzi." Saka zvino, ndiani bedzi anofanira kunamatwa?— Jehovha bedzi!—Pisarema 83:18; Johani 17:3; Zvakazarurwa 4:11.

Vanhu vazhinji vanonamata vamwe vanamwari vasiri "Mwari wechokwadi bedzi." Kazhinji vanonamata zvinhu zvavanogadzira nematanda, matombo, kana kuti nesimbi. (Eksodho 32:4-7; Revhitiko 26:1; Isaya 44:14-17) Kunyange varume nevakadzi vakakurumbira dzimwe nguva vanonzi vanamwari, nyanzvi, kana kuti zvidhori. Zvakarurama here kuvapa mbiri?—

Pashure pokunge Sauro ava muapostora Pauro, akanyora kuti: "Vasingatendi avo mwari wegadziriro ino yezvinhu akapofumadza pfungwa." (2 VaKorinde 4:4) Mwari uyu ndiani?— Hungu, Satani Dhiyabhorosi! Satani ave achiita kuti vanhu vanamate vanhu vakawanda nezvinhu.

Nei Pauro naBhanabhasi vasina kurega vanhu vachivapfugamira?

Satani paakaedza kuti Jesu apfugame amunamate, Jesu akaudza Satani kuti chii?— "NdiJehovha Mwari wako waunofanira kunamata, uye *ndiye oga* waunofanira kuitira basa dzvene." (Mateu 4:10) Saka Jesu akajekesa kuti Jehovha bedzi ndiye anofanira kunamatwa. Ngativerenge nezvevamwe varume vechiduku vaiziva izvi. Mazita avo aiva Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego.

VaHebheru vechiduku ava vakanga vari vorudzi rwaMwari rweva-Israeri uye vakanga vaendeswa kunyika yeBhabhironi senhapwa. Ikoko mambo ainzi Nebhukadhinezari akaumba chifananidzo chikuru chendarama. Rimwe zuva akarayira kuti paizoridzwa nziyo munhu wose aifanira kupfugamira chifananidzo chacho. Akanyevera kuti, 'munhu wose asingapfugami onamata aizokandirwa muchoto chinopisa kwazvo.' Waizodai wakaitei?—



Nei varume ava vakaramba kupfugamira chifananidzo?

Kazhinji Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego vaiita zvose zvairayirwa namambo. Asi izvi vakaramba kuzviita. Unoziva here kuti nei?— Nokuti mutemo waMwari waiti: 'Usava nevamwe vanamwari kunze kwangu. Haufaniri kuzviitira chifananidzo chakavezwa wochipfugamira.' (Eksodho 20:3-5) Saka Shadhireki, Misheki, uye Abhedhinego vakateerera mutemo waJehovha pane kuteerera murayiro wamambo.

Mambo akatsamwa kwazvo, saka akaita kuti vaHebheru vechiduku vatatu ava vaunzwe kwaari pakarepo. Akabvunza kuti: 'Nhai ndizvo here kuti hamusi kushumira vanamwari vangu? Ndichakupai mumwe mukana. Iye zvino, pamunonzwa nziyo, wirai pasi munamate chifananidzo chandakaita. Kana mukarega kudaro, muchakandirwa muchoto chinopisa kwazvo. Uye ndiani mwari iyeye anogona kukununurai paruoko rwangu?'

Varume vechiduku ava vaizoitei zvino? Iwe waizodai wakaitei?— Vakati kuna mambo: 'Mwari wedu watiri kushumira anokwanisa kutinunura. Asi kunyange akasazviita, vanamwari venyu havasiri ivo vatichashumira. Hatisi kuzopfugamira chifananidzo chenyu chendarama.'

Mambo akatsamwa. Akarayira kuti: 'Kuchidzirai choto chacho ka-

kapetwa kanomwe!' Akabva arayira varume vake vakasimba kuti vasunge Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego vovakandira muchoto! Choto chacho chaipisa kwazvo zvokuti varume vamambo pachake vakaurayiwa nemarimi acho! Zvakadini nevaHebheru vatatu?

Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego vakawira pakati pomoto chaipo. Asi vakasimuka! Havana kukuvara. Uye vakanga vasisina kusungwa. Zvakadaro sei?— Mambo akatarisa muchoto chacho, uye zvaakaona zvakamutyisa. Akabvunza kuti: 'Hatina kukandira varume vatatu mumoto here?' Vashandi vake vakapindura kuti: 'Ndizvozvo mambo.'

Ipapo mambo akati: 'Tarirai! Ndinoona vanhu vana vachifamba-famba imomo, uye moto hausi kukuvadza kana mumwe wavo.' Unoziva kuti munhu akanga ari wechina wacho ndiani here?— Yakanga iri ngirozi yaJehovha. Yakadzivirira vaHebheru vatatu kuti vasatsva.

Zvino paakaona kudaro, mambo akauya pamukova wechoto chacho ndokudanidzira achiti: 'Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego, imi vashumiri vaMwari

Jehovha akaponesa sei vashumiri vake pachoto chinopisa kwazvo?

Wokumusoro-soro, budai muuye pano!' Pavakabuda munhu wose aigona kuona kuti vakanga vasina kutsva. Vakanga vasina kunyange munhuwi womoto. Zvino mambo akati: 'Mwari waShadhireki, Misheki, naAbhedhinego ngaarumbidzwe, iye wakatumira ngirozi kuti izoponesa vashumiri vake nokuti havana kushumira mumwe mwari kunze kwaMwari wavo.'—Dhanieri, chitsauko 3.

Tinogona kudzidza chidzidzo kubva pane zvakaitika kare. Kunyange nhasi vanhu vanomisa zvifananidzo zvokunamata kana kuti zvidhori. Rimwe bhuku rokuAmerica rinoti: "Mureza, kungofanana nomuchinjikwa, unoyera." Zvifananidzo zvinogona kuitwa nedanda, dombo, simbi, kana jira. Vadzidzi vaJesu vokutanga vairamba kunamata mambo weRoma, izvo mumwe anonyora nhau dzakaitika anonzi Daniel P. Mannix akati zvingafananidzwa "nokuramba kusaruta mureza kana kuti kupa mhiko yokuzvipira kunyika yako."

Zvidhori zvipi zvinonamatwa nevanhu nhasi?

Saka unofunga zvakasiyana kuna Mwari here kana chifananidzo chinonamatwa chikaitwa nejira, danda, dombo, kana kuti simbi?— Zvaizova zvakarurama here kuti mushumiri waJehovha anamate chifananidzo chakadaro?— Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego vakaramba kuita kudaro, uye vakafadza Jehovha. Ungatevedzera sei muenzaniso wavo?—

Avo vanoshumira Jehovha havanganamati mumwe munhu kana chimwe chinhu. Verenga zvinotaurwa pamusoro peizvi pana Joshua 24:14, 15, 19-22; Isaya 42:8; 1 Johani 5:21; naZvakazarurwa 19:10.

CHITSAUKO 28

NZIRA YOKUZIVA NAYO WOKUTEERERA

DZIMWE nguva zvakaoma kuziva watinofanira kuteerera. Amai vako kana kuti baba vako vanogona kukuudza chimwe chinhu chokuita. Asi zvino mudzidzisi kana kuti mupurisa angakuudza kuti uite zvakasiyana. Kana izvozvo zvikaitika, unoteerera upi pakati pavo?—

Takamboverenga muBhaibheri pana VaEfeso 6:1-3 muChitsauko 7 chebhuku rino. Ipapo panoti vana vanofanira kuteerera vabereki vavo. Rugwaro rwacho runoti: "Vana, teererai vabereki venyu *munaShe.*" Unoziva zvazvinoreva here kuva "*munaShe?*"— Vabereki vari *munaShe* vanodzidzisa vana vavo kuteerera mitemo yaMwari.

Asi vamwe vanhu vakuru havatendi kuti kuna Jehovha. Saka zvakadini kana mumwe wavo akataura kuti hazvina kuipa kubiridzira pabvunzo kuchikoro kana kuti kutora chimwe chinhu muchitoro usina kuchibhadhara? Saka zvakanaka here kuti mwana abiridzire kana kuti kuba?—

Yeuka, Mambo Nebhukadhinezari akamborayira munhu wose kuti apfugamire chifananidzo chendarama chaakanga amisa. Asi Shadhireki, Misheki, naAbhedhinego vakaramba kupfugama. Unoziva chikonzero chacho here?— Nokuti Bhaibheri rinotaura kuti vanhu vanofanira kunamata Jehovha bedzi.—Eksodho 20:3; Mateu 4:10.

Jesu afa, vaapostora vake vakaunzwa pamberi peSanihedrini, dare rechitendero rapamusoro revaJudha. Mupristi Mukuru Kayafasi akati: "Takakurayirai kwazvo kuti musarambe muchidzidzisa

nezvezita [raJesu], asi, tarirai! mazadza Jerusarema nokudzidzisa kwenyu." Nei vaapostora vasina kuteerera Sanihedrini?— Petro achitaura akamiririra vaapostora vose, akapindura Kayafasi kuti: "Tinofanira kuteerera Mwari somutongi panzvimbo pevanhu."—Mabasa 5:27-29.

Petro ari kuti chii kuna Kayafasi?

Kare panguva iyoyo, vatungamiriri vechitendero chechiJudha vaiva nesimba rakawanda. Zvisinei, nyika yavo yakanga ichitongwa nehurumende yeRoma. Mukuru wehurumende iyoyo ainzi Kesari. Kunyange zvazvo vaJudha vakanga vasingadi kuti Kesari avatonge, hurumende yeRoma yakaitira vanhu zvinhu zvakanaka zvakawanda. Uye hurumende nhasi dzinoitirawo vagari vemunyika dzadzo zvinhu zvakanaka. Unoziva here kuti zvimwe zvezvinhu izvi zvii?—

Hurumende dzinogadzira migwagwa yokufamba nayo uye dzinobhadhara mapurisa nevanodzima moto kuti vatidzivirire. Dzinovakira vana zvikoro nokutarisira utano hwevakwegura. Zvinoda mari kuti hurumende iite zvinhu izvi. Unoziva here kuti hurumende inowana kupi mari?— Inoiwana kuvanhu. Mari inobhadharwa nevanhu kuhurumende inonzi mutero.

Mudzidzisi Mukuru paakanga achigara pasi pano, vaJudha vakawanda vakanga vasingadi kubhadhara mutero kuhurumende yeRoma. Saka rimwe zuva vapristi vakatuma vamwe varume kuti vanobvunza Jesu mubvunzo vachiedza kumutsvakira mhosva. Mubvunzo wacho waiva wokuti, 'Tinofanira kubhadhara mutero kuna Kesari here kana kuti kwete?' Uyu wakanga uri mubvunzo wokuda kuwanira mhosva. Dai Jesu aizopindura kuti, 'Hungu, munofanira kubhadhara mutero,' vaJudha vazhinji vaisazofara nezvaaitaura. Asi Jesu aisagona kuti, 'Aiwa hamufaniri kubhadhara mutero.' Zvaizova zvisina kururama kutaura kudaro.

Saka, Jesu akaitei? Akati: 'Ndiratidzei mari.' Pavakauya nayo, Jesu akavabvunza kuti: 'Mufananidzo nezita zviri pairi ndezvaani?' Varume vacho vakati: "ZvaKesari." Saka Jesu akati: "Ipapo, munotofanira kudzorera zvinhu zvaKesari kuna Kesari, asi zvinhu zvaMwari kuna Mwari."—Ruka 20:19-26.

Hapana munhu aigona kuona chakaipa nemhinduro iyoyo. Kana Kesari achiitira vanhu zvinhu, zvakangonaka kushandisa mari yakagadzirwa naKesari kumubhadhara nokuda kwezvinhu izvi.

Jesu akapindura sei mubvunzo wokutsvaka mhosva wevarume ava?

Saka nenzira iyi Jesu akaratidza kuti zvakanaka kubhadhara mutero kuhurumende nokuda kwezvinhu zvatinowana.

Pamwe iwe hausati wakura zvokuti ubhadhare mutero. Asi pane chimwe chinhu chaunofanira kupa hurumende. Unoziva kuti chii here?— Kuteerera mitemo yehurumende. Bhaibheri rinoti: 'Teererai vane simba zvikuru.' Vane simba ava ndevaya vane simba muhurumende. Saka Mwari ndiye anoti tinofanira kuteerera mitemo yehurumende.—VaRoma 13:1, 2.

Pangave nomutemo wokuti tisakanda mapepa kana zvimwe zvinhu mumugwagwa. Unofanira kuteerera mutemo iwoyo here?— Hungu, Mwari anoda kuti uuteerere. Unofanira kuteererawo mapurisa here?— Hurumende inobhadhara mapurisa kuti adzivirire vanhu. Kuvateerera kwakafanana nokuteerera hurumende.

Saka kana uchida kuyambuka mugwagwa mupurisa oti "Mira!" unofanira kuitei?— Kana vamwe vakamhanya vachiyambuka, iwe unofanira kuteverawo here?— Unofanira kumira, kunyange uriwe woga akamira. Mwari anokurayira kuti uteerere.

Pangave nechinetso kwamunogara, uye mapurisa angati: "Musafamba mumugwagwa. Musabuda panze." Asi unogona kunzwa mhere-mhere woshamisika kuti chii chiri kuitika. Unofanira kubuda panze kuti uone here?— Uku kunenge kuri kuteerera "vane simba zvikuru" here?—

Munzvimbo dzakawanda, hurumende inovakawo zvikoro, uye inobhadhara vadzidzisi. Saka unofunga kuti Mwari anoda kuti uteerere mudzidzisi here?— Pafunge. Hurumende inobhadhara mudzidzisi kuti adzidzise, sezvainobhadharawo mapurisa kuti achengete vanhu. Saka kuteerera mupurisa kana kuti mudzidzisi kwakafanana nokuteerera hurumende.

Asi zvakadini kana mudzidzisi akati unofanira kunamata chimwe

Nei tichifanira kuteerera mupurisa?

chifananidzo? Ipapo uchaitei?— VaHebheru vatatu havana kupfugamira chifananidzo chiya kunyange apo Mambo Nebhukadhinezari akavaudza kudaro. Unoyeuka here kuti chikonzero nei?— Nokuti vakanga vasingadi kuputsa mutemo waMwari.

Mumwe munyori wenhau dzakaitika anonzi Will Durant akanyora nezvevaKristu vekare achiti 'kuzvipira kwavo kukuru [kana kuti kuvimbika] kwakanga kusiri kuna Kesari.' Aiwa kwaiva kuna Jehovha! Naizvozvo yeuka kuti Mwari anofanira kuuya pokutanga muupenyu hwedu.

Tinoteerera hurumende nokuti Mwari ndozvaanoda kuti tiite. Asi kana tikaudzwa kuti tiite chimwe chinhu icho Mwari anoti hatifaniri kuchiita, tinofanira kuti chii?— Tinofanira kutaura zvakataurwa nevaapostora kumupristi mukuru kuti: "Tinofanira kuteerera Mwari somutongi panzvimbo pevanhu."—Mabasa 5:29.

Tinodzidziswa kuremekedza mutemo muBhaibheri. Verenga zvakanyorwa pana Mateu 5:41; Tito 3:1; na1 Petro 2:12-14.

CHITSAUKO 29

MAPATI OSE ANOFADZA MWARI HERE?

UNOFARIRA kuenda kumapati here?— Anogona kunakidza chaizvo. Unofunga kuti Mudzidzisi Mukuru angada kuti tiende kumapati here?— Iye akaenda kune yatingati pati inoitwa kana munhu aroora, uye vamwe vadzidzi vake vakaendawo naye. Jehovha ndi"Mwari anofara," saka zvinomufadza patinonakidzwa pamapati akanaka.—1 Timoti 1:11; Johani 2:1-11.

Peji 29 yebhuku rino inotiudza kuti Jehovha akavhura nzira nomuGungwa Dzvuku kuti vaIsraeri vayambuke. Unoyeuka uchiverenga izvozvo here?— Pashure paizvozvo, vanhu vakaimba nokutamba vakaonga Jehovha. Yakanga yakaita sepati. Vanhu vakafara zvikuru, uye tinogona kuva nechokwadi chokuti Mwari akafarawo. —Eksodho 15:1, 20, 21.

Pashure pemakore anoda kusvika 40, vaIsraeri vakaenda kune imwe pati huru. Panguva ino vanhu vakavakoka vakanga vasingatombonamati Jehovha. Chokwadi, vanhu vakavakoka vaitopfugama vachinamata vamwe vanamwari uye vairara nevanhu vavakanga vasina kuroorana navo. Unofunga kuti zvakanga zvakanaka kuenda kupati yakadaro here?— Zvino Jehovha haana kufara nazvo, uye akaranga vaIsraeri vacho.—Numeri 25:1-9; 1 VaKorinde 10:8.

Nei Mwari akafadzwa nomutambo uyu?

Bhaibheri rinotaurawo nezvemapati maviri omusi wokuzvarwa. Imwe yacho yakanga iri yokupemberera musi wokuzvarwa kwoMudzidzisi Mukuru here?— Aiwa. Mapati omusi wokuzvarwa aya ose ari maviri akanga ari evarume vakanga vasinganamati Jehovha. Imwe yacho yakanga iri pati yomusi wokuzvarwa kwaMambo Herodhi Andipasi. Akanga ari mutongi woruwa rweGarireya apo Jesu aigara imomo.

Mambo Herodhi akaita zvinhu zvakaipa zvakawanda. Akatora mudzimai womunin'ina wake. Mudzimai wacho ainzi Herodhiyasi. Mushumiri waMwari Johani Mubhabhatidzi akaudza Herodhi kuti zvakanga zvisina kunaka kuti aite kudaro. Herodhi haana kuzvifarira. Saka akaita kuti Johani aiswe mujeri.—Ruka 3:19, 20.

Johani paakanga ari mujeri, zuva rokupemberera kuzvarwa kwaHerodhi rakasvika. Herodhi akaita mutambo mukuru. Akakoka vanhu vazhinji vanoremekedzwa. Vose vakadya vakanwa vakafara. Zvino mwanasikana waHerodhiyasi akauya akavatambira. Munhu wose akafara kwazvo nokutamba kwake zvokuti Mambo Herodhi akanga achida kumupa chipo chinokosha. Akati kwaari: "Chose chaunondikumbira, ndichakupa, kusvikira kuhafu youmambo hwangu."

Chii chakaitika papati yomusi wokuzvarwa kwaHerodhi?

Aizokumbirei? Yaizova mari here? mbatya dzakanaka here? musha wakaita sowamambo here? Musikana wacho akashaya zvokutaura. Saka akaenda kuna amai vake, Herodhiyasi, ndokuti: "Ndokumbirei?"

Zvino Herodhiyasi aivenga Johani Mubhabhatidzi zvikuru kwazvo. Saka akaudza mwanasikana wake kuti akumbire musoro waJohani. Musikana wacho akadzokera kuna Mambo akati: "Ndinoda kuti mundipe iye zvino mundiro huru musoro waJohani Mubhabhatidzi."

Mambo Herodhi akanga asingadi kuuraya Johani nokuti aiziva kuti Johani akanga ari munhu akanaka. Zvino Herodhi akanga avimbisa, uye aitya izvo vamwe vaiva papati yacho vaizofunga kudai aichinja zvaakanga ataura. Saka akatumira mumwe murume kujeri kunogura musoro waJohani. Murume wacho akadzoka nokukurumidza. Akanga aine musoro waJohani mundiro, uye akaupa kumusikana uya. Musikana uya akabva apa amai vake.—Mako 6:17-29.

Imwe pati yomusi wokuzvarwa iyo Bhaibheri rinotaura nezvayo yakanga yakaipawo. Yakanga iri yamambo weIjipiti. Paiitwawo pati iyi, mambo wacho akadimburisa musoro womumwe munhu. Pashure pa-

Nei Jesu asingagoni kuve akazvarwa pana December 25?

izvozvo, akaturika murume wacho kuti adyiwe neshiri! (Genesi 40: 19-22) Unofunga kuti Mwari akafara nepati mbiri idzodzo here?— Waizodai wakafarira kuvapo here?—

Tinoziva kuti zvinhu zvose zviri muBhaibheri zvirimo nokuda kwechikonzero. Rinotaura nezvemapati omusi wokuzvarwa maviri chete. Uye pane ose ari maviri, zvinhu zvakaipa zvakaitwa pakupemberera kwacho. Saka, ungati chii icho Mwari ari kutiudza pamusoro pemapati omusi wokuzvarwa? Mwari anoda kuti tipemberere misi yokuzvarwa here?—

Ichokwadi kuti pamapati akadaro nhasi, vanhu havadimburi musoro womumwe munhu. Asi pfungwa yacho yokupemberera musi wokuzvarwa yakatanga nevanhu vakanga vasinganamati Mwari wechokwadi. *The Catholic Encyclopedia* inoti nezvokupemberera zuva rokuzvarwa kunotaurwa muBhaibheri: "Vatadzi bedzi . . . vanopemberera zvikuru zuva ravakazvarwa." Tinoda kufanana navo here?—

Zvakadini noMudzidzisi Mukuru? Akapemberera zuva rake rokuzvarwa here?— Aiwa, Bhaibheri harimbotauri nezvepati yomusi wokuzvarwa kwaJesu. Chokwadi vateveri vaJesu vokutanga havana kupemberera zuva rake rokuzvarwa. Unoziva here kuti nei vanhu vakazosarudza kupemberera zuva raJesu rokuzvarwa pana December 25?—

Musi iwoyo wakasarudzwa nokuti sezvinotaura *World Book Encyclopedia* kuti: "vanhu veRoma vakanga vagara vachitouchengeta soMutambo waSaturn, vachipemberera kuzvarwa kwezuva." Saka vanhu vakasarudza kupemberera musi wokuzvarwa kwaJesu pamusi apo vahedheni vakanga vagara vachitova nezororo!

Unoziva here kuti nei Jesu asingagoni kuve akazvarwa muna December?— Nokuti Bhaibheri rinotaura kuti pakazvarwa Jesu, vafudzi vakanga vachiri kumafuro usiku. (Ruka 2:8-12) Uye vaisazova vari kunze ikoko kuchitonhora, mwedzi unonaya waDecember.

Vanhu vazhinji vanozviziva kuti Krisimasi harisi zuva rokuzvarwa kwaJesu. Vanotoziva kuti pazuva iroro vahedheni vaiva nokumwe kupemberera kwakanga kusingafadzi Mwari. Asi vazhinji vanongopemberera Krisimasi zvakadaro. Vanonyanya kufarira kuita pati kupfuura kutsvaka kuti Mwari anofungei chaizvo nezvazvo. Asi isu tinoda kufadza Jehovha, handiti?—

Saka patinoita mapati, tinoda kuva nechokwadi chokuti akanaka mukuona kwaJehovha. Tinogona kuaita chero nguva mukati megore. Hatifaniri kumirira zuva chairo. Tinogona kudya zvokudya zvakanaka tonakidzwa nokutamba mitambo. Ungada kuita izvozvo here?— Zvimwe unogona kutaura nevabereki vako vokubatsira kuronga mutambo. Izvozvo zvaizova zvakanaka, handiti?— Asi usati waronga kuita pati, unofanira kuva nechokwadi chokuti mutambo wacho unotenderwa naMwari.

Kukosha kwokugaroita zvinotenderwa naMwari kunoratidzwawo pana Zvirevo 12:2; Johani 8:29; VaRoma 12:2; na1 Johani 3:22.

CHITSAUKO 30

CHINOTIBATSIRA KUKURIRA KUTYA

UNOZVIWANA zviri nyore here kushumira Jehovha?— Mudzidzisi Mukuru haana kuti zvaizova nyore. Usiku hwokupedzisira Jesu asati aurayiwa, akataurira vaapostora vake kuti: "Kana nyika ichikuvengai, munoziva kuti yakandivenga isati yakuvengai."—Johani 15:18.

Petro akazvikudza achiti aisazombosiya Jesu, asi Jesu akataura kuti Petro aizoramba kuti anomuziva katatu usiku ihwohwo. Uye izvi ndizvo chaizvo zvakaita Petro! (Mateu 26:31-35, 69-75) Chinhu chakadaro chaizoitika sei?— Zvakaitika nokuti Petro akatya, uye ndizvo zvakaitawo vamwe vaapostora.

Unoziva here kuti nei vaapostora vakatya?— Havana kuita chimwe chinhu chinokosha zvikuru. Kudzidza nezveizvi kunogona kutibatsira kushumira Jehovha, pasinei nokuti mumwe munhu angati chii kana kuti angaitei kwatiri. Zvisinei, kutanga, tinofanira kuongorora zvakaitika pausiku hwokupedzisira uhwo Jesu akapedza ane vaapostora vake.

Kutanga vanochengeta Paseka pamwe chete. Uku kwakanga kuri kudya kunokosha kwaiitwa gore negore kuyeuchidza vanhu vaMwari nezvokununurwa kwavo kubva muuranda muIjipiti. Zvino Jesu anotanga kumwe kudya kunokosha navo. Tichazokukurukura muchitsauko chiri mberi totsanangura kuti kudya ikoko kunotibatsira sei kuyeuka Jesu. Vapedza kudya uye apa mashoko anokurudzira kuvaapostora vake, Jesu anoenda navo kubindu reGetsemane. Iyi inzvimbo yavanofarira yavaiwanzoenda.

Jesu anoenda kwake oga mubindu iroro onyengetera. Anoudzawo Petro, Jakobho, naJohani kuti vanyengetere. Asi vanorara. Katatu Jesu anoenda ari oga kunonyengetera, uye anodzoka katatu achiwana Petro nevamwe varara! (Mateu 26:36-47) Unoziva here kuti nei vaifanira kuramba vakamuka kuti vanyengetere?— Ngatitaure nezvazvo.

Judhasi Isikariyoti akanga ari paPaseka naJesu nevamwe vaapostora pakutanga manheru iwayo. Sezvaungadaro uchiri kuyeuka, Judhasi akanga ava mbavha. Zvino anova mutengesi. Anoziva nezvenzvimbo iri mubindu reGetsemane umo Jesu ave achiwanzosangana nevaapostora vake. Saka Judhasi anouya nevarwi ikoko kuti vazosunga Jesu. Pavanosvika, Jesu anovabvunza kuti: "Muri kutsvaka ani?"

Varwi vacho vanopindura kuti: "Jesu." Jesu haatyi, saka anopindura kuti: "Ndini." Varwi vanoshamiswa zvikuru noushingi hwaJesu zvokuti vanodzokera shure vachiwira pasi. Ipapo Jesu anoti: 'Kana ndiri ini wamuri kutsvaka, regai vaapostora vangu vaende.' —Johani 18:1-9.

Varwi vacho pavanobata Jesu vomusunga, vaapostora vanotya votiza. Asi Petro naJohani vanoda kuona zvinoitika, saka vanotevera vari nechokure. Pakupedzisira, Jesu anounzwa mumusha waKayafasi, mupristi mukuru. Sezvo Johani achizivikanwa nomupristi mukuru, murindi wegedhi anomubvumira pamwe naPetro kuti vapinde muchivanze.

Vapristi vatoungana pamba paKayafasi kuti vazotonga mhosva. Vanoda kuti Jesu aurayiwe. Saka vanopinza zvapupu zvinomurevera nhema. Vanhu vanorova Jesu nezvibhakera nembama. Zvose izvi pazviri kuitika, Petro ari pedyo.

Mushandi wechisikana, anorinda gedhi uyo abvumira Petro naJohani kuti vapinde, anoziva Petro. Anoti: "Newewo wakanga una

Nei Petro, Jakobho, naJohani vaifanira kuramba vakamuka?

Jesu wekuGarireya!" Asi Petro anoramba kunyange kuti anoziva Jesu. Pashure pechinguva mumwe musikana anoona Petro obva amuziva oti kune vakamirapo: "Murume uyu akanga ana Jesu." Petro anoramba zvakare kuti anoziva Jesu. Pashure pechinguva boka revanhu rinoona Petro roti kwaari: "Zvechokwadi iwewo uri mumwe wavo." Kechitatu Petro anoramba, achiti: "Munhu iyeye handimuzivi!" Petro anotopika kuti ari kutaura chokwadi, uye Jesu anotendeuka omutarisa.—Mateu 26:57-75; Ruka 22:54-62; Johani 18: 15-27.

Unoziva here kuti nei Petro akareva nhema?— Hungu, nokuti aitya. Asi aityei? Chii chaakanga asina kuita chaifanira kumuwanisa ushingi? Pafunge. Jesu akanga aitei kuti awane ushingi?— Akanga anyengetera kuna Mwari, uye Mwari akamubatsira kuti ave noushingi. Uye yeuka, Jesu akanga audza Petro katatu kuti anyengetere uye kuti arambe akamuka uye arambe akarinda. Asi chii chakanga chaitika?—

Nguva imwe neimwe, Petro airara. Haana kunyengetera, uye

Nei Petro aitya kwazvo zvokuti akareva nhema kuti akanga asingazivi Jesu?

haana kuramba akarinda. Saka zvakamushamisa Jesu paakasungwa. Gare gare pakutongwa kwacho, pavakarova Jesu ndokuronga kuti aurayiwe, Petro akatya. Asi, maawa mashomanana chete izvi zvisati zvaitika, Jesu akaudza vaapostora vake kutarisira chii?— Jesu akavaudza kuti sezvo nyika yakanga yamuvenga, yaizovavengawo.

Zvino ngatifunge pamusoro pechimwe chinhu chinogona kuitika kwatiri chakafanana nezvakaitika kuna Petro. Ngatitii uri mukirasi apo vamwe vanotanga kutaura zvinhu zvakaipa pamusoro pevanhu vasingasaruti mu-

Ungangozozviona wave mumamiriro ezvinhu akafanana neaPetro sei?

reza kana kuti kupemberera Krisimasi. Zvino zvakadini kana mumwe akatendeukira kwauri achibvunza kuti: "Ichokwadi here kuti *iwe* hausaruti mureza?" Kana kuti vamwe vanoti: "Tinonzwa kuti haupembereri chero Krisimasi zvayo!" Uchatya kutaura chokwadi here?— Uchava pamuedzo wokureva nhema, sezvakaita Petro here?—

Pashure pacho, Petro akazvidemba zvikuru kuti akanga aramba kuti aiziva Jesu. Paakaona zvaakanga aita, akabuda panze akachema. Akadzokera kuna Jesu. (Ruka 22:32) Pafunge, chii chinogona kutibatsira kuti tisanyanya kutya zvokubva tataura sezvakaita Petro?— Yeuka, Petro haana kunyengetera uye haana kuramba akarinda. Saka unoti tinofanira kuitei kuti tive muteveri woMudzidzisi Mukuru?—

Zvechokwadi tinotofanira kunyengetera kuna Jehovha kuti atibatsire. Jesu paakanyengetera, unoziva kuti Mwari akamuitirei here?— Akatumira ngirozi kuti imusimbise. (Ruka 22:43) Ngirozi dzaMwari dzinogona kutibatsira here?— Bhaibheri rinoti: "Mutumwa waJehovha unokomberedza vanomutya, nokuvarwira." (Pisarema 34:7) Asi kuti tibatsirwe naMwari, hatingonyengeteri chete. Unoziva kuti chii chimwe chatinofanira kuita here?— Jesu akaudza vateveri vake kuti varambe vakamuka uye varambe vakarinda. Unoti tingazviita sei izvozvo?—

Tinofanira kunyatsoteerera zvinotaurwa pamisangano yedu yechiKristu uye kuteerera zvatinoverenga muBhaibheiri. Asi tinofanirawo kunyengetera kuna Jehovha nguva dzose uye kumukumbira kutibatsira kumushumira. Kana tikadaro, tichabatsirwa kukunda kutya. Ipapo tichafara patichawana mukana wokuudza vamwe nezvoMudzidzisi Mukuru naBaba vake.

Magwaro aya anogona kutibatsira kusambobvumira kutya vamwe vanhu kuchititadzisa kuita zvakarurama: Zvirevo 29:25; Jeremia 26:12-15, 20-24; naJohani 12:42, 43.

CHITSAUKO 31

KWOKUWANA NYARADZO

UNOMBONZWA kusuruvara uye kusurukirwa here?— Unombofunga kuti hapana anokuda here?— Vamwe vana vanodaro. Asi Mwari anopikira kuti: *"Ini handingakukanganwi."* (Isaya 49:15) Izvozvo hazvifadzi kufunga nezvazvo here?— Jehovha Mwari anotida zvechokwadi!

Mumwe munyori weBhaibheri akati: "Nokuti baba vangu namai vangu vakandirasha, asi Jehovha uchandigamuchira." (Pisarema 27:10) Kuziva izvozvo kunogona kutinyaradza zvechokwadi, handiti?— Hungu, Jehovha anotiudza kuti: "Usatya nokuti ndinewe. . . . *Ndichakubatsira; zvirokwazvo."*—Isaya 41:10.

Zvisinei, dzimwe nguva Jehovha anobvumira Satani kutitambudza. Jehovha anotobvumira Satani kuedza vashumiri Vake. Dhiyabhorosi akambotambudza Jesu zvokuti Jesu akachema kuna Jehovha achiti: 'Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?' (Mateu 27:46) Kunyange zvazvo Jesu akanga ari kutambura, akanga achiri kuziva kuti Jehovha aimuda. (Johani 10:17) Asi Jesu aiziva kuti Mwari anobvumira Satani kuedza vashumiri vake uye anobvumira Satani kuvatambudza. Mune chimwe chitsauko tichatsanangura kuti nei Mwari achibvumira Satani kuita izvi.

Kana tichiri vaduku zvakaoma kuti tisatya pane dzimwe nguva. Somuenzaniso, wakamborasika here?— Wakatya here?— Vana vazhinji vangatya. Mudzidzisi Mukuru akambotaura imwe nyaya pamusoro pokurasika. Asi akanga asiri mwana akanga arasika. Raiva gwai.

Mune dzimwe nzira wakafanana negwai. Zvakadaro sei? Makwai

haasi makuru zvakanyanya uyewo haana kusimba. Uye anoda mumwe munhu wokuatarisira nokuadzivirira. Munhu anotarisira makwai anonzi mufudzi.

Munyaya yake Jesu akataura nezvomufudzi aiva nemakwai zana. Asi zvino rimwe gwai rakarasika. Ringadaro raida kuona kuti seri kwechikomo kwaiva nei. Asi nenguva pfupi, gwai iroro rakanga rava kure nemamwe. Ungafungidzira here kuti gwai iroro rakanzwa sei parakatarisa-tarisa ndokuona kuti rakanga rava roga?—

Mufudzi aizoita sei paaiona kuti rimwe gwai rainge risisipo? Aizoti here imhosva yaro gwai racho obva asiya zvakadaro? Kana kuti aizosiya makwai 99 panzvimbo yakachengeteka oenda kunotsvaka rimwe iroro? Gwai rimwe ringave nebasa zvokuti munhu angazvinetsa kudaro here?— Dai iwe waiva gwai iroro rarasika, waizoda kuti mufudzi akutsvake here?—

Mufudzi aida makwai ake ose zvikuru kunyange rakanga rarasika iroro. Saka akaenda kunoritsvaka. Funga kuti gwai rakanga rarasika iroro rakafara sei parakaona mufudzi achiuya! Uye Jesu akati mufudzi akafara kuti akanga awana gwai rake. Akarifarira kupfuura makwai 99 akanga asina

kurasika. Zvino ndiani akafanana nomufudzi iyeye womunyaya ya-Jesu? Ndiani anotitarisira sezvaiita mufudzi iyeye makwai ake?— Jesu akati Baba vake vari kudenga vanoita kudaro. Uye Baba vake ndi-Jehovha.

Jehovha Mwari Mufudzi Mukuru wevanhu vake. Anoda vose vanomushumira, kusanganisira vaduku sewe. Haadi kuti chero mumwe wedu akuvadzwe kana kuparadzwa. Chokwadi zvinofadza kwazvo kuziva kuti Mwari anotitarisira zvakadaro!—Mateu 18: 12-14.

Unodavira muna Jehovha Mwari zvechikwadi here?— Munhu chaiye kwauri here?— Ichokwadi kuti hatigoni kuona Jehovha. Zvakadaro nokuti Mudzimu. Ane muviri usingaoneki nemaziso edu. Asi munhu chaiye, uye anogona kutiona. Anoziva

Ndiani akafanana nomufudzi anunura gwai rake?

apo tinoda kubatsirwa. Uye tinogona kutaura naye mumunyengetero sokutaura kwatinoita nomumwe munhu ari pasi pano. Jehovha anoda kuti tiite izvi.

Naizvozvo kana uchimbonzwa kusuruvara kana kuti kusurukirwa, unofanira kuitei?— Taura naJehovha. Swedera pedyo naye, uye achakunyaradza nokukubatsira. Yeuka kuti Jehovha anokuda, kunyange paunenge uchinzwa sokuti uri woga. Ngatitore Bhaibheri redu. Pano pana Pisarema 23, tinoudzwa kutangira pandima 1 kuti: "Jehovha ndiye mufudzi wangu; hapana chandingashayiwa. Unondivatisa pasi pamafuro manyoro; unondisesedza pamvura inozorodza."



Jehovha munhu chaiye kwauri sezvakaita baba vako kana kuti mumwe munhu here?

Cherechedza izvo munyori wacho anowedzera mundima 4, kuti: "Zvirokwazvo, kunyange ndikafamba mumupata womumvuri worufu, handingatongotyi zvakaipa; nokuti muneni; tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza." Iwayo ndiwo manzwiro anoita vanhu kana Mwari wavo ari Jehovha. Vanowana nyaradzo pavanenge vari mumatambudziko. Iwayo ndiwo manzwiro aunoita here?—

Kufanana nomufudzi ane rudo anotarisira boka rake, Jehovha, anotarisirawo vanhu vake zvakanaka. Anovaratidza nzira yakarurama yokuenda nayo, uye vanomutevera nomufaro. Kunyange pavanenge vakakomberedzwa nezvinetso, havafaniri zvavo kutya. Mufudzi anoshandisa tsvimbo yake kudzivirira makwai pamhuka dzingaakuvadza. Bhaibheri rinotaura kuti Dhavhidhi somufudzi muduku akadzivirira sei makwai ake pashumba nebheya. (1 Samueri 17:34-

36) Uye vanhu vaMwari vanoziva kuti Jehovha achavadziviririrawo. Vanogona kunzwa vakachengeteka nokuti Mwari anavo.

Jehovha anoda makwai ake zvechokwadi, uye anoatarisira nounyoro. Bhaibheri rinoti: 'Somufudzi achatungamirira makwai ake.' —Isaya 40:11.

Hazvikuiti kuti unzwe zvakanaka here kuziva kuti ndizvo zvakaita Jehovha?— Unoda kuva rimwe remakwai ake here?— Makwai anoteerera inzwi romufudzi wawo. Anogara ari pedyo naye. Unoteerera Jehovha here?— Unogara uri pedyo naye here?— Kana zvakadaro haumbofaniri kutya. Jehovha achava newe.

Jehovha norudo anotarisira vanomushumira. Ngativerenge pamwe chete zvinotaura Bhaibheri pamusoro peizvi, pana Pisarema 37:25; 55:22; naRuka 12: 29-31.

Somufudzi ari kuchengeta makwai ake, ndiani anogona kutibatsira kana tava muchinetso?

CHITSAUKO 32

NZIRA IYO JESU AKADZIVIRIRWA NAYO

JEHOVHA dzimwe nguva anoita zvinhu zvinoshamisa kuti adzivirire vaduku uye vasingagoni kuzvidzivirira. Kana uchifamba musango, unogona kuona imwe nzira iyo Jehovha anoita nayo izvi. Asi pakutanga ungasanzwisisa chaizvo zviri kuitika.

Unoona shiri ichimhara pasi pedyo newe. Inoita seyakakuvara. Inokweva rimwe remapapiro ayo ichitiza paunoedza kuswedera pedyo nayo. Sezvaunotevera shiri yacho, inongoramba iri mberi kwako. Zvino, shiri yacho inobva yangobhururuka yoenda. Bapiro rayo ranga risina kumbokuvara! Unoziva kuti shiri yacho yanga ichitei here?—

Pamhara shiri yacho pedyo newe, vana vayo vanga vakavigwa mumakwenzi. Amai veshiri ava vanga vachitya kuti ungaona vana vavo ukavakuvadza. Saka vaedzesera kunge vakakuvara vakakuita kuti ubvepo. Unoziva here kuti ndiani anogona kutidzivirira sezvinoita amai veshiri kuvana vavo?— MuBhaibheri, Jehovha anofananidzwa neshiri inonzi gondo, iyo inobatsira vana vayo.—Dheuteronomio 32:11, 12.

Mwana waJehovha anokosha pane vose ndiJesu



Amai veshiri ava vari kudzivirira sei vana vavo?

Mwanakomana wake anodiwa. Jesu paakanga ari kudenga, akanga ari munhu womudzimu ane simba kufanana naBaba vake. Aigona kuzvitarisira. Asi Jesu paakaberekwa somwana panyika, akanga asingagoni kuzvidzivirira. Aida kudzivirirwa.

Kuti azadzike zvaidiwa naMwari kwaari pasi pano, Jesu akakura akava munhu akakwana, murume akakura zvakakwana. Zvisinei, Satani akaedza kuuraya Jesu izvozvo zvisati zvaitika. Kuedza kuuraya Jesu kwakaitwa paakanga achiri mwana uye nzira idzo Jehovha akamudzivirira nadzo inyaya inofadza. Unoda kuinzwa here?—

Chinguva pashure pokunge Jesu aberekwa, Satani anoita kuti chinhu chakaita senyeredzi chipenye mudenga kuMabvazuva. Varume vanonzi vazivi venyeredzi—vanoongorora nyeredzi, vanotevera nyeredzi kwemazana emakiromita kuenda kuJerusarema. Vasvikako vanobvunza kwaizoberekerwa aizova mambo wevaJudha. Varume vanoziva zvinotaura Bhaibheri panhau iyi pavanobvunzwa, vanopindura kuti: “MuBheterehema.”—Mateu 2:1-6.

Pashure pokunge vazivi venyeredzi vashanyira Jesu, Mwari anovanyevera nezvechii chinoponesa Jesu?

Pashure pokunge Herodhi, mambo akaipa ari muJerusarema, anzwa nezvamambo mutsva uyu achangobva kuberekwa mutaundi riri pedyo reBheterehema, anoudza vazivi venyeredzi kuti: 'Tsvakai mwana wacho mumuwane, mozodzoka kuzondiudza.' Unoziva here kuti nei Herodhi achida kuziva kuti Jesu aripi?— Imhaka yokuti Herodhi ane godo uye anoda kumuuraya!

Mwari anodzivirira sei Mwanakomana wake?— Vazivi venyeredzi pavanowana Jesu, vanomupa zvipo. Gare gare Mwari anozonyevera vazivi venyeredzi vacho muchiroto kuti vasadzokera kuna Herodhi. Saka vanodzokera kumusha neimwe nzira vasingadzokeri nokuJerusarema. Herodhi paanoona kuti vazivi venyeredzi vaenda, anotsamwa kwazvo. Achiedza kuuraya Jesu, Herodhi anoita kuti vakomana vose vari muBheterehema vari pasi pemakore maviri vaurayiwe! Asi panguva iyoyo Jesu atoenda.

Unoziva kuti Jesu anopukunyuka sei here?— Pashure pokunge vazivi venyeredzi vadzokera kumusha, Jehovha anopa nyevero kumurume waMariya, Josefa, kuti asimuke otizira kure kuIjipiti. Ikoko Jesu akachengeteka pana Herodhi akaipa. Kwapera makore, apo Mariya naJosefa vanodzoka vachibva Ijipiti naJesu, Mwari anopa imwe nyevero kuna Josefa. Anomuudza muchiroto kuti aende kuNazareta, uko Jesu achave akachengeteka.—Mateu 2:7-23.

Jesu achiri muduku anoponeswa sei zvekare?

Unoona here nzira iyo Jehovha akadzivirira nayo Mwanakomana wake?— Ndiani waungati akafanana nemanyana eshiri akavigwa naamai vawo mumakwenzi kana kuti akafanana naJesu paakanga ari mwana muduku? Hauna

kufananawo nawo here?— Kune vanoda kukukuvadzawo. Unoziva kuti ndivanaani here?—

Bhaibheri rinoti Satani akafanana neshumba inodzvova inoda kutidya. Uye kungofanana neshumba dzinowanzodya mhuka duku, Satani nemadhimoni ake vanowanzonanga vana. (1 Petro 5:8) Asi Jehovha akasimba kupfuura Satani. Jehovha anogona kudzivirira vana vake kana kuti kugadzirisa zvakaipa zvose izvo Satani anoita pavari.

Unoyeuka here kubva muChitsauko 10 chebhuku rino izvo Dhiyabhorosi nemadhimoni ake vanoedza kutiitisa?— Vanoedza kutiita kuti tirare pamwe chete somurume nomukadzi tisina kuroorana, izvo zvinonzi naMwari hazvina kururama. Asi ndivanaani bedzi vanofanira kurara vose?— Vanhu vakura, murume nomukadzi vakaroorana.

Zvisinei, zvinosiririsa kuti vamwe vanhu vakura vanoda kurara nevana. Pavanodaro, vakomana nevasikana vangatanga kuita zvinhu zvakaipa zvavakadzidza kuvakuru ava. Vanotangawo kushandisa nhengo dzavo dzokubereka nadzo nenzira isiri iyo. Izvozvo ndizvo zvakaitika kare kare muguta reSodhomu. Bhaibheri rinoti vanhu vemo "*vaduku* navakuru," vakaedza kurara nevarume vakanga vauya kuzoshanyira Roti.—Genesi 19:4, 5.

Naizvozvo sokungoda kudzivirirwa kwaiita Jesu, newewo unoda kudzivirirwa pavanhu vakuru—uye kunyange vamwe vana—vangaedza kuda kurara newe. Kazhinji, vanhu ava vachaedzesera kuva shamwari dzako. Vanogona kunyange kutokupa zvimwe zvinhu kana ukavavimbisa kuti hauzoudzi vamwe pamusoro pezvavanoda kuita newe. Asi vanhu ava vane udyire, kufanana naSatani nemadhimoni ake, uye vanongoda kuzvifadza chete. Uye vanoedza kuwana mufaro uyu nokurara nevana. *Izvi zvakaipa kwazvo!*

Unoziva zvavangaita here kuti vazvifadze?— Vangaedza kubatabata nhengo dzako dzakavandika. Kana kuti vachatokwizira nhe-

Chii chaunofanira kutaura nokuita kana mumwe munhu akaedza kukubata-bata zvisina kururama?



ngo dzavo dzokubereka pane dzako. Asi haufaniri kumbobvumira chero munhu kutamba nechirema chako kana kuti sikarudzi. Kunyange hanzvadzi yako chaiyo, amai kana kuti baba. *Nhengo dzomuviri wako idzi dzakavandika.*

Ungadzivirira sei muviri wako pavanhu vanoita zvakaipa zvakadai?—Kutanga, usabvumira chero munhu upi zvake kutambisa nhengo dzako dzokubereka nadzo. Kana mumwe munhu akaedza kuita izvi, taura zvakasimba nenzwi guru kuti: "*Rega kudaro! Ndichanokumhan'arira!*" Uye kana munhu iyeye akataura kuti zvaitika zvacho imhosva yako, usabvuma izvozvo. Hachisi chokwadi. Enda unomumhan'arira chete pasinei nokuti ndiani! Unofanira kuita kudaro kunyange kana akataura kuti zvamuri kuita pamwe ndezvenyu chete muri vaviri. Kunyange kana munhu iyeye akakuvimbisa kukupa zvipo zvakanaka kana kuti akakutyisidzira, unofanira kubva paari wonomumhan'arira chete.

Haufaniri kutya, asi unofanira kungwarira. Vabereki vako pavanokunyevera pamusoro pevanhu kana kuti nzvimbo dzinogona kuva nengozi kwauri, unofanira kuvateerera. Kana ukadaro, unoita kuti munhu akaipa asazogona kukukuvadza.

Verenga pamusoro pokuzvidzivirira pazviito zvokurara nevanhu zvisina kururama, pana Genesi 39:7-12; Zvirevo 4:14-16; 14:15, 16; 1 VaKorinde 6:18; na-2 Petro 2:14.

CHITSAUKO 33

JESU ANOGONA KUTIDZIVIRIRA

JESU paakakura ndokuzoziva nzira iyo akanga adzivirirwa nayo achiri muduku, unofunga kuti akanyengetera kuna Jehovha akamutenda here?— Unofunga kuti Jesu angave akazoudzei Mariya naJosefa paakaziva kuti vakanga vaponesa upenyu hwake nokuenda naye kuIjipiti?—

Chokwadi, Jesu haasisiri mwana. Haasisiri kunyange kugara panyika sezvaakamboita. Asi wakaona here kuti mazuva ano vamwe vanhu vanenge vanofunga nezvaJesu sorusvava ruri muchidyiro chezvipfuwo?— Izvi zvinoitika panguva yeKrisimasi apo munzvimbo dzakawanda mifananidzo yaJesu ari kasvava inoonekwa.

Kunyange zvazvo Jesu asisiri kugara pasi pano, unodavira kuti mupenyu here?— Hungu, akamutswa kubva kuvakafa, uye iye zvino ava Mambo ane simba mudenga. Unofunga kuti chii chaanogona kuita kudzivirira vanomushumira?— Jesu paakanga ari pasi pano, akaratidza kuti aigona kudzivirira sei vaimuda. Ngatione kuti akazviita sei rimwe zuva apo akanga aenda neigwa nevadzidzi vake.

Unoona sei Jesu—saMambo ane simba here kana kuti sekasvava zvako kanoda kutarisirwa?

Zuva rava kunovira. Jesu ave achidzidzisa zuva rose pedyo neGungwa reGarireya, iro riri dhamu guru rakareba anenge makiromita 20 uye makiromita anenge 12 kufara. Zvino anoti kuvadzidzi vake: "Ngatiyambukirei mhiri kwegungwa." Saka vanopinda muigwa vonanga mhiri kwegungwa racho. Jesu aneta zvikuru, saka anoenda kumashure kweigwa racho orara pamutsago. Pasina nguva refu afa nehope.

Vadzidzi vacho vanoramba vakamuka kuti vadzore igwa. Zvinhu zvose zviri kufamba zvakanaka kwechinguva, asi zvino mhepo ine simba inotanga. Inoramba ichiwedzera kuvhuvhuta zvine simba, uye mafungu acho anoramba achikura. Mafungu acho anotanga kupinda muigwa, uye igwa rinotanga kuzara mvura.

Vadzidzi vanotya kuti vachanyura. Asi Jesu haatyi. Achakarara kumashure kweigwa. Pakupedzisira, vadzidzi vanomumutsa, vachiti: 'Mudzidzisi, Mudzidzisi, tiponesei; tava kufira mudutu rino.' Ipapo Jesu anomuka otaura nemhepo nemafungu. Anoti: "Shi-i! Nyarara!"

Pakarepo mhepo yacho inomira kuvhuvhuta, uye



Jesu ari kuti chii kumhepo nemafungu?

gungwa racho rinodzikama. Vadzidzi vanoshamiswa. Havasati vamboona chinhu chakadai. Vanotanga kutaurirana vachiti: "Iyeyu anombova ani, nokuti anotorayira mhepo nemvura, uye zvinomuteerera?"—Ruka 8:22-25; Mako 4:35-41.

Unoziva kuti Jesu ndiani here?— Unoziva here kuti anowanepi simba rake guru?— Vadzidzi vaisafanira kutya Jesu paaiva navo, nokuti Jesu akanga asiri munhuwo zvake. Aigona kuita zvinhu zvinoshamisa izvo zvisina mumwe aigona kuzviita. Rega ndikuudze nezvechimwe chinhu chaakamboita pagungwa raiva nedutu.

Rimwewo zuva ava manheru, Jesu anoudza vadzidzi vake kuti vakwire igwa vafa-

Nei Jesu akaita zvishamiso?

noenda mhiri kwegungwa. Zvino Jesu anokwira mugomo ari oga. Inzvimbo yakanyarara yaanogona kunyengetera kuna Baba vake Jehovha Mwari.

Vadzidzi vanopinda muigwa votanga kufamba vachiyambuka gungwa. Asi pakarepo mhepo inotanga kuvhuvhuta. Inoramba ichi-

wedzera kuvhuvhuta zvakasimba. Zvino hwava usiku. Varume vacho vanobvisa seiri votanga kukwasva. Asi havasi kufamba nokuti mhepo ine simba iri kuenda kwavari kubva. Igwa racho riri kuti rikaenda rodzoka mumafungu acho makuru, uye mvura iri kupinda mukati. Varume ava vanoshanda nesimba kuti vaedze kusvika kumahombekombe, asi havagoni.

Jesu achiri oga mugomo. Ave arimo kwenguva yakareba. Asi iye zvino anogona kuona kuti vadzidzi vake vave mungozi nemafungu makuru. Naizvozvo anoburuka mugomo achienda kumucheto kwegungwa. Jesu anoda kubatsira vadzidzi vake, naizvozvo anotanga kufamba achienda kwavari nepamusoro pegungwa rine dutu!

Chii chinoitika kana ukaedza kufamba pamusoro pemvura?— Unonyura, uye unogona kufira mumvura. Asi Jesu akasiyana. Ane simba chairo. Jesu paari kuda kufamba kuti anosvika kuigwa pakareba. Naizvozvo kwava kuda kutoedza vadzidzi pavanoona Jesu achiuya kwavari ari pamusoro pemvura. Asi havagoni kudavira zvavanoona. Vanotya zvikuru, uye vanodanidzira nokutya. Zvino Jesu anotaura navo achiti: "Shingai, ndini; musatya."

Jesu paanongopinda muigwa racho, dutu racho rinomira. Vadzidzi vanoshamiswa zvekare. Vanowira pasi pamberi paJesu vachiti: "Chaizvoizvo imi muri Mwanakomana waMwari."—Mateu 14:22-33; Johani 6:16-21.

Zvaisazofadza here kurarama kare ikako uye kuona Jesu achiita zvinhu zvakadaro?— Unoziva here kuti nei Jesu akaita zvinhu izvozvo zvinoshamisa?— Akaita zvinhu izvozvo nokuti aida vadzidzi vake uye aida kuvabatsira. Asi akaitawo zvinhu izvozvo kuratidza simba guru raaiva naro uye raaizoshandisa munguva yemberi soMutongi woUmambo hwaMwari.

Kunyange nhasi Jesu anoshandisa simba rake kakawanda kudzivirira vateveri vake pakuedza kwaSatani kuvamisa kutaurira vamwe nezvoUmambo hwaMwari. Asi Jesu haashandisi simba rake kudzivirira vadzidzi vake kuti vasarwara kana kuti kuvaporesa pavanenge vachirwara. Kunyange vaapostora vaJesu vose pakupedzisira vakafa. Jakobho mukoma waJohani akapondwa, uye Johani pachake akaiswa mujeri.—Mabasa 12:2; Zvakazarurwa 1:9.

Zvakafananawo nhasi. Vanhu vangave vachishumira Jehovha kana kuti kwete, vose vanogona kurwara nokufa. Asi nokukurumidza, mukutonga kwaJesu saMambo wehurumende yaMwari, zvinhu zvichave zvakasiyana. Panguva iyoyo hapana munhu achafanira kutya nokuti Jesu achashandisa simba rake kukomborera vose vanomuteerera.—Isaya 9:6, 7.

Jesu anodzivirira vateverivake sei nhasi?

Mamwe magwaro anoratidza simba guru raJesu, uyo Mwari anoita Mutongi muUmambo hwake, ndiDhanieri 7:13, 14; Mateu 28:18; naVaEfeso 1:20-22.

CHITSAUKO 34

CHII CHICHAITIKA KANA TIKAFA?

SEZVAUNGAVE uchiziva, vanhu nhasi vanokwegura, vanorwara, vofa. Kunyange vamwe vana vanofa. Unofanira kutya kufa here kana kuti kutya mumwe munhu akafa?— Unoziva zvinoitika kana tikafa here?—

Zvechokwadi, hapana munhu mupenyu nhasi akambofa akamuka kuti atiudze nezvazvo. Asi, Jesu, Mudzidzisi Mukuru, paakanga ari pasi pano, paiva nomunhu akambofa akamuka. Tinogona kudzidza pamusoro pezvinoitika kune vanenge vafa nokuverenga nezvake. Murume wacho akanga ari shamwari yaJesu uye aigara muBhetani, taundi duku iri pedyo neJerusarema. Zita rake ainzi Razaro, uye aiva nehanzvadzi mbiri, Marita naMariya. Ngatione zvinonzi neBhaibheri zvakaitika.

Rimwe zuva Razaro anorwara zvikuru. Panguva iyoyo, Jesu ari kure. Saka Marita naMariya vanotumira munhu kuti anoudza Jesu kuti hanzvadzi yavo, Razaro, iri kurwara. Vanoita kudaro nokuti vanoziva kuti Jesu anogona kuuya ozoporesa hanzvadzi yavo. Jesu haasi chiremba, asi ane simba rinobva kuna Mwari zvokuti anogona kuporesa urwere hwemarudzi ose.—Mateu 15:30, 31.

Zvisinei, Jesu asati aenda kunoona Razaro, Razaro anorwara kwazvo zvokuti anofa. Asi Jesu anoudza vadzidzi vake kuti Razaro akarara uye kuti achaenda kunomumutsa. Vadzidzi havanzwisisi kuti Jesu ari kurevei. Saka Jesu anotaura pachena kuti: "Razaro afa." Izvi zvinoratidzei nezvorufu?— Hungu, kuti rwakaita sehope huru. Ihope huru kwazvo dzokuti munhu wacho haamboroti.

Jesu zvino ari kuuya kuzoshanyira Marita naMariya. Shamwari zhinji dzemhuri yacho dzatosvika. Vauya kuzonyaradza vaviri ava nokuti vafirwa nehanzvadzi yavo. Marita paanonzwa kuti Jesu ari kuuya, anoenda kunosangana naye. Nokukurumidza Mariya anobudawo kuti anoona Jesu. Akasuruvara kwazvo uye ari kuchema, uye anowira patsoka dzake. Dzimwe shamwari dzatevera Mariya dziri kuchemawo.

Mudzidzisi Mukuru anobvunza kuti vaisepi Razaro. Ipapo vanhu vanotungamirira Jesu kubako kwavigwa Razaro. Jesu paanoona vanhu vose vachichema, anotanga kuchemawo. Anoziva kurwadza kwazvinoita kufirwa nomunhu waunoda.

Dombo rakavhara pamuromo pebako racho, saka Jesu anoti: "Bvisai dombo." Vanofanira kubvisa here?— Marita haafungi kuti ipfungwa yakanaka. Anoti: 'Ishe, anofanira kunge ave kunhuhwa panguva ino, nokuti ave nemazuva mana akafa.'

Asi Jesu anoti kwaari: "Handina kukuudza here kuti kudai waizotenda waizoona mbiri yaMwari?" Jesu anoreva kuti Marita aizoona chimwe chinhu chaizounza mbiri kuna Mwari. Jesu achaitei? Dombo parinobviswa, Jesu anonyengetera zvinonzwika kuna Jehovha. Zvino Jesu anoti nenzwi guru: "Razaro, buda!" Aizobuda here? Aigona here?—

Unogona kumutsa munhu akarara here?— Hungu, kana ukadanidzira nenzwi guru anomuka. Asi unogona kumutsa munhu akarara hope dzorufu here?— Aiwa. Pasinei nokuti unodanidzira nenzwi guru sei, munhu akafa haazonzwi. Hapana chinhu icho iwe kana ini kana mumwe munhu ari panyika nhasi anogona kuita kumutsa vakafa.

Asi Jesu akasiyana. Ane simba chairo rinobva kuna Mwari. Saka Jesu paanodana Razaro, chinhu chinoshamisa chinoitika. Murume

anga akafa kwemazuva mana anobuda mubako! Anodzorerwa kuupenyu! Ava kugona kufema uye kufamba nokutaura zvekare! Chokwadi, Jesu anomutsa Razaro kubva kuvakafa.—Johani 11:1-44.

Zvino pafunge: Chii chakaitika kuna Razaro paakafa? Pane chimwe chinhu—mweya kana kuti mudzimu—chakabuda mumu-

Chii chaitwa naJesu kuna Razaro?

viri wake ndokuenda kunogara kune imwe nzvimbo here? Mweya waRazaro wakaenda kudenga here? Akanga ari mupenyu kwemazuva mana kudenga ikoko naMwari nengirozi tsvene here?—

Aiwa, akanga asiri. Yeuka, Jesu akati Razaro akanga akarara. Unonzwa sei kana wakarara? Kana wakarara hope huru, hauzivi zvinenge zvichiitika pauri, unoziva here?— Uye paunomuka, haumbozivi kuti wave wakarara kwenguva yakareba sei kuzosvikira watarisa wachi.

Zvakadarowo nevanhu vakafa. Havana chavanoziva. Hapana *chavanonzwa.* Uye hapana chavanogona *kuita.* Ndizvo zvazvaive

Razaro anga ari muchimiro chakaita sei paanga akafa?

zvakaita kuna Razaro paakanga akafa. Rufu rwakaita sehope huru zvokuti munhu hapana chaanoyeuka. Bhaibheri rinoti: "Vakafa havana chavanoziva."—Muparidzi 9:5, 10.

Imbofungawo kuti: Dai Razaro akanga ari kudenga kwemazuva mana iwayo, aidai asina kumbotaura chimwe chinhu nezvazvo here?— Uye kudai akanga ari kudenga Jesu aizodai akamudzosa pasi pano kubva kunzvimbo yakanaka kudaro here?— Chokwadi aisazodaro!

Asi, vanhu vazhinji vanotaura kuti *tine* mweya, uye vanoti mweya wacho unoramba uchirarama pashure pokunge muviri wafa. Vanoti mweya waRazaro wakanga uri mupenyu kune imwe nzvimbo. Asi Bhaibheri haritauri kudaro. Rinoti Mwari akasika munhu wokutanga Adhamu "mweya mupenyu." Adhamu akanga *ari* mweya. Bhaibheri rinotaurawo kuti Adhamu paakatadza, akafa. Akava "mweya wakafa," uye akadzokera kuguruva raakanga agadzirwa naro. Bhaibheri rinotaura kuti vana vaAdhamu vose vakagarawo nhaka yechivi norufu.—Genesi 2:7; 3:17-19; Numeri 6:6; VaRoma 5:12.

Saka sezviri pachena, *hatina* mweya wakaparadzana nomuviri wedu. Mumwe nomumwe wedu *ndiye* mweya. Uye sezvo vanhu vakagara nhaka yechivi kubva kumunhu wokutanga Adhamu, Bhaibheri rinoti: 'Mweya unotadza uchafa.'—Ezekieri 18:4.

Vamwe vanhu vanotya vakafa. Havatomboswederi pedyo nemakuva nokuti vanofunga kuti vakafa vane mweya yakaparadzana nemiviri yavo ingakuvadza vapenyu. Asi munhu akafa anogona kukuvadza munhu mupenyu here?— Aiwa, haagoni.

Vamwe vanotodavira kuti vakafa vanogona kudzoka semidzimu kuzoshanyira vapenyu. Saka vanogadzirira vakafa zvokudya. Asi vanhu vanoita izvozvo havadaviri chaizvo izvo Mwari anotaura pamusoro pevakafa. Kana tichidavira izvo Mwari anotaura, hatimbotyi vakafa. Uye kana tichionga Mwari zvechokwadi nokuda kwoupenyu, tichazviratidza nokuita zvinhu zvinodiwa naMwari.

Asi pamwe zvingakunetsa kuti: 'Mwari achadzosa vana vakafa kuupenyu here? *Anoda* here zvechokwadi?' Ngatizvitaure muchikamu chinotevera.

Ngativerengezve muBhaibheri pamusoro pezvakaita vakafa uye pamusoro pokuti munhu mweya pana Pisarema 115:17; 146:3, 4; naJeremia 2:34.

Nei pasina chikonzero chokutya vanhu vakafa?



CHITSAUKO 35

TINOGONA KUMUKA KUBVA MURUFU!

KANA tikafa, Mwari *achada* kutimutsa here, kureva kutidzosera kuupenyu?— Murume akanaka Jobho aidavira kuti Mwari aida. Saka Jobho paakafunga kuti akanga oda kufa, akati kuna Mwari: "Maizodana, ini ndikakupindurai." Jobho akataura kuti Jehovha Mwari *aizoshuva,* kana kuti kuda zvikuru kumumutsa.—Jobho 14:14, 15.

Jesu akangofanana naJehovha Mwari, Baba vake. Jesu *anoda* kutibatsira. Apo mumwe murume airwara nemaperembudzi akati kwaari, "Kana *muchida* henyu, munogona kundiita kuti ndichene," Jesu akapindura kuti: "*Ndinoda.*" Uye murume wacho akabva aporeswa.—Mako 1: 40-42.

Jesu akadzidza kuna Baba vake kuda vana. Kare kare Jehovha akashandisa vashumiri vake kaviri kumutsa vana vaduku. Eriya akateterera Jehovha kuti amutse mwanakomana womukadzi akanga aitira Eriya zvakanaka. Uye Jehovha akazviita. Jehovha akashandi-

Jehovha akaratidza sei kuti anoda vaduku?

sawo muranda wake Erisha kumutsa mukomana muduku.—1 Madzimambo 17:17-24; 2 Madzimambo 4:32-37.

Hazvifadzi here kuziva kuti Jehovha anotida kudaro?— Haangotifungi tiri vapenyu chete. Anotiyeukawo kana tikafa. Jesu akataura kuti Baba vanotoona vakafa vavanoda sevapenyu! (Ruka 20:38) Bhaibheri rinoti 'rufu kana upenyu kana zvinhu zviripo zvino kana zvinhu zvichauya hazvigoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari.'—VaRoma 8:38, 39.

Jesu paakanga ari pasi pano, akaratidza kuti Jehovha ane hanya nevana vaduku. Uchayeuka kuti Jesu akatora nguva yokutaura nevana pamusoro paMwari. Asi waizviziva here kuti Mwari akapa Jesu simba rokudzosa vaduku kubva kuvakafa?— Ngatitaure nezvenguva apo Jesu akamutsa mumwe mwanasikana aiva nemakore 12 womurume ainzi Jairosi.

Jairosi anogara nomudzimai wake nomwana wavo mumwe bedzi pedyo neGungwa reGarireya. Rimwe zuva musikana muduku uyu anorwara zvikuru, uye Jairosi anoona kuti achafa. Anotanga kufunga nezvaJesu, murume uya anoshamisa uyo Jairosi akanzwa nezvake anogona kuporesa vanhu. Saka Jairosi anoenda kunomutsvaka. Anowana Jesu ari pedyo neGungwa reGarireya, achidzidzisa vanhu vakawanda.

Jairosi anopinda nomukati meboka revanhu onowira patsoka dzaJesu. Anoti kuna Jesu: 'Kasikana kangu karwara zvikuru. Mungauya kuzokabatsira here ndapota? Ndapota uyai.' Pakarepo, Jesu anoenda naJairosi. Boka revanhu rauya kuzoona Mudzidzisi Mukuru rinoteverawo. Asi pashure pokunge vafamba, vamwe varume vanouya vachibva kumba kwaJairosi vomuudza kuti: "Mwanasikana wenyu afa! Muchiri kunetserei henyu mudzidzisi?"

Jesu anonzwa varume vacho vachitaura kudaro. Anoziva kuti

Tinodzidzei pakumutsa kwakaita Jesu mwanasikana waJairosi?

Jairosi asuruvara sei nokurasikirwa nomwana wake mumwe bedzi. Saka anomuudza kuti 'Usatya. Tenda Mwari bedzi, uye mwanasikana wako achanaya.' Vanoramba vachienda kusvika vasvika kumba kwaJairosi. Pano shamwari dzemhuri yacho dziri kuchema. Vasuruvara kwazvo nokuti shamwari yavo duku yafa. Asi Jesu anovaudza kuti: 'Musachema. Muduku uyu haana kufa, asi akarara.'

Jesu paanotaura izvi, vanhu vanotanga kuseka, nokuti vanoziva kuti musikana wacho afa. Saka unofunga kuti nei Jesu achiti akarara? Unofunga chidzidzo chipi chaanoda kudzidzisa vanhu?— Anoda kuti vazive kuti rufu runogona kuita sehope huru. Anoda kuvadzidzisa kuti kuburikidza nesimba raMwari, anogona kudzosa munhu akafa kuupenyu nyore nyore sezvatinoita tichimutsa munhu akarara.

Jesu anoita kuti vanhu vose vabude, kunze kwevaapostora vake Petro, Jakobho, uye Johani nababa naamai vomusikana wacho. Zvino anoenda kune mwana muduku uyu. Anomubata ruoko rwake oti: 'Musikana, muka!' Uye pakarepo anomuka otanga kufamba! Baba vake naamai vake vanofara zvikuru.—Mako 5:21-24, 35-43; Ruka 8: 40-42, 49-56.

Zvino funga izvi. Sezvo Jesu aigona kudzosa musikana muduku iyeye kuupenyu, anogona kudarowo kune vamwe here?— Unofunga kuti achazviita here zvechokwadi?— Hungu, achazviita. Jesu pachake akati: "Awa iri kuuya mairi avo vose vari mumakuva ekurangaridza vachanzwa inzwi [rangu] vobuda."—Johani 5:28, 29.

Unofunga kuti Jesu *anoda* kumutsa vakafa here?— Mumwe muenzaniso uri muBhaibheri unobatsira kupindura mubvunzo iwoyo. Zvinoitika rimwe zuva pedyo neguta reNaini zvinoratidza kuti Jesu anonzwa sei pamusoro pevanhu vari kuchema pamariro.

Mumwe mukadzi ari mumudungwe wemariro omwanakomana wake, boka racho sezvarinobuda muNaini. Akanga atofirwa kare nomurume wake, uye zvino mwana wake *mumwe* bedzi afa. Asuruvara sei! Vanhu vazhinji veNaini vari kutevera sezvo mutumbi womwanakomana wake unotakurwa uchiendeswa kunze kweguta. Mukadzi wacho ari kuchema, uye vanhu havana zvavanogona kuita kumunyaradza.

Zvinoitika kuti, Jesu nevadzidzi vake vari kuenda kuguta reNaini pazuva iri. Pedyo nesuo reguta, vanosangana neboka revanhu riri kuenda kunoviga mwanakomana womukadzi iyeye. Jesu paanoona mukadzi ari kuchema, anomunzwira tsitsi zvikuru. Mwoyo wake unorwadziwa nokusuruvara kwake kukuru. Anoda kumubatsira.

Saka nounyoro asi nenzira yakasimba inoita kuti ateerere, anoti: "Rega kuchema." Zvaanoita zvinoita kuti vanhu vose vamutarise vachida kuziva. Jesu sezvaanoenda kumutumbi wacho, vanhu vose vanofanira kushamiswa kuti achaitei. Jesu anotaura, achirayira kuti: "Jaya, ndinoti kwauri, Muka!" Pakarepo anomuka ogara! Uye anotanga kutaura.—Ruka 7:11-17.

Fungidzira kuti mukadzi wacho anofanira kuve akanzwa sei! Waizonzwa sei nokugamuchira vadiwa vakafa vamukazve?— Izvi

hazviratidzi here kuti Jesu anoda vanhu zvechokwadi uye *anoda* kuvabatsira?— Ingofungidzira kuti zvichava zvichifadza sei munyika itsva yaMwari kugamuchira vanhu kuupenyu!—2 Petro 3:13; Zvakazarurwa 21:3, 4.

Panguva iyoyo vamwe vachamutswa vachava vanhu vataimboziva, kusanganisira vana. Tichavaziva kuti ndivanaani sokungoziva kwakaita Jairosi mwanasikana wake Jesu paakamumutsa. Vamwe vachange vari vanhu vakafa mazana kana kuti zviuru zvemakore zvakapfuura. Asi Mwari haazovakanganwi, kunyange zvazvo vakararama kare.

Hazvifadzi here kuziva kuti Jehovha Mwari noMwanakomana wake, Jesu, vanotida zvakadaro?— Vanoda kuti tirarame, kwete kwemakore mashomanana bedzi, asi nokusingaperi!

Pamusoro petariro inoshamisa yeBhaibheri nokuda kwevakafa, tapota verenga Isaya 25:8; Mabasa 24:15; na1 VaKorinde 15:20-22.

Ko kumutswa kwomwana mumwe bedzi womukadzi uyu kunoratidzei?

CHITSAUKO 36

NDIVANAANI VACHAMUTSWA? VACHAGARA KUPI?

MUZVITSAUKO zviviri zvapfuura, vanhu vangani vataverenga nezvavo vakamutswa?— Vaiva vashanu. Vangani vaiva vana?— Vatatu. Uye wechina anonzi murume muduku. Unofunga izvi zvinoratidzei?—

Zvinoratidza kuti Mwari anoda vechiduku. Asi achamutsawo vamwe vakawanda. Mwari achamutsa vakaita zvakanaka chete here?— Tingafunga kudaro. Asi vanhu vazhinji havana kumbodzidza chokwadi nezvaJehovha Mwari noMwanakomana wake. Saka vakaita zvakaipa nokuti vakadzidziswa zvinhu zvisina kururama. Unofunga Mwari achamutsa vanhu vakadaro here?—

Bhaibheri rinoti: "Kuchava nokumuka kwevakarurama nevasina kururama." (Mabasa 24:15) Avo vakanga *vasina* kururama, kana kuti *vasina* kuita zvakarurama vachamutsirwei?— Nokuti havana kumbowana mukana wokudzidza nezvaJehovha nezvaanoda kuti vanhu vaite.



Nei Mwari achamutsa vamwe vasina kuita zvakanaka?



Unofunga kuti vanhu vachamutswa rini?—Funga kuti pakafa Razaro Jesu akapikira hanzvadzi yake Marita kuti: "Hanzvadzi yako ichamuka." Marita akapindura kuti: "Ndinoziva kuti achamuka pakumuka pazuva rokupedzisira." (Johani 11:23, 24) Marita airevei paakati Razaro aizomuka "pazuva rokupedzisira"?—

Marita akanga anzwa nezvechipikirwa chaJesu chokuti: 'Vose vari mumakuva okurangaridza vachabuda.' (Johani 5:28, 29) Naizvozvo "zuva rokupedzisira" nderiya apo vose vari mundangariro dzaMwari vachadzoswa kuupenyu. Zuva iri harisi zuva remaawa 24. Richange rakareba makore ane chiuru. Pazuva iri, Bhaibheri rinoti, 'Mwari achatonga vanhu vari panyika.' Vanhu vaanotonga vachasanganisira vaya vanenge vamutswa.—Mabasa 17:31; 2 Petro 3:8.

Funga kuti iri richava zuva rinofadza sei! Mukati mezuva rakareba makore ane chiuru iri, mamiriyoni mazhinji evanhu vakafa achadzorerwa kuupenyu. Jesu anoti nzvimbo yavanodzorerwa kuti vazogara inonzi Paradhiso. Ngatione kuti Paradhiso ichava kupi uye kuti ichava yakaita sei.

Anenge maawa matatu Jesu asati afa padanda rokutambudzira, anotaura nezveParadhiso kumurume ari padanda riri pedyo naye. Murume wacho ari kuurayirwa mhosva dzaakapara. Asi sezvo tsotsi rinotarira Jesu nokunzwa zvinotaurwa pamusoro pake rino-

tanga kutenda muna Jesu. Saka tsotsi racho rinoti: "Mundiyeukewo kana mapinda muumambo hwenyu." Zvino anopindura achiti: "Zvechokwadi ndinokuudza nhasi, Uchava neni muParadhiso."—Ruka 23:42, 43.



Patinoverenga nezveParadhiso, chii chatinofanira kuona mupfungwa dzedu?

Jesu anorevei paanotaura izvi? Paradhiso iri kupi?— Funga nezvazvo. Paradhiso yaimbova kupi pakutanga?— Yeuka, Mwari akapa murume wokutanga, Adhamu, nomudzimai wake paradhiso yokuti vagare pasi pano chaipo. Yainzi bindu reEdheni. Mubindu iroro maiva nemhuka asi dzakanga dzisingakuvadzi munhu. Uye maiva nemiti yemichero inonaka yakawanda, uyewo rwizi rukuru. Yakanga iri nzvimbo inofadza kwazvo kugara!—Genesi 2:8-10.

Saka patinoverenga nezvetsotsi iroro riri muParadhiso, tinofanira kuona mupfungwa dzedu pasi pano paitwa nzvimbo yakanaka kwazvo yokugara. Jesu achava pasi pano chaipo neraichimbova tsotsi racho here?— Aiwa. Unoziva here kuti nei achave asipo pano?—

Nokuti Jesu achave ari mudenga achitonga saMambo muParadhiso pasi pano. Saka Jesu achava nomurume iyeye mupfungwa yokuti Jesu achamumutsa kubva kuvakafa otarisira zvinodiwa zvake. Asi nei Jesu achabvumira munhu aichimbova tsotsi kugara muParadhiso?— Ngationei kana tingazviziva.

Tsotsi racho risati rataura naJesu, raiziva here nezvezvinangwa zvaMwari?— Aiwa, rakanga risingazivi. Rakaita zvinhu zvakaipa nokuti rakanga risingazivi chokwadi pamusoro paMwari. MuParadhiso richadzidziswa nezvezvinangwa zvaMwari. Ipapo richava nomukana wokuratidza kuti rinoda Mwari zvechokwadi nokuita kuda Kwake.

Munhu wose achamutswa achagara muParadhiso pasi pano here?— Aiwa, havasi vose vachagaramo. Unoziva kuti nei here?— Nokuti vamwe vachamutswa kuti vazorarama naJesu mudenga. Vachatonga naye semadzimambo muParadhiso pasi pano. Ngatione kuti izvi tinozviziva sei.

Usiku hwokupedzisira Jesu asati afa, anoudza vaapostora vake kuti: 'Mumba maBaba vangu mudenga, mune nzvimbo zhinji dzokugara, uye ndiri kuenda kunokugadzirirai nzvimbo.' Ipapo Jesu anovapi-

Vachamutswa vachagarepi, uye vachaitei?

kira kuti: "Ndiri kudzokazve uye ndichakugamuchirai kumba kwandiri, kuti pandiri imi muvepowo."—Johani 14:2, 3.

Jesu anoendepi pashure pokunge amutswa?— Hungu, kudenga kuna Baba vake. (Johani 17:4, 5) Saka Jesu anopikira vaapostora vake nevamwe vateveri vake kuti achavamutsa kuti vagova naye kudenga. Vachanoitei ikoko naJesu?— Bhaibheri rinotaura kuti vadzidzi vake vachamuka mu"kumuka kwokutanga" vachanogara mudenga uye vachatonga nyika "naye samadzimambo kwemakore ane chiuru."—Zvakazarurwa 5:10; 20:6; 2 Timoti 2:12.

Vangani vachamuka pa"kumuka kwokutanga" vozotonga naJesu semadzimambo?— Jesu akaudza vadzidzi vake kuti: "Musatya, imi *boka duku,* nokuti Baba venyu vakatendera kukupai umambo." (Ruka 12:32) "Boka duku" iri, rinomutswa kuti rigova naJesu muUmambo hwake hwokudenga, inhamba yakakwana. Bhaibheri rinoratidza kuti "vane zviuru zvine zana nemakumi mana nezvina" vachamutswa vachibva pasi.—Zvakazarurwa 14:1, 3.

Vangani vachagara muParadhiso pasi pano?— Bhaibheri haritauri. Asi Mwari akanga audza Adhamu naEvha pavakanga vari mubindu reEdheni kuti vave nevana uye *vazadze nyika.* Chokwadi vakakundikana kuita kudaro. Asi Mwari achave nechokwadi chokuti chinangwa chake chaitwa chokuti pasi rizadzwe nevanhu vakanaka. —Genesi 1:28; Isaya 45:18; 55:11.

Imbofunga kuti zvichave zvichifadza sei kurarama muParadhiso! Nyika yose ichafanana nepaki. Ichave yakazara shiri nemhuka uye yakanakiswa nemiti nemaruva zvemarudzi ose. Hapana acharwadziwa nokuti anorwara, uye hapana achazofa. Munhu wose achava shamwari yevanhu vose. Kana tichida kurarama nokusingaperi muParadhiso, ino ndiyo nguva yokuigadzirira.

Verenga zvimwe pamusoro pechinangwa chaMwari nokuda kwepasi pana Zvirevo 2:21, 22; Muparidzi 1:4; Isaya 2:4; 11:6-9; 35:5, 6; na65:21-24.

CHITSAUKO 37

KUYEUKA JEHOVHA NOMWANAKOMANA WAKE

KUDAI mumwe munhu aizokupa chipo chakanaka kwazvo, waizonzwa sei?— Waizongoti mazvita wokanganwa munhu akupa chipo chacho here? Kana kuti waizomuyeuka pamwe chete nezvaakakuitira?—

Jehovha Mwari akatipa chipo chinoshamisa. Akatumira Mwanakomana wake pasi pano kuzotifira. Unoziva here kuti nei Jesu akatifira?— Ichi ndechimwe chinhu chinokosha zvikuru chatinofanira kunzwisisa.

Sezvatakadzidza muChitsauko 23, Adhamu akatadza paasina kuteerera mutemo waMwari wakakwana. Uye takagamuchira chivi kubva kuna Adhamu, baba vedu tose. Saka unofunga tinodei?— Nenzira yokufananidzira, tinoda vamwe baba vatsva, avo vakararama upenyu hwakakwana pasi pano. Unofunga ndiani anogona kuva baba ivavo?— NdiJesu.

Jehovha akatumira Jesu pasi pano kuitira kuti agoita sababa kwatiri panzvimbo paAdhamu. Bhaibheri rinoti: " 'Munhu wokutanga Adhamu akava mweya mupenyu.' Adhamu wokupedzisira akava mudzimu unopa upenyu." Ndiani akanga ari Adhamu wokutanga?— Ndiye uyo Mwari akasika neguruva repasi. Adhamu wechipiri ndiani?— NdiJesu. Bhaibheri rinoratidza izvi parinoti: "Munhu wokutanga [Adhamu] akabva pasi uye akaitwa neguruva; munhu wechipiri [Jesu] *akabva kudenga*."—1 VaKorinde 15:45, 47; Genesi 2:7.

Sezvo Mwari akatora upenyu hwaJesu kubva kudenga ndokuhu-

isa mumukadzi ainzi Mariya, Jesu haana kumbotora chivi kubva kuna Adhamu. Ndicho chikonzero nei Jesu akanga ari munhu akakwana. (Ruka 1:30-35) Ndichowo chikonzero nei pakaberekwa Jesu ngirozi yakati kuvafudzi: "Nhasi maberekerwa Muponesi." (Ruka 2:11) Asi kuti ave Muponesi wedu, Jesu paakanga achiri rusvava aifanira kutanga kuitei?— Aifanira kukura ova murume akura zvakakwana, kungofanana naAdhamu. Ipapo Jesu aigona kuva 'Adhamu wechipiri.'

Jesu, Muponesi wedu, achavawo 'Baba vedu vokusingaperi.' Anodanwa kudaro muBhaibheri. (Isaya 9:6, 7) Jesu *akakwana* anogona kuva baba vedu panzvimbo paAdhamu, uyo akava asina kukwana paakatadza. Nenzira iyoyo tinogona kusarudza 'Adhamu wechipiri' kuva sababa vedu. Chokwadi Jesu pachake Mwanakomana waJehovha Mwari.

Nokusvika pakuziva nezvaJesu, tinogona kumugamuchira soMuponesi wedu. Unoyeuka chatinoda kuponeswa pachiri here?— Hungu, kubva muchivi norufu zvatakagara nhaka kuna Adhamu. Upenyu hwakakwana somunhu akura zvakakwana uhwo Jesu akapa sechibayiro, kana kuti akapa nokuda kwedu hunonzi *rudzikinuro*. Jehovha akagovera rudzikinuro kuitira kuti tigone kubvisirwa zvivi zvedu. —Mateu 20:28; VaRoma 5:8; 6:23.

Chokwadi hatidi kukanganwa izvo



Adhamu naJesu vakanga vakafanana pakudii, uye nei zvakanga zvakakosha kwazvo kuti vaive vakadaro?

Ropa regwayana rakadzivirira sei vaIsraeri?

Mwari noMwanakomana wake vakatiitira, handiti?— Jesu akaratidza vateveri vake nzira chaiyo inogona kutibatsira kuyeuka zvaakaita. Ngatitaure nezvayo.

Imbofungidzira uri mukamuri repamusoro reimba iri muJerusarema. Hwava usiku. Jesu nevaapostora vake vari patafura. Patafura pane gwayana rakagochwa, chingwa chisina mbiriso, uye waini tsvuku. Vari kudya zvokudya zvinokosha. Unoziva kuti nei here?—

Kudya uku kunofanira kuvayeuchidza pamusoro peizvo Jehovha akaita mazana emakore akapfuura apo vanhu vake, vaIsraeri, vakanga vari

Ropa raJesu raakafananidza newaini rinogona kutiitirei?

varanda muIjipiti. Panguva iyoyo Jehovha akaudza vanhu vake kuti: 'Urayai gwayana nokuda kwemhuri imwe neimwe, moisa ropa raro pamadhofuremu edzimba dzenyu.' Ipapo akati: 'Pindai mudzimba dzenyu, modya gwayana.'

VaIsraeri vakaita saizvozvo. Uye usiku ihwohwo, ngirozi yaMwari yakapfuura nomunyika yeIjipiti. Mudzimba zhinji, ngirozi yakauraya dangwe remo. Asi apo ngirozi yaiona ropa regwayana padhofuremu, yaipfuura imba iyoyo. Mudzimba idzodzo hapana vana vakafa. Farao, mambo weIjipiti, akatyiswa neizvo ngirozi yaJehovha yakanga yaita. Saka Farao akaudza vaIsraeri kuti: 'Makasununguka kuenda. Budai muIjipiti!' Zvadaro vakakwidza zvinhu pangamera dzavo nembongoro ndokuenda.

Jehovha akanga asingadi kuti vanhu vake vakanganwe nzira yaakavasununungura nayo. Saka akati: 'Kamwe pagore munofanira kudya zvokudya zvakaita sezvamadya manheru anhasi.' Vaidana kudya kunokosha uku kuti Paseka. Unoziva here kuti nei?— Nokuti usiku ihwohwo ngirozi yaMwari yaka"darika" dzimba dzakanga dzakaiswa ropa.—Eksodho 12:1-13, 24-27, 31.

Jesu nevaapostora vake vari kufunga pamusoro peizvi pavanodya kudya kwePaseka. Pashure pacho, Jesu anoita chimwe chinhu chinokosha zvikuru. Zvisinei asati adaro, anobudisa panze muapostora asina kutendeka Judhasi. Zvino Jesu anotora chimwe chechingwa chasara ochinyengeterera, ochimedura ochipfuudza kuvadzidzi vake. Anoti, "torai mudye." Zvino anovaudza kuti: 'Chingwa ichi chinomiririra muviri wangu uyo ndichapa pandichakufirai.'

Pashure paizvozvo Jesu anotora kapu yewaini tsvuku. Pashure pomumwe munyengetero wokuonga, anoipfuudza achiti: 'Nwirai mose mairi.' Uye anovaudza kuti: 'Waini iyi inomiririra ropa rangu. Nokukurumidza ndichadurura ropa rangu kuti ndikusununguri

pazvivi zvenyu. Rambai muchiita izvi kuti mundirangarire.'—Mateu 26:26-28; 1 VaKorinde 11:23-26.

Wacherechedza here kuti Jesu akati vadzidzi vaifanira kuramba vachiita izvi kuti vamurangarire?— Vaisazodyazve Paseka. Pane kudaro, kamwe gore roga roga vaizodya kudya kunokosha uku vachiyeuka Jesu norufu rwake. Kudya uku kunonzi Kudya kwaShe Kwemanheru. Nhasi kazhinji tinoti Chirangaridzo. Nei?— Nokuti chinotiyeuchidza izvo Jesu naBaba vake, Jehovha Mwari vakatiitira.

Chingwa chacho chinofanira kutiita kuti tifunge nezvomuviri waJesu. Aida kupa muviri iwoyo kuti tigone kuwana upenyu husingaperi. Uye zvakadini newaini tsvuku?— Iyo inofanira kutiyeuchidza nezvokukosha kweropa raJesu. Rinokosha kupfuura ropa regwayana rePaseka muIjipiti. Unoziva here kuti nei?— Bhaibheri rinoti ropa raJesu rinogona kutiunzira kukanganwirwa kwezvivi. Uye apo zvivi zvedu zvose zvinobviswa hatizorwari, hatizochemberi uye hatizofi. Tinofanira kufunga izvozvo patinopinda Chirangaridzo.

Munhu wose anofanira kudya chingwa nokunwa waini paChirangaridzo here?— Jesu akataurira vanodya nokunwa kuti: 'Muchava muumambo hwangu mogara pazvigaro zvoumambo kudenga neni.' (Ruka 22:19, 20, 30) Izvi zvaireva kuti vaizoenda kudenga kuti vanova madzimambo naJesu. Naizvozvo avo bedzi vane tariro yokutonga naJesu kudenga vanofanira kudya chingwa nokunwa waini.

Asi kunyange vaya vasingadyi chingwa kana kunwa waini vanofanira kupinda Chirangaridzo. Unoziva kuti nei here?— Nokuti Jesu akapa upenyu hwake nokuda kweduwo. Nokuenda kuChirangaridzo, tinoratidza kuti hatina kukanganwa. Tinorangarira chipo chinoshamisa chaMwari.

Magwaro anoratidza kukosha kworudzikinuro anosanganisira 1 VaKorinde 5:7; VaEfeso 1:7; 1 Timoti 2:5, 6; na1 Petro 1:18, 19.

CHITSAUKO 38

CHIKONZERO NEI TICHIFANIRA KUDA JESU

FUNGIDZIRA uri muigwa riri kunyura. Waizoda kuti mumwe munhu akuponese here?— Zvakadini kana mumwe aizorasikirwa noupenyu hwake kuti adaro?— Zvino izvozvo ndizvo zvakaitwa naJesu Kristu. Sezvatakadzidza muChitsauko 37, akapa upenyu hwake sorudzikinuro kuti tiponeswe.

Ichokwadi kuti Jesu haatinunuri kuti tisanyura. Anotinunura pachii? Unoyeuka here?— Kubva muchivi norufu izvo tose takawana kubva kuna Adhamu. Kunyange zvazvo vamwe vanhu vakaita zvinhu zvakaipa zvikuru, Jesu akavafirawo. Ungaisa upenyu hwako mungozi uchiedza kuponesa vanhu vakadaro here?—

Bhaibheri rinoti: "Nokuti zvakaoma zvikuru kuti mumwe munhu afire munhu akarurama; zvichida, mumwe munhu angatotsunga kufira munhu akanaka." Asi Bhaibheri rinotsanangura kuti Jesu "akafira vanhu vasingadi Mwari." Izvi zvinosanganisira vanhu vasingatomboshumiri Mwari! Bhaibheri rinoenderera mberi richiti: "Patakanga tichiri vanhu vanoita zvivi [tichiri kuita zvinhu zvakaipa], Kristu akatifira."—VaRoma 5:6-8.

Pane akanga amboita zvinhu zvakaipa zvikuru akazova muapostora waungafunga nezvake here?— Muapostora iyeye akanyora kuti: 'Kristu Jesu akauya munyika kuzoponesa vanhu vanoita zvivi uye *ini ndiri mukuru wavo vose.*' Muapostora akataura izvozvo aiva Pauro. Akataura kuti 'aimbova benzi' uye achiita "zvakaipa."—1 Timoti 1:15; Tito 3:3.

Imbofunga kuti Mwari aiva norudo rwakadini kutumira Mwanakomana wake kuti afire vanhu vakadaro! Wadii kutora Bhaibheri

rako woverenga pana Johani 3, ndima 16. Ipapo panoti: "Mwari akada nyika [kureva vanhu vanogara panyika] zvikuru kwazvo zvokuti akapa Mwanakomana wake akaberekwa ari mumwe bedzi, kuti munhu wose anotenda maari arege kuparadzwa asi ave noupenyu husingaperi."

Jesu akaratidza kuti aitidawo sezvaiita Baba vake. Ungave uchiyeuka kuti muChitsauko 30 chebhuku rino, takaverenga pamusoro pokutambura kwakaita Jesu usiku hwaakasungwa. Akaendeswa kumba kwoMupristi Mukuru Kayafasi, uko akanotongwa. Zvapupu zvenhema zvakaunzwa izvo zvakareva nhema pamusoro paJesu, uye vanhu vacho vakamurova nezvibhakera. Apa ndipo apo Petro akaramba kuti aiziva Jesu. Zvino ngatifungidzire kuti tiripo uye tinogona kuona zvimwe zvinoitika.

Ava mangwanani. Jesu ave akasvinura usiku hwose. Nokuti kutonga kwakaitwa usiku kwakanga kusina kunyatsoitwa kwazvo, vapristi vanounganidza Sanihedrini, dare repamusoro rechiJudha nokukurumidza, uye vanomutonga zvakare. Panguva ino vanopomera zvakare Jesu kuti ane mhosva kuna Mwari.

Zvadaro, vapristi vanoita kuti Jesu asungwe voenda naye kuna Pirato, gavhuna weRoma. Vanoudza Pirato kuti: 'Jesu anorwisa hurumende. Anofanira kuurayiwa.' Asi Pirato anozviona kuti vapristi vari kunyepa. Saka Pirato anovaudza kuti: 'Hapana chakaipa chandinoona nomurume uyu. Ndichamurega aende.' Asi vapristi nevamwe vanodanidzira vachiti: 'Aiwa! Muurayei!'

Gare gare, Pirato anoedza zvekare kuudza vanhu kuti aizorega Jesu kuti aende hake. Asi vapristi vanoita kuti mhomho yevanhu idanidzire kuti: 'Kana mukamurega achienda, nemiwo muri kurwisa hurumende! Muurayei!' Mhomho yacho inoita ruzha zvikuru. Unoziva zvinoita Pirato here?—

Anoguma abvuma. Chokutanga anoita kuti Jesu arohwe netyava. Zvadaro anomudzorera kuvarwi kuti aurayiwe. Vanoisa korona yeminzwa mumusoro waJesu uye vanomuseka vachipfugama pamberi pake. Zvadaro vanopa Jesu danda guru rokuti atakure, vobva vaenda naye kunze kweguta panzvimbo inonzi Nzvimbo yeDehenya. Ipapo vanorovera maoko aJesu netsoka padanda. Zvadaro vanorimisa zvokuti Jesu anorembera aripo. Ari kubuda ropa. Ari kurwadziwa zvikuru.

Jesu haafi pakarepo. Anongorembera aripo padanda racho. Vapristi vakuru vanomuseka. Uye vanopfuura vanoti: "Kana uri mwanakomana waMwari, buruka padanda rokutambudzikira!" Asi Jesu anoziva

Jesu akatambura sei paakapa upenyu hwake nokuda kwedu?

Chii chatingaita kuratidza kuti tinoda Jesu?

zvaakatumwa kuzoita naBaba vake. Anoziva kuti anofanira kupa upenyu hwake hwakakwana kuitira kuti tive nomukana wokuwana upenyu husingaperi. Pakupedzisira, kuma3 masikati iwayo, Jesu anoshevedzera kuna Baba vake obva afa. —Mateu 26:36–27:50; Mako 15:1; Ruka 22:39–23:46; Johani 18:1–19:30.

Jesu akanga akasiyana kwazvo naAdhamu! Adhamu haana kuratidza kuda Mwari. Haana kuteerera Mwari. Adhamu haanawo kuratidza kutida. Nokuti akatadza, tose takaberekerwa muchivi. Asi Jesu akaratidza kuda Mwari nesu. Aiteerera Mwari nguva dzose. Uye akapa upenyu kuitira kuti agone kubvisa nhamo iyo Adhamu akatiparira.

Unoonga here chinhu chinoshamisa icho Jesu akaita?— Paunonyengetera kuna Mwari, unomutenda here nokuda kwokutipa Mwanakomana wake?— Muapostora Pauro aionga izvo Kristu akamuitira. Pauro akanyora kuti Mwanakomana waMwari "*akandida* akazvipa nokuda kwangu." (VaGaratiya 2:20) Jesu akafirawo ini newe. Akapa upenyu hwake hwakakwana kuitira kuti tigone kuva noupenyu husingaperi! Chokwadi ichocho chikonzero chakasimba nei tichifanira kuda Jesu.

Muapostora Pauro akanyorera vaKristu vaiva muguta reKorinde kuti: "Rudo rwaKristu runotiita kuti tiite chiito." Rudo rwaKristu runofanira kutiita kuti tiite chiito chorudzii? Unofungei?— Cherechedza mhinduro yaPauro: "Kristu akafira vanhu vose kuti *vagorara-*

mira iye. Havafaniri kuraramira kuzvifadza."— Tisu tatsveyamisa mashoko; 2 VaKorinde 5:14, 15, *New Life Version.*

Ungafunga nezvenzira dzaungaratidza nadzo kuti uri kuraramira kufadza Kristu here?— Imwe nzira ndeyokuudza vamwe pamusoro pezvawakadzidza nezvake. Kana kuti funga pamusoro peizvi: Ungave uri woga, saka amai vako kana kuti baba vako havagoni kuona zvauri kuita, uyewo hapana chero mumwe munhu anogona kukuona. Uchaona mapurogiramu epaTV kana kuti kutarira zvinhu zvepaindaneti zvaunoziva kuti zvaisazofadza Jesu here?— Yeuka, Jesu iye zvino mupenyu, uye anogona kuona zvinhu zvose zvatinoita!

Chimwe chikonzero nei tichifanira kuda Jesu ndechokuti tinoda kutevedzera Jehovha. Jesu akati: 'Baba vanondida.' Unoziva here kuti nei vachida Jesu uye nei isu tichifanira kudarowo?— Nokuti Jesu akafa achida kuti kuda kwaMwari kuitwe. (Johani 10:17) Naizvozvo ngatiite zvatinoudzwa neBhaibheri kuti: "Ivai vatevedzeri vaMwari, sevana vanodiwa, uye rambai muchifamba murudo, saKristu akakudaiwo akazvipa nokuda kwenyu."—VaEfeso 5:1, 2.

Kuti uwedzere kuonga Jesu kwakawedzera nokuda kwezvaakatiitira, tapota verenga Johani 3:35; 15:9, 10; na1 Johani 5:11, 12.

CHITSAUKO 39

MWARI ANOYEUKA MWANAKOMANA WAKE

JESU akachema shamwari yake Razaro payakafa. Unofunga kuti Jehovha akarwadziwa here apo Jesu akatambura ndokuzofa?— Bhaibheri rinoti Mwari anogona ku'nzwa shungu' kunyange 'kurwadziwa' nezvinhu zvinoitika.—Pisarema 78:40, 41; Johani 11:35.

Unogona kufungidzira here marwadzo ayo Jehovha akanzwa sezvaakatarisa Mwanakomana wake anodiwa achifa?— Jesu akanga ane chokwadi chokuti Mwari aisazomukanganwa. Ndicho chikonzero nei mashoko ake okupedzisira asati afa aiva okuti: "Baba, ndinoisa [upenyu hwangu] mumaoko enyu."—Ruka 23:46.

Jesu akanga ane chokwadi chokuti aizomutswa, uye kuti aisazosiyiwa "muhero," kana kuti guva. Pashure pokunge Jesu amutswa, muapostora Petro akataura zvakanga zvakanyorwa muBhaibheri pamusoro paJesu achiti: "Mweya



Nei guva risina chinhu? Chii chaitika?

wake hauna kusiyiwa muHero, uyewo nyama yake haina kuona kuora." (Mabasa 2:31, *King James Version;* Pisarema 16:10) Muviri waJesu hauna kumbova nenguva yokuora muguva, kureva kushata ndokutanga kunhuwa.

Jesu paakanga ari pasi pano, akatoudza vadzidzi vake kuti aisazoramba akafa kwenguva yakareba. Akavatsanangurira kuti aizo"urawa, uye ozomutswa *pazuva rechitatu."* (Ruka 9:22) Saka, chaizvo vadzidzi vaisafanira kushamiswa pakamutswa Jesu. Asi vakashamiswa here?— Ngationei.

Dzava kuma3 masikati uri musi weChishanu apo Mudzidzisi Mukuru anofira padanda rokutambudzikira. Josefa, nhengo yeSanihedrini akapfuma, uyo anotendawo muna Jesu pachivande. Paanoziva kuti Jesu afa, anoenda kuna Pirato, gavhuna weRoma. Anokumbira kubvisa muviri waJesu padanda kuti anouviga. Pashure paizvozvo, Josefa anotakura muviri waJesu kuenda kubindu kune guva, uko kunoiswa vakafa.

Pashure pokunge muviri wacho waiswa muguva, dombo guru rinokungurutsirwa pamuromo peguva. Saka guva rinovharwa. Zvino rava *zuva rechitatu,* uri musi weSvondo. Zuva harisati rabuda, saka kuchakasviba. Vanhu varipo vakarinda guva. Vapristi vakuru ndivo vavatuma kuti varinde. Unoziva here kuti nei?—

Vapristi vakanga vanzwawo kuti Jesu akati aizomutswa. Naizvozvo kuti vadzidzi vake vasaba muviri wacho vozoti Jesu akamutswa, vapristi vanoita kuti paiswe varindi. Kamwe kamwe, pasi panotanga kudengenyeka. Chiedza chinopenya murima. Ingirozi yaJehovha! Varwi vacho vanotya zvokuti havakwanisi kufamba. Ngirozi yacho inoenda kuguva yobvisa dombo racho. Muguva hamuna chinhu!

Chokwadi, zvakaita seizvo muapostora Petro akazotaura kuti:

"Uyu Jesu akamutswa naMwari." (Mabasa 2:32) Mwari akamutsa Jesu ane muviri wakafanana nowaaiva nawo asati auya pasi pano. Akamutswa nomuviri womudzimu sowengirozi. (1 Petro 3:18) Naizvozvo kana vanhu vachizoona Jesu, anofanira kuzviitira muviri wenyama. Izvozvo ndizvo zvaanoita here?— Ngationei.

Zvino zuva rava kubuda. Varwi vaya vaenda. Mariya Magadharini nevamwe vakadzi vadzidzi vaJesu vari kuenda kuguva. Vari kutaurirana vachiti: 'Ndiani achatibvisira zidombo riya?' (Mako 16:3) Asi pavanosvika kuguva racho, dombo racho rabviswa kare. Uye muguva hamuna chinhu! Muviri waJesu wenyama usina upenyu waenda! Pakarepo, Mariya Magadharini anomhanya kunotsvaka vamwe vaapostora vaJesu.

Vamwe vakadzi vanosara paguva. Zvinovanetsa kuti: 'Muviri waJesu waendepi chaizvo?' Pakarepo varume vaviri vakapfeka nguo dzinopenya vanoonekwa. Ingirozi! Dzinoti kuvakadzi vacho: 'Nei muri kutsvaka Jesu pano? Amutswa. Endai munoudza vadzidzi vake nokukurumidza.' Unogona kufungidzira kuti vakadzi vacho vakamhanya zvakadini! Vari munzira, vanosangana nomumwe murume. Unoziva kuti ndiani here?—

NdiJesu, ane muviri wenyama! Anotiwo kuvakadzi vacho: 'Endai munoudza vadzidzi vangu.' Vakadzi vacho vanofara. Vanowana vadzidzi vacho vovaudza kuti: 'Jesu mupenyu! Tamuona!' Mariya atoudza Petro naJohani kuti muguva hamuna chinhu. Zvino vanoendako, sezvauri kuona pano. Vanotarisa machira akanga akaputira Jesu, asi havana chokwadi kuti vofunga zvipi. Vanoda kudavira kuti Jesu mupenyu zvekare, asi zvinoratidzika sezvakanyanyonakisa kuti zvive zvechokwadi.

Gare gare nomusi weSvondo iwoyo, Jesu anozviratidza kuvadzidzi vake vaviri vari kufamba nomugwagwa unoenda kumusha we-

Emausi. Jesu anofamba otaura navo, asi havamuzivi nokuti haana muviri wenyama uya sewaaiva nawo kare. Vanozomuziva pashure pokunge anyengetera nokudya navo. Vadzidzi vanofara kwazvo zvokuti vanomhanya kwemakiromita vachidzokera Jerusarema! Zvimwe inongova nguva pfupi pashure peizvi apo Jesu anozviratidza kuna Petro kuti aone kuti mupenyu.

Gare gare manheru eSvondo iyoyo vadzidzi vazhinji vakaungana mukamuri. Masuo akakiyiwa. Pakarepo Jesu anovamo mukamuri iroro navo! Zvino vava kuziva kuti zvechokwadi Mudzidzisi Mukuru mupenyu zvekare. Fungidzira kuti vari kufara zvakadini!—Mateu 28:1-15; Ruka 24:1-49; Johani 19:38–20:21.

Petro naJohani vangave vari kufungei?



Kwemazuva 40 anoonekwa ane miviri yakasiyana-siyana kuratidza vadzidzi vake kuti mupenyu. Ipapo anobva panyika odzokera kuna Baba vake vari kudenga. (Mabasa 1:9-11) Nguva pfupi kubva ipapo vadzidzi vanotanga kutaurira munhu wose kuti Mwari akamutsa Jesu kubva kuvakafa. Kunyange apo vapristi vanovarova nokuurayisa vamwe vavo, vanoramba vachiparidza. Vanoziva kuti kana vakafa, Mwari achavarangarira sokurangarira kwaakaita Mwanakomana wake.

Vateveri vaJesu vokutanga ivavo vakanga vakasiyana kwazvo nevanhu vazhinji nhasi! Vanhu ava vanongofunga nezvetsuro dzeIsita nemazai eIsita ane mavara panguva yegore apo Jesu akamutswa. Asi Bhaibheri harimbotauri chero chinhu pamusoro petsuro nemazai zveIsita. Rinotaura nezvokushumira Mwari.

Panguva yegore apo Jesu akamutswa, vazhinji vanofunga nezvei? Asi iwe unofunga nezvei?

Tinogona kufanana nevadzidzi vaJesu nokuudza vanhu kuti Mwari akaita chinhu chinoshamisa paakamutsa Mwanakomana wake. Hatifaniri kumbotya, kunyange kana vanhu vakati vachatiuraya. Kana tikafa, Jehovha achatirangarira otimutsa, sezvaakangoita Jesu.

Hatifari here kuziva kuti Mwari anoyeuka vanomushumira uye achatovamutsa kuvakafa?— Kuziva zvinhu izvi kunofanira kutiita kuti tide kuziva kuti tingafadza sei Mwari. Waizviziva here kuti tinogona chaizvo?— Ngatizotaura pamusoro paizvozvo.

Kudavira murumuko rwaJesu kunofanira kusimbisa tariro yedu nokutenda kwedu. Tapota verenga Mabasa 2:22-36; 4:18-20; na1 VaKorinde 15:3-8, 20-23.

CHITSAUKO 40

NZIRA YOKUFADZA NAYO MWARI

CHII chatingaita kuti tifadze Mwari? Pane chatinogona kumupa here?— Jehovha anoti: "Mhuka dzose, dziri kudondo, ndedzangu." Anotiwo: "Sirivha ndeyangu, nendarama ndeyangu." (Pisarema 24:1; 50:10; Hagai 2:8) Asi kunyange zvakadaro pane chimwe chatinogona kupa Mwari. Chii ichocho?—

Jehovha anotibvumira kusarudza kana tichida kumushumira kana kuti kwete. Haatimanikidzi kuita zvaanoda kuti tiite. Ngatiedze kufunga kuti nei Mwari akatisika tichigona kusarudza kana tichida kumushumira kana kuti kwete.

Zvimwe unoziva kuti chii chinonzi robhoti. Robhoti muchina wakagadzirwa kuti uite chero icho mugadziri wawo anoda kuti uite. Naizvozvo robhoti hariiti zvarinoda. Jehovha aigona kudai akatisika tose takaita semarobhoti. Aigona kudai akatisika nenzira yokuti taizogona kuita zvaaida kuti tiite chete. Asi Mwari haana kudaro. Unoziva kuti nei here?— Mamwe matoyi marobhoti. Kana bhatani rikadzvanywa, anoita sezvakarongwa nomugadziri wawo kuti aite chaizvo. Wati wamboona chitoyi chakadaro here?— Kazhinji vanhu vanoneta nokutambisa chitoyi chinongoita zvachakarongerwa kuita. Mwari haadi kuti timuteerere nokuti tiri marobhoti akarongerwa



Nei Mwari asina kutiita takafanana nerobhoti iri?

kumushumira. Jehovha anoda kuti timushumire nokuti *tinomuda* uye nokuti *tinoda* kumuteerera.

Unofunga kuti Baba vedu vokudenga vanonzwa sei patinovateerera nokuti tinoda?— Iwe imbondiudza, zvaunoita zvinoita kuti vabereki vako vanzwe sei?— Bhaibheri rinoti mwanakomana akachenjera "anofadza baba" vake asi mwanakomana benzi 'unosuwisa mai vake.' (Zvirevo 10:1) Wakambozviona here kuti amai nababa vako vanofara paunoita zvavanenge vati uite?— Asi vanonzwa sei paunorega kuvateerera?—

Ungaita sei kuti ufadze Jehovha nevabereki vako?

Zvino ngatichimbofunga nezva-Baba vedu vokudenga, Jehovha. Vanotiudza kuti tingavafadza sei. Wadii kutora Bhaibheri rako wovhura pana Zvirevo 27:11. Ipapo Mwari ari kutaura nesu achiti: "Mwanakomana wangu [kana kuti tinogonawo kuti, mwanasikana wangu], iva wakachenjera, *ufadze mwoyo wangu;* kuti ndigone kupindura unondishora." Unoziva kuti zvinorevei here kushora mumwe munhu?— Munhu anogona kukushora nokukuseka achiti haugoni kuita zvawakati unogona kuita. Satani anoshora Jehovha sei?— Ngationei.

Yeuka, takadzidza muChitsauko 8 chebhuku rino kuti Satani anoda kuva Wokutanga uye kuti anoda kuti munhu wose amuteerere. Satani anoti vanhu vanonamata Jehovha nokuti Jehovha achavapa upenyu husingaperi kana vakadaro. Pashure pokunge Satani aita

kuti Adhamu naEvha vasateerera Jehovha, Satani akadenha Mwari. Akaudza Mwari kuti: 'Vanhu vanokushumirai nokungoti vane zvavanowana kwamuri. Ingondipai mukana, ndinogona kuita kuti munhu wose akufuratirei.'

Ichokwadi kuti mashoko iwayo chaiwo haawaniki muBhaibheri. Asi patinoverenga nezvomurume anonzi Jobho, zvinova pachena kuti Satani akataura zvakada kudaro kuna Mwari. Zvakanga zvichikosha zvikuru kuna Satani nokuna Jehovha, kuti Jobho akanga akatendeka kuna Mwari here kana kwete. Ngativhure maBhaibheri edu pazvitsauko 1 ne2 zvaJobho kuti tione zvakaitika.

Cherechedza muchitsauko 1 chaJobho kuti Satani arikowo kudenga apo ngirozi dzinouya kuzoona Jehovha. Naizvozvo Jehovha anobvunza Satani kuti: "Wabvepiko?" Satani anopindura kuti abva kunotenderera achitarisa panyika. Naizvozvo Jehovha

Pashure pokunge Adhamu naEvha vatadza, Satani akadenha Jehovha sei?

anobvunza kuti: ‘Waona Jobho here kuti anondishumira uye haaiti zvakaipa?’—Jobho 1:6-8.

Pakarepo Satani anopa zvikonzero. ‘Jobho anongokushumirai nokuti hapana zviri kumunetsa. Kana mukarega kumudzivirira nokumukomborera, achakutukai pachiso chenyu.’ Naizvozvo Jehovha anopindura kuti: ‘Zvakanaka Satani, unogona kuita chero zvaunoda kumuitira, asi usakuvadza Jobho pachake.’—Jobho 1:9-12.

Satani anoitei?— Anoita kuti vanhu vabe mombe nembongoro zvaJobho uye kuuraya vaya vari kuzvitarisira. Zvakadaro kunoita mheni inorova ichiparadza makwai nevafudzi vawo. Pave paya vanhu vanouya voba ngamera nokuuraya vafudzi vadzo. Pakupedzisira, Satani anokonzera chamupupuri chinowisa imba ine vana vaJobho gumi, uye vose vanofa. Pasinei nezvose izvi, Jobho anoramba achishumira Jehovha.—Jobho 1:13-22.

Jehovha paanoona Satani zvekare, Jehovha anotaura kuti Jobho achakatendeka. Satani anotsvaka zvikonzero, achiti: ‘Kana mukangondibvumira kukuvadza muviri wake, achakutukai pachena.’ Naizvozvo Jehovha anobvumira Satani kukuvadza muviri waJobho asi anomuyambira kuti asauraya Jobho.

Chii icho Jobho akatsungirira, uye nei izvi zvakafadza Mwari?

Satani anorova Jobho zvokuti muviri wake wose unoputika maronda. Anonhuwa kwazvo zvokuti hapana munhu anoda kuva pedyo naye. Kunyange mudzimai waJobho anomuudza kuti: "Shora Mwari, ufe hako!" Vamwewo vanoedzesera kuva shamwari dzaJobho vanouya kuzomushanyira vomuita kuti atowedzera kurwadziwa nokutaura kuti anofanira kuva akaita zvinhu zvakaipa kwazvo kuti aone matambudziko ose aya. Zvisinei, pasinei nematambudziko ose nemarwadzo izvo Satani anoonesa Jobho, anoramba achishumira Jehovha nokutendeka.—Jobho 2:1-13; 7:5; 19:13-20.

Unofunga kuti kutendeka kwaJobho kwakaita kuti Jehovha anzwe sei?— Kwakamufadza nokuti Jehovha aigona kutaurira Satani kuti: 'Ona Jobho! Anondishumira nokuti *anoda.*' Uchafanana naJobho here, munhu uyo Jehovha anogona kunongedzera somuenzaniso unoratidza Satani kuti murevi wenhema?— Kutaura chokwadi, iropafadzo kugovera mhinduro pane zvinotaurwa naSatani kuti anogona kubvisa chero munhu pakushumira Jehovha. Jesu zvechokwadi aiiona seropafadzo.

Mudzidzisi Mukuru haana kumbobvumira Satani kuti amuitise zvisina kururama. Imbofunga kuti muenzaniso wake wakaita kuti Baba vake vafare sei! Jehovha aigona kunongedzera kuna Jesu opindura Satani kuti: 'Tarira Mwanakomana wangu! Akaramba akatendeka zvakakwana kwandiri nokuti anondida!' Fungawo, kuti Jesu anofara zvakadini nokuita kuti mwoyo waBaba vake ufare. Nokuda kwomufaro iwoyo, Jesu akatotsungirira rufu padanda rokutambudzira.—VaHebheru 12:2.

Unoda kuita soMudzidzisi wedu Mukuru here woita kuti Jehovha afare?— Kana zvakadaro ramba uchidzidza pamusoro peizvo Jehovha anoda kuti uite, womufadza nokuzviita!

Verenga zvakaitwa naJesu kuti afadze Mwari uye zvatinofanira kuitawo, pana Zvirevo 23:22-25; Johani 5:30; 6:38; 8:28; na2 Johani 4.

CHITSAUKO 41

VANA VANOFADZA MWARI

UNOFUNGA kuti ndoupi mwana akanyatsofadza Jehovha pasi pano?— Akanga ari Mwanakomana wake, Jesu. Ngatimbotaura pamusoro pezvinhu izvo Jesu akaita kuti afadze Baba vake vokudenga.

Mhuri yaJesu yaigara kure neJerusarema zvokuti vaifamba mazuva matatu kuenda uko temberi yaJehovha yakanaka kwazvo yakanga iri. Jesu aidana temberi kuti 'imba yaBaba vangu.' Iye nemhuri yake vaienda ikoko gore negore kunopinda Paseka.

Rimwe gore, apo Jesu akanga ava nemakore 12, mhuri yake yakatanga rwendo rwokudzokera kumusha pashure pePaseka. Pavakazomira manheru ndipo pavakaona kuti Jesu akanga asipo pakati pehama neshamwari dzavo. Naizvozvo Mariya naJosefa vakadzokera kuJerusarema pakarepo kunotsvaka Jesu. Unofunga kuti aive kupi?—

Vakawana Jesu ari mutemberi. Akanga achiteerera vadzidzisi uye akanga achivabvunza mibvunzo. Uye pavaimubvunza chimwe chinhu, aipindura. Vaishamiswa nemhinduro dzakanaka kwazvo dzaaipa. Unogona kuona here kuti nei Mwari akanga achifadzwa nomwanakomana wake?—

Chokwadi, apo Mariya naJosefa vakazowana Jesu, zvakavazorodza. Asi Jesu akanga asiri kunetseka. Aizviziva kuti temberi yakanga iri nzvimbo yakanaka yokuva. Saka akabvunza kuti: "Hamuna kuziva here kuti ndinofanira kuva mumba maBaba vangu?" Aiziva kuti temberi yaiva imba yaMwari, uye aifarira kuva panzvimbo yacho.

Pashure paizvozvo, Mariya naJosefa vakatora Jesu uyo aiva nemakore 12 vakadzokera naye kumba kuNazareta. Unofunga kuti Jesu aibata sei vabereki vake?— Bhaibheri rinotaura kuti "*akaramba achizviisa pasi pavo.*" Unofunga kuti izvozvo zvinorevei?— Zvinoreva kuti *aivateerera*. Chokwadi, aiita izvo vabereki vake vaimuti aite, kunyange zvakadai sokunochera mvura kutsime.—Ruka 2:41-52.

Saka funga pamusoro peizvi: *Kunyange zvazvo Jesu akanga akakwana, aiteerera vabereki vake vasina kukwana*. Izvi zvakafadza Mwari here?— Zvechokwadi zvakadaro, nokuti Shoko raMwari rinoudza vana kuti: "Teererai vabereki venyu." (VaEfeso 6:1) Newewo uchaita kuti Mwari afare kana ukateerera vabereki vako sezvaiita Jesu.

Imwe nzira yaunogona kufadza nayo Mwari ndeyokuudza vamwe nezvake. Vamwe vanhu vangataura kuti izvi hazvisi izvo zvinofanira kuitwa nevana vaduku. Asi apo vanhu vakaedza kurambidza vamwe vakomana vaduku kuita izvi, Jesu akati: 'Hamuna kuverenga muMagwaro here kuti



Jesu achiri mwana akafadza sei Mwari?

"Mwari akaita kuti mumuromo mevacheche nevanoyamwa mubude kurumbidza"?' (Mateu 21:16) Naizvozvo tose tinogona kuudza vamwe nezvaJehovha uye kuti ndiMwari anoshamisa zvakadii, kana tichida hedu. Uye kana tikadaro, tichafadza Mwari.

Tinodzidzepi zvinhu zvine chokuita naMwari zvatingataurira vamwe?— Pachidzidzo chedu cheBhaibheri kumba. Asi tinodzidza zvakawanda kunzvimbo uko vanhu vaMwari vanosangana kuti vadzidze. Asi tingaziva sei kuti vanhu vake ndivanaani?—

Vanhu vacho vanoitei pamisangano yavo? Vanonyatsodzidzisa zviri muBhaibheri chaizvo here? Vanoriverenga nokurikurukura here? Iyoyo ndiyo nzira yatinoteerera nayo Mwari, handitika?— Uye pamisangano yechiKristu taizotarisira kunzwa izvo Mwari anotaura, handiti?— Asi zvakadini kana vanhu vachitaura kuti hazvikoshi kuti urarame sezvinotaurwa neBhaibheri? Waizotaura kuti vanhu vaMwari here?—

Hechino chimwe chinhu chokufunga nezvacho. Bhaibheri rinotaura kuti vanhu vaMwari vaizova "vanhu vezita rake." (Mabasa 15:14) Sezvo zita raMwari riri Jehovha, tinogona kubvunza vanhu kana Jehovha ari iye Mwari wavo. Kana vakati kwete, ipapo tinobva taziva kuti havasi vanhu vake. Vanhu vaMwari vaizotaurira vamwe nezvoUmambo hwaMwari. Uye vaizoratidza kuda kwavo Mwari nokuchengeta mirayiro yake.—1 Johani 5:3.

Kana uchiziva vanhu vanoita zvinhu zvose izvozvo, unofanira kusangana navo kuti unamate navo. Unofanira kunyatsoteerera pamisangano iyi wopindura kana mibvunzo yabvunzwa. Ndizvo zvaiita Jesu paainge ari muimba yaMwari. Uye kana ukaita zvinhu izvozvo, uchafadza Mwari, sezvakangoita Jesu.

Ungafunga nezvevamwe vana vanotaurwa muBhaibheri here vakafadza Mwari?— Timoti muenzaniso mukuru. Baba vake vakanga

Kunyange zvazvo baba vake vakanga vasingatendi, chii icho Timoti aida kuita?

vasingatendi muna Jehovha. Asi amai vake, Yunisi naambuya vake Roisi vaitenda. Timoti akavateerera ndokudzidza nezvaJehovha.

Timoti paakanga akura, muapostora Pauro akashanyira guta raaigara. Akaona kuti Timoti aida kushumira Jehovha zvakadini. Saka akakumbira Timoti kuti aende naye kunoshumira Mwari nenzira yakawedzerwa. Kwose kwavaifamba, vaiudza vanhu nezvoUmambo hwaMwari uye nezvaJesu.—Mabasa 16:1-5; 2 Timoti 1:5; 3: 14, 15.

Asi mienzaniso iri muBhaibheri inongova yevakomana vaduku bedzi vakafadza Mwari here?— Kwete. Funga nezvekasikana kechiIsraeri kakafadza Mwari. Munguva yake rudzi rweSiriya norudzi rwaIsraeri zvaivengana. Rimwe zuva vaSiriya vakarwa nevaIsraeri ndokutora kasikana ikako senhapwa. Kakaendeswa kumba kwomukuru weuto, ainzi Naamani. Ikoko kakanosvika kakava muranda womudzimai waNaamani.

Musikana wechiIsraeri uyu akafadza Mwari sei?

Zvino Naamani akanga ane hosha yemaperembudzi. Hapana chero chiremba akanga akwanisa kumubatsira. Asi kasikana kaduku kechiIsraeri kaitenda kuti mumwe wevashumiri vaMwari vanokosha, muprofita, aigona kubatsira Naamani. Chokwadi, Naamani nomudzimai wake vakanga vasinganamati Jehovha. Kasikana aka kaifanira kuvaudza here zvakaiziva? Kudai uri iwe, waiita sei?—

Kasikana kaduku aka kakati: 'Kudai Naamani akaenda kumuprofita waJehovha muna Israeri, kana zvikadaro, Naamani achaporeswa pamaperembudzi ake.' Naamani akateerera kasikana kacho, uye akaenda kumuprofita waJehovha. Paakaita izvo muprofita akamuudza kuti aite, akaporeswa. Izvi zvakaita kuti Naamani ave munamati waMwari wechokwadi.—2 Madzimambo 5:1-15.

Unoda kubatsira mumwe munhu kudzidza nezvaJehovha uye zvaanogona kuita sezvakaita kasikana ikako here?— Ndiani aripo waungagona kubatsira?— Chokwadi pakutanga vangafunga kuti havadi kubatsirwa. Asi unogona kutaura navo pamusoro pezvinhu zvakanaka izvo Jehovha anoita. Uye zvimwe vangateerera. Unogona kuva nechokwadi chokuti izvi zvichafadza Mwari.

Imwe kurudziro yokuti vaduku vafarire kushumira Mwari inowanikwa pana Pisarema 122:1; 148:12, 13; Muparidzi 12:1; 1 Timoti 4:12; naVaHebheru 10:23-25.

CHITSAUKO 42

CHIKONZERO NEI TICHIFANIRA KUSHANDA

CHII chaunonyanya kuda, kushanda kana kuti kutamba?—Chaizvo hapana chakamboipa nokutamba. Bhaibheri rinotaura nezveJerusarema richiti richazara "navakomana navasikana vanotamba munzira dzaro."—Zekaria 8:5.

Mudzidzisi mukuru ainakidzwa nokuona vana vachitamba. Asati auya pasi pano, akati: "Ndaiva naye, ndiri mhizha; . . . ndichitamba pamberi pake nguva dzose." Cherechedza kuti Jesu akanga ari mushandi pamwe naJehovha mudenga. Uye paakanga ari ikoko akati: 'Ndaifadzwa navanakomana vavanhu.' Sezvatakadzidza, Mudzidzisi Mukuru ainyatsofarira munhu wose, kusanganisira vaduku.—Zvirevo 8:30, 31.

Mudzidzisi Mukuru ainakidzwa nei asati auya pasi pano?



Unofunga kuti Jesu paakanga achiri mwana aitamba here?— Zvimwe aitamba. Asi sezvo akanga ari 'mushandi mukuru' mudenga, akashandawo here pasi pano?— Jesu ainzi "mwanakomana wemuvezi." Asi ainziwo "muvezi." Izvi zvinoratidzei?— Josefa, uyo akarera Jesu somwanakomana wake anofanira kuve akamudzidzisa. Naizvozvo Jesu akavawo muvezi.—Mateu 13:55; Mako 6:3.

Jesu akanga ari muvezi worudzii?— Sezvo akanga ari mhizha huru mudenga, haufungi here kuti akava nyanzvi yokuveza paaiva pasi pano?— Funga kuti raiva basa rakaoma sei kuva muvezi panguva iyoyo. Zvimwe Jesu aifanira kuenda musango onotema muti, ogu-



Mabasa maviri api ayo Jesu akaita paakanga ari pasi pano?

ra-gura muti wacho kuita zvidimbu, ozvitakura kuenda kumba, ozoveza muti wacho kuti uite matafura, mabhenji, nezvimwe zvinhu.

Unofunga kuti Jesu ainakidzwa nebasa iri here?— Waizofara here kudai waigona kugadzira matafura akanaka nezvigaro nezvimwe zvinhu zvokuti vanhu vashandise?— Bhaibheri rinoti zvakanaka kuti munhu "afarire mabasa ake." Basa rinopa rudzi rwomufaro wausingagoni kuwana nokutamba.—Muparidzi 3:22.

Chaizvo, basa rakanakira pfungwa dzedu nemiviri yedu. Vana vazhinji vanongogara vachiona TV kana kuti kutamba mitambo yemavhidhiyo. Vanoita muviri wakanyanyisa uye vanenge vasina simba, uye havafari chaizvoizvo. Uye havaitiwo kuti vamwe vafare. Chii chatinofanira kuita kuti tifare?—

Takadzidza muChitsauko 17 chebhuku rino kuti kupa nokuita zvinhu zvokubatsira vamwe kunounza mufaro. (Mabasa 20:35) Bhaibheri rinoti Jehovha ndi"Mwari anofara." (1 Timoti 1:11) Uye sezvatinoverenga muna Zvirevo, Jesu akanga 'achifara pamberi pake nguva dzose.' Nei Jesu akanga achifara?— Akapa chimwe chezvikonzero zvacho paakati: "Baba vangu vave vachishanda kusvikira zvino, uye ndinoramba ndichishanda."—Johani 5:17.

Jesu paakanga ari pasi pano, haana kushanda somuvezi kwoupenyu hwake hwose. Jehovha Mwari akanga ane basa rinokosha nokuda kwake rokuti aite pasi pano. Unoziva here kuti raiva rei?— Jesu akati: "Ndinofanirawo kuzivisa mashoko akanaka oumambo hwaMwari kune mamwe maguta, nokuti ndakatumirwa izvozvi." (Ruka 4:43) Dzimwe nguva apo Jesu aiparidzira vanhu, vaidavira zvaaitaura voudza vamwe zvaainge ataura, sezvakaita mukadzi weSamaria waunoona pano.—Johani 4:7-15, 27-30.

Jesu ainzwa sei pamusoro pokuita basa iri? Unofunga kuti aida kuriita here?— Jesu akati: "Zvokudya zvangu ndizvo kuti ndiite

kuda kwaiye akandituma uye kupedza basa rake." (Johani 4:34) Unoda kudya zvokudya zvaunofarira zvakadini?— Izvi zvinokubatsira kuti unzwisise kuti Jesu aida zvakadini basa iro Mwari akamupa kuti aite.

Mwari akatiita nenzira yokuti kudzidzira kushanda kunobatsira kuti tifare. Anoti chipo Chake kumunhu ndechokuti anofanira "kufarira zvaakabatira." Saka kana ukadzidzira kushanda uchiri muduku, upenyu hwako hwose huchava hunofadza.—Muparidzi 5:19.

Izvi hazvirevi kuti mwana muduku anogona kuita basa somunhu mukuru, asi tose tinogona kuita basa. Vabereki vako vangabuda vachienda kubasa zuva nezuva kuti vawane mari yokuti mhuri yenyu ive nechokudya nomusha wokugara. Uye sezvaunofanira kunge uchiziva, kune basa rakawanda rinoda kuitwa pamusha kuuchengeta wakachena.

Ibasa ripi riripo raungaita richava chikomborero kumhuri yose?— Unogona kubatsira nokuuyisa ndiro patafura, kugeza ndiro, kurasa marara, kuchenesa kamuri rako, uye kurongedza matoyi ako. Pamwe unotoita zvimwe zvezvinhu izvozvo. Basa iroro chaizvo chikomborero kumhuri.

Ngationei kuti basa rakadaro chikomborero sei. Matoyi anofanira kurongedzwa wapedza kutamba. Nei waizoti izvi zvinokosha?— Zvinobatsira kuchengeta imba yakachena, uye zvinogonawo kudzivirira tsaona. Kana ukasarongedza matoyi ako, pamwe amai vako vachauya rimwe zuva vakabata zvakawanda votsika rimwe rawo. Vanogona kutsvedza vodonha vokuvara. Vangatozofanira kuenda kuchipatara. Izvozvo hazvingavi chinhu chakaipa here?— Saka paunorongedza matoyi ako wapedza kutamba, izvozvo zvinobatsira vamwe vose.

Kune rimwe basa iro vana vanarowo. Somuenzaniso, basa rokuchikoro. Kuchikoro unodzidzira kuverenga. Vamwe vana vanonakidzwa nokuverenga, asi vamwe vanoti kwakaoma. Kunyange kuchiratidza sokwakaoma pakutanga, uchafara kana ukadzidzira kuverenga zvakanaka. Paunogona kuverenga, pane zvinhu zvakawanda zvinonakidza zvaunogona kudzidza. Uchatokwanisa kuzviverengera bhuku raMwari pachake, Bhaibheri. Saka paunoita basa rako rokuchikoro zvakanaka, chikomborero chaicho, handiti?—

Kune vamwe vanhu vasingadi kuita basa. Zvimwe pane waunoziva anodaro. Asi sezvo Mwari akatisikira kuti tishande basa, tinofanira kudzidza kuti tinganakidzwa naro sei. Mudzidzisi Mukuru ainakidzwa nebasa rake zvakadini?— Rakanga rakaita sezvokudya zvaaifarira. Uye rakanga riri basa rei raaitaura nezvaro?— Kutaurira vamwe nezvaJehovha Mwari uye kuti vangawana sei upenyu husingaperi.

Saka hechino chimwe chinhu chinogona kutibatsira kunakidzwa nebasa. Zvibvunze kuti, 'Nei basa iri richifanira kuitwa?' Kana uchiziva kuti nei richikosha, rinova nyore kuriita. Uye basa racho ringava guru kana duku, riite zvakanaka. Kana ukadaro, unogona kufara nebasa remaoko ako, sezvakangoita Mudzidzisi wedu Mukuru.

Bhaibheri rinogona kubatsira munhu kuti ave mushandi akanaka. Verenga zvarinotaura pana Zvirevo 10:4; 22:29; Muparidzi 3:12, 13; naVaKorose 3:23.

Nei zvichikosha kuti urongedze matoyi ako pashure pokuatambisa?

CHITSAUKO 43

HAMA NEHANZVADZI DZEDU NDIVANAANI?

PANE imwe nguva Mudzidzisi Mukuru akambobvunza mubvunzo unoshamisa. Waiva wokuti: "Amai vangu ndiani, uye vanun'una vangu ndivanaani?" (Mateu 12:48) Waizogona kupindura mubvunzo iwoyo here?— Zvimwe unoziva kuti amai vaJesu vainzi Mariya. Asi unoziva mazita evanun'una vake here?— Aivawo nehanzvadzi here?—

Bhaibheri rinoti vanun'una vaJesu vaiva "Jakobho naJosefa naSimoni naJudhasi." Uye Jesu aiva nehanzvadzi idzo dzakanga dziripo panguva yaaiparidza. Sezvo Jesu akanga ari dangwe, vose ava vakanga vari vaduku kwaari.—Mateu 13:55, 56; Ruka 1:34, 35.

Vanun'una vaJesu vakanga variwo vadzidzi vake here?— Bhaibheri rinoti pakutanga vakanga "vasingatendi maari." (Johani 7:5) Zvisinei, nokufamba kwenguva Jakobho naJudhasi (uyo anonziwo Judha) vakava vadzidzi vake, uye vakatonyora mabhuku eBhaibheri. Unoziva kuti mabhuku api avakanyora?— Hungu, Jakobho naJudha.

Kunyange zvazvo hanzvadzi dzaJesu dzisingataurwi nemazita muBhaibheri, tinoziva kuti aiva nembiri kana kuti dzaipfuura. Zvisinei, dzinogona kudaro dzaiva dzakawanda. Hanzvadzi dzake idzi dzakava vateveri vake here?— Bhaibheri haritauri, saka hatizivi. Asi unoziva here kuti nei Jesu akabvunza mubvunzo wokuti, "Amai vangu ndiani, uye vanun'una vangu ndivanaani?"— Ngationei.

Jesu akanga achidzidzisa vadzidzi vake apo mumwe munhu akamuvhiringidza achiti: 'Amai venyu nevanun'una vakamira panze,

vari kuda kutaura nemi.' Saka Jesu akashandisa mukana wacho kudzidzisa chidzidzo chinokosha nokubvunza mubvunzo uyu unoshamisa: "Amai vangu ndiani, uye vanun'una vangu ndivanaani?" Akanongedzera vadzidzi vake ndokupindura, achishevedzera kuti: "Tarirai! Amai vangu nevanun'una vangu!"

Jesu akabva akatsanangura zvaaireva achiti: "Munhu wose anoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga, iyeye ndiye munun'una wangu, uye hanzvadzi, uye amai." (Mateu 12:47-50) Izvi zvinoratidza kuti Jesu ainzwa ari pedyo sei nevadzidzi vake. Aitidzidzisa kuti vadzidzi vake vakanga vakaita sevanun'una nehanzvadzi dzake chaidzo uye amai kwaari.

Panguva iyoyo vanun'una vaJesu chaivo— Jakobho, Josefa, Simoni, uye Judhasi— vakanga vasingatendi kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari. Vanofanira kunge vasina kudavira izvo ngirozi Gabrieri yakanga yaudza amai vavo. (Ruka 1:30-33) Saka

Jesu akatsanangura kuti vanun'una vake nehanzvadzi dzake vaiva vanaani?

naizvozvo vangadaro vaibata Jesu noutsinye. Munhu wose anodaro haasi kuva munun'una kana kuti hanzvadzi *chaiyo*. Pane waunoziva here akaitira munun'una wake kana kuti hanzvadzi yake utsinye?—

Bhaibheri rinotaura nezvaEsau naJakobho uye kuti Esau akagumbuka kwazvo zvokuti akati: "Ndichauraya munun'una wangu Jakobho." Amai vavo, Rebheka, vakatya kwazvo zvokuti vakaudza Jakobho kuti atize kuti Esau asamuuraya. (Genesi 27:41-46) Zvisinei, makore gare gare Esau akachinja, uye akambundira nokutsvoda Jakobho.—Genesi 33:4.

Nokufamba kwenguva, Jakobho akabereka vanakomana 12. Asi vanakomana vakuru vaJakobho vakanga vasingadi munun'una wavo Josefa. Vaiva negodo naye nokuti ndiye mwanakomana ainyanya kufarirwa nababa vavo. Saka vakamutengesa kune vaitenga varanda vaienda kuIjipiti. Zvadaro vakaudza baba vavo kuti Josefa akanga aurayiwa nechikara chomusango. (Genesi 37:23-36) Hahusi ushati here ihwohwo?—

Gare gare madzikoma aJosefa akazozvidemba nokuda kwezvavakanga vaita. Saka Josefa akavakanganwira.



Chidzidzoi chatinofanira kudzidza pane zvakaitwa naKaini kuna Abheri?

Unoona kuti Josefa akanga akaita saJesu pakudii here?— Vaapostora vaJesu pachake vakatiza apo akanga achitambudzwa, uye Petro akatoramba kuti aimuziva. Asi, kufanana naJosefa, Jesu akavakanganwira vose.

Paivawo nomukoma nomunun'una Kaini naAbheri. Pane zvatinodzidzawo kwavari. Mwari akaona mumwoyo waKaini kuti akanga asingatombodi munun'una wake. Saka Mwari akaudza Kaini kuti aifanira kuchinja nzira dzake. Kudai Kaini aida Mwari zvechokwadi, aidai akateerera. Asi akanga asingadi Mwari. Rimwe zuva Kaini akati kuna Abheri, 'Ngatiende kusango.' Abheri akaenda naKaini. Vari kusango ikoko voga, Kaini akarova munun'una wake kwazvo akamuuraya.—Genesi 4:2-8.

Bhaibheri rinotiudza kuti pane chidzidzo chinokosha chatinofanira kudzidza ipapo. Unoziva kuti chii here?— 'Iri ndiro shoko ramakanzwa kubva pakutanga: Tinofanira kudanana; kwete kuita saKaini uyo akabva kune wakaipa.' Saka hanzvadzi, madzikoma, nevanun'una vanofanira kudanana. Havafaniri kuita saKaini.—1 Johani 3:11, 12.

Nei zvaizova zvakaipa kuita saKaini?— Nokuti Bhaibheri rinotaura kuti 'akabva kune wakaipa,' Satani Dhiyabhorosi. Sezvo Kaini aiita saDhiyabhorosi, zvakangoita sokuti Dhiyabhorosi ndiye aiva baba vake.

Unoona here kuti nei zvichikosha kuda vanun'una nemadzikoma ako uye hanzvadzi?— Kana usingavadi, unenge uchitevedzera vana vaani?— Vana vaDhiyabhorosi. Haungadi kuva akadaro, ungada here?— Saka ungaratidza sei kuti unoda kuva mwana waMwari?— Nokunyatsoda vanun'una nemadzikoma uye hanzvadzi dzako.

Asi rudo chii?— Rudo manzwiro akadzama omukati medu anotiita kuti tide kuitira vamwe zvinhu zvakanaka. Tinoratidza kuti

tinoda vamwe patinonzwa zvakanaka pamusoro pavo uye patinovaitira zvinhu zvakanaka. Uye vanun'una vedu nemadzikoma uye hanzvadzi vatinofanira kuda ndivanaani?— Yeuka, Jesu akadzidzisa kuti ndivo vaya vanoumba mhuri huru yechiKristu.

Zvinokosha zvakadini kuti tide hama nehanzvadzi dzechiKristu idzi?— Bhaibheri rinoti: "Uyo asingadi hama yake, yaakaona, haagoni kuve achida Mwari, waasina kumboona." (1 Johani 4:20) Naizvozvo hatigoni kungoda vashomanana mumhuri yechiKristu. Tinofanira kuvada vose. Jesu akati: "Vose vachaziva kuti muri vadzidzi vangu neizvi, kana mune rudo pakati penyu." (Johani 13:35) Unoda hama nehanzvadzi dzose here?— Yeuka, kana usingadzidi, haugoni kuda Mwari chaizvo.

Tingaratidza sei kuti tinonyatsoda hama nehanzvadzi dzedu?— Kana tichidzida hatizogari kure nadzo nokuti hatidi kutaura nadzo. Ticharatidza kudzida dzose. Tichadziitira zvakanaka nguva dzose uye tichange tichida kugovana nadzo zvatinazvo. Uye kana dzikasangana nematambudziko tichadzibatsira nokuti tiri mhuri huru zvechokwadi.

Ungaratidza sei kuti unoda hama yako?



Kana tichinyatsoda hama dzedu dzose nehanzvadzi, zvinoratidzei?— Zvinoratidza kuti tiri vadzidzi vaJesu, Mudzidzisi Mukuru. Uye handiti ndizvo zvatinoda kuva here?—

Kuratidza rudo kuhama dzedu nehanzvadzi kunotaurwawo pana VaGaratiya 6:10 na1 Johani 4:8, 21. Wadii kuvhura Bhaibheri rako woverenga magwaro iwayo?

CHITSAUKO 44

SHAMWARI DZEDU DZINOFANIRA KUDA MWARI

SHAMWARI, vanhu vatinofarira kutaura navo uye kutandara navo. Asi zvinokosha kuva neshamwari kwadzo. Unofunga shamwari yakanakisisa yatinogona kuva nayo ndiani?— Hungu, ndiJehovha Mwari.

Tinogona kuva shamwari dzaMwari zvechokwadi here?— Bhaibheri rinoti Abrahamu, murume akararama kare, aiva "shamwari yaJehovha." (Jakobho 2:23) Unoziva kuti nei here?— Bhaibheri rinopindura kuti Abrahamu *aiteerera* Mwari. Aiteerera kunyange apo zvaainzi aite zvakanga zvakaoma. Naizvozvo kuti tive shamwari yaJehovha, tinofanira kuita zvinomufadza, sezvakangoita Abrahamu uye sezvakaita Mudzidzisi Mukuru nguva dzose.—Genesi 22:1-14; Johani 8:28, 29; VaHebheru 11:8, 17-19.



Nei Abrahamu akanga ari "Shamwari yaJehovha"?

Nei Jesu aiwanzogara nemhuri iyi paaishanyira Jerusarema? Unoziva mazita avo here?

Jesu akaudza vaapostora vake kuti: "Muri shamwari dzangu *kana muchiita zvandiri kukurayirai.*" (Johani 15:14) Sezvo zvinhu zvose izvo Jesu akataurira vanhu zvaibva kuna Jehovha, Jesu akanga achiti shamwari dzake dzaiva vanhu vaiita zvaitaurwa naMwari kuti vanofanira kuita. Chokwadi, shamwari dzake dzose dzaida Mwari.

Dzimwe dzeshamwari dzapedyo pedyo dzoMudzidzisi Mukuru vaiva vaapostora vake, avo vane mifananidzo yaunoona papeji 75 yebhuku rino. Vaifamba naye uye vaimubatsira kuita basa rokuparidza. Jesu akapedza nguva yake yakawanda ane varume ava. Vaidya pamwe. Vaitaura nezvaMwari pamwe. Uye vaiita zvimwe zvinhu pamwe. Asi Jesu aiva nedzimwe shamwari dzakawanda. Aigara nadzo, uye vaifara pamwe.

Imwe mhuri iyo Jesu aida kugara nayo yaigara muguta duku reBhetania, pedyo neguta guru reJerusarema. Unovayeuka here?—Vaiva Mariya naMarita nehanzvadzi yavo Razaro. Jesu aiti Razaro

yaiva shamwari yake. (Johani 11:1, 5, 11) Chikonzero chaiita kuti Jesu ade mhuri iyi uye afarire kuva navo ndechokuti vaida Jehovha uye vaimushumira.

Izvi hazvirevi kuti Jesu akanga asina mutsa kuvanhu vakanga vasingashumiri Mwari. Aiva nawo. Akatoenda kumisha yavo akadya navo. Izvi zvakaita kuti vamwe vataure kuti Jesu aiva "shamwari yevateresi nevanhu vanoita zvivi." (Mateu 11:19) Chokwadi ndechokuti Jesu haana kuenda kumisha yevanhu ivavo nokuti aifarira mararamiro avo. Aivashanyira kuti ataure navo nezvaJehovha. Akaedza kuvabatsira kuchinja nzira dzavo dzakaipa kuti vashumire Mwari.

Izvi zvakaitika rimwe zuva muguta reJeriko. Jesu akanga ari kungopfuurawo zvake achienda kuJerusarema. Pakanga pane boka revanhu, uye muboka racho makanga mune mumwe murume ainzi Zakeyo. Akanga achida kuona Jesu. Asi Zakeyo akanga ari mupfupi, uye akanga asingagoni kuona nemhaka yeboka revanhu. Naizvozvo akamhanya mberi nomugwagwa ndokukwira mumuti kuti anyatsoona Jesu paainge opfuura.

Jesu paakasvika pamuti iwoyo, akatarisa mudenga ndokuti: 'Kurumidza kuburuka, nokuti nhasi ndichauya

Nei Zakeyo akwira muti uyu?

Nei Jesu ari kushanyira Zakeyo, uye Zakeyo ari kuvimbisa kuitei?

kumba kwako.' Asi Zakeyo akanga ari murume mupfumi akanga aita zvinhu zvakaipa. Nei Jesu akanga achida kuenda kuimba yomurume akadaro?—

Zvaisava kuti Jesu aida mararamire aiita murume iyeye. Akaendako kuti anotaura naZakeyo nezvaMwari. Akaona nzira iyo murume iyeye akanga aedza zvakaoma kuti amuone. Naizvozvo aiziva kuti zvimwe Zakeyo aizoteerera. Iyi yakanga iri nguva yakanaka yokutaura naye pamusoro penzira iyo Mwari anoti vanhu vanofanira kurarama nayo.

Saka, chii chatinoona chichiitika iye zvino?— Zakeyo anofarira zvinodzidziswa naJesu. Anonzwa urombo zvikuru kuti aibiridzira vanhu, uye ari kuvimbisa kuti achadzorera mari iyo akanga asina kodzero yokutora. Zvadaro anova muteveri waJesu. Ipapo bedzi ndipo apo Jesu naZakeyo vanova shamwari.—Ruka 19:1-10.

Kana tikadzidza kuMudzidzisi Mukuru, tichazomboshanyira vanhu vasiri shamwari dzedu here?— Hungu. Asi hatizoendi kumba kwavo nokuti tinofarira mararamiro avo. Uye hatizoiti zvinhu zvakaipa navo. Tichavashanyira kuti titaure navo nezvaMwari.

Asi shamwari dzedu dzapedyo ndidzo dzatinonyanya kuda kutandara nadzo. Kuti vave shamwari kwadzo, vanofanira kuva vanhu vanofarirwa naMwari. Vamwe vangasatomboziva kuti Jehovha ndiani. Asi kana vachida kudzidza nezvake, tinogona kuvabatsira. Uye nguva painosvika yokuti vava kuda Jehovha sezvatinoita, ipapo tinogona kuva shamwari dzapedyo.

Pane imwe nzira yokuziva nayo kana munhu angava shamwari yakanaka. Tarisa zvinhu zvaanoita. Anoitira vamwe vanhu zvinhu zvakaipa ozovaseka here? Izvozvo hazvina kunaka, handiti?— Anongogara ari muzvinetso here? Hatingadi kupinda muzvinetso naye, tingada here?— Kana kuti anoita zvinhu zvakaipa achiziva here ozofunga kuti akangwara nokuti haana kubatwa? Kunyange kana munhu iyeye asina kubatwa, Mwari aona zvaaita, haana here?— Unofunga kuti vanhu vanoita zvinhu zvakadaro vaizova shamwari dzakanaka dzokuti tive nadzo here?—

Wadii kutora Bhaibheri rako? Ngationei zvarinotaura pamusoro pokuti shamwari dzedu dzinochinja sei upenyu hwedu. Rugwaro rwacho ruri pana 1 VaKorinde chitsauko 15, ndima 33. Wapaona here?— Panoti: "Musatsauswa. Songaniro dzakaipa dzinoshatisa miitiro inobetsera." Izvi zvinoreva kuti kana tikafambidzana nevanhu vakaipa, tinogona kuzovawo vakaipa. Uye ichokwadiwo kuti shamwari dzakanaka dzinotibatsira kuti tive netsika dzakanaka.

Ngatirege kumbokanganwa kuti Munhu anokosha kupfuura vose muupenyu hwedu ndiJehovha. Hatidi kukanganisa ushamwari hwedu naye, handiti ndizvo?— Naizvozvo tinofanira kungwarira kuti tishamwaridzane nevanoda Mwari bedzi.

Kukosha kweshamwari kwadzo kunoratidzwa pana Pisarema 119:115; Zvirevo 13:20; 2 Timoti 2:22; na1 Johani 2:15.

CHITSAUKO 45

UMAMBO HWAMWARI CHII? NZIRA YOKURATIDZA NAYO KUTI TINOHUDA

UNOZIVA munyengetero uyo Jesu akadzidzisa vateveri vake here?— Kana usingauzivi tinogona kuuverenga pamwe chete muBhaibheri, pana Mateu 6:9-13. Munyengetero, uyo vazhinji vanodana kuti Munyengetero waShe, unosanganisira mashoko okuti: "Umambo hwenyu ngahuuye." Unoziva kuti Umambo hwaMwari chii here?—

Mambo mutongi wenyika. Hurumende yake inonzi umambo. Mune dzimwe nyika mutungamiriri wacho muhurumende iyi anonzi purezidhendi. Mutongi wehurumende yaMwari anonzi chii?— Mambo. Ndicho chikonzero nei hurumende yaMwari ichinzi Umambo.

Unoziva here kuti ndiani uyo Jehovha akasarudza kuti ave Mambo wehurumende Yake?— Mwanakomana Wake, Jesu Kristu. Nei ari nani kupfuura chero mutongi upi uyo vanhu vangasarudza?— Noku-

Ibasa ripi iro Jesu akauya kuzoita pano pasi?

ti Jesu anonyatsoda Baba vake, Jehovha. Saka nguva dzose anoita zvakanaka.

Nguva refu Jesu asati aberekwa muBheterehema, Bhaibheri rakataura nezvokuberekwa kwake ndokuti aizova Mutongi waMwari akasarudzwa. Ngativerenge nezvazvo pana Isaya 9:6, 7, kubva mu*King James Version*. Panoti: "Nokuti takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana; umambo huchava papfudzi rake; zita rake richanzi; . . . *Muchinda worugare*. Kukura *kwehurumende yake* nokworugare hazvina magumo."— Tisu tatsveyamisa mabhii.

Unoziva here kuti nei Mutongi woUmambo hwaMwari pano achinzi "Muchinda"?— Muchinda uyu mwanakomana wamambo. Uye Jesu Mwanakomana waMambo Mukuru, Jehovha. Asi Jehovha akaitawo Jesu Mambo wehurumende Yake, iyo ichatonga pasi pano kwechiuru chemakore. (Zvakazarurwa 20:6) Jesu abhabhatidzwa, akatanga "kuparidza achiti: 'Pfidzai, nokuti umambo hwokumatenga hwaswedera pedyo.' "—Mateu 4:17.

Unofunga kuti nei Jesu akataura kuti Umambo hwakanga hwaswedera pedyo?— Nokuti Mambo, uyo aizotonga ari kudenga, akanga ainavo ipapo chaipo! Ndicho chikonzero nei Jesu akaudza vanhu kuti: "Umambo hwaMwari huri pakati penyu." (Ruka 17:21) Haungadi here kuva naMambo waJehovha pedyo chaipo newe zvokuti ungatomubata?—

Saka imbondiudza, ibasa ripi rinokosha iro Jesu akauya kuti azoita pasi pano?— Jesu akapindura mubvunzo iwoyo, achiti: "*Ndinofanirawo kuzivisa mashoko akanaka oumambo hwaMwari* kune mamwe maguta, nokuti ndakatumirwa izvozvi." (Ruka 4:43) Jesu aiziva kuti aisagona kuita basa rokuparidza rose ari oga. Saka unofunga kuti akaitei?—

Jesu akafamba nevamwe vanhu akavaratidza nzira yokuita nayo basa rokuparidza. Vokutanga vaakadzidzisa vakanga vari 12 vaakasarudza sevaapostora. (Mateu 10:5, 7) Asi Jesu akangodzidzisa vaapostora vake bedzi kuita basa iri here? Aiwa, Bhaibheri rinotaura kuti Jesu akadzidzisawo vamwe vakawanda kuparidza. Nokufamba kwenguva akatumira vamwe vadzidzi 70 kuti vafanoenda vari vaviri vaviri. Uye vakadzidzisei vanhu?— Jesu akati: "Murambe muchivaudza kuti, 'Umambo hwaMwari hwasvika pedyo nemi.' " (Ruka 10:9) Nenzira iyi vanhu vakadzidza nezvehurumende yaMwari.

Kare muna Israeri madzimambo matsva aikwira mbongoro duku achipinda muguta kuti azviratidze kuvanhu. Zvino izvi ndizvo zvinoitwa naJesu paanoshanyira Jerusarema kokupedzisira. Waonaka, Jesu achava Mutongi woUmambo hwaMwari. Vanhu vanomuda saMambo here?—

Sezvo anofamba achienda, vanhu vazhinji vanotanga kuwaridza nguo dzavo dzokunze mumugwagwa mberi kwake. Vamwe vanotema mapazi emiti vachiaisa mumugwagwa. Nokuita izvi vanoratidza kuti vanoda kuti Jesu ave Mambo wavo. Vanodanidzira vachiti: "Akakomborerwa Iye anouya saMambo muzita raJehovha!" Asi haasi munhu wose ari kufara. Kutaura chokwadi, vamwe vatungamiriri vechitendero vanototi kuna Jesu, 'Nyaradza vadzidzi vako.'—Ruka 19: 28-40.

Pashure pemazuva mashanu Jesu anosungwa uye anopinzwa muimba yagavhuna kuti anomira pamberi pagavhuna, Pondiyo Pirato. Vavengi vaJesu vanoti Jesu anozviti ndimambo uye anorwisana nehurumende yeRoma. Naizvozvo Pirato anobvunza Jesu pamusoro peizvi. Jesu anoratidza kuti haasi kuedza kupidigura hurumende. Anoudza Pirato kuti: "Umambo hwangu hausi rutivi rwenyika ino."—Johani 18:36.

Pirato anobva abuda panze oudza vanhu kuti Jesu haana mhosva. Zvino vanhu havadi kuti Jesu ave Mambo wavo. Havadi kuti asunu-

ngurwe. (Johani 18:37-40) Pashure pokutaura naJesu zvekare, Pirato ane chokwadi chokuti Jesu haana chakaipa chaaita. Naizvozvo pakupedzisira, pashure pokubudisa Jesu panze kokupedzisira, Pirato anoti: "Onai! Mambo wenyu!" Asi vanhu vanodanidzira vachiti: "Mubvisei! Mubvisei! Muroverei!"

Nei vanhu vachichinja pfungwa dzavo pamusoro pokuda Jesu saMambo?

Pirato anobvunza kuti: "Ndorovera mambo wenyu here?" Vapristi vakuru vanopindura kuti: "Hatina mambo kunze kwaKesari." Pafunge! Vapristi vakaipa ivavo vakwanisa kuita kuti vanhu vamukire Jesu!—Johani 19:1-16.

Nhasi zvakafanana zvikuru nezvazvakanga zvakaita panguva iyoyo. Vanhu vazhinji havadi kuti

Jesu ave Mambo wavo zvechokwadi. Vangataura kuti vanodavira muna Mwari, asi havadi kuti Mwari kana kuti Kristu avaudze zvokuita. Vanoda hurumende dzavo pachavo dziri pasi pano chaipo.

Zvakadini nesu? Patinodzidza nezvoUmambo hwaMwari nezvinhu zvinoshamisa zvose zvahuchaita, izvozvo zvinoita kuti tinzwe sei pamusoro paMwari?— Tinomuda, hatidaro here?— Tingaratidza Mwari sei zvino kuti tinomuda uye kuti tinoda kutongwa noUmambo hwake?—

Tinogona kuratidza Mwari kuti tinonzwa sei nokutevedzera muenzaniso waJesu. Uye chii icho Jesu akaita kuratidza kuti aida Jehovha?— "Ndinogaroita zvinhu zvinomufadza," Jesu akatsanangura kudaro. (Johani 8:29) Chokwadi, Jesu akauya pasi 'kuzoita kuda kwaMwari' uye "kupedza basa rake." (VaHebheru 10:7; Johani 4:34) Funga zvakaitwa naJesu asati atanga basa rake rokuparidza.

Jesu akadzika kuRwizi Jodhani kuna Johani Mubhabhatidzi. Pashure pokunge vapinda mumvura, Johani akanyudza Jesu mumvura ndokuzomubudisa. Unoziva kuti nei Johani akabhabhatidza Jesu here?—

Jesu akakumbira Johani kuti adaro. Asi tinoziva sei kuti Mwari aida kuti Jesu abhabhatidzwe?—

Nei Jesu akabhabhatidzwa, uye Mwari akaratidza sei kuti aizvitendera?

Ndokupi kwatingataura nevamwe pamusoro poUmambo hwaMwari?

Tinozviziva nokuti Jesu paakabuda mumvura, akanzwa inzwi raMwari richibva kudenga richiti: "Ndiwe Mwanakomana wangu, anodiwa; ndakutendera." Mwari akatotumira mudzimu mutsvene wake wakaita senjiva uchidzika pana Jesu. Naizvozvo nokubhabhatidzwa, Jesu akaratidza kuti aida kushumira Jehovha upenyu hwake hwose, nokusingaperi.—Mako 1:9-11.

Iye zvino uchiri kukura. Asi chii chauchazoita munguva yemberi?— Uchaita saJesu wobhabhatidzwa here?— Unofanira kumutevedzera, nokuti Bhaibheri rinoti akakusiyirai "muenzaniso kuti munyatsotevera tsoka dzake." (1 Petro 2:21) Paunenge zvino wabhabhatidzwa, uchange uri kuratidza kuti unoda zvechokwadi kutongwa noUmambo hwaMwari. Asi kungobhabhatidzwa chete hakuna kukwana.

Tinofanira kuteerera zvinhu zvose izvo Jesu akadzidzisa. Jesu akati hatifaniri kuva "rutivi rwenyika." Kana tikabatanidzwa nezvinhu zvenyika tinenge tichimuteerera here? Jesu nevaapostora vake vakaramba vari kure nezvinhu izvozvo. (Johani 17:14) Asi vakaitei?— Vakataura nevamwe vanhu pamusoro poUmambo hwaMwari. Iroro ndiro rakanga riri basa guru muupenyu hwavo. Tinogona kuitawo izvozvo here?— Hungu, uye tichazviita kana tichirevesa patinonyengeterera Umambo hwaMwari kuti huuye.

Tapota ona mamwe magwaro aya anotiudza zvatinogona kuita kuratidza kuti tinoda kuti Umambo hwaMwari huuye: Mateu 6:24-33; 24:14; 1 Johani 2:15-17; na5:3.

CHITSAUKO 46

MVURA INOPARADZA NYIKA —ZVICHAITIKA ZVAKARE HERE?

WATI wambonzwa mumwe munhu achitaura nezvokuguma kwenyika here?— Nhasi vazhinji vanozvitaura chaizvo. Vamwe vanhu vanofunga kuti nyika ichaparadzwa nehondo yevanhu vachishandisa mabhomba enyukireya. Unofunga kuti Mwari achazomboparadza pasi redu rakanaka nedenga redu rinoyevedza rine nyeredzi dzinopenya here?—

Sezvatakadzidza, Bhaibheri rinotaura nezvomugumo wenyika. "Nyika iri kupfuura," rinodaro Bhaibheri. (1 Johani 2:17) Unofunga kuti mugumo wenyika uchareva mugumo wepasi here?— Aiwa, Bhaibheri rinotaura kuti Mwari akai-



Ndeipi nyika yakaparadzwa mumazuva aNoa?

ta pasi *"kuti rigarwe,"* kuti vanhu vagarepo vachifara. (Isaya 45:18) Pisarema 37:29 rinoti: "Vakarurama vachagara nhaka yenyika, vachagaramo nokusingaperi." Nechikonzero ichi Bhaibheri rinotaurawo kuti pasi richagara nokusingaperi.—Pisarema 104:5; Muparidzi 1:4.

Kana kuguma kwenyika kusingarevi kuguma kwepasi, saka kunorevei?— Tinogona kuziva kana tikanyatsotarisa zvakaitika mumazuva aNoa. Bhaibheri rinotsanangura kuti: *"Nyika yepanguva iyoyo yakaparadzwa* payakafukidzwa nemvura."—2 Petro 3:6.

Pane munhu akapona mugumo wenyika here mukati meBoporodzi, kana kuti Mafashamo makuru iwayo muzuva raNoa?— Bhaibheri rinoti Mwari "akachengeta Noa, muparidzi wokururama, akachengeteka nevamwe vanomwe paakaunza boporodzi panyika yevanhu vasingadi Mwari."—2 Petro 2:5.

Saka kana zvakadaro, inyika ipi yakaguma? Rakanga riri pasi here, kana kuti vakanga vari vanhu vakaipa?— Bhaibheri rinotaura kuti yaiva *"nyika yevanhu vasingadi Mwari."* Uye cherechedza, Noa anonzi "muparidzi." Unofunga aiparidza nezvei?— Noa akanga achinyevera vanhu nezvomugumo we*"nyika yepanguva iyoyo."*

Apo Jesu akataura nezveMafashamo makuru, akaudza vadzidzi vake izvo vanhu vaive vachiita mugumo usati wauya. Izvi ndizvo zvaakavataurira: "Mumazuva iwayo mafashamo asati auya, [vanhu] vakanga vachidya vachinwa, varume vachiroora nevakadzi vachiroorwa, kusvikira zuva rakapinda Noa muareka; uye *havana kuziva kusvikira mafashamo auya akavakukura vose."* Jesu akabva ataura kuti vanhu vaizove vachiita saizvozvo chaizvo nyika ino isati yaguma.—Mateu 24:37-39.

Mashoko aJesu anoratidza kuti tinogona kudzidza zvidzidzo kubva mune zvaiitwa nevanhu Mafashamo asati asvika. Kubva

mukuverenga Chitsauko 10 chebhuku rino, unoyeuka here izvo vanhu ivavo vaiita?— Vamwe varume vaive noutsinye kune vamwe uye vaiita zvechisimba. Jesu akati, asi vamwe vazhinji vaisamboteerera Mwari paakatumira Noa kunovaparidzira.

Saka zuva rakauya, apo Jehovha akaudza Noa kuti aizoparadza vanhu vakaipa nemafashamo. Mvura yaizofukidza pasi pose, kunyange makomo. Jehovha akaudza Noa kuti avake areka huru. Yakanga yakaita sebhokisi guru rakareba sezvaunogona kuona kana ukadzokera kumufananidzo uri papeji 238.

Mwari akaudza Noa kuti avake areka yakakura zvakakwana zvokuti iye nemhuri yake uye mhuka zhinji vaizova vakachengeteka mukati mayo. Noa nemhuri yake vakashanda zvakaoma. Vakatema miti mikuru, uye vachishandisa miti yacho vakatanga kuvaka areka. Izvi zvakatora makore nemakore nokuti areka yacho yakanga yakakura zvikuru.

Uchiri kuyeuka here kuti chiizve chaiitwa naNoa kwemakore ose ayo akanga achivaka areka?— Akanga achiparidza, achinyevera vanhu nezveMafashamo aizouya. Pane vamwe vavo vakateerera here? Hapana chero mumwe wavo akateerera kunze kwemhuri yaNoa. Vamwe vose vakanga vakabatikana nezvimwe zvinhu. Uchiri kuyeuka here kuti Jesu akati vaiitei?— Vakanga vakabatikana nokudya nokunwa nokuroorana. Vaisafunga kuti vakanga vakaipa, uye havana kumbozvipa nguva yokuteerera Noa. Naizvozvo ngationei kuti chii chakaitika kwavari.

Pashure pokunge Noa nemhuri yake vapinda muareka, Jehovha akavhara suo. Kunyange zvakadaro vanhu vakanga vari panze havana kumbofunga kuti Mafashamo aizouya. Asi kamwe kamwe, mvura yakatanga kuturuka kudenga! Yakanga isingori mvura yenguva dzose. Akanga ari mapopoma emvura! Nokukurumidza

mvura yacho yakanga yava kuita senzizi huru ichiita ruzha rukuru. Yakawisa miti mikuru nokukungurutsa matombo makuru sokunge kuti aiva tumatombo. Uye zvakadini nevanhu vaive kunze kweareka?— Jesu anoti: "Mafashamo akauya akavakukura vose." Vanhu vose vakanga vari kunze kweareka vakafa. Nei?— Sokutaura kwakaita Jesu, "havana kuziva." Havana kuteerera!— Mateu 24:39; Genesi 6:5-7.

Zvino, yeuka, Jesu akataura kuti zvakaitika kuvanhu ivavo chidzidzo kwatiri nhasi. Tinodzidzei?— Vanhu vakaparadzwa kwete bedzi nokuti vakanga vakaipa asi nokuti vazhinji vakanga vakabatikana zvokusawana nguva yokudzidza nezvaMwari uye zvaaida kuzoita. Tinofanira kungwarira kuti tisafanana navo, handiti?—

Unofunga kuti Mwari achaparadza nyika nemafashamo zvakare here?— Aiwa, Mwari akavimbisa kuti aisazodaro. Akati: "Ndinoisa muraraungu wangu mugore, kuti chive chiratidzo." Jehovha akati muraraungu waizova chiratidzo chokuti "mvura haichazovi zhinjizve kuti iparadze zvose zvenyama."—Genesi 9:11-17.

Naizvozvo tinogona kuva nechokwadi chokuti Mwari haachazomboparadzizve nyika nemafashamo. Asi sezvataona, Bhaibheri rinotaura nezvokuguma kwenyika. Mwari paachaparadza nyika ino, ndiani waachaponesa?— Vachava vanhu vakanga vachinyanya kufarira zvimwe zvinhu



Nei tisingafaniri kungofunga nezvokutamba chete?

zvokuti vaisamboda kudzidza nezvaMwari here? Vachava vaya vakanga vachigara vakabatikana nguva dzose zvokusagona kudzidza Bhaibheri here? Unofungei?—

Tinoda kuva pakati peavo Mwari achachengeta vari vapenyu, handiti?— Hazvaizofadza here kudai mhuri yedu yaizogona kuita seyaNoa kuitira kuti Mwari agotiponesa tose?— Kana tichizopona pamugumo wenyika, tinofanira kunzwisisa nzira iyo Mwari achaiparadza nayo ozounza nyika yake itsva yakarurama. Ngationei kuti izvi anozviita sei.

Bhaibheri rinotipa mhinduro yacho pana Dhanieri 2, ndima 44. Rugwaro urwu ruri kutaura pamusoro pezuva redu chairo parunoti: "Zvino namazuva amadzimambo iwayo Mwari wokudenga achamutsa ushe [kana kuti hurumende], husingatongozoparadzwi, uye simba rahwo haringapfuuri kune rumwe rudzi rwavanhu; asi ihwo huchaputsanya nokuparadza ushe uhwo hwose, ihwo huchamira nokusingaperi."

Unonzwisisa zvazvinoreva here?— Bhaibheri rinotaura kuti hurumende yaMwari ichaparadza hurumende dzose dzepasi. Nei?— Nokuti hadziteereri Uyo Mwari akagadza saMambo. Ndiani iyeye?— Hungu, ndiJesu Kristu!

Jehovha Mwari ane kodzero yokusarudza kuti ihurumende yorudzii inofanira kutonga, uye akasarudza Mwanakomana wake, Jesu, kuva Mambo. Nokukurumidza Mutongi waMwari, Jesu Kristu, achatungamirira mukuparadza hurumende dzose dzenyika ino. Bhaibheri pana Zvakazarurwa chitsauko 19, ndima 11 kusvika ku16, rinomurondedzera achiita kudaro, sezvinoratidzwa nomufananidzo uyu. MuBhaibheri, hondo yaMwari yokuparadza hurumende dzose dzenyika inonzi Ha-Magedhoni, kana kuti Amagedhoni.



Mwari anoti Umambo hwake huchaparadza hurumende dzevanhu. Asi anotiudza kuti tidaro here?— Aiwa, muBhaibheri, Amagedhoni inonzi "hondo yezuva guru raMwari Wemasimba Ose." (Zvakazarurwa 16:14, 16) Hungu, Amagedhoni ihondo yaMwari, uye anoshandisa Jesu Kristu kutungamirira hondo dzokudenga mukurwa kwacho. Hondo yeAmagedhoni yave pedyo here? Ngationei kuti tingaziva sei.

Ngativerengei pamwe chete pamusoro penguva apo Mwari anobvisa vakaipa vose oponesa vanomushumira, pana Zvirevo 2:21, 22; Isaya 26:20, 21; Jeremia 25:31-33; naMateu 24:21, 22.

Jesu Kristu, Mambo waMwari akasarudzwa, achaparadza nyika ino paAmagedhoni

CHITSAUKO 47

MAZIVIRE ATINGAITA KUTI AMAGEDHONI YAVA PEDYO

CHIRATIDZO unochiziva handiti?— MuChitsauko 46 takaverenga nezvechiratidzo icho Mwari akapa chokuti aisazomboparadza nyika nemafashamo zvekare. Uyewo vaapostora vakakumbira chiratidzo chokuti vazive apo Jesu ainge adzoka uye apo mugumo wenyika, kana kuti gadziriro yezvinhu wainge wava pedyo.—Mateu 24:3.

Sezvo Jesu aizove ari mudenga matisingamuoni, paidiwa chiratidzo chokuonesa kuti akanga atanga kutonga. Naizvozvo Jesu akataura pamusoro pezvinhu izvo vadzidzi vake vanofanira kutarisira kuona pasi pano. Zvinhu izvi pazvaizoitika, zvaizoreva kuti ainge adzoka uye ainge atanga kutonga mudenga saMambo.

Kuti adzidzise vadzidzi vake kukosha kwokuramba vakarinda, Jesu akavaudza kuti: "Cherechedzai muonde nemimwe miti yose: Kana yava kutotungira, *nokuicherechedza* munoziva kuti zvino zhizha ra-



Chidzidzoi icho Jesu aidzidzisa paakataura nezvomuonde?

va pedyo.” Unogona kuziva kana zhizha rava pedyo. Uye unogona kuziva kana Amagedhoni yava pedyo paunoona zvinhu zvichiitika izvo Jesu akataura nezvazvo.—Ruka 21:29, 30.

Papeji ino neinotevera tichatarisa mifananidzo yezvinhu izvo Jesu akati zvaizova zvimwe zvechiratidzo chokuti Umambo hwaMwari hwava pedyo. Zvinhu zvose izvi pazvinoitika, Umambo hwaMwari huna Kristu soMutongi huchaparadza dzimwe hurumende dzose sezvatakaverenga muChitsauko 46.

5
6
4

Naizvozvo nyatsotarira mifananidzo iri pamapeji maviri anotangira ino, uye tichataura nezvayo. Pana Mateu 24:6-14 naRuka 21: 9-11, unogona kuverenga pamusoro pezvaunoona pamifananidzo iyi. Uyewo cherechedza nhamba duku iri pamufananidzo mumwe nomumwe. Nhamba imwe iyoyo inowanikwa kwokutanga kwendima inorondedzera mufananidzo iwoyo. Zvino ngationei kana zvinhu zvizhinji zvechiratidzo icho Jesu akapa zviri kuzadzika nhasi.

(1) Jesu akati: "*Muchanzwa nezvehondo nemashoko ezvehondo; . . . rudzi ruchamukira rudzi noumambo huchamukira umambo.*" Wati wambonzwa mashoko ehondo here?— Hondo yenyika yokutanga yakarwiwa kubva muna 1914 kusvika muna 1918, kukazova neHondo Yenyika II, kubva muna 1939 kusvika muna 1945. Kwakanga kusina kumboitika hondo dzenyika yose! Iye zvino kune hondo kwose kwose munyika. Zvinoratidza sokuti zuva roga roga paTV, muredhiyo, uye mupepanhau, tinonzwa kana kuti tinoverenga nezvehondo.

(2) Jesu akatiwo: "*Kuchava nokuperevedza kwezvokudya . . . munzvimbo nenzvimbo.*" Sezvaungadaro uchiziva, haasi munhu wose ane zvokudya zvakakwana. Zuva nezuva zviuru zvevanhu zvinofa nokuti hazvina zvokudya zvakakwana.

(3) Jesu akawedzera kuti: "*Munzvimbo nenzvimbo muchava nenhenda.*" Unoziva kuti denda chii here?— Chirwere kana kuti hosha, inouraya vanhu vakawanda. Rimwe denda guru rinonzi furuwenza yokuSpain rakauraya vanhu vanenge mamiriyoni 20 mukati merinenge gore. Muzuva redu vanhu vakawanda kupfuura ipapo zvimwe vachafa neAIDS. Uye kunewo kenza, chirwere chomwoyo, nezvimwe zvirwere zvinouraya zviuru zvizhinji zvevanhu gore negore.

(4) Jesu akataura chimwe chechiratidzo achiti: "*Kuchava . . . nokudengenyeka kwepasi munzvimbo nenzvimbo.*" Unoziva here

chinonzi kudengenyeka kwenyika?— Zvinoreva kuzununguka kunoita pasi. Dzimba dzinowira pasi, uye kazhinji vanhu vanofa. Kubva mugore ra1914, kwave kune kudengenyeka kwenyika kwakawanda gore negore. Wakambonzwa nezvokudengenyeka kwenyika here?—

(5) Jesu akati chimwe chechiratidzo chaizova '*kuwedzera kwouipi.*' Ndicho chikonzero nei kune kuba kwakawanda nechisimba. Kwose kwose vanhu vanotya kuti zvimwe mumwe munhu achaedza kupaza kuti apinde mumba mavo. Hazvina kumboitika nakare kwose kuti kuve noutsotsi uye chisimba zvakawanda kudaro munyika yose sezviripo zvino.

(6) Jesu akataura chimwe chinhu chinokosha zvikuru chechiratidzo paakati: "*Aya mashoko akanaka oumambo achaparidzwa mupasi rose rinogarwa nokuda kwouchapupu kumarudzi ose; uye zvadaro mugumo uchasvika.*" (Mateu 24:14) Kana uchitenda "aya mashoko akanaka," unofanira kutaurira vamwe nezvawo. Nenzira iyoyo unogona kubatanidzwawo mukuzadzika kwechiratidzo ichi.

Vamwe vanhu vangati zvinhu izvo Jesu akafanotaura zvangogara zvichiitika. Asi zvinhu zvakadaro hazvisati zvamboitika *zvose* munzvimbo dzakawanda kudaro pasi pose panguva imwe chete. Naizvozvo unonzwisisa here zvinorehwa nechiratidzo chacho?— Chinoreva kuti patinoona zvinhu zvose izvi zvichiitika, nyika ino yakaipa ichatsiviwa nokukurumidza nenyika itsva yaMwari.

Jesu paakapa chiratidzo ichi, akataurawo pamusoro peimwe nguva yegore. Akati: "Rambai muchinyengetera kuti kutiza kwenyu kurege kuitika munguva yechando." (Mateu 24:20) Unofunga airevei nemashoko iwayo?—

Kana munhu achifanira kunzvenga imwe njodzi munguva yechando, apo mwaka wechando unoita kuti zvive zvakaoma kana kuti kunyange zvine ngozi zvikuru kufamba, chii chingagona kui-

tika?— Kana akatombopukunyuka, kunenge kuri nokutambudzika kukuru. Zvingasava zvinonzwisa urombo here kuti mumwe munhu afire muchando nemhaka bedzi yokuti akanonoka kutanga rwendo nokuda kwokuti akanga akabatikana nezvimwe zvinhu?—

Unoona here pfungwa yakanga iri kubudiswa naJesu nokutaura nezvokusamira kusvika nguva yechando kuti utize?— Akanga ari kutiudza kuti sezvo tichiziva kuti Amagedhoni yava pedyo, hatidi kunonoka kuita chimwe chinhu kuratidza kuti tinoda Mwari nokumushumira. Kana tikaverengera, tingazonyanya kunonoka. Naizvozvo tingazongoita sevaya vomunguva yeMafashamo makuru vakanzwa Noa asi vasina kupinda muareka.

Zvino ngatimbotaura kuti zvichave zvakadini pashure pokunge hondo huru yeAmagedhoni yapera. Tichadzidza izvo Mwari akatichengetera isu tose tinomuda nokumushumira zvino.

Anotevera ndemamwe magwaro anoratidza kuti Amagedhoni yava pedyo: 2 Timoti 3:1-5; na2 Petro 3:3, 4.



Apo Jesu akataura nezvokuedza kutiza munguva yechando, chidzidzoi chaaidzidzisa?

CHITSAUKO 48

NYIKA ITSVA YAMWARI INE RUGARE—UNOGONA KURARAMA MAIRI

MWARI akaisa Adhamu naEvha mubindu reEdheni. Kunyange zvazvo vakava vasingateereri ndokufa, Mwari akaita kuti zvive zvinobvira kuti vana vavo, kusanganisira isu nhasi, vararame muParadhiso nokusingaperi. Bhaibheri rinopikira kuti: "Vakarurama vachagara nhaka yenyika, vachagaramo nokusingaperi."—Pisarema 37:29.

Bhaibheri rinotaura pamusoro pe"matenga matsva" ne"pasi idzva." (Isaya 65:17; 2 Petro 3:13) "Matenga" aripo zvino akaumbwa nehurumende dzevanhu dziripo nhasi, asi Jesu Kristu nevanotonga naye mudenga vachaumba "matenga matsva." Zvichafadza sei apo aya matenga matsva, ayo ari hurumende yaMwari yakarurama yorugare, achatonga pasi pose!

Saka "nyika itsva," chii zvino?— Nyika itsva vachava vanhu vakanaka vanoda Jehovha. Unoonaka, Bhaibheri parinotaura nezve-"pasi," dzimwe nguva rinoreva vanhu vanogara pasi pano, kwete nyika pachayo. (Genesi 11:1; Pisarema 66:4; 96:1) Naizvozvo vanhu vanoumba nyika itsva vachararama pasi pano chaipo.

Nyika yevanhu vakaipa iripo zvino ichave isisipo panguva iyoyo. Yeuka, Mafashamo omuzuva raNoa akatsvaira nyika yevanhu vakaipa. Uye sezvatadzidza, nyika yakaipa iripo zvino ichaparadzwa paAmagedhoni. Ngationei zvino kuti zvichave zvakaita sei kugara munyika itsva yaMwari pashure peAmagedhoni.

Unoda kugara muParadhiso nokusingaperi munyika itsva



Sezvaunoverenga Isaya 11:6-9 naIsaya 65: 25, unodzidza pamusoro pemhuka dzinogara murugare. Tarira mifananidzo iyi. Ona gwayana, mbudzana, mbada, mhuru, shumba huru, uye vana vari pamwe nazvo. Unoziva here mazita edzimwe mhuka dziri pano idzo Bhaibheri rinotaura?—Ona mukomana uyo ari kutamba nemhungu! Hapana anenge achigara munyika itsva anofanira hake kutya. (Hosea 2:18) Unofungei pamusoro paizvozvo?—

Zvino ona rugare ruri pakati pevanhu vemarudzi ose. Vose vanodanana, seizvo Jesu akati vateveri vake vaizoita. (Johani 13:34, 35) Zvombo zvehondo zviri kuitwa mapadza okurimisa pasi. Bhaibheri rinotaura pamusoro porugare runoshamisa nokuchengeteka izvo vanhu vachanakidzwa nazvo munyika itsva yaMwari. Tinogona kuverenga pamusoro peizvi mumagwaro akadai saPisarema 72:7; Isaya 2:4; 32: 16-18; naEzekieri 34:25.



Ona vanhu vari papeji ino. Vari kutarisira pasi, vachiriita kuti rive nzvimbo yakanaka. Ona dzimba dzakanaka dzavari kuvaka uye michero nemiriwo zvakanaka zvinoratidzwa pano. Vanhu vari murugare nepasi, naizvozvo rava paradhiso sebindu reEdheni. Tinogona kuverenga pamusoro pezvinhu zvinoshamisa izvi pana Pisarema 67:6; 72:16; Isaya 25:6; 65:21-24; naEzekieri 36:35.



Sezvaunoona, pano munhu wose ane utano hwakanaka uye ari kufara. Vanhu vanogona kusvetuka mudenga senondo. Hapana akaremara, bofu, kana kuti anorwara. Uye ona vanhu avo vamutswa kubva kuvakafa! Bhaibheri rinotaura pamusoro pezvinhu izvi pana Isaya 25:8; 33:24; 35: 5, 6; Mabasa 24:15; naZvakazarurwa 21:3, 4.

yaMwari ine rugare here?— Hapana chiremba anogona kutiita kuti tirarame nokusingaperi. Hakuna piritsi richaita kuti tisafe. Nzira imwe bedzi yatinogona kurarama nayo nokusingaperi ndeyokuswedera pedyo naMwari. Uye Mudzidzisi Mukuru anotiudza kuti tingazviita sei.

Ngatitore maBhaibheri edu tovhura pana Johani 17, ndima 3. Pano tinowana mashoko aya oMudzidzisi Mukuru anoti: "Izvi zvinoreva upenyu husingaperi, kupinza kwavo zivo pamusoro penyu, Mwari wechokwadi bedzi, neyowamakatuma, Jesu Kristu."

Naizvozvo, Jesu akati chii chatinofanira kuita kuti tirarame nokusingaperi?— Kutanga, tinofanira kupinza zivo yaBaba vedu vokudenga, Jehovha, uyewo yoMwanakomana wake, uyo akapa upenyu hwake nokuda kwedu. Izvi zvinoreva kuti tinofanira kudzidza Bhaibheri. Bhuku rino, *Dzidza kuMudzidzisi Mukuru,* riri kutibatsira kuita izvozvo.

Asi kudzidza nezvaJehovha kuchatibatsira sei kurarama nokusingaperi?— Sokungoda kwatinoita zvokudya mazuva ose, tinofanira kudzidza pamusoro paJehovha mazuva ose. Bhaibheri rinoti: "Munhu anofanira kurarama, kwete nechingwa choga, asi nokutaura kwose kunobuda mumuromo maJehovha."—Mateu 4:4.

Tinofanirawo kupinza zivo yaJesu Kristu nokuti Mwari akatumira Mwanakomana wake kuzobvisa zvivi zvedu. Bhaibheri rinoti: "Hapana mumwe angaponesa vanhu." Uye Bhaibheri rinotiwo: "Anotenda muMwanakomana ane upenyu husingaperi." (Mabasa 4:12; Johani 3:36) Zvinorevei 'kutenda' muna Jesu?— Zvinoreva kuti tinonyatsodavira muna Jesu uye tinoziva kuti pasina iye hatigoni kurarama nokusingaperi. Tinodavira kudaro here?— Kana tichidaro, ticharamba tichidzidza pamusoro poMudzidzisi Mukuru mazuva ose, uye tichaita zvaanotaura.

Imwe nzira yakanaka yokudzidza nayo kuMudzidzisi Mukuru

ndeyokugara tichiverenga bhuku rino uye kutarisa nokufunga pamusoro pemifananidzo yacho yose. Ona kana uchigona kupindura mibvunzo iri pamwe chete nemifananidzo iyi. Uyewo verenga bhuku racho naamai kana baba vako. Kana vabereki vako vasipo, riverenge nevamwe vanhu vakuru uye nevamwe vana. Zvaisazova zvinofadza here kudai waigona kubatsira vamwe kudzidza pamusoro poMudzidzisi Mukuru uye zvavanofanira kuita kuti vararame nokusingaperi munyika itsva yaMwari?—

Bhaibheri rinotiudza kuti: "Nyika iri kupfuura." Asi Bhaibheri rinozotsanangura kuti tingararama sei nokusingaperi munyika itsva yaMwari. Rinoti: "Uyo anoita kuda kwaMwari anoramba aripo nokusingaperi." (1 Johani 2:17) Naizvozvo tingararama sei nokusingaperi munyika itsva yaMwari?— Hungu, nokupinza zivo yaJehovha noMwanakomana wake anodiwa, Jesu. Asi tinofanirawo kuita, zvatinodzidza. Dai kudzidza kwako bhuku rino kukakubatsira kuita zvinhu izvi.

Kuti uwane mamwe mashoko,
enda pawww.jw.org kana kuti nyorera Zvapupu zvaJehovha.